

antologi

Crita Cekak

Taman Putra 1959-1965

Penyunting

Yulitin Sungkowati

JFX. Hoery

Aryo Tumoro



Balai Bahasa Jawa Timur
Badan Pengembangan Bahasa dan Perbukuan
Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan

ANTOLOGI CRITA CEKAK TAMAN PUTRA 1959-1965

ISBN 978-602-8334-54-9

Penyunting

Yulitin Sungkowati

J.F.X. Hoery

Aryo Tumoro

Pengatak

Anang Santosa

Khoiru Ummatin

Ilustrasi & Desain Sampul

Petik Std.

Penerbit

Balai Bahasa Jawa Timur

Jalan Siwalanpanji, Buduran, Sidoarjo 61252

Telepon/Faksimile (031) 8051752

Cetakan pertama, September 2011

Cetakan kedua, November 2019

Katalog dalam Terbitan (KDT)

899.222.3

ANT

a

ANTOLOGI CRITA CEKAK TAMAN PUTRA 1959—1965/Yulitin
Sungkowati, J.F.X. Hoery, Aryo Tumoro—cet. 2 - Sidoarjo:
Balai Bahasa Jawa Timur, 2019.

x + 267 hlm; 24 cm

Atur Pangiring

Ing wektu saiki arang banget ana crita cekak (cerkak) kang ditulis dening para remaja, apa maneh migunakake basa Jawa. Para remaja saiki umume luwih seneng nulis crita migunakake basa Indonesia. Mula kuwi, Balai Bahasa Jawa Timur mbudidaya nerbitake maneh buku *Antologi Cerkak Remaja Taman Putra 1959-1965* kang terbit sepisan tahun 2011 kanggo mangayu bagya Kongres Bahasa Jawa V ing Surabaya. Irah-irahan buku ing terbitan kaping pindho iki diowahi dadi *Antologi Cita Cekak Taman Putra 1959-1965* supaya luwih trep karo isine karana crita cekak ing buku iku ora mung crita bab panguripane para remaja, naming uga bab panguripane bocah-bocah.

Senajan wis beda jaman, uga beda kahanan, pengalaman batin lan persoalan kang diadhepi bocah-bocah utawa remaja kala semana muga-muga bisa dadi patuladhan tumrap bocah-bocah lan remaja jaman saiki. Kejaba kuwi, crita cekak ing buku iki diajap bisa nambah wacan basa Jawa kanggo para bocah lan remaja uga nambahi wawasan bab panguripan karana owah gingsire jaman. Syukur-syukur menawa buku iki bisa nuwuhake pepenginan para remaja nulis mawa basa Jawa kang jumbuh karo kahanan saiki.

Tuwuhe crita-crita anyar kang ditulis para remaja saiki wis mesthi akeh gunane. Kejaba bisa nguri-uri basa lan sastra Jawa, bab kuwi uga mujudake upaya ngrumat kabudayan Jawa. Kang luwih wigati maneh, bisa dadi ajang kreativitas para remaja jroning ngasah ketrampilan kang migunani tumrap nusa lan bangsa.

Kantheni terbite buku *Antologi Cita Cekak Taman Putra 1959-1965* iki, kita aturake panuwun marang Kepala Badan Pengembangan Bahasa dan Perbukuan, redaksi majalah *Panjebar Semangat*, lan tim penyunting. Atur panuwun uga kita aturake marang staf penerbitan atas maneka upayane kanggo maujudake penerbitan ulang buku iki.

Muga-muga buku iki migunani tumrap para remaja lan para pamaos liyane. Kejaba kuwi uga bisa nambahi manfaat tumrap khazanah sastra Jawa ing Jawa Timur, khusus bab wewacan bocah lan remaja.

Sidoarjo, 8 November 2019

Kepala Balai Bahasa Jawa Timur
Drs. Mustakim, M.Hum.

Atur Pembuka

Kepala Balai Bahasa Surabaya

Diakoni apa ora, basa Jawa wektu iki lagi ngalami citra sing saya mlorot jalaran saya kurange wong kang migunakake basa Jawa ing bebrayan agung. Mula kuwi, minangka wujud tanggung jawab jroning mekarake lan nggulawenthah basa lan sastra Jawa ing Jawa Timur, Balai Bahasa Surabaya nyusun sawijining antologi cerkak kang dijupuk saka majalah *Taman Putra*. Antologi *Crita Cekak Majalah Taman Putra 1959—1965* iki disusun kanthi pangajap bisa nambah khazanah bahan wacan abasa Jawa tumrap siswa ing sekolahan.

Crita cekak (cerkak) minangka salah sawijining genre karya sastra Jawa modern kang wis dikenal dening masyarakat, sejatine nduweni peran kang gedhe ing jroning panguripan. Lumantar cerkak, para maos bisa nimba maneka pengalaman kang migunani kanggo ngundhakake kualitas uripe.

Buku kang bisa njembarake wawasan lan kawruh iki ora mung isi bab panguripan saiki nanging iya panguripan ing jaman biyen. Mula kuwi, karya sastra lawas kang ngemot informasi bab panguripan ing jaman biyen perlu disuguhake maneh ing panguripan jaman modern saiki supaya nilai-nilai morale bisa disinaoni lan digunakake kanggo nata panguripan ing tembe mburi.

Gegandhengan karo bab kasebut, penerbitan buku *Crita Cekak Majalah Taman Putra 1959—1965* iki perlu disambut kanthi becik jalaran bakal nambah pengalaman, kawruh, lan pendhidhikan morale para maos remaja saiki. Kanthi terbite antologi iki, kita aturake panuwun marang Sekretaris Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa. Matur nuwun uga katur tim penyunting lan staf penerbitan atas maneka upayane kanggo maujudake penerbitan buku iki.

Muga-muga buku iki bisa nambahi manfaat tumrap para remaja, pelajar sekolah, lan masyarakat kabeh.

Sidoarjo, 22 Juni 2011

Drs. Amir Mahmud, M.Pd.

Purwaka

Cumawise bahan wacan kang migunakake basa Jawa ana sekolah ora mung wigati kanggo nyengkuyung lan mepaki piwulang basa Jawa, ananging uga minangka sarana kanggo mbudayakake bocah supaya seneng maca buku. Kejaba kuwi, bahan wacan kang cocok karo kebutuhane bocah lan ngandhut nilai-nilai budi pekerti diajab bisa mbiyantu ndhapuk karaktere bocah supaya dadi manungsa kang nduweni budi pekerti luhur.

Pangajap kasebut kang njurung penerbitan buku crita remaja majalah *Taman Putra* iki. Majalah *Taman Putra* mujudake majalah khusus remaja kang senajan mujudake bagian saka majalah *Panjebar Semangat*, nanging terbite dipisah, kanthi ukuran kang luwih cilik. *Taman Putra* terbit sepisanan taun 1959. Awal taun 1965, penerbitane mulai ora teratur lan kurang kawigaten saengga anggone menahi nomer lan taun dilirwakake. Bab iki katon saka anane nomer kang padha ing taun kang beda. Majalah kang terbit sewulan kaping pindho kuwi ora bisa terbit suwe lan wusana mati ing pucuking taun 1965.

Saiki, ora akeh pawongan kang duwe utawa isih nyimpen majalah mau, malah redaksi majalah *Panjebar Semangat* wae kelangan arsipe. Padhahal, majalah kasebut ngemot maneka crita cekak remaja kang akeh ngandhut nilai-nilai moral lan pendhidhikan budi pekerti sing isih migunani minangka piwulang kanggo remaja jaman saiki. Mula kuwi, perlu anane upaya pendokumentasian lan penerbitan maneh crita-crita kasebut kanthi wujud buku.

Cerkak remaja ing majalah *Taman Putra* umume ditulis dening para pelajar utawa remaja lan nyritakake donyaning remaja kanthi maneka persoalane. Saiki, para penulis remaja kuwi mesthi wis dudu remaja maneh. Nanging, sawetara ing antarane isih aktif ngarang nganti saiki, kayata Sudadi, Srijono, lan Hoery. Malah, ana kang dadi presiden, yaiku S.B. Yudhoyono.

Senajan ditulis dening para remaja, crita-crita kasebut kebak nilai-nilai moral lan pendhidhikan budi pekerti, kaya makarya sengkud minangka kunci nggayuh sukses, rajin, jujur, percaya dhiri, urmat lan bekti marang wong tuwa, sayang lan nresnani kang luwih enom, sabiyantu ing bab kabecikan, prihatin, sabar, urmat marang guru, sayang karo sapadha kanca, seneng tetulung, ngrewangi wong tuwa, ngrewangi kanca, rila kurban, lan tresna tanah air.

Sacara sosiologis, crita-crita remaja ana ing majalah *Taman Putra* iki nggambarake panguripan sosial budaya jaman semana. Para maos remaja jaman saiki bisa ngerti lan mbayangake panguripane pelajar lan remaja ing

jaman nalika infrastruktur pendhidhikan durung akeh lan warata kaya saiki. Kanggo sekolah, bocah-bocah jaman semana kudu manggon ing pondhokan pisah karo wong tuwa, mlaku utawa numpak sepedha *onthel* puluhan kilometer, lan sinau kanthi penerangan lampu teplok. Senajan mangkono, winatese sarana kasebut ora ngalang-ngalangi bocah-bocah mau anggone duwe gegayuhan luhur lan golek ilmu kanthi tekun kanggo ngujudi gegayuhane kasebut. Bocah-bocah kuwi padha nuduhake semangat, makarya sengkud, jujur, prihatin, lan sabar, kang mujudake kunci tumuju sukses lan kasil.

Maneka persoalan bangsa uga katon, kaya krisis ekonomi, perjuangan ngrebut Irian Barat (saiki Papua), konfrontasi karo Malaysia, kawicaksanan anti-Barat utawa antiimperialisme, lan bebayane modernisasi utawa pembaratan. Senajan mung sabrebetan, gambaran persoalan sosial politik kang muncul nuduhake manawa para penulis remaja jaman semana wis nduweni rasa perduli marang maneka persoalan bangsa. Kanthi mangkono, generasi mudha jaman saiki diajap bisa methik patuladhan saka pengalamane para remaja jaman semana lan mesisan nyinaoni “sejarah” bangsa liwat kaca matane para remaja jaman semana.

Cerkak remaja kang disusun ing buku iki gunggung ana wolungpuluh telu. Penyunting mbudidaya nyuguhake cerkak kang bisa makili jaman uripe majalah *Taman Putra* (1959—1965). Mung wae, ora saben taun cerkak kang disuguhake padha gunggung, malah taun 1960 ora ana wakile, jalaran kita wis ora nemokake arsip majalahe.

Penyusunan antologi *Cerkak Remaja Taman Putra* iki ora bakal bisa maujud tanpa bantuane maneka pehak. Mula kuwi penyunting ngaturake gunging panuwun kang tulus marang Kepala Balai Bahasa Surabaya kang wis mbudidaya nggolekake dana kanggo penerbitan antologi iki, marang Bapak J.F.X. Hoery kang wis milihake lan ngirim fotokopi cerkak remaja saka majalah *Taman Putra* koleksine, Bapak Aryo Tumoro sarta redaksi majalah *Panjebar Semangat* kang wis mriksa/mbecikake ejaan basa Jawa ing buku ini, lan Pakne Novie kang wis nggambarake ilustrasi kanggo sawetara crita.

Panutuping atur, muga-muga penerbitan buku iki gedhe manfaate kanggo para siswa sekolah lan masyarakat umum. Matur nuwun.

Sidoarjo, 14 Juni 2011

Penyunting

DAFTAR ISI

| | |
|---|-----|
| Atur Pangiring..... | iii |
| Atur Pembuka | iv |
| Kepala Balai Bahasa Surabaya | iv |
| Purwaka..... | v |
| | |
| Panalangsaku (<i>Soediono</i>) | 1 |
| Merga saka Salahku Dhewe (<i>S. Darsono</i>) | 3 |
| Tujune (<i>Amien</i>)..... | 5 |
| Sepedhah Silihan (<i>Anonim</i>)..... | 7 |
| Wayah Esuk kang Nrenyuhake (<i>Dudung S.</i>) | 14 |
| Kupat Lepet (<i>E.A. Sumartini</i>) | 17 |
| Aja Ditiru (<i>Dyah Sumardijono</i>)..... | 20 |
| Kleru (<i>Amien</i>)..... | 23 |
| Gawe Geger (<i>Huri E.S.</i>)..... | 28 |
| Sing Salah Mesthi Seleh (<i>Wisanggeni</i>)..... | 30 |
| Dom kang Mawa Racun (<i>D. Sumadijono</i>) | 33 |
| Kelingan (<i>Dudung S.</i>)..... | 37 |
| Mulih (<i>Dudung S.</i>) | 39 |
| Kepepet (<i>Oet Siswo</i>)..... | 41 |
| Tilik (<i>Dudung S.</i>)..... | 44 |
| Jupri Wis Bali (<i>Pak Esjba</i>) | 47 |
| Sapu Sada (<i>Nurdaim</i>) | 51 |
| Kalimput ing Pepeteng (<i>Adijanto S. R.</i>)..... | 54 |
| Mbak In Kancaku (<i>Lesmajawatie Csw</i>) | 56 |
| Aja Ditiru Cak Tarman Iki! (<i>S. Miek</i>)..... | 59 |
| Aja Dumeh (<i>Eswar</i>) | 62 |
| Tangis ing Malem Minggu (<i>Pincuk</i>)..... | 65 |
| Lagu Kenangan (<i>Dudung S.</i>) | 68 |

| | |
|--|-----|
| Siti Bakul Gedhang Goreng (<i>Sjablan Ahmadi</i>) | 71 |
| Godha (<i>Anonim</i>)..... | 74 |
| Mbakyuku (<i>Kelorwana</i>) | 78 |
| Ngawula (<i>Ninil Soemojong</i>)..... | 81 |
| Kerengan (<i>M. Daim Bar</i>)..... | 84 |
| Kemah (<i>Karjono Basuki DA</i>)..... | 88 |
| Gambaranku (<i>M. Daim Bar</i>) | 92 |
| Mitra Anyar (<i>Soepono AST</i>) | 97 |
| Ah, Teka Mesakake Temen (<i>Sunarjo</i>) | 100 |
| Pemisahan (<i>Tutty W. Handajani</i>) | 104 |
| Ditinggal (<i>Esjha</i>) | 106 |
| Katresnaning Biyung (<i>Srijono St</i>) | 108 |
| Ditulungi (<i>Harsono</i>)..... | 110 |
| Katresnaning Kanca (<i>Tutty W. Handajani</i>)..... | 113 |
| Ngrebut Drajat (<i>M. Praptono</i>) | 115 |
| Dina Kelairan (<i>Markani Kumuljati</i>) | 117 |
| Lagu Pemisahan (<i>Sunarjo</i>)..... | 119 |
| Paman (<i>Moh. Daim Bar</i>)..... | 123 |
| Wite Wis Rungkat (<i>Sunarjo</i>)..... | 128 |
| Percaya Dhiri Pribadi (<i>Mas Kajat</i>) | 131 |
| Yen Mangsa Panen (<i>Soemodijonodwisantoso</i>)..... | 133 |
| Wengi kang Wigati (<i>Adi Wn</i>)..... | 137 |
| Mbelani Nusa Bangsa (<i>Tutty W. Handajani</i>) | 140 |
| Lagu ing Desa (<i>Sarwanto</i>)..... | 142 |
| Mbarengi Angslupe Srengenge (<i>Tutty W. Handajani</i>)..... | 147 |
| Ngancut lan Weteng (<i>Nus</i>)..... | 149 |
| Pengalaman kang Tansah Dakeling-Eling (<i>Nawang Retno</i>)..... | 153 |
| Inveksi (<i>D. Soemadijono</i>)..... | 156 |
| Cerpen Taun Anyar (<i>Sudadi S. Raharjo</i>)..... | 159 |
| Kelingan (<i>Arja Nus</i>)..... | 161 |
| Nonton Pameran (<i>Eddy Dadang D. Atmadja</i>)..... | 165 |
| Pindhah (<i>Karjono Basuki</i>)..... | 169 |

| | |
|---|-----|
| Cukilan Revolusi (<i>Moh. Daim</i>)..... | 172 |
| Eloking Lelakon (<i>Widada Bs</i>) | 177 |
| Ing Rumah Sakit (<i>Eddy Dadang Djajatmadja</i>)..... | 182 |
| Album (<i>Sujadi SH</i>)..... | 185 |
| Angeting Eluh (<i>Narsiti</i>) | 189 |
| Sadhar (<i>Dudung Kasan Mobamat</i>) | 192 |
| Tanggung Jawab (<i>Slamet Isnandar</i>)..... | 194 |
| Panjeriting Ati ing Wengi Sepi (<i>Moch. Nursahid Purnomo</i>)..... | 199 |
| Abot-Abote Mburu Idhaman (<i>Warino Hs</i>) | 202 |
| Pisah (<i>Dudung Sanoesi</i>)..... | 206 |
| Kudhung Putih (<i>Tutty W. Handajani</i>) | 209 |
| Gumantung saka Awake Dhewe (<i>Menik Sumarjani Sumardjo</i>) | 211 |
| Salah Wesel (<i>Widada BS</i>) | 213 |
| Tilgram saka Ibu (<i>RF. Sunardijanto</i>) | 218 |
| Bocah kang Patut Ditiru (<i>Surwarsih</i>)..... | 221 |
| Hadhiah kang Negsemake (<i>Siswa SD Lawak</i>)..... | 224 |
| Kabungahan (<i>SB. Yudhojono</i>) | 226 |
| Pasien Anyar (<i>Tutty W. Handajani</i>)..... | 228 |
| Layang Wasiat (<i>Hoeri E.S.</i>) | 231 |
| Percaya Awake Dhewe (<i>Slamet Isnandar</i>) | 234 |
| Tumetesing Eluh ing Mangsa Udan (<i>Sunarjo</i>) | 239 |
| Luput ing Panyangka (<i>Slamet Isnandar</i>) | 243 |
| Angine Wiwit Sumilir (<i>Sjamba Moeslim Poetera</i>) | 246 |
| Pangurbanan Kuwajiban (<i>Warino H.S.</i>)..... | 250 |
| Dina Setu (<i>Susi</i>) | 253 |
| Anak Prajurit (<i>D. Sumadijono</i>)..... | 256 |
| “Adhuh...Bapak” (<i>S. Top</i>) | 259 |
| Berdhikari (<i>Sjamba</i>)..... | 264 |

PANALANGSAKU

Soediono

Nalika samana isih jam lima esuk. Suwarane jago kluruk lan suwarane jangkrik ngerik isih keprungu, pratandha yen isih esuk banget. Angin kang sumilir ing sela-selaning gegodhongan kang isih katon remeng-remeng, keprungu kaya bisik-bisik.

Mendhung kang ngendhanni ing sisih kidul saya peteng lan saya ngebaki langit kang isih remeng-remeng amarga saka kurange sunare srengenge. Ora antara suwe banjur grimis, angine saya midit kang nyebabake hawane saya atis.

Nalika iku aku wis tangi lan banjur tata-tata, amarga ing esuk iku uga aku kudu lunga saka omah kang daknggoni amarga telung dina kang kapungkur ibuku kang daktresnani seda ninggalake aku. Kepriye rasane atiku nalika iku, ngelingi yen mung kari ibuku kuwi kang maringi sandhang lan pangan marang aku, awit bapak wis seda 10 taun kepungkur ndhisiki ibu. Dumadakan ora kanyana-nyana ibuku banjur seda ninggal aku, tanpa ninggali apa-apa. Rehne omah kang daknggoni mau omah sewan kang kudu saben wulan dibayar sewane, mangka uripku mung gumantung marang ibu, gek apa sing arep daknggo mbayar sewane.

Sawise dakringkesi kabeh barang-barang darbekku, aku banjur nyuwun pamit menyang kang duwe omah. Tanpa noleh lan tanpa ana kang daktuju aku terus wae lumaku ngetutake jangkahku. Sadalan-dalan aku tansah mbrebes mili ngelingi nasibku, ora sanak ora kadang, tanpa pangupa jiwa lan tanpa dunung, gek sapa sing arep dakeloni?

Rehne srengenge wis arep angslup lan ora suwe maneh mesthi bakal bengi, kajaba saka iku aku ya wis sayah banget awit sadina muput terus mlaku wae tanpa mangan apa-apa. Daksengkak-sengkakake lakuku awit ing ngarepku katon kelip-kelip cahyane lampu. Pangangkahku supaya enggala tekan ing papan kono gek ngasokake awak.

Satekane ing ngarep omah kang katon lampune mau, aku banjur uluk salam lan thothok-thothok lawange omah mau, kang nalika iku lagi tutup. Nanging, nalika iku pandelengku banjur sumrepet lan banjur ora kelingan apa-apa maneh....

Weruh-weruh bareng aku ngelekake mripatku. Nalika iku, aku lagi gumlethak ing paturon kang digelari klasa resik. Ing sandhingku lungguh sawijining wong wadon kang wis tuwa. Bareng weruh aku ngelekake mripatku, dheweke banjur celathu, “Kepriye ngger rasane awakmu?”

Aku ora bisa mangsuli, isih thingak-thinguk wae awit isih rumangsa gumun.

“Aja kaget lan aja gumun ngger, nalika kowe tekan ing ngarep lawang kowe banjur daktuntun lan dakturokake ing kene awit kowe kaya-kaya arep semapat.”

Wis sawatara suwe aku manggon ing omahe wong wadon kang wis tuwa mau, aku tansah kelingan pitulungane marang aku nalika teka sepisanan ing kono. Pasrawunganku saya suwe saya raket, malah panganggepku marang dheweke wis kaya simbah dhewe wae, ngelingi yen aku wis ora duwe bapa lan ibu maneh. Pegaweyanku ing omah saben dinane ngrewangi simbah ndhepok jamu awit pangupajiwane ya mung saka dodol jamu kuwi. Kajaba saka kuwi, yen esuk aku ya sekolah ing sekolahan kang ora adoh saka omahe simbah awit simbah yen ngedol jamune ing wayah sore. Nalika iku, aku wis klas VI lan ora suwe maneh mesthi bakal ujian.

Kanthi ora nglalekake kuwajibanku ngrewangi simbah, daksengkund anggonku sinau. Wekasane nalika pengumuman kang nelakake lulus lan orane, aku bisa kasil lulus kanthi biji kang becik. Aku banjur mlebu ing SGB. Awit ngelingi simbahku, mesthi dheweke ora bisa nragadi sekolahku. Ing SGB kono aku oleh ID (ikatan dinas). ID iki mau kena dakenggo ragade sekolahku lan sethithik mbantu simbah.

Sawise 4 taun aku ana SGB, kang sasuwene 4 taun kapungkur panguripanku lan simbah panggah dodol jamu wae, saiki owah. Awit ing ujian *penghabisan* SGB kang kanthi dakrewangi ngrekasa, aku bisa lulus. Saiki aku wis dadi guru lan sanajan mung guru SR aku rumangsa seneng dene bisa mbales kabecikane simbahku sing daktresnani minangka gantine bapa lan ibu.

Saiki aku karo simbahku bisa urip kepenak sanajan ta mung urip sederhana. Nganti saiki, yen aku kelingan marang bapak lan ibu, lan uga marang lelakonku dhewe, aku banjur mbrebes mili dhewe. Mung simbahku kang minangka dadi lelipurung atiku; simbah kang kena dakluberi katresnanku, sanajan ta dudu simbahku dhewe.

Taman Putra, No.16/Th. Ka-5/1959

MERGA SAKA SALAHKU DHEWE

S. Darsono

“Kok angel temen ta, soal Aljabar iki?” Mengkono panggresahku nalika dianakake ulangan umum kanggo kenaikan klas durung suwe iki. Karo uthek-uthek, orak-orek ing klate. Sedhela-sedhela mak wek klat daksuwek, dakuwek-uwek terus dakbuwak klepat; banjur ganti nyandhak maneh, kaya mengkono nganti rambah ping pat, ping lima. Nanging, meksa isih ngadhepi dalan buntu wae. Wis ta, ruwet, jibeg, kabeh tumpuk undhung dadi siji. Wiwitane aku ora duwe putus asa, sanajan Aljabar mau angel banget kanggoku. Aljabar dakgarap terus embuh kepriye akalku, sanajan angel pisan.

Ret...ret...ret...ret...ret. Sedhela-sedhela nyandhak piranti kanggo mbusek. Usek usek usek...usek...sek...sek...sek. Suprandene meksa isih durung ana mentase, sanajan wis kurban pirang-pirang klat. Pangudarasaku wiwit rada mangkel, “Tobat tenan nek ngadhepi kaya ngene iki, kebangeten temen maringi soal wae kathik diangel-angel.”

Lagi tengah-tengahe ubres karepe dhewe, ndadak bapak guru wis ana ing sandhingku karo mesem. Mak jenggirat aku kaget.

“Dar, saya lihat sejak tadi kamu selalu ribut sendiri saja!”

“Sukar kok, Pak !”

“Mana yang sukar,” ngendikane guruku karo mriksani garapanku.

“Yang nomer dua ini, Pak, barangkali soalnya ada yang salah.”

“Akh, tidak, semuanya tentu cocok, hanya kamu yang kurang belajar.”

Dakakoni dhewe sak nyatane aku kurang sinaune. Mung kanggo alasan wae, ethok-ethoke nomer loro ora cocog. Sajatine mono aku ora bisa nggarap kabeh. Aja diisin-isin lo, lur.

Bareng guruku ngendika, *“Kurang sepuluh menit lho anak-anak.”* Pikiranku saya nggragap ora karu-karuwan. Banjur tuwuh pikiranku sing ora jujur, “Akh, pikiran kok digawe mumet-mumet temen, kari nurun rak kepenak.”

Lagi wae uthak-uthik panurunku, panurunku entuk patang larik, ndadak wae guruku ngendika, *“Waktu sudah habis, semua dikumpulkan.”*

Garapanku iya kepeksa melu dakkumpulake, embuh kepriye kedadeyane aku ora ngerti. Bareng ngaso, kanca-kanca padha umyek nocok-nocokake oleh-olehane. Bareng tekan giliranku sing ditakoni; wangsulanku mung lah embuh mau kae pira aku lali.

Aku rumangsa keduwung, getun banget dene wektu sepirang-pirang dakbuwang-buwang muspra tanpa tanja, perlu mung kanggo nguja hawa nafsu wae. Saupama wektu mau dakgunakake kanggo sinau, dakkira ora kaya ngene kedadeyane. Nanging, kepriye maneh jeneng pupur sawise benjut, wis ora bisa diselaki maneh. Wis kasep, wis kadhung; anane mung getun, keduwung ora ana maneh. Panutuhku menyang awakku dhewe, "Sepisan iki wae, ora arep mindho maneh, wis kapok temenan." Panggrundelku kang wis ora ana gunane mau.

Saiba mengko ibu lan bapak menawa aku ora munggah. Saiki ulangan umum wis rampung, mung kari ngenteni metune rapot sing mutusake munggah lan orane menyang aku suk emben iki. Jrone lagi mikir-mikir nasibku, ndadak kancaku ngaget-ageti, "Heh, kiaine nglamun wae ki."

"Ora, ngrasakake ulangane njepluk ngene kok!" wangsulanku.

Mumpung durung kebanjur wekasku menyang adhik-adhik wae aja padha ditiru lho, lelakonku iki. Wis ben salah siji wae sing nglakoni. *Peribahasa Indonesia* ana sing ngandhakake mangkene, "*Sesal dahulu pendapatan, sesal kemudian tak berguna.*"

Taman Putra, No.17/Th. Ka-5/1959

TUJUNE

Amien

Wis makaping-kaping desaku klebon parangmuka saba bengi iya durjana aliyas maling. Tangga teparoku akeh sing kemalingan. Mentas wae bandhane Pak Kaji Noorkon ambblas diborong maling sajroning sawengi. Mangka olehe klumpuk-klumpuk ora cukup sesasi rong sasi, nanging pirang-pirang taun. Bareng wis nglumpuk jebul....

Aku karo Wita niyat arep melu njaga tata-tentreme desa. Mosok maling kok olehe kendel terang-terangan. Lagi jam 21.00, sing duwe omah isih melek padha jagong, weruh-weruh...pagere mburi wis bobol. Jan maling nekad tenan ah!

“Malinge kecandhak sida dakjuwing-juwing tenan,” mengkono grenenge Wita, mecah seping wengi.

Nalika semana wis jam sewelas bengi. Desaku wis katon sepi nyenyet kaya kuburan. Rembulane durung ndhadhari, mbokmenawa aras-arasen, awit durung wancine. Mung kedhepe lintang sewu nrithil ngrengga jembaring langit. Pangeriking jangkrik binarung pangenthiring gangsir muwu-hi seping wengi. Manuk bence lan tekek apadene tuwu ora mendha-mendha nggone nyasmitani, supaya waspada. Adhuh...angine...sumilir atis gawe mringinding awak.

“Wit...bengi iki kok beda tinimbang wingi-wingi, ya?”

“Iya. Kahanane luwih dene sepi.”

“Tekeke kathik ngakak-ngakak. Angker temen bengi iki.”

“Iya, Am. Githokku barang kok rada nangsag. Iki ana apa, ya?”

“Wit...kowe nggawa gaman ora?!”

“Nggawa!” wangsulane cekak.

Kahaman dadi sepi maneh. Aku lan Wita ngumbar gagasan dhewe-dhewe. Reketeeeg...kreeek...buggg.

“Huh! Awas!”

Wita aweh sasmita njawil aku sajak kaget banget. Atiku mak dheg...lap saking kagetku.

“Kowe mau krungu apa ora?” pitakone lirih.

“Iya, aku krungu suwara nyalawadi.”

“Wit, ayo didinglik. Kowe metu sisih kanan, aku dakmetu sisih kulon omah. Mengko yen... .”

Reketeeeg...krek...krek. Aku saya ngati-ati lan waspada. Mripat lan kuping dakpasang. Glathi dakcekeli kukuh...siap sedhiya. Kringetku wis gobyos nelesi awak. Aloon....aloon, aku mbrangkang nyedhaki prenahing suwara.

“Mengko yen mak kliwer, sida dakhaanyut. Ora umpan, ora ampun, terus pukul.”

Tenan, aku weruh regemeng-regemeng watara sepuluh meteran sangarepku. Atiku wis ora jenjem tansah dhog dhig dhog dhig karo tanganku kukuh nggegem pulanggeni. Aku maju sethithik, amping-ampingan wit gedhang.

Kreseg...kreseg...kreseg...brebet, maling kena dakglathi, jrus. “Ayo, banggoa!” sumbarku.

“Ajoa trengginas, aku rak sida ketiwasan.”

Si maling njerbabah ndhepani bantala, ora njaluk banyu. Getih kang amis, nyiprat-nyiprat nelesi klambi lan rai.

Sepira kagetku, kaya sinamber gelap lepat, tinubruk ing mong tuna, sing gemlethak ing ngarepku dudu durjana jebul.... Wita, kancaku dhewe.

“Adhuuuuh!” aku nggembor sakayangku. Panonku sumrepet...

Sateruse aku ora ngerti, awit nglilir. Atiku isih dheg-dhegan. Tujune... mung ngimpi.

Taman Putra, No.17/Th. Ka-5/1959

SEPEDHAH SILIHAN

Anonim

Wis kalumrah kanggone para murid sekolah menengah, manawa arep ujian padha oleh liburan seminggu lawase. Perlune liburan mau gumantung marang sing nanjakake. Ana sing kanggo nentremake pikir, ana sing kanggo nyinau bab-bab sing sekira durung dikuwasani.

Sekolahku ing Purwodadi, mondhok ana kono. Wektu nampa liburan, aku arep sowan bapak ibu nyuwun pangestu. Semono uga Harsa, kancaku saklas iya sapondhokan pisan uga arep sowan wong tuwane. Emane dene padha adoh banget saka Purwodadi arep nyepur ora duwe dhuwit, arep nyepedha ora duwe sepedhah, arep mlaku adoh banget. Mula mung padha meneng mikir butuhe dhewe-dhewe.

Tujune ana kanca klas loro sing gedhe sosiale, ngulungake sepedhahe daksilih kanggo boncengan. Enggaling rembug, sing dijug sowan wong tuwaku dhisik. Nginep sewengi. Esuke budhal sowan wong tuwane Harsa ing Gundi. Dadi sing mancal ya tetep aku wae. Saka Purwodadi nyang desaku 30 km dohe, dene saka nggonku menyang Gundi isih ana 45 km. Olehku mancal dakgawe sake- penake atiku. Harsa rengeng-rengeng, karepe supaya aku ora enggal kesel.

Bareng tekan Tarah (sakidul Purwodadi), dumadakan boncengane pedhot. Wah cilaka mangka sepedhah silihan mesthi kudu ngijoli mengke. Priye apa ya banjur mlaku? Sedheng dohe isih limolasan kilometer.

Ning isih nemu akal. Boncengan ana ngarep (andhang). Malah kepenak tur entheng. Kidul Torah dalane munggah. Aku ora arep medhun arep mamerake kekuwatanku. Dilalah, kari sapancalan maneh njebul mak...dhel rantene pedhot.

Blaik, saiki wis ora kena ditumpaki maneh. Ditumpaki ya kena ning gentenan, siji numpak siji nyurung. Lha ya digeguyu uwong ngono.

Tujune ing cedhak kono ana setasiun Ngemplak. Sepedhahe arep digawa, dhuwite pas kanggo karcise cah loro. Arep daktitipake menyang setasiun ora diidini KS-e, jare sesak. Kapeksa daktitipake omah cilik ing ngarep setasiun. Sing nampani bocah lanang sababag karo aku, jarene anake sing duwe omah.

Emboke menyang alas bapake dodolan ing pasar.

Bareng wis dakkunci nuli mlayu nututi sepur kang uga wis teka lan enggal mangkat. Ing Gundi ora kacrita. Esuke aku bali. Harsa keru sedina maneh, baline bakal ngampiri sepedhah lan sedheng ana dhuwit kanggo ndandakake.

Sore kang wis ditemtokake, aku mapak ing setasiun. Jebul ora teka. Aku was kuwatir yen ana apa-apa, banjur dheweke ora bisa melu ujian. Mangka ujiane kari kurang sedina engkas. Surup bles lagi teka bareng sepur jam nem. Aku kaget awit sepedhahe ora digawa. Gek didokok menyang ngendi? Apa wis dibalekake menyang sing duwe?

Bubar mangan sore aku digeret dijak mlaku-mlaku jare arep dikandhani bab sing penting banget. Tekan dalan Harsa wiwit crita bab lelakone.

“Cilaka gedhen Rud. Iki mau sepur mandheg ing Ngemplak aku medhun perlu njupuk sepedhahne ndadak diwangsulni jare ora ana wong titip sepedhah. Lan ora rumangsa dititipi. Mula aku enggal munggah sepur maneh merga wis semprit mangkat. Ah piye Rud yen ilang. Sesuke ya wis ujian piye le arep ngurus.”

Aku mung njegur ora bisa mangsulni rumangsa luputku dhewe. Sembrana ngreksa barang silihan tanpa ngetung ing bebaya. Sawengi aku ora bisa turu, mung sepedhah tansah cumathok ing pikirku. Iki cetha kena ing apus. Gagasanmu nglangut adoh. Piye bisane ketemu. Kepengin aku bisa kaya “detektif” kang ulet ing bab prekara kadurjanan.

Esuke aku nyilih maneh sepedhahe kanca, perlu menyang Ngemplak 12 km saka Purwodadi, perlu ngurus sepedhah. Harsa iya dakajak dakboncengake. Tekan ngarep omah cilik mau katon sepi wae. Lawange menga, cetha ora suwung. Bareng muni kula nuwun, diwangsulni wong wadon setengah tuwa kiraku sing duwe omah. Uga ana maneh pemudha gedhe dhuwur.

Aku mlebu. Harsa jaga ana njaba karo tansah nyekel glati. Jarene kuwatir yen nggonku nguleg rembug bakal gawe nesune pemudha mau.

Sawise diacarani lungguh, pemudha mau daktakoni, jare keponakane sing duwe omah, saka Kudus. Mak tratap atiku awit Kudus iku jare misuwur reparasine bisa ngowah rupane sepedhah.

Sing wong wadon mau bener sing duwe omah. Mula aku wiwit rerembukan.

“Kala wingi embem embok dateng... ”

“Dateng wana,” wangsulane.

“Lha bapake teng pundi.”

“Sadeyan teng Purwodadi.”

“Sing teng griya sinten?”

“Niku anak kula alit,” karo nuding bocah kira-kira umur 6 taun.

Mangka dhek nalika aku titip sepedhah, bocah mau ora ana.

“Kancane sinten?” pitakonku.

“Mboten wonten.”

“Wong ing ngriki wonten lare sami kula ngaten. Kula titipi sepedhah. Ngakunipun sing gadhah griya, anak sampeyan. Sepedhahipun dateng pundi?”

“Konok lho mas. Kula mboten gadhah anak sinten-sinten malih. Kula nggih mboten sumerep sepedhahe. Anak kula niki diarani nyolong ndhelikake sepedhah ngoten. Bojo kula nggih gadhah sepedhah tur sae.”

Rada padhang atiku krungu wangsulane. Awit gedhe cilike wis gantholan tangan karo bocah wingi kae.

“Kalih ta, Dhik, nyolong thik sepedhah niku kangge napa?” tembungé pemudha mau.

“Nggih sampun yen pancen mboten ngrumaosi kula titipi sepedhah inggih sampun. Mung sepedhah setunggal mawon sampun kula eklaske. Nanging, mbokmenawi selaminipun griya ngriki mboten badhe dipercaya tiyang. Sampun kula wangsul.”

Terus aku metu. Harsa dakgeret. Embuh kepriye wong-wong sing daktinggal.

“Piye Rud, eklas piye? Sing kok enggo ngijoli apa?”

“Alon dhisik, aku ora arep mulih yen ora nggawa sepedhahe.”

“Halah, sumbarmu kaya pendhita kurang siswa.”

“Ngene, kowe isih eling bocahe ta?! Ayo padha digoleki, kowe sa wetane dalan, aku sakulon dalan. Mengko yen wis ketemu jaken nyang ngisor wit pelem kene. Nek ora gelem, sambatna wong-wong sacedhake kana, kandhakna yen maling. Ya wis embuh akalmu, enggal mangkata. Pethuke nyang ngisor wit pelem kene.”

“Iya, ngerti karepmu aku.”

Temenan, wong loro padha pisah. Lurung-lurung dakleboni, omah lan

kebon daktiling-tilingake sinambi mlaku, dadi ora ngetarani yen golek apa-apa. Nanging nganti kempot, desane lan kesel ora pethuk bocah sing daktitipi embèn kae. Atiku sedhik banget. Mangka sesuk ujian. Upama sepedhahku dhewe luwung dakeklasku, mantep nggonku ujian. Bareng iki sepedhah silihan. Kaya apa dukane bapak yen daksuwuni ijole sepedhah silihan iku. Atiku putek, mula njur leren nyang ngisor wit sing kanggo tengeran mau karo ngenteni Harsa. Saupama dakpasrahake pulisi, cetha aku luput, merga bocah sing daktitipi ora ana. Wusana byar padhang nemu akal. Gurawalan aku mlebu omah tanggane omah cilik mau, daktakoni apa ing omah mau ana bocah lanang sing gedhene sapantaraku.

“Wonten Dhik, larenipun kera ngaten loo. Niku anake kuwalon.”

Cles rasane atiku, presasat kaleban segara madu, kajunggrugan wukir sari.

“Lha sapunika larenipun dateng pundi?”

“Napa mboten wonten, Dhik?”

“Mboten,” wangsulanku.

“Menawi kemawon dateng Toroh, tumut mbakyunipun. Wonten napa ta, Dhik?”

“Inggih namung kepengin kepanggih. Toroh punika griyanpun ingkang pundi?”

“Griya kidul piyambak let kalih, Dhik, cobu dipun padosi.”

“Matur nuwun, kepareng....”

Lagi aku njedhul ing ratan, Harsa wis methukake, jare wis ngenteni suwe. Daktakoni gedheg, cetha yen ora oleh asil.

“Wis Har, ayo nyang Toroh.”

“Kandhamu, yen durung ketemu durung bali.”

“Wis ta manuta, kari mbonceng wae kok.”

Tekan omah kang dituduhake mau, aku mlebu terus kula nuwun. Sing duwe omah lanang metu terus ngguyu karo alok, “Lho Harsa, kene le. Alaaah bola-bali liwat ora gelem mampir. Wis ta gek mlebu.”

Aku ndomblong, ora ngerti jawane, jebul wis tepung karo Harsa. Arep nggambar jebul kegambar dhewe.

“Mboten ngertos, Lik, menawi dalemipun ngriki.”

Aku lan Harsa diacarani lungguh. Wah ya gayeng banget omonge. Aku ditepungake. Harsa ditakoni bab omahe, bapake desane lan sekolahane. Aku kang karepku beda, tansah ngawasake karo mesem? Yen omong diajak ngguyu, sinambi ngenteni selane rembug.

“Lho kowe kok mrene mau apa wis ngerti yen iki sih sedulurku, Rud?” pitakone Harsa.

“Durung Har, ya mung kebeneran.”

Harsa genti ndomblong, gumun.

Ora suwe wedange metu. Mak tratab atiku, awit sing ngetokake bocah sing daktitipi sepedhah kae.

“Lho kok teng ngriki?” pitakonku.

Harsa uga katon malih kedandapan.

“Iki apa, Rud,” aloke sora.

“Sampeyan wingi kula titipi pit?!”

“Enggih,” wangsulane karo ngguyu.

“Lik, niki sinten,” pitakone Harsa marang like.

“Batur Har, adhine nak sanak, ibu cilikmu, ana apa ta?” wangsulane karo sajak gumun.

“Kala wingi kula titipi sepedhah. Sareng wau kula purugi, piyambakipun mboten wonten. Griya ngrika mboten ngaken yen wonten titipan.”

“Iya Min?” pitakone Pak Lik nggetak.

“Enggih,” wangsulane ya karo ngguyu.

“Lha sapunika sepedhahe pundi?” pitakonku.

“Wingi rak sampeyan pendhet to.”

Krungu wangsulane karo ngguyu tur mangkelake mau panas atiku.

“Mpun kula pendhet kok kula goleki.”

“Anu kanca sampeyan. Criyose sampeyan sing ngengken. Mbekta kunci napa niku.”

Pak Like Harsa uga katon mencereng. Min mau dicedhaki, njur ditempiling.

“Clemang clemong, calon bajingan ya kowe. Wong sing titip mas iki yen ora mas iki dhewe sing njupuk ya aja diwenehake. Saiki kowe kudu bisa

nemokake sing njupuk wingi. Nek ora ketemu sida dibedhil pulisi wetengmu.”

Saiki lagi bocah mau katon wedi, tur sajak ndredheg.

“Cetha sampeyan umpetake. Mpun ndang ditemokake yen mboten napa njaluk kula jotosi,” kandhane Harsa.

“Mangke riyin kula padosane,” wangsulan sajake wedi lan isin.

Harsa katon pecotha pecotho. Aku dhewe iya.

“Inggih nak leres. Pancen lare niku dhemen nyenyolong,” selane Pak Lik.

“Ngga kula golekane teng griya kidul ngrika,” karo mlaku metu.

Aku lan Harsa enggal nyuwun pamit. Saka kadohan krungu panggrundele Pak Lik, “Pancen arep dadi bajingan tenan Min kuwi.”

Ana ing dalam aku takon, “Sampeyan niku napane?”

“Kula niki anake bapak, dados kalih embok nika kuwalon. Kula mboten salah lho mas, kula rak manut kalih embok.”

Bareng tekan omah cilik mau dheweke terus mlebu karo alok, “Endi Mbok pite? Dijaluk sing duwe iki loo!”

“Lha dijaluk rak ya wenehna,” wangsulane.

“Niki ta Mas sing sampeyan titipi,” teruse marang aku.

“Ooo allah Mbok sampeyan kok mboten idhep isin. Mangga kula jak dolan, teng kantor pulisi, napa njaluk diparani Pak Kamituwa ngrika.”

“Mbok ampun digawa mawon Dhik, pun panggih rak empun ta?” kandhane pemudha mau.

“Angger ndang kandha yen sampeyan lepat kula nggih mboten napa-napa.”

“Inggih kula sing luput, dipun apura mawon,” wangsulane pemudha mau.

“Niki lo Mas sepedhahe, nggih embok niki sing ngengken.”

Bocah mau metu karo nuntun sepedhah sing daktitipake wingi kae.

“Tujune kula mboten murugi pulisi, upami ngaten sampeyan sida diukum.”

Sepedhah terus dakgeret dakgawa bali karo Harsa. Ora lali mampir ana ing omahe Pak Like Harsa mau. Dikandhani yen ing Toroh kono ana reparasine. Sepedhah dakdandakake ana kono. Boncengane diganti anyar. Rantene disambung.

Tekan Purwodadi sing duwe sajak muring banget sebab nyilih sepedhah nganti telung dina. Nanging, bareng dakcritani mula-bukane nuli ora sida nesu, malah sajak welas banget.

Esuke aku budhal ujian kanthi ati kang tentrem awit rumangsa wis luwar saka bebaya (alangan). Mung welingku aja gumampang nitipake sepedhah saenggon-enggon.

Taman Putra, No.18—20/Th. Ka-5/1959

WAYAH ESUK KANG NRENYUHAKE

Dudung S

Ing wektu iku wayahe isih esuk, mengkono kancaku miwiti mbukak crita pengalamane mbiyen. Sorote srengenge nembus sela-selaning kekayonan sakiwa tengene omah kang dakungseni. Aku lan adhikku wis cawis-cawis arep budhal golek kayu kagem masak ibu awan mengko. Wis dakrencanakake wiwit wingi sore nalika ibu ngutus golek kayu. Aku lan adhikku kudu mangkat esuk-esuk supaya ibu ora kesuwen olehe rampung masak. Kang daktuju grumbulan sisih wetan, ereng-erenge pagunungan. Sakdalan-dalan sikilku isih krasa anyes merga nyampluk-nyampluk suket kang isih ketempelan bun.

Adhik olehe mlaku isih sedhakep pratandha yen esuk kuwi hawane adhem. Ing pang-pange kekayonan pating cruwet ocehing manuk sajak ngece lakuku mau.

Ah mendah asrining sesawangan wektu kuwi. Bareng aku wis tekan panggonan sing daktuju, aku wiwit mretheli pang-pang kayu. Aku kesengsem banget olehe golek kayu mau, ora krasa yen wektu kuwi wis awan, sorote Hyang Sang Surya wis wiwit pating clekit ana awak. Aku wis rumangsa cukup olehe golek kayu, wis siap-siap arep mulih. Nanging, ndadekake kagete atiku weruh adhik sing sajak kaya wong aras-arasen banget.

“Ana apa ta, Dhik, kok ora kaya adat saben, apa awakmu ora kepenak?”

“Ah, ora apa-apa, Mas, aku rumangsa lungkrah banget.”

“Ya wis, Dhik, dakkira iki wae wis cukup, ayo padha mulih.”

Mulihku rada ketir-ketir jalaran wedi mengko gek-gek ketemu karo patroli Landa. Pikiranku durung uwal saka gagasan mau, ujug-ujug saka ngarepku rada adoh keprungu jumlegure suwara mortir dibarengi geni mulad. Saka kana aku lan adhikku ungkep-ungkep lemah, rahayune njebluge mau ora cedhak karo panggonanku.

Rada lerem sauntara, aku lan adhikku banjur mlayu nggendring nyedhaki omah. Kayu dakbuwak. Olehku mlayu durung ana satus langkah wis keprungu maneh ing mburiku. Playuku malah saya banter, aku ngerti yen wiwit iku Landa wiwit ngabul-abul pepati.

“Mas, Mas, enteni Mas... .”

Mengkono pambengoke adhikku sing isih rada adoh nang mburiku. Dhang dhung sak kiwa tengenku mortir padha mbledhos. Adhik dakgujengi terus dakgeret mlayu. Pikiranku mung daya-daya tekan ngomah, ketemu karo ibu lan sedulur-sedulur kabeh.

Jenggerenging omah sing dakungseni wis katon lan saka kadohan ibu ing ngarep lawang wis nimbali.

“Adhuuhhhh, Ngger, anakku enggal mulih, Ngger!”

Adhik dakgeret-geret sakkatoge, mortir malah saya ngangseg olehe ngoyak.

“Mas...Mas...alon ae...wetengku...wetengku...”

Ora kanyana-nyana mak prepet pandelengku, omah sing daktuju wis wujud geni kang mulad-mulad. Aku mung kelingan wektu iku aku nang pangkone Paklik nang ngisor paprangan. Aku nyuwun priksa karo Paklik.

“Wonten pundi Ibu, Paklik?”

“Mengko gampang ibumu digoleki.”

“Lajeng wonten pundi adhik punapa?”

“Wis-wis mengko ta ben lerem dhisik iki.”

Ora sranta aku weruh adhik diupakara wong akeh uga ana ngisor paprangan.

“Adhiikkkkk... .”

“Mas, wetengku kena, Mas, aja lali karo teratai ngarep ndalem kae diopeni ya Mas... .”

Banjur mak les dheweke nutup mripat, olehku nangis saya sora. Aku banjur dibopong Paklik. Nanging malah saka bopongane Paklik mau aku weruh ibu dijunjung wong akeh, elingku aku ngrangkul Paklik lan wis ora kelingan apa-apa.

Sawise kuwi aku lagi ngerti yen ibu uga kena mortir kang njalari terus tekan sedane. Lan piye kabare Bapak aku dhewe ora ngerti nalika pepisahan mbiyen. Elingku Bapak sakkancane padha nyangking bedhil lan embuh terus menyang endi. Ngerti-ngerti bareng Pak Marta mbiyen maringi kabar yen pesareyane Bapak dipindhah ana makam pahlawan. Dadi Bapak, Ibu, lan Adhik wis seda kabeh. Wektu iku wayah esuk, wayah esuk kang nrenyuhake.

Mung kari aku sing ndherek Paklik.

Mengkono critane kancaku. Kancaku mau nangis sesenggukan lan aku ora mentala ngrungokake critane mau.

“Wis ta, ayo, Man, padha mulih, sing wis ya wis, kabeh mau dadi beyaning kamardikan. Kowe kena mongkog, Man, jalaran kowe saksedulur wani kurban kanggo nglabuhi kamardikan kita iki. Jer basuki mawa beya.”

Taman Putra, No.1/Th. Ka-7/1961

KUPAT LEPET

E.A. Sumartini

Esuk iki swasanane alam tentrem. Ora ana sabawane godhong kemrosak. Mung ing kana kene kadhang kala tentreming kahanan kasela dening kluruke jago lan petoking babon kang bubar ngendhog. Suwarane manuk prenjak ing sangarepe omah pating plenthir agawe pambukane ati kang lagi sumpek. Sumpek kadaya anane laku, marga jangka kang jinangkah kandheg ing pepalang. Pepalang kang tumiba marang bocah kang tininggal ing bapa kaya aku iki. Ya puluh-puluh dadi rong puluh suwidak bejane awak.

Nalika iku aku isih cilik dikekudang dening wong tuwa sakloron. Nanging, kepriye...aku durung nanggapi, durung bisa omong, bisaku mung ngguyu latah-latah. Kaya ngapa bungahe wong tuwaku, aku durung bisa meruhi.

Umur pitung taun aku dilebokake sekolah. Bungahe atiku ora bisa dakgambarake ing kene. Bungahing ati kang lagi tepung kanca akeh, kanca geguyon lan dolanan saben dinane.

Lawasing lawas, alam pikiranku tinarbuka dening dedongengan-dedongengan lan critane guruku. Yen ing wayah esuk umun-umun iki ing bang wetan isih trontong-trontong sesulak kuning salaka mahanani sumringahing jiwa kang lagya ngenggar-enggar saka gennyanya nendra sinaput ing bun esuk.

Jumedhule Sang Diwangkara agawe grengsenge para kang andon kariya. Panas manges-manges kang nengsemake sansaya suwe sansaya dadi sumelet gumampleng. Nanging, kang mengkono mau kahanane ora tetep. Tansah owah gingsir. Semono uga laku, dakumpamakake srengenge lagi sumorot isih tangeh lan surupe wus tininggal surut wong tuwa lanang. Yaiku dhuk nalika agresi kang kapindho dadi korban kegasane serdhadhu Landa.

Sekolahku bisa langsung, ora tau dhobel. Ana ing klas VI atiku kaya karujit-rujit. Nalika guruku ndangu dhaftarake ing SMP apa SKP. Aku sigeg, legeg...ati buntu.

“SKP wae ya?”

Mengkono dhawuhe guruku. Aku mung manthuk ora bisa kumecap apa-apa. Awit guruku durung ngerti kang cinandhet ing atiku nganti sigeg mau. Iya bener bener wong tuwaku wektu iku kahanane uga kapetung lumayan.

Nanging, aku wis bola-bali kandha arep nerusake ora dipaelu babar pisan. Kiraku jalaran Bapak iki sambungan, dadi mbokmenawa kurang merlokake marang anak kuwalone anggone ngudi kapinteran. O, kok ya begja temen awakku.

Bareng ujian kurang rong sasi, aku dikongkon melu Pakdhe rewang-rewang ana tokone. Aku ora bisa apa-apa, anane ya mung manut. Sekolahku ora tutug.

Ujian kurang telung dina, guruku tindak ing omahe wong tuwaku. Nalika iku aku uga ana kono. Aku didhawuhi melu nempuh ujian, sebab wis kadhung kedhaftar, "Ya muga-muga lulus, Tin," mengkono ngendikane guruku.

Jam 7.00, aku lan kanca-kanca wis ngumpul ing panggonan pendadaran.

"Lulus becik, ora ya apik," gumremenging atiku, ati kang semplah tanpa daya. Saka pendadaran ing alam pikiranku tanpa tilas. Ilang...ilang kerem ambles anut ilining arus ombyaking kutha.

Tanpa dakangen-angen sakglugut pinara sewu, asil ujian diumumkan dalah nilaine pisan.

Sapira njolane ati. Ati kang bungah campur mangkel. Bungah dene bisa lulus kanthi biji kang lumayan. Mangkel dene senadyan dikaya ngapa aku tetep ora bisa nerusake. Saupama aku tinitah priya senadyan paribasane didhadhung mesthi mbedhol dipalangi mlumpat. Ora etung ana kutha-kutha direwangi ngenger pokok bisa nerusake, jer basuki mawa beya. Nanging, aku tinitah lemah. Ora bisa...ora, ora bisa.

Mung wae panyuwunku marang mitra kabeh, kang wong tuwane sanggup mbiayani anggone nggilut kawruh aja kongsi nglokro estokna kanthi temening ati. Dene carane sinau supaya ora nguciwani, ora rekasa. Mung mikir madhep ati karep. Ing kene keparenga Tatin nyaosi wawasan.

Ing jroning kelas kudu tansah amituhu nggatekake apa kang diwulangake. Yen durung ngerti tan kena ora kudu takon. Sadurunge magawe bubar mangan awan kudu dibaleni maneh. Awit lebar mangan yen banjur magawe bisa uga weteng senep tur tumrap kasarasan kurang prayoga. Dadi kudu ngaso dhisik. Maca TP ya luwih utama, utawa wacan liya kang cocog karo jiwane.

Ing wayah bengi jam 7.00 kudu wis ana ing sanggar pamelangan muja semedi ngadhep buku manunggalake karep lan tujuan tumeka paling ora jam 9.00 dadi mung rong jam suwene. Lha rak ora rekasa ta? Dene semono mau

yen pancen durung bisa dienggal turu wae. Esuke tangi gregah, buku dicandhak diwaca maneh. Mengko rak kaya mangan banyu wae tanpa mamah. Iki yen ditindakake saben dinane. Cobanen lur! Mangkono mau yen katindakake saben dinane. Cobanen wawasane Tatin iki hasile, yen wis teka ngendhon rak lumayan.

Muga-muga kang isih ana ing pawiyatan bisoa kagayuh sing dadi cita-citane. Dene kang wis ana ing madyaning masyarakat bisoa lestari widada nir sambekala. Kupat lepet, ora liwat andum slamet.

Taman Putra, No.2/Th. Ka-7/1961

AJA DITIRU

Dyah Sumardijono

Bubar mangan sore, aku karo Dhik Hardi (putrane sing dakpondhoki) lungguhan ana ing ruang tamu sinambi ngrungokake lagu-lagu Malaya lumantar Radio Philipe. Sing diomong werna-werna bab wulangan, kacilakan, lan liya-liyane.

Dhik Har celathu, "Mas Sum, dakcritani ya!"

"He...eh," sumaurku. "Crita apa, Dhik?"

"Wis ta sampeyan rungokna!" sambunge Dhik Har

Dhik Har njur crita mangkene. Dhek dina Minggu kepungkur aku rak nyang Kedhiri ta, diutus Bapak golek setir sepedhah Hercules marga ing toko kene ora ana. Bareng wis oleh aku njur arep bali. Nanging, wiwit esuk aku durung golek omben-omben. Mulane aku mampir dhisik ana salah sijine dhepot es.

Ora antara suwe, ana bocah lanang loro iya arep mlebu dhepot es mau sawise ngancing sepedhahe. Bocah-bocah mau nganggo clana dawa kabeh klambine putih-putih, lan padha nganggo arloji. Mlebu warung, kaca mripate durung dicopot. Bareng wis lungguh, kaca mripate njur lagi padha dicopot. Sing cedhak aku "belore" ditumpangake meja cedhak pirang-pirang wadhah jajan, sing adoh karo aku ribene disaki lan tangane nyekeli kunci. Aku rada mingsed anggonku lungguh.

Sing duwe warung takon, "Unjukanipun punapa?"

"Es," sumaur bebarengan.

Pelayan njur ngeteri es rong gelas. Sing cedhak aku nyruput dhisik banyune sing arep amber, sing adoh karo aku mung ngudheg es-se wae nganti banyune amber nyang meja. Aku mung meneng merga durung ana kang dakkenal. Nitik sandhangane sarta lagak lagune, bocah-bocah mau kaya pelajar "Atasan". Lan katon kaya bocah anggak marga tembung-tembung Inggris umpamane *Sorry*, *Ok*, *Thank You* tansah diselipake ana ing omongan-omongane. Sing diobrol omong yen dhek wingi pethuk kae, dhek minggu kepungkur lunga karo anu, dhek sore ndeleng filem, *iseng*, lan sapanunggalane. Sandhinge omong yen

dhek Minggu adus nyang Kuwak, dhek wingi etunge oleh enem, adhike lara, lan liya-liyane.

Sing dakgethingi, angger omong-omong mengkono mau tangane thowathawe kathik nyekeli jajan. Dadi obrol-obrolane mau ya disambi karo mangan. Angger entek njupuk maneh jajan liyane, meh diratani. Daktiteni, bocah sing cedhak aku njupuk jajan ping lima, sandhinge ping papat. Batinku, "Mangan jajan kok entek semono kehe apa luwe tenan ta cah iki?"

Senadyan radhione disetel nyanyian (saka RRI embuh aku kurang genah), nanging aku luwih kesengsem ngrungokake omong-omongane bocah mau. Bareng wis akeh olehe mangan bocah sing adoh karo aku njupuk rokok kretek saka sake ndhuwur.

"Rokok Grand," batinku. Siji-siji njur ngrokok, kedal-kedil nikmat banget. Bocah sandhingu keluke diunder-under. Atiku mangkel banget marga aku ora doyan rokok ndadak diece.

Es-e wis padha entek, sing cedhak aku rasan-rasan ngajak bali. Sandhinge nyauri, "Ayo." Nuli ngadeg bareng. Bocah sandhingu nganggo kaca mripate maneh. Aku ya arep mulih merga wis arep sore, karo arep ngrungokne omongane bocah kuwi bares apa ora.

"Pinten yatranipun?" pitakone bocah sing nyekeli riben ing tangane karo ngrogoh sake.

"Dhahar punapa?" sing duwe warung ganti takon.

"Es kalih, tahu sekawan, roti kalih," unine.

"E e e e...ngapusi," batinku. "Wong genah dhek mau mangan jenang karo kacang ngono lho."

Bocah mau banjur menehi dhuwit puluhan, disusuki limang rupiah.

"Nyathut karo tengah rupiah," batinku. Bareng susuke wis ditampani bocah mau banjur metu. Sepedhahe dijupuk dening bocah sing cedhak karo aku mau, lan banjur goncengan ambles...mengalor.

"Mas Sum, upama sing duwe warung weruh tindake bocah-bocah mau, gek kaya ngapa ya isine? Ah...eman-eman ya bocah gagah-gagah kok gelem ngapusi," kandhane Dhik Har.

"Lha kok ora sampeyan tuduhne sing duwe warung?" pitakonku.

“Ora Mas Sum, merga aku wedi nek digasaki cah loro,” wangsulane Dhik Har.

“O..., bocah lanang kok jirih temen. Besuk maneh sampeyan tuduhana kareben kapok. Nek sampeyan dikroyok, mesthi akeh sing ngrewangi, merga sampeyan bener.”

“Jam pira Mas Sum saiki?” pitakone Dhik Har munggel omonganku.

Aku njur ngadeg, perlu menyang kamar ndeleng jamku. Terus bali mapan lungguh maneh sinambi nyauri.

“Lagi jam wolu kurang limang menit kok, Dhik.”

“Aku arep sinau Mas Sum, sesuk arep ulangan je,” omong mengkono mau karo ngadeg terus mlebu ing omah mburi. Aku mlebu ing kamarku dhewe sisih kiwa. Dakgoleki buku “Rotterdam” sing etikete daktulisi “Untuk Mengarang”. Dakbukaki byak-byak mbokmenawa yen ana sing isih kothong. Kebeneran isih ana telung kebet.

Karepku arep ngarang merga sesuk wulangan entheng-entheng: PD, nggambar, nyanyi, lan liya-liyane. Batinku, “Critane Dhik Har mau nek dakkarang bisa uga diemot.”

Saka njero omah keprungu lagu “Nyiur Hijau,” njur thit...thit...nganti ambal ping wolu. Bubar iku muni mangkene, “*Radio Republik Indonesia dengan sari warta berita. Sari berita-berita penting dalam siaran ini...*” grog...grog...cep. “Dipateni Dhik Har,” batinku.

Jam wolu luwih limang menit aku wiwit ngarang. Dakwenahi irah-irahan “Aja Ditiru” lan ngisor dhewe dakwenahi tambahan mengkene “Para mitraku sutresna TP, muga-muga aja ana sing niru tumindake bocah loro mau.”

Taman Putra, No.2/Th. Ka-7/1961

KLERU

Amien

Kaya adat saben yen pinuju nganggur aku sok oret-oret ajar ngarang. Tinimbang thenguk-thenguk gagasan nglantur. Melu lakune setan. Luwung yen bisa kapacak ing TP kene, idhep-idhep melu urun ngrengga isine TP.

Wis bola-bali nggonku ngonsep gawe karangan, nanging tansah ora bisa rampung, pedhot ing tengah dalan. Ing ngisor meja akeh dluwang untel-untelan tilas karangan sing ora kanggo. Aku banjur golek crita liya sing manut panganggepku serem lan luwih becik. Dumadakan aku oleh inspirasi arep nyritakake lakonku dhewe nalika anak pengungsan mbiyen.

Aku banjur nengkruk nulisi inspirasi sing daktampa kaya iya-iyaa, kabeh lakonku daktulis endah edi.

Rasa gething lan pangigit-igitku metu ngrembaka yen eling tumindake Landa sing ora nduweni rasa kamanungsan. Luwih-luwih barang ngelingi nalika paklik lan kangmasku, sing dadi pakaning mimis angkara murka, ndadekake nepsuku.

Sabisa-bisa kabeh rasa pengrasaku daksokake sadhuwuring kertas. Aku arep nuduhake marang para mitra kapriye isining atiku nalika iku.

Aku leren sedhela, lendhehan kursi. Karangan dakwaca maneh saka ndhuwur. Yen ing kono ana rasa panalangsa utawa sedhah atiku melu sedhah dadakan, kaca-kaca njaluk sih kawelasaning liyan. Semono uga yen ana rasa serik, gething tanganku nggegem kaya arep njotos-njotosa.

Rampung pamacaku aku mesam-mesem dhewe kaya wong edan. Karangan dakbacutake maneh.

“Iki lho, sapa ta? Dak....” Tangan sing nutupi mripatku dakjiwit.

“Atho....atho...Mas Am.”

“Kok culke apa ora.”

“Ngonu kok njiwit nganti abang,” muni ngono Dhik Sur, putrane paklikku, ngiling-ilingi tangane sing mentas dakjiwit. “Gilo Mas, abang.”

“Sing ngongkon sapa.”

“Genah sampeyan ngono je.”

“Kok isa, genah sekesuk aku ana kene ngono jare.”

“Jare kon ngancani, Mas.”

“Ngancani ya ngancani, ana mripat kok ditutupi barang.”

“Dadi aku sing luput, Mas?”

“Lha sapa? Ngrumangsani apa ora?”

“Ya wis, *Sorry* ya, Mas Am.”

“Apa *sorry* mangsi? Sori..... sori aku ora ngerti sori.”

“Aja duka lho mas pujangga.” Muni ngono Dhik Suriyah njaluk karanganku digawa mlayu mlebu gomah.

Aku menyat dheweke dakburu. Tekan kamare diuncalake, nanging daktogake wae ora dakjupuk. Dheweke dakburu terus, tekan cedhak ambèn, aku nyaut bantal. “Mbug” gegere dakgebluk bantal. Aku nuli metu karo njupuk karanganku.

Dheweke nututi metu karo nggawa tongkat pandu.

“Ayo angkat tangan!” muni ngono karo notogake teken ing gejerku.

“Wah, thik kaya detektif.”

“Witikna sapa.”

“Ya wis aku teluk. Saiki damai.”

Aku bali lungguh, Dhik Sur ing cedhakku.

“Mas Am, mau nang apa”

“Ora apa-apa! (saiki meneng kabeh *dilarang bicara*)”

“Lho rak sih mbetho. Kok kira ana apa?”

“Dakkira nek...ke...tem...per.”

“E, ngajak perang maneh apa.”

“Ora Mas, mau lho kok mesam-mesem ora suwe njur nesu.”

“Mbok mbok wis ta menenga, aku arep golek inspirasi.”

“Golek trasi, Mas, apa arep ngrujuk.”

“Bocah ki yen dedel....ins...pi...rasi.”

“O arep calon pujangga, ta ya Mas?”

“Embuh.” Aku banjur menyat. .

Piranti-piranti dakklumpukake. Karangan ora sida dakterusake jalaran tansah dirusuhi. Niyatku arep pit-pitan ngumbah mripat.

Aku tata-tata necis, pit daksokake. Wah kojurane bane kathik gembos. Gek kena apa iki, wong mau ora apa-apa kok ndadak saiki kempes-pes. Pentil dakcopot, ning ora apa-apa. Aku banjur golek pompa.

“Wah, kojurane pompa wae ora ana pisan. Sapa sing nyilih?”

“Daksilih, Mas” celathune Dhik Sur ana pawon.

“O..... bat nyamuk. Tiwas dakgoleki cilang-cileng. Gawa rene, ki lo banku ... gembos.”

“Apa iya ta, Mas?”

“Tenan, iki lo.”

“Pancen dakgembosi kok, Mas.”

“Kowe ki mendem pa piye. Apa bosan pangan wohe dami! Aja nggluweh lo, Dhik Sur.”

“Mangga Mas. E ... mengko dhisik ... Arep tindak endi, Mas?”

“Dak ... nduk.”

“Nek ngono pompane ya ora dakwenehake.”

“Arep mlaku ... den rara.”

“Jarene arep ngarang.”

“Genah kok rusuhi ngono kok.”

“Aku nggonceng, ya Mas.”

“Kok medhuuk, bane gilo ora kuwat.”

“Nek goncengke Dhik Niek ya kuwat ya, Mas?”

“Lho, rak tekan Dhik Niek barang. Mengko bocahe rak kedhuten, ora apa-apa kok dirasani. Ya, wis kana ndang dandan, sepure arep mangkat.”

Karo ngenteni, aku mompa. Ing batin aku rada kabotan, jeneh bane wis tuwa tenan, kebak wudun. Ning kepriye maneh ... aku wis nyaguhi.

“Den rara mengko arep mundhut apa?”

“Alah, mas iki lo kok ana-ana wae,” muni ngono karo njiwit lengenku.

“Nek nggonceng sing ati-ati lho, aja obah bane nek njeblos sida kapiran mengko.”

Pit daccengklak. Dhik Sur cekelan goncengan nuli nyengklak pisan. Ing dalan katon rame, dhasar dina Minggu tanggal nom pisan. Tetumpakan pating sliri. Luwih-luwih ing ngarep gedhong biskop Garudha. Dalane rada ciut, yen ora ati-ati sida blai.

Tekan Toko Buku ngarep gedhong sing kidul pasar Bisma, aku mandheg. Sepedhah dakjagangake cedhak lawangan toko sisih lor.

“Arep tuku apa, Dhik?” Aku kaget pundhakku dicablek uwong.

“O ... Mas Wito, dakkira sapa ta sapa! Arep anu mas golek jangka.”

“Wis, ya Dhik tutugna aku dakngalor rana.”

“Ya, Mas.”

Sing blanja rada akeh. Aku kepeksa ngenteni karo ndeleng barang-barang etalase ing toko kono. Kabeh sarwa nyenengake. Dhik Sur mung meneng wae sajak kepranan ndeleng barang-barang mau. Umpama nduwea dhuwit mono arep dakborong kabeh. Olehku ndeleng-ndeleng ngajak tekan njero nuli bareng maneh mengarep.

Sepira kagetku bareng ndeleng sepedhahku ora ana. Ing kono mung kari ana sepedhah telu. Lanang loro, wadon siji ana lawangan sisih kidul. Mangka sepedhahku mau ana sisih lor cedhak lawang. Sanalika kringetku kang adhem metu, atiku dheg-dhegan. Kunci sepedhah isih ana sakku. Wah digeret maling tenan iki, batinku. Dhik Sur melu sedhah prembik-prembik.

“Priye ta mas mau?”

Aku meneng wae. Aku banjur alok yen sepedhahku ilang. Wong-wong ing kono ngrubung nyedhaki aku.

“Wonten pundi wau sepedhahipun?”

“Wonten ngriki Mas. Lha punika kuncinipun taksih kula cepengi.”

“Ngaten mawon Dhik. Mangga kaliyan kula lapur pulisi.”

Aku mikir-mikir sedhela, “O, inggih Mas, mangga kula nggonceng. Lha Dhik Suriyah tunggu ana kene sedhela.”

Aku banjur nggonceng Mas Nugroho mengkono jenenge pemudha sing tulung aku, lapur nyang kantor pulisi. Kabeh kedadeyan-kedadeyan sing dialami

ing toko mau dakkandhakake. Aku ora lali ngandhakake nomer sepedhah: 1881956, merek Raleygh (wadon), lampu lan mesin Nasional, cet ireng.

Bar kuwi aku bali marani Dhik Sur. Aku rada kaget, saka kadohan aku weruh Dhik Sur nyekeli sepedhah. Durung nganti daktlakoni Dhik Sur wis kandha.

“Iki, lho Mas sepedhahe kliru karo wong kuwi.”

“Endi?”

“Lha kuwi.”

Wonge nyedhaki aku.

“Ngapuntenipun inggih, Dhik. Tiyang kesupen anggen kula ndeleh.”

“Inggih boten dados punapa.”

Nanging ing batin aku rada mangkel. Wong-wong ing kono akeh sing padha srengen marang wong mau. Wonge mung meneng rumangsa yen luput. Let sedhela ana pulisi teka loro.

“Dospundi, Dhik?” pitakone.

“Anu, Mas, sampun. Namung klentu.”

“O ... tiwas ... klentu kaliyan sinten, Dhik?”

“Punika, Mas,” aku nudingi prenahe wong mau.

Wonge banjur ngandhakake apa anane. Lan njaluk ngapura akeh-akeh. Senajan mengkonono isih meksa kena srengen.

Pancen sepedhahku lan sepedhahe meh padha. Mung kaceke sepedhahku ana gongcangane, kono ora. Sadurunge bali aku pamitan wong-wong ing kono lan matur nuwun marang Mas Nugroho.

“Tujune ya Dhik Sur mung kleru, anua rak sida ... embuh tenan.”

Taman Putra, No.3/Th. Ka-7/1961

GAWE GEGER

Huri E.S.

Kira-kira wis 2 jam Hari anggone ngenteni kancane, Sugito, ana ing Kidulngawu perlune arep nyilih cupit bali amarga bane Hari mbledhos.

Ora antara suwe Sugito wis ketara karo nuntun sepedhah. Ing batin Hari takon, "Apa gembos apa ya mbledhos kok dituntut?"

Bareng cedhak, Hari takon, "Geneya kok dituntut?"

"Sasat yen ora mbledhos," sumahre Sugito.

"Kebeneran," sambunge Hari. "Aku mau arep nyilih cukit tibane ya mbledhos. Ayo dibongkar saiki wae. Jur ditambah ana ngomah."

Maklum lur, omahe bocah mau desa. Hari sekolah ana SMP (dohe 10 km) Sugito ana STN (dohe 13 km). Nanging, yen numpak sepedhah ora teka ngomah mung dititipake ing ngomahe wong, bocah loro mau isih kudu mlaku 4 km maneh, dadak munggah pisan. Wah kesele iya cukupan. Bocah loro mau mangkat mulih mesthi bareng! Dhasar omahe iya ora adoh.

Ora suwe Hari lan Sugito wis bar anggone nyukit ban. Sepedhah nuli dititipake. Sawise nyuwun pamit, bocah loro mulih bebarengan, kanthi geguyonan.

Ana dalan Hari muni, "Git sesuk mlaku wae, suk Saptu wae anggone ngethukake."

Gito mangsuli, "Ya, nanging mangkat sing wengi dadi ora kesusu kowe rak ora Senen *pagi* ta?"

Hari mangsuli, "Ora, mlebuku padha sampeyan jam 7.15."

Temenan jam 4.60 esuk Hari lan Gito padha mangkat sawise nyuwun pamit ibune. Dalan kang diliwati adoh karo omah. Tujune isih padhang bulan, dadi bocah loro mau ora nggawa obor.

Mung ngliwati padhukuhan sethithik jenenge Tojawiji. Klebu Desa Karangnongko. Ing dhukuh kene wong isih ngandel kapercayane marang kapracayan kuno. Yen ana manuk kulik lan tuhu muni njur dikenthongi. Hari lan Gito mono ora ana sing ngluwihi kenakalane.

Bareng tekan dhukuh mau Hari wisuh. Gito dhisik. Bareng bar Hari nututi Gito. Karo mlaku Hari muni kaya unine manuk kulik “ulik-ulik” bola-boli. Lha kok Gito nyambung kaya unine manuk tuwu “tuwu-tuwu”.

Dadi unine mangkene, “ulik-ulik-ulik-ulik tuwu-tuwu-tuwu tuwu, lansateruse.”

Ora suwe keprungu kenthonge. Kahanan ing esuk iku rame dening suwarane kenthong. Bocah loro padha mlayu ngedoh, karo cekikikan. Nanging, olehe muni terus.

Anehe kok ana manuk kulik lan manuk tuwu temenan kang nyauri. Hari lan Gito duwe rasa wedi. Mulane dheweke padha mandheg ngenteni padhang. Unine isih diterusake karo saur-sauran. Kenthonge ora leren nanging malah rame.

Langit sisih wetan wis katon abang, mratandhani yen meh padhang. Bocah loro leren olehe muni nanging manuke kok ya melu meneng. Bocah loro terus mlaku sajak ngguyu, Gito muni, “Hari, aja dipindho. Iki mau yen konangan gek kepriye. Yen dilapurake rak ya salah. Tujune mau wis ngedoh lan ana manuk sing tenan. Aja ngono rak....”

“Iya Git, kapok tenan aku,” wangsulane Hari.

Bocah loro akune terus sajak kepenak nganti tekan sekolahan kanthi slamet. Carita iki tenan, lan sing marahi iya aku dhewe. Mula panyuwunku marang para mitra aja nganti niru-niru aku gawe gegering wong akeh.

Taman Putra, No.3/Th. Ka-7/1961

SING SALAH MESTHI SELEH

Wisanggeni

Liburan panas kurang limang dina. Bocah-bocah kabeh wis padha seneng-seneng marga wis padha duwe rencana dhewe-dhewe ing mangsa liburan. Ana kang arep menyang Jakarta, Sarangan, Bali, lan sapanunggalane. Nanging, sadurunge liburan mau ing sekolahhanku prasarat saben dina terus ana ulangan-ulangan kanggo ngisi rapot kwartal kapisan.

Dina Senen sasi Oktober. Jam 9.30 (wektu ngaso kapisan) pak guru ngedum ulangan Ilmu Ukur. Dina kasebut Didik ora mlebu sekolah jalaran lara. Kertas ulangane karo Yanto diseleh ana ndhuwur bangkune. Bareng bel tandha ngaso kapindho muni, bocah-bocah banjur byur metu menyang njaba, ana sing dolanan lan ana sing terus menyang nggone Mbok Bon perlu njajan. Aku uga ora gelem kalah cekat-ceket mlayu njujug es, gelis-gelis wae marga jam pelajaran ke-6 ana ulangan Ilmu Hayat.

Dilalah bareng aku mlebu kelas weruh Dargo lagi nyekel potlot kanggo ngorek-orek kertas ulangane Didik. Kang ditulis mau tembung-tembung sing kotor. Dargo ora weruh yen aku ana mburine wis suwe. Bareng dheweke noleh menyang mburi, raine katon mbrabak abang lan kertas ulangan enggal dibalekake ana ndhuwur bangkune Didik. Kertas mau arep dakjupuk jalaran tulisane arep daksetip. Dadak aku digetak lan terus diawas-awasi karo mripate mentheleng. Kepeksa aku mundur alus ora wani nerusake sedyaku.

Dargo mono bocahe gedhe dhuwur awake dhempal, sepire pating prengkel. Nanging kuciwane, dheweke iku klebu bocah kang ugal-ugalan. Ngendel-ngendelake dupeh anake wong sugih, yen sekolah numpak sepedhah montor, pinter main judo boksen. Manawa bapak utawa ibu guru lagi nerangake pelajaran ana kelas, dheweke mesthi rame dhewe. Dene yen ana bocah ngelokake sethithik wae, wah aja takon sida "diparingi" hadhiah bogem mentah sing wis kondhang abote.

Bel tandha mlebu ditabuh, ateges jam pelajaran ka-6 diwiwiti. Bocah-bocah kabeh padha anteng mikir ulangan Ilmu Hayat kang soale pancen angel. Pak guru tindak alon-alon kliling klas. Dumadakan panjenengane pirsa kertas ulangane Didik sing wis ana orek-orekane mau. Kertas banjur diasta. Bareng

ulangan Ilmu Hayat wis rampung, pak guru ngendika.

“Aku mau weruh kertas ulangane Didik ana ndhuwur bangkune. Nanging, kertas mau wis ana tulisane tembung-tembung kang kotor, jijik, aku arep takon sapa sing nulis iki. Aku butuh *pengakuanmu* kang jujur, bakal dakajeni banget kowe gelem ngakoni kesalahanmu dhewe.”

Bocah-bocah kabeh padha meneng wae jalaran pancen ora rumangsa nulis. Mung Dargo raine katon pucet, lan sedhela-sedhela noleh menyang aku.

“Saiki kowe dakwenahi wektu limang menit. Dene yen nganti limang menit durung ana kang ngaku, bakal daklapurake bapak direktur.”

Nanging, nganti wektune entek durung ana kang gelem ngaku. Kepeksa dilapurake pak direktur tenan, lan ora antara suwe pak direktur wis rawuh ana kelasku. Kaputusanane yen tetep durung ana kang gelem ngaku, kelasku ora bakal diwulang sedina. Rong dina, kelasku durung diwulang. Bocah-bocah kabeh getem-getem kepengin weruh sapa sing nulis. Bocah-bocah putri akeh sing nangis. Dadak Dargo dhewe aksine melu pegel lan kepengin weruh sapa sing nulis.

Nganti telung dina kelasku tetep durung diwulang. Kesabaranku saiki wis entek. Kahanan kaya ngene iki ora bisa dakjarake jalaran ngrugekake kanca-kanca liyane. Sebab, aku dhewe kang weruh yen Dargo sing nulis. Lan Dargo uga ngerti yen rahasiane mung aku kang ngaweruhi. Dina kasebut, bareng wis bali sekolah lan bocah-bocah wis sepi dheweke dakcedhaki lan aku kandha alon-alon.

“Dar, mesthine kowe wis ngerti marga saka tindakanmu pribadi kabeh kanca saklas kang nanggung akibate. Apa ora luwih becik kowe ngaku wae. Sebab, yen kowe ora gelem ngakoni kesalahanmu, kowe sawijining wong kang licik, pengecut, lan ora wani tanggung jawab.”

Nanging karepku ora keturutan, sebab dheweke dakkandhani ngono mau ora nuduhake keinsyafane, ndadak mangsuli kanthi tembung kang kasar.

“Ngaku ora ngaku kowe arep apa? Iki rak gumantung marang aku dhewe. Kowe ora perlu ndhikte aku. Ngerti!?”

“Dadi kowe njaluk daklapurake pak direktur?”

“Oh...o...lapurna yen kowe arep nglaporake. Ben dielem pak direktur, banjur mengko didadekake ketua klas. Apa kowe wis rumangsa kandel dagingmu?”

Aku ora mangsuli, sebab yen dakterusake bisa ndadra malah dadi tukaran.

La yen tukaran tenan kira-kira ora ana seprapat menit aku diangkut menyang rumah sakit umum. Mulane aku enggal-enggal njupuk sepedhah terus mulih. Dina sesuke aku kepeksa matur pak direktur. Dargo banjur ditumbak ana sangarepe pak direktur, dheweke wis ora bisa mungkir maneh, amarga yen dheweke arep mungkir aku enggal-enggal mbantah. Dargo ora pareng mlebu sekolah. Pak direktur duka akeh-akeh lan maringi ukuman, manawa seminggu lawase. Wiwit dina iku ing kelasku wis wiwit diwulang maneh. Ndadekake bungahku lan kanca-kanca liyane.

Jam 8 bengi. Aku diutus bapak nyaosake layang menyang daleme pakedhe ing Pacarkeling. Olehku lunga mau numpak sepedhah, dakgenjot alon-alon sinambi ndeleng etalase-etalase ing pinggir dalan. Bareng sepedhah dakenggokake ing tikungan dalan kang rada peteng, mak bres, sepedhahku rubuh lan aku tiba mlumah. Lagi arep nyoba tangi jebul “tag”, barang abot kaya wesi ngeneki pilinganku. Kaya-kaya aku wis meh orang eling. Mripat daknggo ngawasake wis ora pati cetha. Pilinganku dakgrayai krasa teles. Tujune aku terus nemu akal. Aku enggal nyaruk lemah terus dakgegem. Bareng wong mau ndingkluk arep ngantem maneh, lemah terus daksawurake pas kena mripate. Bubar nyawurake lemah aku tangi alon-alon. Wong mau merem rapet, luhe trocosan lan tangane loro karo ngucek-ngucek mripate. Tanganku kang salawase urip durung tau dakenggo nglarani uwong sepisan iki arep dakcoba katiyasane. Siji loro, “tag...tag...tag” pilingane genti genten terus daktitir, dakanteme sakuwatku nganti kekuwatanku entek. Dheweke terus ndhodhok karo sambat-sambat.

“Adhuh, wis kapok tenan aku. Aja kok terusake olehmu ngantemi aku. Aku rumangsa salah lan pangapuramu wae sing gedhe.”

Atiku kaget semu gumun dene wong mau kathik weruh jenengku lan aku kaya wis tau krungu suwarane. Barang daktamatake kanthi njlimet jebul mitra lawas Dargo.

“Hemm...kok mung kowe Dargo titah saka ngarcapadha nglawan aku. La mbok dewa saka kahyangan mangsa mundura. Apa ora kulak warta adol rungon yen Wisanggeni kasihane Sang Hyang Wenang, ora tedhas roti kalung, dalah sisaning rante sepedhah?” Mangkono omongku sombong oleh kemenangan.

Taman Putra, No.3/Th. Ka-7/1961

DOM KANG MAWA RACUN

D. Sumadijono

Tanggal 13 Oktober 1959 jam 16.00. Wektu iku aku karo kanca-kancaku sakklas saka klas III D lagi olah raga ana ing plataran sekolahan. Kanca-kancaku ana sing lompat tinggi, bola kranjang, *volly*, lan liyane. Dene kanca-kancaku bocah putri padha latihan ronders. Katone padha seneng-seneng banget, awit kanca-kancaku mau padha latihan olah raga manut kasenengane dhewe.

Semono uga aku. Bocah rolas cacah banjur latihan *volly ball* sisih ngenem-ngenem. Anggone dolanan kanca-kanca mau apik banget. Sing durung bisa nyemes padha blajar nyemes. Rehne aku endhek, aku ora bisa tiru-tiru kaya kanca-kanca mau. Dumadakan saka pihak “mungsuisku” ana cemesan sing banter banget nalika iku aku lagi entuk bageyan nyerpen.

Kanthi ora daksengaja, sikilku tengen kemlawe mak dhel ngenani bal cemesan mau. Bale mumbul dhuwur banget, lan ceblok ing sanjabane garis. Aku disrengeni bocah-bocah kabeh merga yen bale pecah aku mesthi ngijoli, jebul ora apa-apa.

Baliku njupuk bal karo ngawasi papan panggonane Pak Sardi, guruku olah raga. Katon Pak Sardi awe-awe nimbali aku. Bal njur dakuncalake menyang kanca-kancaku. Aku sowan menyang Pak Sardi. Pak Sardi semu duka ngendika, “Geneya bale kok sadhuk?”

“Mboten kula sengaja, Pak.”

Mak plek...astane Pak Sardi kumlawe nibani pipiku kiwa. Pipiku rasane kaya ilang-ilanga. Aku glayaran arep tiba.

“Kana, mlebu kelas, aja melu gerak badhan!” karo nuding-nuding.

“Inggih Pak,” wangsulanku karo dhingkluk.

Aku mlebu ing klas. Daktoleh kanca-kancaku padha ngawasake aku. Aku rumangsa isin banget. Bareng tekan ing klas aku banjur njupuk sepatu, arep wisuh. Anggonku wisuh ijen wae, mangka lumrahe mesthi kroyokan karo kanca-kancaku, ning aku seneng.

Ing jero klas aku gelik-gelik dhewe. Arep metu isin karo Pak Sardi merga klasku pancen cedhak karo ruwang guru papan panggonane Pak Sardi, kang

nalika semono lagi jumeneng karo malang kerik ing sacedhake lawang.

Aku lungguh ing bangkuku. Panyawangku mider ngubengi klas. Gagasan ku nglangut, kelingan lelakon kang lagi wae dakalami. Sekabehing barang-barang mati kaya ngisin-ngisin aku. Uripku kaya kecepit ing ruji wesi ora bisa guyon awor karo kanca-kancaku.

Nuli tuwuh gagasan ku kang nistha. Aku kudu mulih ing wektu iku uga. Awit aku ora kuwat nampa siksa kang kaya mangkono. Bele isih kurang setengah jam. Sesuk didukani ya ben, mengkono gagasan ku.

Aku metu liwat lawang mburi. Rehne aku ora nduwe sepedhah kanthi gampang aku njur mlumpat pager. Aku ninggal sekolahanku.

Ing pondhokan ora ana wong sing dakcritani senajan Mas Narta tanggaku sing nunggal sekolahan iya ora daktuduhi wadiku. Dheweke ora ngerti, apa mula bukane aku mulih dhisik. Nalika aku mapan turu mung ana tembung-tembung dakkira kena dakenggo ngedhem-edhemi ati, yaiku tembung *minta maaf*.

Awane, bubar mangan aku mlebu sekolahan kaya biyasane. Bareng wis tekan jero klas aku njur nyang mburi sekolah. Ing kono mung ana Mbak Wiwik karo Mbak Marni. Mbak Marni muni mengkene, “Dhik Sum, dhek wingi sampeyan digoleki Pak Sardi je.”

“Nggo apa nggoleki aku?”

“Arep didukani ayake,” sambunge Mbak Wiwik.

“Wong dikamplengi we kok digoleki.”

“Sampeyan titeni. Sampeyan mengko rak ditimbali.”

Ora suwe ana pak kebon nggoleki. Jare aku kudu sowan menyang “ruwang guru” ngadhep Pak Sardi. Lan aku ya ora mbangkang. Bareng tekan sangarepe Pak Sardi, panjenengane ngendika, “Kowe dhek wingi mulih?”

“Inggih, Pak”

“Geneya?”

“Kowe kudu mulih ing wektu iki uga. Sesuk awan pakmu konen rene.”

Bareng krungu yen sesuk bapak diaturi menyang sekolahan mangkono mau kaya disendhal raiku. Awit wis mesthi yen sekabehing lelakonku bakal disumurupi dening bapak lan kulawargaku kang ana ing ndesa mula kanthi ngondhok-ngondhok aku matur.

“Pak...sejatosipun kala wingi punika mboten kula sengaja. Pramila... kula nyuwun pangapunten wontenipun tindak kula ingkang kados kalawingi punika!”

“Kowe ora dakapura kesalahanmu. Kowe salah ping pindho. Kowe mulih dhek wingi kae orang pamit. Kowe dakapura dosamu, yen pakmu wis kok tekakake ing sekolahan kene.”

Senajan dikaya ngapa, mesthi murid kalah karo guru. Kanthi eluh kumembeng ing mripat aku bali menyang klasku. Buku enggal-enggal dakjupuk saka bangku lan terus metu, kanca-kancaku padha pating domblong ngawasake aku lan akeh uga kang padha takon nanging ora ana sing dakrewes. Panonku peteng, aku ora wani nyawang raine kanca-kancaku kanthi suwe.

Lakuku sengkleh, sirahku mumet. Tembung-tembunge Pak Sardi ora bisa ilang saka utekku. Lan dakcoba nglalakake, nanging malah kelingan terus kang dakalami ora liya kajaba mung sedhah...sedhah campur isin lan wedi.

Tekan pondhokan, sing dakpondhoki takon, dakwangsuli perlu badhe wangsul dhateng ndhusun.

“Ana apa ta sajake kok gita-gita?”

“Kala awan kula kepanggih kanca kula tunggal dhusun. Kanca kula kalawau nyariyosi bilih mbakyu kula sakit sanget.”

“Mbakmu lara? Apa larane?”

“Cariyosipun kok *typhus* ngaten. Pramila bilih kepareng kula badhe mantuk ing wekdal punika. Pumpung taksih siyang, mangke dumugi griya dereng dalu.”

“Kowe arep mlaku wae. Kae lo sepedhahku nggonen, sesuk awan rak ya mlebu ta?”

“Inggih Pak, lan nyuwun pangestu panjenengan, mugi-mugi sakitipun mbakyu enggal saras.” Mangkono mau sekabehing aturku lelamisan. Lan “bapakku” ya ora ngira babar pisan yen aku nggorohi.

Awan iku uga mulih menyang ndesa. Sajrone lumaku gagasanku nglangut tanpa tepi. Kelingan sekabehing lelakon dhek wingi sorene lan awan mau. Sekabehing lelakon iku bakal dakandhakake ana sangarsane bapak. Iba dukane bapakku. Apa maneh yen wis dakaturi priksa yen panjenengane kudu menyang sekolahan.

Yen bapak priksa sekabehing lelakonku mesthi njur nggalih yen aku duwe sipat kurang ajar mula tanpa guna anggona mondhokake. Aku mesthi dikongkon nduduk utawa metu. Perih...perih rasane atiku. Sadalan-dalan jroning ati kaya dicubles-cubles dening dom kang ngemu racun.

Taman Putra, No.4/Th. Ka-7/1961

KELINGAN

Dudung S.

Kahaman sepi mamring tan ana sabawaning walang ngalisik. Mung saka kadohan keprungu erike jangkrik lamat-lamat. Dalan-dalan wis sepi, kala-kala ana montor liwat sing lumaku kanthi banter.

Angin wengi tumiyut mahani kekesing badhan rumasuk ing balung sungsum. Nalika iku udakara wis jam sewelasan bengi. Nanging, mripatku angel dieremake awit tansah kelingan layang saka Jakarta. Layang saka kamase kancane. Ngandhakake yen kancane mau ora ana!

Ora krasa mripate kumembeng eluh. Lan banjur mili nelesi pipine. Dheweke njur kelingan wektu-wektu kang kepungkur nalika karo kancane. Lan dheweke uga kemutan nalika mau ngruntuhake eluh, wektu dipamiti arep pindhah menyang kuthane sing saiki iki.

“Tong, yen wis adoh saka aku aja lali ya.” Mengkono celathune kancane wektu dheweke pamit. Nalika iku wayah sore. Dheweke karo kancane jagongan ana pendhapa mung cah loro.

“Tok, kowe aja susah nemen daktinggal. Ing kene isih akeh kanca. Percaya kita mesthi bakal padha ketemu.”

“Ning mesthine ora, Tong.”

“Mesthi, Tok!”

Kancane meneng. Dheweke uga mbisu. Lan sore saya peteng. Srengene wis ora katon maneh. Kewan-kewan bengi padha metu saka pendhelikane. Ing ndalan lampu-lampu listrik padha murup. Dalane dadi rame. Luwih rame tinimbang mau.

“Tong, aku sesuk ora bisa *ngantarken* nyang setasiun. Sesuk pinuju ana ulangan.”

Dumadakan kancane celathu, mecah kasepen.

“Ora dadi apa, Tok.”

Sauntara iku wektu saya mlaku. Ing njaba saya peteng. Dheweke pamit mulih. Kancane mau ngruntuhake eluh, eluh kasedhihan.

“Yen bisa setaun pisan rene ya Tong, ngiras tilik bapakmu sing isih neng kene. Lan yen tekan kono aku kekana kabar ya!” Mangkono kancane nalika padha sesalaman.

“Ya, Tok. Aku dakrene. Lan *selamat tinggal ya!*”

“Ya.”

Dheweke njur nyengklak sepedhahe.

Tekan semono lamunane. Eluhe dleweran ora kena ditahan. Jam tembok kidule keprungu lambat-lambat muni ping rolas nuduhake yen wis tengah wengi.

Dheweke mapan turu. Nanging, meksa tansah klikikan wae. Dheweke banjur kemutan nyang kancane maneh. Kelingan nyang janjine. Arep ketemu pendhak setaun sepisan. Dheweke nalika rana taun kepungkur ora ketemu. Cahe nyang Bandung, neng nggone mbahe.

Eluhe metu maneh. Cepet diusapi. Dheweke tangi, lampu kamare diuripake. Dheweke njupuk kertas saka laci meja lan potlot kanggo nulis panguneg-uneging atine.

Dheweke wiwit nulis. Nulis lan nulis apa sing metu saka pakone pikir. Angin wengi silir-silir mlebu liwat sela-selaning jendhela kang diengakake sethithik. Kertas sing ditulis obah-obah kena silire angin. Kira-kira jam loro tulisane dadi. Tulisane bela sungkawa kanggo kancane kang ninggal dheweke kanggo selawase.

Saiki mripate krasa ngantuk. Dheweke mapan turu. Lan sebanjure dheweke orang ngerti apa sing kedadeyan ing wengi iku....

Taman Putra, No.4/Th. Ka-7/1961

MULIH

Dudung S

Sepur cepet Purworejo–Jakarta kang daktumpaki wiwit ninggalake setasiun Purworejo. Lakune sepur saya suwe saya santer. Angin kang liwat jendhela, mahanani adheme awak. Ing jaba isih katon peteng. Lampu-lampu dalan kang ketok saka sepur katon kelip-kelip.

Aku arep mulih, mulih menyang tanah kelairan. Tanah Pasundan, lemah kang daktinggal telung taun lawase, uga lemah kang ndadekake aku diwasa. Semono uga bapak ibu. Bapak ibu kang daktresnani. Lan uga adhik-adhik ora kari, sing mesthi wis padha gedhe-gedhe sajrone daktinggal mau, aku ora nate mulih.

Langit ing sisih wetan katon abang mbranang, nandhakake yen sedhela engkas sang bagaskara bakal jumedhul, awèh pepadhang ing ngalam donya. Sepur lumaku kanthi santer, liwat sandhuwure ril sing menggak-menggok. Angin sumilir liwat jendhelaning sepur, ngobah-obahake rumbutku.

Sauntara iku srengengene wiwit nyunarake cahyane. Ebun-ebun pating kerlip kena sunare sang surya. Kabut-kabut padha nguap kena panase raja awan. Saiki katon sawah lan ladhang padha oyok-oyokan. Uga katon pak utawa bibi tani ana sawahe. Cagak-cagak tilpun ing sauruting dalan sepur, moh kari padha melu oyok-oyokan.

Purworejo wis suwe diliwati. Ora krasa sepur ndadak wiwit ngancik kutha Cirebon. Bareng sepur mandheg ing setasiun kang rame iku, keprungu rame suwarane wong nawakake jajan. Jajan kang diedol marupa-rupa.

Penumpange tambah. Kena diarani akeh sing munggah katimbang sing mudhun. Uga bangku ngarepku lungguh kang mentas wae kosong wis dilungguhi dening bocah lanang. Gedhene sapantaran karo aku.

Ora antara suwe sepur wiwit mlaku maneh. Lakune banter banget, ngliwati ladhang kang tandhus lan amba-amba. Kadhang lakune lindhek manawa ngliwati kreteg-kreteg kang lagi didandani. Lan ing kene akeh bocah kang ngacungake tangane, njejaluk. Ah, memelas temen bocah-bocah kita. Upama ana wong kang nguncalake jajan metu liwat jendhelane sepur, bocah-bocah mau padha rayahan.

Sepur lumaku panggah santer. Suwarane mbudhekake kuping. Daklirik bocah lanang ana ngarepku lungguh sajak kasengsem marang asrining pemandhangan ing njaba.

Sepur mandheg ing Cikampek. Dheweke tuku premen davros. “Mangga Mbak menawi kersa,” dumadakan dheweke nyapa aku klawan nawakake premene kang nembe wae dituku.

“Oh, inggih,” wangsulanku. “Matur nuwun, Dhik,” bacutku sawise njupuk premene siji.

“Badhe tindak pundi, Mbak?”

“Badhe mantuk dhateng Bogor. Ning kula mangke nyipeng dhateng Jatinegara dhateng dalemipun mas kula. Adhik badhe tindak pundi?”

“Jatinegara, Mbak, mantuk.”

“Yen ngaten mangke sareng mandhapipun.”

“Inggih. Anu, kalawau rak dereng tepangan ta, Mbak? Nepangake kewawon kula Dadang.”

“Tati,” wangsulanku.

Aku nyandhak tangane kang diulungake, sesalaman. Dheweke njur meneng. Aku uga mbisu. Lan sepur lakune panggah banter. Sepisan engkas, sawah-sawah padha oyak-oyakan. Semono uga cagak-cagak tilpun. Dheweke ngematake pemandhangan ing njaba. Kang pancen endah iku. Mbokmenawa dheweke duwe dharah seni aku ora ngerti.

Krawang, Bekasi diliwati. Sepur, isih tetep banter. Wong-wong kang kaserang dening ngantuk saiki wis ora ana. Padha tata-tata gawane jalaran wis meh tekan.

“Sampun tata-tata, Dhik?” pitakonku.

“Sampun, Mbak. Lan malih bektan kula mboten kathah.”

Jam lima kurang rong puluh, sepur mlebu setasiun Jatinegara jalaran kasep. Aku mudhun. Dheweke semono uga. Dheweke ngrewangi nggawakake barang gawanku kang ora akeh iku. Aku dipethuk masku. Jalaran sadurunge wis dakkabari. Sawise iku aku banjur pepisahan karo dheweke. Lan aku rada gela awit aku ora ngerti alamate, aku lali ora takon.

Taman Putra, No.5/Th. Ka-7/1961

KEPEPET

Oet Siswo

Wiwit klas loro aku wis ora ketarik nyang wulangan basa Inggris amarga gurune ganti. Maune Pak Parman. Lha saiki salin Bu Darmi. Kanca-kanca akeh sing ngarani Bu Darmi iku bisa jelas yen nerangake. Ning kanggoku kok suwalike, ya marga ora ketarik mau aku banjur dadi bocah mlolo kaya kebo. Bodho kanggone basa Inggris. Kerep wae aku didadekake “wayang lorek” ana ngarep klas aliyas dijejer. Disekores, diutus sinau kambi nonton bal ana lapangan ngarep sekolahan.

Sekoresan kang bakal tumindak iki sumudya daksingkiri. Kanca-kanca wis padha anteng lungguh. Bu guru nerangake nrecet kaya bethet. Nanging, kanggoku babar pisan ora cumanthol. Gek penyakit ngantuk wiwit *merajalela*. Kang wekasan aku kalah; ora kuwagang mbendhung banjire ngantuk.

Aku keturon tanpa nggatekake keterangane Bu Guru. Dumadakan keprungu jenengku *dipanggil*. Gragap!! Aku kaget. Mripat dakucek-ucek. Aku ethok-ethok klingihan karo ngemek-ngemek weteng.

“Oet, kemari lekas!”

“Kau mengantuk lagi, ya?!”

“Tidak Bu, hanya perut saya terasa sakit.”

Aturku goroh. Kanca-kanca padha nahan guyune. Bu Guru mesem ngenyek.

“Sakit apa?”

“Disentri.”

“Apa tanda-tandanya kalau kejangkitan penyakit itu.”

“Kalau membuat kotoran besar bercampur dengan darah, Bu.”

Mesthi wae jawabku bisa ceples, wong aku mahir Ilmu Hayat je. Bu guru lagi percaya. Nuli nerangake bebayane penyakit disentri iku.

“Kalau begitu pulang saja! Misjan antarkan temanmu ini. Itu sepedaku boleh kau pakai.”

Tekan ngratan grenengan.

“Wa, ngono wae ngaku lara barang. Mbok ya terang-terangan.....ngantuk ngono wae.”

“Lha pancen aku lara temenan lo, Jan.”

Ibu Kasni, sing dakpondhoki ya kaget weruh aku dibonceng kanca.

“Yahmene kok wis kondur ta, Dhik Oet.”

“*Sakit, Bu,*” sumambunge kancaku mau. Aku ethok-ethok mbesengut terus nuju kamar turu.

“Sakitipun punapa, Dhik,” pandangune Ibu marang Misjan.

“Sakit desentri, Bu,” kancaku nerangake nuli enggal nyuwun pamit, mbokmenawa ngeman marang wulangan sekolahan.

Sorene sega bubur wis cumawis ana sandhing turonku. Wah, iki sing ndadekake perjuwangan batin kanggoku. Arep dakentekake, ora pantes, wong lara kok seneng sega. Upama dakpangan sethithik wae, aku welas marang nasibe *sang perut*. Mengko motah njaluk isi. La aku kepeksa ngepring anom rinujit miring, tarutusan golek kemul. Lha sidane menang ndara alumah. Sega wis pamitan mertapa menyang wetengku, datan ana kang kecer siji-sijia. Rong ndina aku ora mlebu sekolah. Karepku ben pantes yen diarani lara temenan.

“Oet, kok ora sekolah geneya, Bu? Rerasane Pak Kasni nalika arep tindak kantor.” Pak Kasni iki dadi mantri ing kuthaku.

“Jarene areke lara desentri kok, Pak.”

“Lho, la iku rak sawijining lelara kang mbebayani ta, Bu. Yen kaya ngono sakwayah-wayah mbuwang, kotorane kon nyimpen sithik wae, dakdeleng nganggo mikroskop.”

Matik aku! Sida kebongkar rahasiaku. Piye amrih bisane luput saka bebaya iki. Yen konangan, aku waras-waris, rak kisinin sing gedhe kae. Isin karo bu guru, isin karo kanca-kanca, lan isin karo keluarga sing dakpondhoki.

Keprungu ibu tindak kamarku, age-age aku krubutan slimut karo meneng anteng. Astane ibu ndemek sirahku. Aku ngampet guyu banjur dhawuh kaya sing dingendikake Pak Kasni mau.

“Inggih, Bu” sumaurku karo mesem. Wah atiku dhog dhig dhug. Lha wong waras-waris kok dipirsani kotorane. Kotoran rak panggah kotoran. Tujune oleh akal yen mbuwang mesthi ngenteni limpene ibu. Apa tumon, wong arep menyang WC, kok dadak mindhik-mindhik kaya wong arep ndongkel ris.

Let telung dina aku mlebu sekolah maneh. Slamet, dene bapak lan ibu ora ndangu bab kotoran mbokmanawa yen laraku bis waras *sonder* obat.

Taman Putra, No.6/Th. Ka-7/1961

TILIK

Dudung S

Ing sawenehing omah kang cukupan gedhene, ana pak pos ngeterake layang. Layang katampa dening wong kang umure wis katon tuwa. Ning badane isih katon santosa. Layang banjur dideleng si pengirime. Sawise terang sapa kang ngirim, enggal-enggal disuwek. Lan terus diwaca. Bareng anggone maca layang mau rampung, katon praupane bingar lan banjur celuk-celuk.

“Bune! Bune, reneya!”

Sing diundang ngrungu, banjur menyang ngarepan.

“Ana apa, Pakne?”

“Anu, si Tong lan Anang liburan Desember iki arak rene.”

“Tenan iku?”

“Tenan. Iki layange.”

Layang dikekake sisihane. Sabubare diwaca ketok melu bungah. Bungah marga arep ketekan putune. Si Tong lan Anang, kang banget ditresnani iku. Maklum nembe duwe putu loro iku.

Ing dina kang wis katemtokake, putune sida teka. Putune loro mau dipethuk ana setasiun sepur dening embahe kakung, manut apa unine layang. Awit mung cah loro iku dhewe kang teka. Nalika sepur mandheg, si Anang bengok-bengok jalaran weruh embahe.

“Mbah, Mbah, iki Anang,” mengkonono pembengoke. Enggal-enggal si Anang medhun lan mlayu marani parane eyange.

“Padha sugeng, Eyang?” celathune karo ngruket simbahe.

“Slamet, Anang rak semono uga ta?”

“Iya, Mbah. Lah endi Mbah Putri?”

“Mbahmu putri ora melu methuk, repot ana omah.”

“Oooo....”

“Masmu endi, Nang?”

“Isih ana mburi, Mbah.”

Ora let suwe Totong teka karo nyangking gawane. Katon rada abot.

“Sami sugeng, Eyang?” kandhane sawise tekan.

“Waras. Totong semono uga?”

“Inggih, Eyang.”

“Ayo ndang gancang. Embahmu putri ngarep-arep tekamu.”

Sawise tekan njaban peron, banjur nyewa andhong. Wektu ana dalan, Anang ngeciprik anggone crita menyang embahe. Neka-neka sing kandhakake. Kahanane ibu bapake, kahanane kutha lan liya-liyane. Nalika tekan lan andhonge mandheg, Anang age-age mudhun. Lan lumayu mlebu ngomah karo undang-undang simbahe.

“Mbah, Mbah aku teka mbah. Aku si Anang.”

Embahe putri kang lagi tata-tata wedang ana kamar tengah enggal-enggal methuki, mbah lan putu reruketan. Reruketan marga seneng. Si embah bungah marga ketekan putune, si putu seneng lantaran ketemu eyange.

“Anang saiki wis gedhe ya. Kepriye kabar bapak ibu?”

“Kabeh padha becik, Mbah. Embah rak padha slamet ta?”

“Iya Nang.”

Totong lan embahe kakung nusul mlebu. Sawise koper diglethakake banjur caos sungkem menyang embahe putri.

Ing bengi iku omah kang maune sepi dadi rada rame.

Esuke bocah loro mau digugah embahe. Gegancangan padha adus. Wah, segere banyu pegunungan, mahanani anyesing embun-mbunan. Bubar adus padha sembahyang subuh, makmum simbahe kakung. (Wektu ana daleme eyang Totong lan Anang padha sembahyang terus tan ana late).

Sawise sembahyang, banjur menyang kamar tengah perlu sarapan. Ing meja wis kasediyakake rong piring sega ketan lan wedang teh rong gelas.

“Ayo padha sarapan. Mengko dakjak mlaku-mlaku ndeleng sawah-sawah. Sawahe embah saiki uga wiwit ditanduri,” ngendikane embahe kakung.

“Inggih, Mbah,” wangsulane Anang lan Totong meh bebarengan.

Ora let suwe katon ana wong telu mlaku-mlaku urut sapinggiring sawah. Nyenyawang kaendahan alam kang pancen endah tenan. Luwih-luwih kanggone Totong lan Anang. Asrining sesawangan narik atine. Maklum lagi

padha seneng menyang kaendahan alam. Kaendahan kang sarwa nengsemake ati.

Gunung lan unthuk kang katon saka kadohan katon ketutup gegrumbulan. Hawa ing kana adhem. Mega-mega kang kena adhem dadi udan. Udan mujudake banyu lan ndadekake kali-kali ditanduri pari. Lan upama pari wis kuning-kuning lan tuwa. Wong-wong padha mudhun menyang sawah saperlu ngeneni pari-pari mau. Pancen yen dilulu rakyat kita padha katon makmur-makmur.

Lakune Totong, Anang, lan embahe tekan sawenehing sawah. Ing sawah kono akeh bocah-bocah putri padha tandur. Putri-putri padha mesem bareng weruh wong telu mau liwat. Embuh lantaran apa. Padha rerasan. Pipine bocah-bocah mau katon abang mbranang. Katon manis-manis. Nyenengake. Ora kalah manise karo bocah kutha. Sedheng bocah-bocah mau durung kena wedhak. Dadi isih asli.

Saka kadohan keprungu gumrojoge banyu ngenani watu-watu. Kaya-kaya mahargya tekane Totong lan Anang. Wektu liburan mau dening Totong lan Anang kanggo ndedeleng kaendahan alam. Ngiras tilik embahe sakloron kang banget ditresnani. Lan nalika liburane meh rampung, Totong lan Anang padha mulih kanthi nggawa kenang-kenangan edi menyang kuthane.

Taman Putra, No.7/Th. Ka-7/1961

JUPRI WIS BALI

Pak Esjha

Dina iku dina Selasa. Mbeneri liburan Pasa. Saiba senenge bocah-bocah ora mlebu ing pamulangan lawase telung puluh sanga dina. Ing Kampung Kambangan ya ngana kae. Tansah rame dening suwarane bocah-bocah. Banget ndhemenake. Pratandha yen desa kuwi urip lan reja.

Malah kena diarani saben klumpuking tetanggan ana pakumpulane bocah-bocah kang tansah rerentengan yen dhong mlaku-mlaku, dolan lan sapanunggalane. Ing sakiwa tengening klompok bocah-bocah kang tansah reruntungan sok menyang endi wae. Klompok mau dumadi saka bocah lima. Yakuwi, Anwar, Jupri, Ahwan, Sukardi, lan Sutrisno.

Ing dina Selasa esuk umun-umun bocah-bocah mau padha metu saka omahe dhewe-dhewe.

“Pri, Jupri ayo...!” Mangkono pangundange Anwar menyang omahe Jupri, putrane Pak Haji Marzuki.

“Nyang endi Kak War? Ayo dha nglumpuk nyang omahe Trisna.”

Bocah loro banjur budhal sinambi nggawa peleng rosokan. Nanging, tujuan kang baku durung ana, mung saperlu klumpukan ing omahe Sutrisna kang cedhak gudang BAT kuwi.

“Wan, Ahwan! Di, Sukardi ayo, ndang tangi! Ayo dha nyang gudhang,” mangkono pangundange Anwar lan Jupri menyang kancane loro mau.

Ora let suwe bocah papat padha runtung-runtung nglakokake peleng rosokan tumuju marang omahe Sutrisna, cedhak gudhang BAT. Pancen bapake Sutrisna ngasta pegawe gudhang BAT. Bocah lima mau padha umur-umurne sakiwa tengene 8, 9, 10, lan 11 taunan. Lan klase uga beda-beda.

Bareng tekan gudhang BAT sawetane pasar kuwi bocah papat padha ngenteni tangine Sutrisna. Bocah papat ora wani nangekake Trisno jalaran Pak lan Bu Herman, bapake Sutrisno, isih durung wungu.

Ing platarane Sutrisno bocah papat padha pating cekukruk lan ngethopropros guneme, “Kowe ya melu pasa Kak War?” panyelane Jupri temenan.

“Iya.... Ora pasa aku didukani bapak kok. Jarene yen ora pasa ki banjur

padha karo kewan. Wong ora kuwat kok. Dhawuhe bapak yen ora kuwat ora susah melu pasa. Lan karone maneh durung wajib.”

“Yen ora kuwat sedina rak ya padha pasa mbedhug ngono. Mengko yen bedhug mangan banjur pasa maneh, tekan Magrib. Sinambi latihan. Besuk yen wis kuwajiban kari nglakoni tanpa rekasa.”

“Nek ngono aku sesuk ya dakmatur bapak.”

“Aku ya pasa bedhug kok Kak Jupri!” panyelane Subardi.

Ora suwe sang surya katon sunare kang isih adhem kuwi. Nerangi kampung-kampung lan alas-alas sarta gunung-gunung sakiwa tengene Desa Kambangan.

Lan kari kang ditunggoni bocah papat mau mbukak lawang saka njero. Ora suwe bocah lanang metu manjaba katon rada ulap.

“Lha, lha! Kok cepet temen ki mau!”

“Yah mene lagi tangi, apa ra isin pitik ta Tris?” celathune Anwar.

“Ayo ndang adus, Kak Tris!” pangatage Subardi.

“Aku dakadus dhisik ya! Enteni!”

“Iya, wis ta ndang!” wangsulane bebarengan kaya ora sranta.

Sedhela maneh Sutrisno wis jumedhul sinambi nggawa peleng rosokan.

“Ayo! Nyang endi arepe dhonan iki?”

“Wis nuruta aku!” Anwar kang rumangsa tuwa dhewe.

Bocah lima banjur rampak-rampak nglakokake pelenge sajak kaya padha nyopir sedhan. Tekan ratan gedhe papagan karo sedhan kang lakune sledhat-sledhot sajak sing nyopir lagi belajar. Bareng cedhak bocah lima mau, sedhan kesasar menyang kalen kang ora pati jero.

“Wah, Koh Lok iki mau?” panyaruwene Sutrisno bareng weruh sing nyopiri Koh Lok, punggawa gudhang BAT.

“Melu Koh.... Melu Koh...!”

“Aja-aja, aku lagi blajaran kok.”

“Wallaaah...kaya duweke dhewe ora oleh dieloki!”

“Iya, ya ndang mungghaha!”

Kabeh padha munggah, kajaba Jupri kang katon isih rangu-rangu. Kaya melu, kaya ora.

“Ayo ta, ndang munggah Pri!” pangatage kanca-kancane.

Wusana Jupri kalah set, lan enggal-enggal munggah.

“Ayo, dha lungguh sing becik!” celathune Koh Lok.

Ora let suwe sedhan dilakokake. Lakune panggah menggak-menggok lan kesasar-sasar menyang got kang ora jero sajroning desa. Bocah-bocah padha sorak suka-suka. Mung Jupri kang guwajane katon rada pucet sajak sumelang.

Tekan njaban desa sedhan digasi lan lakune banter banget. Jupri saya miris atine.

“Menenga ta Pri, Koh Lok blajar kok!” pengarem-areme Koh Lok.

Watara patang kilometer saka desa dumadakan olehe nyupiri ora tegen maneh. Sajane mono arep direm nanging kleru ngegasi. Koh Lok saya wuwuh gugupe.

Dumadakan sedhan nabrak braaag...braaag! Nubruk asem lan mendal menyang ril sepur sisih wetan rata. Mesin isih urip. Kabeh padha pating jlerit. Koh Lok tatu tangane, Sukardi ketatap peleng rosokan karo mencelat saka jendhela ning ora apa-apa.

Sutrisno tatu sadhuwuring mripate. Jupri kang banget nrenyuhake. Dhadhane ketatap lawang lan sikile wates pupu putung. Katone wis siyat-siyut ora eling.

Dilalah karsane Allah dadakan ana taksi liwat. Para kurban enggal-enggal ditulungi banjur nggeblas taksi tumuju Jombang. Tekan Desa Kambangan taksi ora mandheg mung kerneté awe-awe menahi tandha. Dene Subardi dijak taksi ora gelem. Banjur ditinggal wae. Ora let suwe bapake Sukardi teka. Subardi dibonceng sepedhah.

Desa Kambangan dina iku watara jam 9 geger. Para bapak kang ngrumangsani kelangan anak padha nusul menyang Jombang. Tekan kana para korban wis diupakara dening juru rawat.

Mung Jupri kang sajak perlu digawa menyang Simpang. Saiba kaget lan getere bapake Jupri, weruh Jupri ora bisa sambat apa-apa.

“Nak... *Laa ilaaha illallaah...!*”

“*Laa ilaaha illallaah...!*”

“Laa ilaaha illallaah....” Jupri nirokake klawan lambat-lambat ora duwe daya.

Ing Simpang watara rong dina. Bapake mulih ngabari sing ana omah klawan pangarem-arem. Jupri isih diupakara ing Simpang. Bareng daktinggal mau wis bisa guneman sethithik-thithik!

“Kepriye pak...kepriye pak...!” panyaruwene bu Haji.

“Wis ta, sabar wae...!Allah mesthi enggal paring tamba.”

Let sedina ana telgram teka manawa Jupri wis kapundhut dening Kang Maha Kuwasa. Esuke dina Jumat watara jam 2 ana motor Karara ngeterake jisime Jupri. Inna lillahi wa inna ilaihi roji’un... .

Wayah suka-suka ndadak nemu cilaka!

Taman Putra, No.8/Th. Ka-7/1961

SAPU SADA

Nurdaim

Srek, sreek...mangkono suwaraning sapu sada kang diobat-abitake dening adhikku kanggo ngresiki latar kang jembrung iku.

O, manise adhikku, dheweke dakdeleng wae sakabehing solah bawane kang manis lan nyenengake iku. Anggone nyapu sajak prigel, angger panyapune angel dheweke mesthi mundur mbaleni kaya wong njoged serimpi. Roke anyar potong payung minangka hadhiah lebaran, wis dianggo padinan. Rambute kang potong poni iku kipat- kipit ngresepake. Ya aku mau esuk kang naleni nganggo pita biru.

“Ngapa Yu Im kok mirsani,” celathune dumadakan karo mesem legi.

“Oh anu Yat, kowe iku lho nyapu kok kaya nari ngono. Angger sasrekan mesthi ngundurake sikil.”

“Pancen yen mentas udan ngene iki godhonge dha nempel lemah, ngene je, dadi ndadak mbaleni.”

“Nanging malah apik Yat.”

“Pancen, besuk bakal dakcipta dadi tari “Nyapu Latar” apik ta Yuk?” kandhane karo nyengenges.

“Iya.” Aku manthuk.

Mbokmanawa kabeh mau wis bakate, amarga aku bisa nyipati kabeh kasenengane. Antara liya, njoged, nyanyi, ngarang, malah sok nggambar barang.

Dumadakan pikiranku kandheg dening menenging sapu sada. Katon Parmiyati maca kertas suwekan kang melu kesapu.

“Lho, Yu Im iki rak karanganku sing neng TP kae ta, sapa ya sing nyuwek...?” kandhane sered.

“Embuh ya, ndelok.... O lha iki buntel geplake si Yun mau kok, coba duwekmu tilikana kana!”

Yati ngulungake sapune nuli panyapune kang mung kari sathithik iku dak terusake.

“O, lha iki Yuk isih,” mangkono kandhane karo ngathungake. TPne kang

wis dibukak nuli, ing babatur cedhak wit kembang mawar kang angambar ngebaki latar. Esuk iku dina Minggu, langite padhang sumilak, mula ora aneh yen ratan ngarep omahku dadi rame dening ombyaking wong plesiran. Sarampunge nggonku nyapu aku lungguh ing sisihe Yati sinambi ngawasake ramening esuk kang gembira iku.

“Sapa ya Yuk sing sokseneng nyiya-nyia karangane liyan. Ngarang iku angel kethap-kethip golek ilham...”

“O, ha wong maca iku gampang kok. Ora perlu meruhi merem-meleking sing nggubah, pokok ngetutake lakuning carita, ngerteni pathi sarine, wis bar. Ora mung karangan mau dhewe sing sok dadi korban, lagi karangan-karangan kang migunani wae akeh kang dianggo samak lan sapanunggalane. Yen suwek reged merga lawas mono lumrah, ora kena dicegah maneh. Jer karangan mono kalebu cabanging kesenian kang bisa diboseni amarga isine mung kuwi-kuwi wae, ora kaya kang ucapane kerep ganti najan pementasane ping 1001. Mula sinau ngarang kang becik lan nengsemake cik ben akeh kang seneng lan mesthi wae disimpen kanthi becik kanggo ngancani samangsa kesusahan lan kesepian.”

“Nanging, aku isih mangkel karo mitra kang seneng ngrusak lan ngremehake karyaning liyan. Wis moh aku, ra arep seduluran karo cah sing kaya ngono iku.”

“Ning apa kowe ngerti bocahe?”

“Ora, pokoke kabeh.”

“Lho aja ngono Yat. Toh kowe ora ngerti kahanane kang saktemene tumrap mitra-mitramu warga TP kang manis-manis kuwi. Terusna lan kencengna talining paseduluranmu marang dheweke kuwi kanggo persatuaning bangsa. Apa yen kowe urip ijen iku bakal kuwawa nanggulangi bebaya tanpa rowang siji-sijia. Elinga caritane si Sapu Sada kang kuwawa ngresiki rereged amarga persatuane kang kukuh iku.”

“O iya, priye Yuk critane?” dheweke njur nyedhak, karo mesem-mesem kecut.

“Nah, ngene ya.” Yu Im banjur wiwit crita.

Dhek jaman biyen wong nyapu iku migunaake godhong gebang (kae lho sing godhonge amba kaya kepet). Panganggone ya kaya patrape wong nyapu kae dadi dicekeli gagange nuli dikebut-kebutake ing lemah. Mesthi

wae ya suwe lan angel resike, mula ing sawiji dina ana sawijining cantrik kang pegaweyane reresik ing pertapan lagi enak-enak ngaso ing ngisor wit gebang sinambi ngudhar rasa kang sumimpen ing pikirane. Dhewe ngunandika, “E, pegaweyan ki sing angel dhewe kok nyapu, lha piye nganti ning awak pegel jare. Nek ben dina teneh ya gelis wungkuk awakku.” Ngonu mau kaya-kaya dheweke wadul mring wit gebang.

“O lha kowe ora gelem omong wiwit biyen,” dumadakan keprungu suwara dumeling neng burine. Cantrik mau ndengengek kaget. “Sejatine aku wiwit biyen wis nduweni krenteg arep ngorbanake awakku kanggo nyapu reretuning omahmu. Nanging, saranane aku kudu manunggal luwih kenceng maneh yaiku sawise aku bok tigas nuli ilangana dagingku iki, tumuli talenana kang kenceng, dene ga-ganguku iki minangka garan kanggo mimpin tumindak ing awakku bebarengan. Wis mitraku sugeng nandangi karya,” mangkono mau piweling wit gebang kang mranani banget. Si cantrik banget senenge nampa wewarah kang paedhah mau. Kanthi gita-gita dheweke terus mulih nisiki godhong gebang kang dianggo nyapu saben dinane, nuli ditaleni dadi siji.

“Lho Yat pigunane persatuan, coba nyapua nganggo sada salencer, ha mbok nganti coklek tangen lamun bisane nishake reregeding pertiwi. Mula paseduluran iku piguna banget, yen kowe seduluran karo putra-putri sa-Indonesia iki wis mesthi kandel persatuane tumekeng akhir diwasamu, jer pemudha *adalah tunas bangsa*. Mangkono uga marang pemudha sa donya. O, bakal ayem tentrem uripe aneng jamanmu. Ngerti?”

“Mengerti nona manis,” dheweke mesem legi binarung dheking pipine.

Taman Putra, No.8/Th. Ka-7/1961

KALIMPOT ING PEPETENG

Adijanto SR

Mbedhodhog rasane atiku bareng tanpa ijazah tamat lan lulus ujian saka SMP. Ijazah kang tansah dadi pangimpi-impiku. Wus klakon dakpondhong kanthi rasa kang marem amarga bijine ora nguciwani.

Aku mesthi bisa nerusake sasengku. Embuh mengko saka keparenge bapak, aku mung manut. Tekan ngomah luwih seneng maneh. Bapak ibu adhik-adhik dakpameri padha melu bungah.

Nanging, sabubare bungah, daksawang bapak teka sajak kurang rena. Apa isih kuciwa bijiku? Apa bapak kurang marem? Ilmu Pasti aku oleh 10 *bulat*. Inggris 8. Mangka ana sekolahan aku wis dadi agul-agule guruku. Baya apa kang agawe kurang rena? Mangkono pitakonku sajroning ati.

Bareng wis bengi aku ditimbali. Rada dheg-dhegan rasane atiku; nyipta manawa bakal didukani.

“O, Ngger, Anaku,” mengkono pangandikane. Durung-durung waspane bapak wis kumepyur, “Bapak marem ndeleng bijimu, thole! Mesthine kowe kepengin nerusake sekolah. Nanging, iba susahing atimu merga wong tuwamu bebasan kerot ora duwe untu, ora bisa nragadi sekolahmu maneh ana ing kutha. Amarga, pira bakal pondhokanmu ana ing kutha kang luwih gedhe. Durung sangumu, durung sandhanganmu. Elek-eleke aku kudu ngetokake dhuwit saben sasine ora kurang saka limang atus rupiyah. Lha saka-ngendi thole? Kahanane bapak wis benjut selagine kowe sekolah ana ing kutha cilik. Sepira panandhange kulawargamu mengko, yen benjut mau katambah kebentus-bentus maneh. Ora ngira le. Ora ngira yen bakal ana jaman edan kaya mengkene. Ora mung kowe dhewe thok sing gela, dene cita-citamu ora klakon. Aku luwih gela maneh dene kapeksa gagal cita-citaku. Trimanen le, trimanen. Ora dadi apa, mbesuk yen wis ana jaman murah, mbacutake sekolah maneh.”

Pyur...rasane atiku kaya didhodhog nganggo gandhen. Ora nyipta menawa bakal ana kedadeyan kang mengkene. Kebangeten bapak. Dene aku ora pareng nerusake sekolah. Gek kon apa nyang omah. Macul ora bisa, nyambut-gawe liyane maneh jegosa. (Mosok ta ?)

Gegambaranku rena-rena. Sok thukul arep golek sekolahan sing nganggo Ikatan Dinas. Ning sok ndeleng kaya-kaya ora ana. Arep golek pegaweyan, ya menyang endi. Kepingin lunga arep ngulandara menyang sabrang. Nanging, bapak ibu mesthi ora pareng. Arep mberot, aku dhewe ora duwe ragad kang kena kanggo sanguning laku. Peteng ndhedhet rasaning atiku, tansah kuwur-kuwur ora ngerti apa kang kudu daktindakake.

Suwe-suwe kendho! Kendho semangatku. Kelingan menawa bapak ibuku lagi kesrakat. Kelingan manawa reregan sarwa larang. Pondhokan dhuwur banget. Ah eman. Eman dene aku dadi bocah ndesa.

Aku nrima! Trima gagal ana ing tengahing dalan. Arep melu urun ngabekti nyang wong tuwa sarana melu ngrewangi wong tuwaku ngundhakake asil.

Taman Putra, No.10/Th. Ka-7/1961

MTAK IN KANCAKU

Lesmajawatie Csw

Wayaha jam 4 sore aku lagi wae bali saka dolan nggone kancaku, Mbak In, kang omahe ora adoh mung let telung surup karo omahku. Pancene olehku dolan ya durung taneg, nanging ngelingi aku durung adus lan ya kudu resik-resik omah mula aku bali.

Mbak In mono mitraku raket, merga sekolahku awor. Ora saklas mung sasekolahan ing Ngayoja. Padha dilajo bebarengan numpak sepur saka Prambanan. Nalika aku dolan ing omahe, dheweke lagi maca majalah apa embuh aku ora ngerti. Marga bareng weruh aku, nuli dilebokake. Dheweke banjur enggal-enggal methukake aku karo ngomong, "Wah Dhik Tatiek. Kok suwe ora dolan nggonku ta? Kene lungguh njero wae."

"Adhuh, Mbak In ki. Wong pendhak dina kepethuk we kok," wangsulanku.

"Genah saplok pasa nganti arep mlebu iki durung tau kepethuk karo kowe. Wah plesir nyang ndi wae he Dhik Tatiek."

"Anu, mung sowan simbah Madiun. Jeneh nek ora diperlokake kok ra bisa sowan-sowan mangka preine dawa mung pasa iki."

Aku karo Mbak In banjur ngethupyuk nyritakake kahanane sajrone prei. Jare Mbak In, dheweke ora bisa dolan-dolan merga repot ngrewangi ibune. Apa maneh adhike isih cilik tur dheweke kang gedhe dhewe. Daksawang-sawang Mbak In katon sajak susah. Apa merga ora bisa dolan ing preian iki? Mokal banget, Mbak In ora tau seneng dolan. Dheweke anteng banget lan ditresnani ibu bapake. Saka welasku aku banjur takon.

"Mbak, prei-prei kok ora sigrak ngono ta Mbak. Katone susah banget, mbok aku dikandhani sebabe ta, mengko dakrewangi sabisa-bisaku yen perlu."

"Ah Dhik Tatiek. Wong kaya ngene kok diarani susah. Genah aku yen nemoni kowe ya kaya adate ya ngguyu-ngguyu barang. Kon kepriye maneh?"

"Waallaaaah, ketara lho Mbak wong susah karo bungah," wangsulanku maneh.

"Coba Dhik Tatiek yen ngerti aku dikandhani bedane." Mbak In pitakon.

“Ora susah dakkandhani Mbak In wis ngerti dhewe. Enggal ta aku dikandhani sebab-sebabe,” pandhesegku.

Kanthi abot dheweke banjur nyiritakake sebabe.

“Ngene ya Dhik Tatiek. Kowe ngerti dhewe yen aku bocah kang ora seneng pepadon gedhene nganti jothakan, babar pisan aku durung nate nglakoni. La, awak yen lagi apes dhek aku les rong minggu nggunan kepungkur kae, barenganku Mbak Karti. Rak wis ngerti ta kowe karo Mbak Karti. Kae lho, cah sing lengus, gek ketoke seneng nesu pisan. Jane aku ora gelem awor dheweke. Ning merga ora ana kancane banjur ngawori karo aku. Aku ya gelam-gelem wae, wong aku ya ora ana kancane. Wah lagi awor rong dina we wis ra seneng rasane. Senenge nek ngeloke ki nylekit..... banget. Coba ta rasakna, ngelokake wong kok ana ngarepe wonge. Nek apik mono. Ngene le ngeloke, ‘Eee, Dhik Sam mbok nek nggawe klambi aja kegedhen nganti kedobrokan ngono kok. Tur ndak diloke klambine mbakyune.” Dhik Sam ya mung meneng wae. Dheweke wis krasa yen anake wong ora duwe. Ora bisa yasa sing apik-apik anane mung manut lan kari nganggo ora wani ngowah-owahi.

“Wah, Dhik Tatiek aku ya mesakake banget. Mbok yen ngelokake ki sing alus ora kok banjur sok glogok kaya mengkono iku. Ning piye, aku ya mung meneng wae. Wegah kok Dhik bangsane ngewang-ngewangi ngono iku, ndak dadi gendra yen ora kebeneran. Kuwi we durung. Lagi kanggo wong liya. Saiki dakcritakake kang ngenani awakku dhewe. Dhek dina Kemis aku lan dheweke isih jam 7 wis tekan sekolahan. Dina iku anggone les rada gampang tur hawane kepenak ora ngantuk. Theng jam 12 bocah wis pareng mulih. Dumadakan lagi wae aku metu saka kelasku ana uler tememplek ing tanganku saka kagetku aku njur njerit sakayange karo ngipat-ngipatake tanganku, nanging ulere ora tiba-tiba. Saka gilaku aku banjur nangis. Kebeneran ana guru pirsane lan banjur ngilangi uler mau saka tanganku. Guru mau asmane Bu Lis.”

“Bocah kang cedhak karo aku banjur ditakoni sapa sing medeni. Lha Mbak Sri matur yen sing medeni Mbak Karti. Dheweke banjur didukani Bu Lis, dikandhani yen kaya ngono iku nguwatiri. Bawane cah lengus dikandhani ngono iku dheweke malah mak prengut mbesengut kae. Bareng Bu Lis wis kondur banjur dheweke marani aku karo nyeneni.”

“Dhik In ki mung ngono we jerit-jerit. Cah sing seneng jerit-jerit ki cah kemayu!”

“Ya ora ngono Mbak. Nek wedi-wedi tenan kok diarani kemayu,” wangsulanku mbantah.

“Eee, pokoke kowe cah kemayu!”

“Kowe ngerti dhewe Dhik, yen aku gila banget karo uler. Pokoke aku ora gelem yen diunekake kemayu. Nanging, dheweke nesu banjur klepat lunga. Ya wiwit kuwi Dhik, Mbak Karti ora gelem ruruhan karo aku. Lan aku ya mung meneng wae. Aku ora gelem kok Dhik dijothak ngono kuwi. Isin yen digrenengi wong. Wong kekancan kok bisa dadi jothakan. Mula suk-suk yen ana wektu aku arep dolan nggon Mbak Karti dakjak apik neh muga-muga gelem. Ben ta diarani ora pandhak. Dhasare aku ora seneng kaya ngono...”

Jenggirat aku kaget saka lamunanku. Enggal-enggal nyandhak sapu resik-resik omah. Karo nyapu aku gagas-gagas. “Mbak In ki pancen apik bebudene. Ora seneng duwe satru.”

Let telung dina....

Sekolah-sekolah wis ora prei sing prei mung kari siji loro. Aku lan Mbak In wis wiwit mlebu sekolah. Dheweke kandha yen wis apik maneh karo Mbak Karti. Aku melu seneng yen Mbak In wis ora duwe satru maneh. Kang mengkono iku ya mung saka kareping Mbak In dhewe merga saka bebudene kang becik ora seneng padu.

Taman Putra, No.11/Th. Ka-7/1961

AJA DITIRU CAK TARMAN IKI!

S. Miek

Mendhung kang maune kandel lelimengan, dadi padhang njingglang kesaput dening samirana. Sang surya sumorot maneh. Andadekake sukaning wong-wong padha arep mlaku-mlaku. Dhasar malem minggu, gek tanggal enom pisan. Aku semono uga, maune arep dolan menyang Pasar Blauran saperlu golek kartu lebaran. Sarehne arep udan njur ora sida. Karepku ya ngenteni mengko yen ora udan tenan. Kanggo ngenteni daksambi maca PS kang teka dhek mau esuk.

“Mas Miek sida apa ora!” pitakone adhikku.

“Sida menyang ngendi?” sumambungku.

“Hallaah Mas Miek ki kok lali. Genah mau arep menyang Blauran ngono kok.”

“O...iya,” mengkono sumaurku karo menyang saka kursi.

Sawise pamitan Bulik aku lan Dhik Sri sida budhal. Sawise oleh kartu lebaran mampir sedhela menyang Wijaya lan Kranggan perlu ndeleng gambar. Ora ndeleng mlebu lho. Lha wong kabeh 17 taun *ke atas* je.

Bubar saka kono, bali menyang toko Aurora. Ndeleng menyang njero sedhela perlu takon regane tas. Ya wis mung takon iku wae. Wong ra duwe dhuwit kok takon-takon barang. Ah ya suk-suk kono yen tuku ora susah takon regane maneh.

“Wis kateg, Dhik?” pitakonku marang Dhik Sri.

“Wis,” sumaure cekak.

Njupuk sepedhah ana penitipan. Nyabrang dalan menyang bakul tas maneh. Sepedhah daksendhekake. Lagi wae sepedhah dakculake, setange wis dicandhak dening bocah. Mungguh umur-umurane kira-kira ya sangisorku. Udakara 14 taun. Kulite ireng, lan sandhangane buluk kabeh. Kathik rowak rawek. Bocah mau bareng nyandhak setang sepedhah terus dilapi nganggo lap sing wis sumadiya ana ing tangane. Aku ora sida takon rega tas nanging mung ngawasake bocah mau. Sajake kaya ngelapi sepedhahe dhewe wae. Olehe ngelapi sinambi rengeng-rengeng tembang Dhandhanggula. Suwarane empuk

nyemek-nyemek gawe mareme sing duwe sepedhah. Bareng dakeling-eling aku kok kaya wis nate krungu tembang mau. Uga suwarane sing nembang, aku iya kaya wis ngrungu. Dakeling-eling cut kelingan cut ora! Suwe-suwe aku rada kelingan. Kok kaya suwarane Dhik Tarman kanca nunggal klas biyen ing SR. Sakala Dhik Sri kang ngrungu mung tansah ndomblong dakcedhaki njur dakbisiki, "Sing ngelapi sepedhah iku kok kaya kancaku ta, Dhik."

Dhik Sri mung nyauri telung tembung, "He, apa? Kancamu?"

Krungu suwarane Dhik Sri kang sora mau bocah kang ngelapi sepedhah mau uga kaget. Olehe ngelapi dilereni. Banjur nyawang aku.

"Mboten wonten punapa-punapa kok. Sampun ta dipun lajengaken!" Mangkono gunemku. Cahe ngguyu nganti ketara untune. Aku saya yakin yen bocah iku Tarman. Saliyane suwarane lan tembange dheweke nate dakjengkangake nganti tiba. Untune ketatap watu njur tugel. Dakjungkrake mergane dheweke ngrebut dolananku. Aku wis yakin tenan nek iku Tarman. Dheweke dakcedhaki. Njur daktakoni, "Koen apa Tarman?"

Dheweke ngewasake aku maneh karo nyauri, "Enggih. Panjenengan sinten ta?"

"Apa koen lali karo aku?" sumaurku karo ngrogoh kanthong njupuk buku harianku. Njur dakulungake. Buku ditampani. Bareng weruh jenengku lan gambar sing ana ing buku mau dheweke ngadeg. Guneme, "Panjenengan Mas S. Miek? Kula kok dereng tepang."

Dheweke pancen lali tenan. Lawong ya uwis telung taun ora kepethuk. Bareng dakterangake, dheweke lagi kelingan. Dakajak salaman. Terus crita, "Sabubare tamat SR aku ditinggal kanggo selawase dening wong tuwaku lanang." Mangkono iku eluhe karo dleweran. "Aku dipaiti emak satus repes kanggo dodol rokok. Aku dadi bakul rokok ora suwe. Merga angger pepayon dhuwite dakenggo njajan. Nonton pilem mesthi ajeg angger pileme ganti. Wusana ora ana sing daknggo kulakan. Enak melu dadi tukang ider *surat kabar*. Olehku ider unit setasiun. Pepayone ora ajeg. Malah karo bengak-bengok barang. Nganti gorokanku lara. Aku njur ora tlaten dadi tukang ider *surat kabar*. Terus mlayu menyang Surabaya iki. Lha saiki ana Surabaya gaweyanku iki." Kandha mangkono iku karo nuduhake lape sepedhah.

"Saiki uripku kepenak Mas. Saben dinane ora kurang Rp10,-. Dolan mrana-mrene ora ana sing menging. Arepa polah kaya apa ora ana sing aruh-aruh. Wis ta pokoke uripku iki kena diarani merdhika. Ora kaya nalika ana

ing ngomah biyen. Apa-apa dikongkon. Yen salah disrengeni. Malah sok-sok digebugi barang. Lha saiki Mas apa isih panggah sekolah? Ah aku wis bosan mas sekolah. Ana sekolahan didukani pak guru wae.”

“Iki sing salah rak koen dhewe ta, Dhik. Mungguh Dhik Tar ora nakal mesthine ya ora didukani.”

“Hallaah, ya ora mung ngono Mas. Malah sekolah iku kena diarani ora merdhika. Dikon mbayar, tuku buku, potlot, lan liya-liyane. Mosok mbesuk bisa dadi priyayi ta, Mas. Langka yen ngantia klakon. Penak kaya aku iki lo. Urip saben dina tansah seneng.”

“Lho, aja mengkono, Dhik. Najan ta umpamane anake wong mlarat kae nek alus bebudene lan sregep, nastiti, ngati-ati, negara mesthi mbutuhake.” Semaurku karo ngawasake Tarman. Bareng Tarman krungu tembungku eluhe ora kena diempet maneh. Brol...nelesi pipine sing kotor.

Dhik Sri mung tansah dlongop kamitenggengen. Sedhela nyawang aku, sedhela nyawang Tarman. Mengkono bola-bali. Pikirane kebak pitakonan.

“Wis ta Dhik ora susah nangis.” Dhuwit Rp10,- daklebokake ing kanthonge kang rowak-rawek. Dhuwit arep dibalekake nanging aku emoh.

“Mas, matur nuwun ya Mas. Pikiranku ruwet Mas. Arep nyambut-gawe liya gek nyambut-gawe apa. Apa ana wong sing butuh karo aku. Wis Mas aku arep ora nyambut-gawe liyane dadi tukang lap sepedhah.”

Guneman mengkono karo arep mlayu. Nanging, kena dakgondheli. Kandhaku, “Saupama Dhik ya, koen dolan menyang Sidatapa Granting II-43. Daleme bulik butuh rewang. Wong aku ya ora suwe maneh bakal bali kok.”

“Emoh Mas, aku isin karo koen. Aku enak ngene wae. Wis ya, Mas.” Mengkono karo mlayu amor kancane.

Aku lan Dhik Sri banjur bali.

Taman Putra, No.12/Th. Ka-7/1961

AJA DUMEH

Eswar

Jenenge sing asli mono Sumi. Ewasemono saiki dheweke yen diundang kanca-kancane Mbak Sumi utawa Dhik Sumi kipa-kipa setengah mati. Yen ana kancane dhong lali ora nyeluk jenenge sing dikarepake dheweke mesthi gebres-gebres kaya tikus mambu sambel. Kancane padha diomongi samangsa nyeluk kon nganggo jeneng anyar, sing mentas olehe nyithak anyar, Amiek (diwaca: Amik). Malah Dhik War nate wadul nyang aku jare mentas diomeli nganti entek-amek.

“Mbak Es, dhok wingi esuk kae isih suk-suk aku rak digarap wong ta Mbak,” wadule Dhik War marang aku.

“Sapa sing nggarap, lan apa sebabe?” pitakonku.

“Iku lho Mbak Amik.” (anggone ngunekake Amiek).

“Hus! Mbak Amik ngono, kok ngganggo ek barang ki apa.”

“Lha, witikna wong nulis Amik wae kok ngganggo diwenahi e barang, ki gek nurun wong ndi ta?”

“Lha wong ben mundhak aksi kok, aneh kowe iku. Timbang ko iku apa jeneng akeh kok mung ngganggo War, iku apa. MBok ya ditambah, Erlya. Jare mentas diunek-unekake mau dosamu apa?”

“Ngene lo Mbak, nalika iku aku jan ya lali tenan. Arep mangkat antri gula dhok wingi esuk kae aku ajak-ajak dheweke. Lha anggonku celuk-celuk ndadak lali, Mbak Sumi apa ora antri gula. Der, kaya bledhek nyamber buntut tikus dheweke centhe-centhe ngunekake aku bebasan entek amek kurang golek. Jare aku iki dudu anak manungsa ‘Nyeluk wong wae ora bisa, yen ora bisa nyeluk ora usah nyeluk’, ngono unine. Apa budheg, budhega iya weruh nek kancane padha wis ora ngundang ngono. Wis ta Mbak cekake aku wingi kae jan klamot tenan kok. Wong upama aku iki babag gedhene ngono mesthi daklarak tenan kok.”

“Lho, lo mengko dhisik yen arep nesu, taren aku dhisik. Kapak-kapakna kowe sing salah. La kowe dhewe umpama dakundang Warak ngono apa yang ora lara udelmu. Terus kowe ora minta ampun!”

“Iya kok aku terus ngaturake kaluputan lan nyuwun sedhekah...e...nyuwun

ngapura. Ning dheweke isih mam-pang-mampang ora gelem ngapura. Terus daktinggal lunga.”

“Wong ya kowe guneman wae ora eteh ngono. Wis kana ndang masak-masak kana wong wedok yah mene kok nangga.”

Dhik War kluyur-kluyur ngetan aku mesem. Pancene ya ora mung Dhik War thok sing tau dikrawus Dhik Amiek iku. Sasat meh kabeh kancane tau nampa hadhiah. Kabeh mau sejatine mung njalari ora ana liya merga solahе dhidhikane wong tuwane. Kaya-kaya Dhik Sumi mau ya mung njiplak kelakuane wong tuwane. Pak Dibya ngono asmane, bapakе Dhik Sumi...e Dhik Amiek, saploke diangkat dadi ketuwa koperasi ing desa kono klakuwane banjur malih gremyang. Dheweke dadi wong angkuh lan sombong. Tanggane akeh sing ora cocog marang pikirane. Anggone nyepelekake tanggane setengah mati. Aja maneh dheweke gelem pitulungan marang tanggane sing lagi kesusahan selagine diundang slametan wae yen sing slametan tanggane sing mlarat dheweke mesthi emoh teka. Iku mau Pak Dibya. Lan cilakane kelakuane Pak Dibya iki diturun dening putrane sing mung siji iki. Ya senajana ora diturun pleg kae ya wis jeneng ora wangun ta sebabe bocah wadon dadak duwe pokal kaya ngono iku.

Apa maneh saiki jaman anget-angete padha ngrembug bab baline kapribadhen nasional. Kiraku wae kelakuan ngene iki senajan wis diarani ora wangun kok isih kudu diimbuhi tembung banget. Dadi njur muni ora wangun banget. Coba ta lur padha dipikir. Jeneng Sumi iku yen kanggone bangsa kita rak ya wis gagah ta. Coba mabura tekan Inggris, Rusia, Tiongkok, Mesir, gek apa ana bangsa-bangsa mau sing jenenge Sumi. Lha yen pancen kurang marem mbok ya cukup ngarepe apa mburine ditambahi, umpane dadi Sumirah, Sumiyati, Sumining, apa Sumijah apa piye. Ora, jeneng wis bregas-bregas dadak diganti Edy Bambang, Sirun diganti Jaka Semprul. Tarmin dadi Herru Gombal, Parti diganti Elly Susur, Sarti dielih dadi Erna Trasi, lan sapanunggalе

Gene aku iki jeneng rong aksara wae kok ora entek selawase. Ya ora nate daktambahi gula, ora nate daktambahi uyah, trasi, laos. Wis ta cekake ora nate daktambahi apa-apa cukup rong aksara e lan s dadi es. Yen digandheng karo jenenge adhikku tunggal guru terus dadi es-war.

Malah kaya Dhik Amiek iki ora mumpung cukup jenenge wae sing diganti, dalah patrap, tindak-tanduke barang ya diwalik gremyang. Yen maune watake meneng anteng jatmika, ruruh kaya Wara Sumbadra ndadak malih kaya

watake...ah, ah embuh kaya watake sapa iku terserah dulur-dulur lehe padha ngarani. Sing terang kanca-kancane padha ora seneng. Apa maneh dheweke uga mbedak-mbedakake kanca siji lan sijine. Dheweke moh sawung karo kanca sing mlarat. Sejatine patrap kaya ngono iki yen dipikir tansah gawe rugine dhiri pribadi. Dheweke mbanjur dadi bocah kang ke-o-de-o dhewe ing klase. Ewadene dheweke ora ngrasa rugi marang kahanan mau, malah yen dheweke disrengeni gurune, sajak kaya nantang.

Ana tamu disuguh teh. Liya wektu ketemu maneh.

Taman Putra, No.12/Th. Ka-7/1961

TANGIS ING MALEM MINGGU

Pincuk

Kiwa tengen wis sepi, jam ing tangsi wis ditabuh banjur disusul suwara kenthongan ing gerdhu-gerdhu.... Kabeh muni ping 12.... Ilange suwara kenthongan, aku gragapan tangi awit ngrungu tangis sesenggrukan ana kamar tengah.

Suwara mau daktilingake kanthi tenanan. Gek sapa sing nangis tengah wengi kaya ngene? Batinku. Mangka kamar sisihku (sing dienggo turu Mbak Nur karo Dhik Tut) wis ora ana suwarane, kiraku wis padha turu.

Panggongan suwara mau dakcedhaki, kaya ngapa gumunku dene sing nangis mau Dhik Tut (kanca sapondhokan karo aku). Dheweke lungguh ana cedhak radio kang wektu iku isih disetel wayang kulit saka RRI Surakarta karo tangane srikutan ngusapi eluh.

“O, sampeyan ta Dhik iki mau,” aku miwiti ngajak guneman, “kena apa bengi-bengi nangis dhewekan.”

“Mbak In.”

“Wis aja nangis ta Dhik, mbribeni tangga teparo!”

“Aku tansah kelingan wong tuwaku Mbak.”

Nanging, suwe aku ora wani miwiti omong maneh. Dhik Tut isih nangis, dene aku dhewe melu brebes mili nyawang dheweke sing katon sedhik banget iku. Sejatine aku ora seneng maca crita sing bola-bali nyritakake tangis lan tumetesing eluh. Sing kebak ing kegembenga, saka rumangsaku. Nanging, kanyatan sing dakadhepi tansah ngepleki apa-apa sing ora daksenengi.

“Njur kelingan sing kepiye ta Dhik nganti kok rewangi nangis?”

Dheweke wis mari nangis, nanging isih durung bisa ngomong awit isih sesegen.

“Mbak In seneng crita wayang.” Suwarane lirih awit kandheg mentas nangis.

“Iya Dhik seneng banget,” aku nyoba maremake pikire, awit dheweke seneng banget karo crita wayang.

“Njur apa sesambungane antarane crita wayang karo tangismu bengi iki?” Pitakonku ora diwangsul, dheweke nyilikake radio, awit mau rada keseron.

“Mbak In,” dheweke wiwit ngomong karo mbenerake anggone lungguh lan nyeblek jingklong sing mencok ing lengene kiwa. Pleg... jingklonge kena terus diremet-remet. Aku mesem, dheweke coba-coba arep melu ngguyu.

“Telung taun sing kepungkur...,” dheweke arep wiwit crita, “nalika kuwi aku isih manggon ana Perumahan DKA ing Purwodadi, sasine ya kaya saiki iki Mbak, malem Minggu aku sakulawarga ngematake crita wayang liwat radio.”

Dhik Tut mandheg sedhela, sikile sing dirubung lemut saiki diunggahake kursi terus ditutupi nganggo jarit.

“Bapak maos PS, ibu ngrenda, aku maca TP. Kaya ngapa ta Mbak senenge atiku semono uga Bapak Ibu. Dhasar aku ya seneng crita wayang, malah dhawuhe bapak bisoa aku mbesuk dadi dhalang wanita.”

Critane dakrungokake kanthi temen. Kabeh tembung sajak nuduhake trenyuhing atine kelingan sakabehing lelakone.

“Sabene ana jenenge wayang sing aku ora ngerti mesthi matur bapak. Nganti aku meh weruh lo Mbak jenenge wayange sing ana kothak malah aku ya weruh asmane dhalang-dhalang sing kaloka. Yen Solo kae Bapak Natacarita, njur Semarang Bapak Nartasabda.”

Aku mung manthuk-manthuk mbenerake.

“Wis ajeg Mbak sabene ana giyaran wayang kulit aku sakulawarga mesthi nutug. Kahanan sing kebak ing kasenengan mau ora bisa suwe.”

Dheweke mandheg, mripate sing mau wis katon bening saiki ngembeng arep nangis.

“Pancen mung tekan semono Mbak, saiki bapak wis ka...pun...dhut.”

Suwarane pedhot-pedhot awit kaselak wetune luh sing saya deres.

“Malah suk Minggu ngarep iki mbeneri sewune, nanging aku ora bisa bali mulih.”

Tangise saya nemen.

“Mbok wis ta Dhik aja digalih.”

“Ora bisa Mbak aku tansah katon-katonen bapak lan mesakake ibu sing ana dalem piyambakan.”

“La ya mbok suk gek kondur.”

“Nanging, Mbak aku ora duwe sangu.”

Dheweke terus menyang karo mateni radio lan mlebu kamare. Ambruk ana peturon karo sesenggrukan.

Atiku melu keranta-ranta weruh sesawangan sing ngiris-iris ati.

Taman Putra, No.12/Th. Ka-7/1961

LAGU KENANGAN

Dudung S

Kang daktepongi sapisanan nalika aku teka ing kuthaku sing dakenggoni saiki iki yaiku pemudha Dudum. Omahe ana seberang dalan ngarep omahku. Kenalku lagi sedhela, dadi durung ngerti apa sing dadi pegaweyane.

Saben esuk dheweke mesthi nyirami tandurane. Semono uga yen sore. Kabeh iku dakweruhi liwat jendhela kamarku.

Yen aku mulih sekolah ing wayah awan, dheweke dakprangguli mesthi ana ngisor wit keres ing ngarep omahe karo ngunekake gitar. Ing wayah bengi, wektu aku nuju sinau, keprungu suwara gitare. Lagu sing dimainake sarwa ngandhut rasa kasedhihan. Ngono iku nganti tengah wengi.

Suwe-suwe aku ngerti apa sing dadi pegaweyane. Dheweke sok ngarang nyanyian. Lan uga dadi pembantuning majalah-majalah. Aku sering maca karangane ing majalah. Aku seneng maca karangan-karangane. Luwih-luwih cerita kanak-kanake, kang sarwa lucu iku. Lan kabeh iku kang anjalari aku dadi seneng menyang dheweke.

Ing sawijining sore kang endah, aku merloake dolan menyang omahe. Satekane ing omahe, dheweke lagi ngetik naskah karangane.

Karo nunggu rampunge, aku macani majalah-majalah sing gumletak ing meja.

“Ora nonton Dhik?” pitakone sawise pegaweyane rampung.

“Ora Mas, nuju males,” wangsulanku.

Lan sabanjure kita omong-omongan. Kang dirembung warna-warna.

“Kena apa mas kok seneng nyanyekake lagu-lagu kang nadhane sarwa nrenyuhake ana ing gitar? Luwih-luwih lagu “Oh, Ibu” lagu ciptaan panjenengan dhewe. Apa lagu mau ngandhut kenang-kenanganmu?” pitakonku kepingin ngerti.

“Bener Dhik. Lagu mau ngandhut kenang-kenangan. Kabeh lagu sing dikarang dening sawenehing wong utawa kang disenengi, mesthi ngandhung kenang-kenangan. Apik mbuh ala,” wangsulane.

“Apa aku pareng ngrungu critane, Mas?” pitakonku.

“Kena wae Dhik,” wangsulane karo nyumet rokoke, “patang taun kapungkur, aku durung manggon ing omah iki. Aku isih sekolah. Mula wiwit biyen aku seneng ngarang lagu lan nggitar. Lan marga saka iku aku karo kanca sa-asrama banjur mbentuk *band*. Untunge, dene bapak asramaku nyetujoni *pembentukan* mau. Mung yaiku, ora pareng nyanyeake lagu-lagu gaya Elvis.”

Dhawuhe mau kita taati lan anggon kita padha latihan pendhak malem minggu, suwe-suwe *band* asramaku terkenal ing kuthaku sing dakenggoni. Sok diundang ngramekake penyambutan tamu agung, resepsi-resepsi utawa malem perpisahan kang dianakake dening sekolah liya.

Ing sawijining dina, *band* asramaku entuk tugas ngramekake malem perpisahan karo guru sing dipindhah menyang liya kutha. Ning embuh lantaran apa, wiwit awan atiku orang kepenak. Tansah kelingan wae menyang ibu. Kang nalika iku pinuju gerah. Nanging, marga saka adreng panjaluke kanca-kanca aku kepeksa saguh!

Jam rolas bengi pesta perpisahan mau bubar. Aku mulih menyang asrama kanthi ati orang kepenak. Wewayangane ibu tansah cumithak ana ngarepku. Kanggo ngilingake kabeh mau, atiku dakgawe seneng.

Tekan asrama, aku terus njujug kamarku. Ing meja bukuku ana layang. Layang mau dakjupuk, kang ora liya layang telegram. Sawuse daksuwek, njur dakwaca. Layang mau ngabari yen ibu gerahe banget. Lan aku kudu tumuli bali.

Esuke aku permisi menyang bapak direktur yen aku arep mulih marga tanpa kabar mau. Aku diparengake. Ing dalan atiku orang kepenak. Lan bareng tekan omah, sing daktemoni mung....layone ibu.

Aku sanalika dadi ora eling. Bareng aku eling maneh, aku wis ana paturon. Ing kahanan kaya ngono, aku banjur entuk inspirasi. Aku njaluk tulung menyang lin, adhikku wadon sing nunggoni aku, njupukake buku tulis ing tasku. Sawise kabeh mau sumadiya, aku wiwit nulis not-not ing bukuku. Aku ngarang lagu. Bareng wis rampung syaire dakgawe. Dakjenengi “Oh, Ibu”. Lagu pengeling-eling kanggo ibu. Ibuku sing daktresnani.

“Mengkonono Dhik, kisah kang ana lagu Oh, Ibu,” celathune ngrampunggi critane. Anggone crita mau mripate kaca-kaca. Aku melu sedhiah ngrungu critane. Lan sawise cukup, aku pamit mulih. Tekan plataran ngarep omahku keprungu suwara gitare nglagokake lagu “Oh, Ibu”, lagu ciptaane dhewe.

Taman Putra, No.12/Th. Ka-7/1961

SITI BAKUL GEDHANG GORENG

Sjahlan Ahmadi

“Gedhang goreng....” Mengkono pambengoke Siti karo nggendhong rinjing lan nyunggi tampah kang isi gedhang goreng. Lakune Siti ora bisa rikat jalaran dina iku dalan-dalan rada akeh kendharaan.

Ing dalan, lakune Siti ora kacarita. Bareng wis tekan ing sangarepe setasiun Ponorogo, rinjing diedhunake. Siti banjur lungguh nyikru ana ing sacedhake tampah mau.

Ora antara suwe banjur ana wong lanang kang wis rada tuwa nyedhaki lungguhe Siti karo celathu, “Gedhange siji regane pira, Nduk?”

“Namung setengah rupiah, Pak,” jawabe Siti alon tur luwes

“Coba aku bungkusna sepuluh wae.” Mengkono sambunge wong lanang mau karo ngelungake dhuwit liman kang isi rada anyar.

“Inggih, Pak,” jawabe Siti karo nampani dhuwite, banjur diuwel-uwel ing kacu abang kang wis rada tuwa. Gedhang dibungkus dadi loro banjur dielungake karo celathu, “Matur nuwun inggih, Pak.”

“Iya, Nduk, aku ya semono uga.” Mengkono jawabe wong lanang mau, banjur ngalih saka panggonan kono.

Dina iku anggone dodolan Siti, ewone rada laris katimbang sing uwis-uwis. Jam kang dipasang ing tembok setasiun wis nuduhake angka sewelas punjul lima. Sanajan Siti anggone dodolan wis entek (tutug), dheweke meksa durung bali mulih. Jalaran isih ngenteni sepur saka Selaung, perlu arep tuku gedhang diedol dina sesuk.

Kocapa bareng sepure arep teka, wong-wong saksetasiun padha ngadeg kabeh. Mengkono uga Siti kang maune lungguh banjur melu ngadeg pisan. Tukang copet kang tansah angon lenane wong, wektu iku bisa kelakon nggrayahi rinjinge Siti lan njupuk dhuwit cacache patang puluh rupiah. Saktemene Siti wis ngerti yen rinjinge digrayahi wong, nanging ethok-ethoke ora njawani. Tukang copet enggal-enggal sumingkir saka panggonan kono, banjur mlaku nggendring ngidul parane.

Ora susah mikir suwi-suwi, Siti banjur nitipake rinjing lan tampahe, terus ngundang becak. "Becak...! Gelis aku terna menyang kantor pulisi kidul kuwi." Becak enggal diputer banjur budhal.

"Pak, mengko yen wis tekan nggone wong klambine biru kae rada banterna ya, Pak." Mengkono panjaluke Siti marang tukang becak mau. "Krrring...!" Becak lagi digenjot telung menit wae wis teka ngarep kantor pulisi. Siti mudhun banjur matur marang pulisi.

"Pak, kula nyuwun tulung dhateng panjenengan inggih, Pak? Mangke menawi wonten tiyang rasukanipun biru, kathokipun pethak, kopiyahipun radi inggil, tiyangipun mlampah saking ler, mangke menawi langkung mriki panjenengan cepeng. Jalaran kalawau nyopet arta kula wonten ngajeng setasiun. La menika mawon, kula ndhelik, kersanipun mboten sumerep yen kula wonten ing ngriki."

"Iya, enggal ndhelika. Mengko dakcekele," jawabe pulisi kanthi seneng.

"Nuwun sewu inggih, Pak? Kula mlebet." Siti banjur mlebu ing kamar kang ana sisih mburi.

Ora suwe wong klambi biru mau wis tekan ngarep kantor pulisi temenan. Lakune sajak ora njawani, jalaran durung ngerti yen Siti wis ana ing kantor pulisi.

"Pak, cobu mampira sedhela wae, Pak. Aku arep takon karo kowe." Mengkono pembujuke pulisi marang wong klambi biru mau.

"Badhe taken menapa ta, Mas?" Jawabe wong klambi biru (semu kaget).

"Bapak ki..., omahe ngendi, gek saka ngendi, lan arep nyang endi?" Pitakone pulisi alon lan sabar.

"Oo..., ngaten to, Mas. Griya kula Carangasri, lajeng niki wau saking toko Bata, badhe numbasaken sepatu anak kula, nanging mboten wonten ingkang cocog." Mengkono wong klambi biru mau ngapusi pulisi. Sejatine ora.

"La kok ora cocog ki...golekanmu sing kaya apa ta, Pak?"

"Inggang kiat tur ingkang cemeng," jawabe klambi biru maneh.

Ora sranta, pulisi mau banjur nyopot sepatune lan ditapakake marang cangkeme karo clathu, "Iki loo..., Pak, sepatu kang kuat lan ireng rupane...?!" Saknalika wong mau banjur njungkel ora bisa ngomong maneh.

Keprungu suwarane wong rame-rame mau, Siti kang lagi lungguh thenguk-thenguk ing kamar mburi banjur njenggirat ngadeg lan marani.

“Waduh..., bubar oleh waletan patang puluh, ndadak diparingi sepatu ireng.... Seneng ya, Pak.” Pangejeke Siti karo mesam-mesem ana sandhinge tukang copet kang wis njungkel ana sangarepe pulisi iku.

Bareng weruh tindake Siti kang pinter lan ulet iku, tukang copet babar pisan ora wani ndengekake (ngetokake) raine. Tekan semono Siti banjur nyuwun pamit lan tukang copet dikecek lan diurus dening pulisi.

Taman Putra, No.13/Th. Ka-7/1961

GODHA

Anonim

Sore, kira-kira jam 4.00 aku lagi nggethu sinau ing meja tulisku. Anggonku ngotot sinau iki merga sesuk arep ulangan. Mangka bahane akeh tenan kok, lan aku durung nyicil sinau sithik-sithika. Mulane kahanan ing njaba ora dadi kawigatenku. Tujuanku mung siji: aku kudu sinau aja nganti ulanganku njemblek.

Dumadakan aku krungu wong uluk salam, "Kula nuwun!"

"Mangga," aku mangsuli karo menyat saka lungguhku.

"Kok sepi, Dhik Tiek," aloke wong kang kula nuwun kang ora liya Mbak Tutik kancaku tunggal sabangku.

"O Mbak Tutik. Karo sapa, Mbak?" pitakonku.

"Karo Dhik Triono," wangsulane.

"Lungguh dhisik, Mbak. Aku dakwisuh," kandha ngono aku karo memburi arep wisuh.

Ora suwe aku metu. Dhik Triono lan Mbak Tutik lagi padha lungguhan.

"Kok kadingaren Mbak Tut, apa wis apal kanggo ulangan sesuk?" aku takon Mbak Tutik.

"Ah, apal apa, Dhik. Ngapalake ora mlebu-mlebu, Je," wangsulane andhap asor.

"Sesuk ulangan ta Mbak Tiek?" Dhik Triono melu takon.

"Iya Je, Dhik. Ngonmu kapan, Dhik, ulangan Ilmu Hayat?" pitakonku marang Dhik Triono.

"O, nggonku wis wingi kok wangsulane. "Malah wis daktuduhake Mbak Tutik mau. Ora angel kok."

"Iya kanggone Dhik Tri, kanggoku ya angel."

"Tenan kok mbak. Takona Mbak Tut sing wis weruh soale!"

"Iya, iki Dhik Tiek. Iki apa?" Kandha ngono Mbak Tutik karo ngulungake dluwang isi Ilmu Hayat saka klase Dhik Tri.

Kertas nuli daktampani dakwaca. Pancen gampang. Nek mung ngono aku ya akeh sing bisa njawab. Bareng wis rampung nggonku maca dluwang dakbalekake marang Mbak Tutik karo kandha, "Muga-muga wae sesuk soale padha iki ah. Dadi ora pati angel."

"Iya Mbak" kandhane Dhik Triono. "Mulane aku karo Mbak Tutik mrene iki aku arep ngajak mbak ndeleng bola kranjang antarane regu sekolah kita karo regu SM Bruderaan ing alun-alun. Mbak Tiek rak gelem ta?"

"Ah, Dhik Tri iki, genah sesuk ulangan ngono kok. Mangka aku durung maca babar pisan," wangsulanku.

"Genah soale wis ngerti wae kok. Mengko rak bisa digoleki jawabe."

"Iya nek padha. Nek ora piye?" aku ragu-ragu.

"Mesthi padhane Mbak! Sebab yen ulangan Ilmu Hayat ki biyasane padha klas siji lan sijine. Mulane ora susah nemen-nemen sinaune, cukup nggoleki jawaban soal-soal mau. Iki mau Mbak Tut ya lagi ngotot sinau kaya Mbak Tiek ngono. Nanging, bareng wis ngerti soale ya njur percaya mesthi padhane. Mulane ya arep nonton karo aku."

"Iya, Dhik Tiek. Pak Mardi ki ora kersa gawe soal liya kok! Wis pirang-pirang ambalan yen ulangan mesthi padha," Mbak Tutik mbelani kandhane Dhik Triono.

Yen dakk pikir pancen bener kandhane Mbak Tutik iki. Pancen kerep-kerepe Pak Mardi yen gawe ulangan mesthi padha nek jam pelajarane ora keletan. Dadi, bocah-bocah ora bisa takon-takonan. Ha nek keletan sedina ngene iki apa iya padha? Ah, dakkira ora. Pikiranku dadi kisruh. Ya sing ndeleng pertandhingan, ya sing kepengin sinau. Wusana saka pambujuke Dhik Triono lan Mbak Tutik, aku sida ndeleng pertandhingan. Pikiran sinau kepeksa kalah. Tekadku mengko bar saka alun-alun aku rak ya bisa maca, utawa sesuk tangi sing esuk terus sinau rak ya bisa.

Bareng aku wis ganti penganggo, bocah telu padha metu arep ndeleng pertandhingan bola keranjang ing alun-alun. Aku mbonceng Dhik Triono, Mbak Tutik ngepit dhewe.

Ing alun-alun wis akeh bocah-bocah sing arep ndeleng pertandhingan bola kranjang. Pemain-pemaine ya wis siyaga ing jurit. Regu sekolahku nganggo ireng putih, regu SM Bruderaan ireng abang. Wasite Pak Soleman, guru olahraga SGB. Sawise diparingi katrangan sawetara, pertandhingan diwiwiti.

Wah ramene ora jamak. Bocah-bocah sedhela-sedhela surak utawa keplok. Dhik Triono ora gelem kalah, melu bengak-bengok, njagoni sekolahane dhewe. Loro-lorone padha pinter lan prigele.

Sedhela-sedhela bal kena regu sekolahku, sedhela-sedhela kena regu SM Bruderan. Mengkono sateruse nganti wayahe ngaso isih 0-0, ora ana sing kalah utawa menang, padha kuwate.

Wusanane pertandhingan rampung kanthi kemenangan regu sekolahku 1-0. Aku bocah telu nuli mulih. Dhonge arep mubeng-mubeng kutha dhisik, nanging saka panjaluku wong wis jam 6.00 sore terus mulih. Tekan ngomah awak sayah, ora bisa sinau. Maca ora ngerti apa sing diwaca. Nganti jengkel aku. Ah! Mau kok gelem diajak nonton. Athuka rak emoh. Dadine ya mung nutuh marang awake dhewe kok gampang temen kegodha. Adate aku nek dhong sinau ngono ki wegah nyang endi-endi, nanging iki mau kok gampang temen ketarik omonge liyan. Ah, godha...godha....

Sawise mangan aku ngaso sawetara. Mengko jam-jam 8.00 wiwit sinau maneh. Nanging, bareng ngadhepi buku, rasane wegah banget. Maca bola-bali kok ya ora mlebu-mlebu. Judheg tenan pikirku. Wekasane buku daktumpuk, aku mapan turu. Sedyaku sesuk arep tangi esuk. Ora suwe mak ler, turu.

Jam papat esuk aku wis tangi, dayane wong kesusu oleh sinau ora bisa jenak. Lah wong bahan semono akehe kok kudu apal mengko. Sedhela-sedhela aku nggresah. Mengkono sateruse nganti esuk durung kewaca kabeh. Aja maneh kok apal, najan mengkono aku ya kepeksa adus. Adusku kena dakumpamakake adus bebek, jalaran durung ana 10 menit wis rampung.

Sawise adus, sadurunge budhal aku nyoba maca, kok ya ora mlebu-mlebu piye ta! Ora krasa jam ing tembok menahi tengara yen wis jam pitu. Aku nuli budhal sekolah.

Tekan sekolahan isih kurang limang menit pelajaran diwiwiti dadi isih bisa ngaso. Dheng ulangane mengko jam pelajaran pindhho.

Nalika diwulang ing pelajaran kapisan, pikiranku wis ora jenak. Ngendikane pak guru wis ora mlebu ing angen-angenku. Nganti entek pelajaran kapisan aku isih kuwur pikire.

Bareng tekan wayahe ulangan Ilmu Hayat, saya ora karu-karuwan pikiranku. Apalan-apalan sing wis ana ing pikiranku padha lunga kabeh, lali babar pisan. Soal-soal sing sejatine gampang dadi angel. Aku dadi bingung.

Aku nyoba nglirik Mbak Tut, wangune dheweke ya idhem karo aku. Pak.Mardi sajake priksa kahananku ketara bola-bali mriksani aku wae. Ah saiba isinku yen nganti ala bijiku.

Bareng bel muni nandhakake yen ulangan wis rampung, aku dadi saya bingung, mangka aku durung rampung kabeh je. Kepeksa saolehe kertas ulangan daktumpuk.

“Piye Mbak Tut bisa rampung?” aku takon nyang Mbak Tut.

“Ah Dhik Tiek, ora ngira yen seje kok.”

“Mulane aja sok kesusu percaya mesthi padhane. Biyasane padha ki nek ora keletan jam pelajaran. Bareng iki keletan sedina je.”

“Ah iya Dhik Tiek. Kowe kang menang.”

“Aku ya ora ana sing bener je Mbak,” wangsulanku.”Ya, idhep-idhep dadi pengalaman, mbesuk aja nganti dibaleni.”

Dumadakan pak guru kang nggenteni Pak Mardi rawuh. Bocah-bocah mak cep kaya orong-orong kepidak, padha ngrungokake.

Taman Putra, No.13/Th. Ka-7/1961

MBAKYUKU

Kelorwana

Tutup kwartal kapindho taun 1960 wis entuk telung dina. Jare kabare yuku sing ana Jakarta arep teka. Mula dina iki aku arep mapag, marga kira-kira dina iki tekane. Aku malah wis maca layange barang, layang iber-iber kandha arep teka ing kutha kelairane. Layange mung sithik banget, mung nganggo kartu pos lan wis limang taun iki lagi kirim layang pisan. Kirim layang pisan wae ana prentahan kon mapag. Ning kepriye maneh wong iku mbakyuku, mbakyu kang daktresnani. Aku wis kangen banget marga suwe ora ketemu. Olehe mrana nalika isih ana klas Es Em Pe, mesthine saiki yen terus wis ana klas II SMA. Ana kutha Jakarta ndherek budhene ya budheku.

Nalika budhale aku isih kelingan kanthi cetha klambi sing dienggo ijo putih, modhel biyen nganggo srempang. Lengenane isih nganggo wiru, durung ana modhel-modhelan *you can see*. Aku kelingan rambute sing diklabang loro pas bangkekan, dawa banget. Lan mbakyuku katon lugu lan kaku. Mbakyuku dina iki arep teka, katon ing pangangen-angenku wewujudane nalika semono.

Sapa wonge ora ewa kirim layang pisan wae kok kaya “tilgram”, singkat banget. Ngene unine.

“Dhik! Aku akan datang di Pacitan hari ke-3 liburan ini. Harap dijemput. Hanya sekian, selamat belajar dan salam serta sembah untuk ayah dan ibu di rumah.”

Yumu Rien, Jakarta

Lho rak mung singkat banget ta? Aku dhewe maune bingung saka sapa layang mau. Ning bareng ndeleng alamate njur ngerti yen layang mau saka yuku sing ana Jakarta. Mula dina iki mau aku arep mapag ing setasiun bus “Tanjungsari”. Nyang setasiun bus mlaku wae, marga ora patiya adoh. Dakenteni nganti suwe bus Nusantara jam 9 ora ana. Aku meh bali. Kepeksa ngenteni nganti jam 11 bus kang awan dhewe.

Bus teka, aku nonton wong sing putri-putri. Nurut gagasanku ora ana mbakyuku, mbakyuku durung teka. Kepancal sepur yake. Aku arep bali, mripatku ndadak weruh ana putri potong lanang (rambute dipotong kayadene

cah lanang). Aku mandheg sadhela, lipstik ing lambene katon kabangen, klambine polos abang putih, sepatune paron separo abang separo ireng. Daksawang kaya selen, ning jebul ora, jane digawe. Bocah ngawasake aku, aku ya nyawang. Apa yaiku mbakyuku. Ah dudu, mbakyuku ora ngono, rambute wates bangkekan, aksine ora ngono, lugu wae lan utun banget. Nanging, anehe bocah mau njur mesem, aku mangsuli mesem, saya gumun rasane atiku. Bocah mau nyedhaki aku karo nyablek, "Dhik, sampeyan apa lali karo aku Yumu?" Karo ajak salaman, takon keslametan.

"Lho, sampeyan Yu Rien?" pitakonku gumun banget, aku meh ora percaya nyang pandelengku dhewe.

"Iya Dhik, piye ta? Apa lali karo Yumu, malih ta?"

"Ora Yu, ning dakkira sapa ki mau. Aku rada pangling, marga wis suwi."

"Piye Dhik, bapak wis sepuh pa ibu piye saiki, rak tetep wae ta?"

"Ya padha apik-apik wae ora ana apa-apa!"

Ah pitakone Yu Rien iki kok kaya wartawan wae nganti bingung aku. Jagongane ngetuprus ora wis-wis. Aku cah loro njur golek becak, kanggo mbakyuku kang lagi teka. Aku wangsulan ngono mau mung nggo samudana wae. Marga klabange nalika budhal kae saiki malih cendhak kaya cah lanang, malah saiki nganggo kaca mata barang saya ndadekake laliku. Pancen aku pangling tenan, marga wis suwe ora ketemu, ketemu wis padha gedhe. Lan yuku mulih wis malih rupa. Lan mesthine ing kutha gedhe ya wis mambu dansa-dansi barang, lagake beda karo ndhisik. Aku ngarani yuku ndhisik kagolong wong kang meneng, lan anteng. Ning, saiki...! Wolak waliking jaman ajuning jaman. Antarane ana kutha lan ana ndesa wis ana bedane.

Uga antarane aku lan yuku. Aku sing ana padesan lan yuku kang ana kutha. Potongan rambutku ora ana gesehe karo potongane yuku. Ah endi ya sing kakung, ngono mbokmenawa rerasaning wong. Lan mbakyuku iki tansah dadi sesawangane wong akeh. Marga yuku sajak nganeh-anehi. Nganeh-anehi saksamubarange, lakune, sandhangane, rambute sajak gawe hawa anyar ing kuthaku. Marga durung pati umum utawa anjrah potongan kaya yuku mau. Sajak ana ing pinggiring kupingku ana suwara alok, "Uh wong iki kemajon yake, potongan wae kaya cah lanang."

Ora mung kuwi sajake sing dadi rerembugane. Oh yuku kang daktresnani geneya sampeyan gawe gara-gara kaya ngono, kondur wae wis malih. Aku

meh ngewangi aloking wong ora setuju karo carane yuku mau olehe potong rambut cendhek mau. Ning iki mbokmenawa marga olehku cubluk lan kurang ing kawruh iki wae, ing bab sesrawungan lan sapanunggalane. Mbokmenawa yen aku wis bisa ngetut lakuning jaman, ajuning kawruh aku bakal ngarani yen sabangsane potong rambut ala cah lanang iku pancen *praktis* banjur melu nyarujuki lan setuju banget. Aku njur eling nyang para pemudhi-pemudhi kita kang ana ing “mobrig”, ah ya potong cindhek. Ah iya, ya!

Becak entuk, ana njero aku lan yuku tansah jejagongan ngranteg nganti tekan omah. Ana njero becak ana bocah loro, siji ana Jakarta siji ana kutha kelairane lan kena diarani siji modern sijine isih utun banget. Becak mlaku kanthi lon-lonan, ngliwati dalan krakal nggawa bocah loro kang beda, beda ing samubarange nanging nunggil ibu lan bapa.

Taman Putra, No.14/Th. Ka-7/1961

NGAWULA

Ninil Soemojong

Wengi iku wanci jam 20.30, wis bubar kabeh olehku nyambutgawe. Bubar dhaharan agek dakisahi kabeh. Malem iki yen ora salah malem Minggu. Ing dalem ora ana sapa-sapa kajaba ndara kakung lan ndara putri. Dene putra-putra padha nyare ana daleme eyange perlu mirsani wayang. Ndara putri sekalian padha lenggahan ing ngajengan karo manggihi tamu. Sawise aku gawe unjukan, aku njur metu nyang latar.

Ing jaba padhang njinglang. Sunare Sang Hyang Sutengsu madhangi saindhenge bawana. Gegodhongan katon seger-seger, amarga sorene mentas udan. Nanging ora pati deres. Saka kadohan keprungu suwarane bocah-bocah cilik kang padha dedolanan ing latar. Ana sing playon, ana sing dhelikan, lsp. Wong tuwa-tuwa padha jejagongan ing nglatar karo nggelar klasa. Ing wengi iku katone padha suka parisuka. Lha ya wong wis pirang-pirang dina tansah petengan wae. Lamat-lamat keprungu suwarane suling kang nglagogake tembang dhandhanggula tlutur. Iramaning lagu nrenyuhake banget. Suwarane cat krungu cat ora.

Bebarengan kahanan sing kaya mengkono aku njur kelingan marang padesanku sing wis daktinggal watara 5 taun luwih. Padha wae karo ing desa sing dakenggoni saiki iki. Yen padhang mbulan uga akeh sing padha seneng-seneng. Aku kelingan nalika aku padha delikan karo adhik-adhikku. Ing latar ora adoh papan padolananku, bapak lan simbok lenggahan ing klasa karo padha ngendikan.

Ora kanyana-nyana luhku mili nelesi pipiku kaya dene ilining banyu kali tan ana kendhate. Ya gene saiki aku kok pisah karo wong tuwaku lan sedulur-sedulurku?

Limang taun saprene, nalika iku aku wis sekolah klas sing no. 2. Uripe sakeluwargaku isih padha kacukupan. Nanging bareng ngancik setengah taun anggonku sekolah, uripku ngrekasa banget. Maklum ta, bapak nalika iku mung tani wae. Kathik apa-apa sarwa larang. Kanggo nragadi sekolahku wis ora ana. Karo simbok lan bapak didhawuhi metu saka pamulangan. Kaya ngapa sedhikku nalika semono wis ora bisa dakgambarake. Sedhik amarga

gegayuhanku kandheg tengah ing laku. Kanthi rasa abot daktinggalake pamulanganku. Mung adhikku sing nerusake sekolah.

Ing omah pegaweyanku reresik omah, ngemong adhik-adhikku dene simbok adol pametuning tegal digawa nyang pasar. Bapak sedina-dinane nyambutgawe ing tegalan wae. Sing nandur iki nandur kae lan sapanunggalane.

Anggonku nganggur wis entuk sesasi. Ing ngomahku ana tamu kakung-puteri. Mbuh apa sing dingendikakake. Aku ora ngerti. Bareng tamu mau wis kondur aku diundang bapak lan simbok. Aku mara njur simbok ngendika yen tamu mau ndhisik sing puteri kancane simbok. Dene nggone tindak mampir mau, saperlu mung arep sapatemon, sebab ya wis suwe ora ketemu. Simbok ya didangu lelakone barang. Kabeh dikandhakake, malah uga kandha yen ora bisa nragadi sekolahku. Saka kersane tamu iku aku arep dijak nyang daleme lan arep disekolahake. Lan uga kanggo kanca putrane sing mung loro tunggale, uga isih padha cilik-cilik. Pamundhute tamu mau ya njur ditampa kanthi senenge atine bapak lan simbok. Jer pancen ya kekurangan banget, uga simbok ngerti aten-atene barang marga wis tau kumpul. Bareng aku dikandhani aku ya bungah banget. Apa maneh yen arep disekolahake. Tenan let telung dina, tamune rawuh maneh sekalian, malah karo putrane loro kakung putri. Yen ora salah lagi umur 8 taun lan 6 taun. Sawise bage-binage, aku njur ditimbal lan didhawuhi rena-rena. Daleme tamu mau uga ing desa. Ning desa mau wis rada rame katimbang desaku adoh lor adoh kidul. Let sauntara suwene banjur kondur lan aku ndherek. Sadurunge budhal, aku dituturi rena-rena karo bapak lan simbok supaya ngati-ati ing tindak-tandukku. Aja kongsi nggawe seriking penggalihe sing dakdhereki simbok anggone ngendika kanthi ngruntuhake luh, semono uga aku. Aku njur nyuwun pamit lan nyuwun pangestu bisaa kasembadan sedyaku. Adhik-adhikku banjur daksun, siji-siji. Aku lan tamune padha budhal nitih dhokar. Kocapa lakune dhokar wis tekan panggonan kang sinedya. Daleme apik platarane resik. Ing njerone dalem direngga-rengga sakehing gambar-gambar lan pethetan. Ndadekake rasa gumun banget ing atiku. Maklum ora tau weruh kahanan kaya mangkono. Kabeh-kabeh sarwa anjar kanggoku. Sedina rong dina atiku durung tumata nanging saya suwe ya krasan. Aku disekolahake ing kutha, sinambi ngawat-awati putrane sing uga sekolah ana kutha. Aku mlebu klas V lan putra-putrane lagi klas III lan klas I.

Saben dina numpak sepur. Penjagaku tansah ati-ati aja kongsi ana alangan. Sadurunge budhal sekolah aku wis resik-resik ndalem lan ngumbahi agemane ndara putri lan putra-putrane. Dene agemane ndara kakung dipenatokake.

Sing masak ndara putri. Bali sekolah njur resik-resik dalem, bubar iku nyetlika. Mengkono iki pegaweyanku ing saben dinane.

Dina ganti Minggu, Minggu ganti ing sasi lan sateruse. Sekolahku wis maju, nganti bisa lulus lan nerusake ing SMP Negeri. Tilikku menyang desa kadhang-kadhang setaun sepisan kadhang-kadhang ping pindho. Bapak simbok sok-sok ya niliki aku barang. Pasinaonku tetep daksengkud. Sawise tamat saka SMP aku diparengake nerusake sekolah maneh. Aku njur nerusake sekolah ing SMA Bagian A ing kutha kono dadi isih amor karo putra-putrane ndaraku.

Bengi iku langit resik hawane saya adhem. Jam ing kantor Pulisi muni kaping 10. Suwarane bocah-bocah wis ora krungu aku banjur mlebu ndalem. Tamune wis kondur malah ndaraku sekaliyan wis padha sare. Sawise dakteliti sakabehing lawang lan jendhela, aku mlebu kamar terus nulis karangan kanthi irah-irahan "Ngawula". Dene aku saiki nembe lungguh ing bangku pamulangan SMA IA B Madiun Bagian A pangkat siji.

Wis ya lur, samene wae.

Taman Putra, No.15/Th. Ka-7/1961

KERENGAN

M. Daim Bar

Bubar ujian. Dhek semono sedyaku mono arep urak-urik gawe karangan, nanging lagi wae mapan lungguh karo kethap-kethip nggolek-nggolek inspirasi, dumadakan adhikku, Wanti, mak bedhengus karo celathu, "Mas, ayo diterne Mas..." Ngono mau karo ngeneng-ngeneng tanganku diajak lunga.

"Nyang endi?" pitakonku.

"Diterne nonton nyang Rahayu..., pilem karton Walt Disney jare. Ayo Mas kandhane karo ngremet-ngremet drijiku.

"Ah wegah Ti."

"Critane Seribu Satu Malam lho Mas...yen ngono aku daknonton dhewe wae pareng pa, Mas?"

"Hus, engko gepeng kowe nek antri karcis.... Ya wis yo." Kapeksa aku murungake anggonku ngarang. Sawise salin panganggo aku tumuli nyandhak sepedhah, terus ngibrit mangalor menyang Rahayu Theatre. Satekane kana katon antrine wis dawa kaya ula. Sawise nitipake sepedhah, aku melu antri.

Wanti wiwit mau thenger-thenger ijen, sedhela-sedhela lingak-linguk nggoleki kanca-kancane mbokmenawa ana kang uga arep nonton. Nanging kocapa, dumadakan ana watara bocah lima pating pethithi liwat neng mburine Wanti, malah sing siji kurang ajar banget wani nyamber pita roke Wanti kang nglewer dawa kitir-kitir katerak angin iku, terus digeret karo mlaku cekikikan. Wong ing sakiwa-tengen kono bisane mung nggeguyu geli. Sarehne adhikku wedi roke suwek mula bisane mung nurut, ngetutake lakune bocah-bocah mau karo ngundang aku, "Iki mas, iki mas!"

Weruh kedadeyan mau ora saranta aku mencolot saka papan antri mau terus marani adhikku kang lagi ngeneng-ngeneng pita roke. Bocah-bocah tanggung mau pating cekikik karo mbebeda adhikku.

"Bung!" panyentakku marang bocah-bocah mau.

"Ora sopan.... Mosok kaya ngono iku tumindake bocah-bocah pelajar!" kandhaku karo mentheleng sinambi nyaut pita kang isih digeret-geret mau. Wanti nuli daktuntun sumingkir karo isih getem-getem marang bocah-bocah

mau. Saya muring maneh bareng weruh bocah-bocah mau padha pating klecem ngece-ece. Dheweke dakpenthelengi sepisan maneh, nanging malah saya njengkelake atiku amarga malah padha pating pethentheng sajak nantang.

“Priye Bung!” kandhaku karo marani bocah-bocah mau. Dumadakan sing gedhe dhewe maju methukake tekaku karo ngucap, “Ana apa Bung, penthelengen...wis atos pa balungmu?”

“Apa..., atos?” pitakonku. “Rumangsamu becik duwe tindak kaya ngono mau!” kandhaku karo mbusungake dhadha.

“Huh!” Dumadakan karo ngono mau kepelane wis nyamber pilinganku nganti glayaran arep tiba.

Nalika iku kahanan njaba wis sepi, wong-wong wis padha ana jero gedhung bioskop, mung kari penjaga sepedhah kang misah kerengan mau, malah kena kepelane kang kapindho nganti tiba klumah.

“Kurang ajar!” batinku.

Serangane kang kapindho daktampani nganggo pucuking sepatuku nganti dheweke tiba glangsan ora tangi. Wetenge kena.

Weruh kadadegan mau kanca-kancane murina nuli ngebyuk aku bebarengan karo wis siap ngliga gembele neng tangane. Aku waspadha, tumuli aku nlusup ing antarane bocah-bocah mau karo ngamuk punggung sadurunge kanggo bancakan gegamane bocah-bocah mau. Tandanguku saya riwut ngempakake pencak-silatku. Tanganku ngiwa nengen golek sasaran, dene sikilku mancal mrana mreng nganti ora kober ngambah lemah.

Ora suwe mungsuhku wis padha mundur digondheli dening wong-wong kang padha misah kerengan maut mau. Aku nglereni pangamukku.

Ah ajaa aku bisa bela dhiri rak sida embuh wae awakku...dienggo bancakan cah papat mau.

“Mas!” adhikku mlayoni nuli ngruket aku karo nangis sesenggukan.

Ora suwe ana punggawa pulisi loro kang marani aku karo takon larah-larahe nganti kadadegan kekerengan mau. Sawise iku banjur takon alamat omah lan sekolahku.

“Besuk yen bocah-bocah mau wis mari, ngadhapa nang kantor pulisi seksi satu ya dhik,” ngendikane sawise rampung proses—verbale.

“Inggih Pak!” jawabku kanthi urmat.

Nalika semono aku isih nyengir sinambi ngulati korbanku kang lagi diangkut menyang RSUP karo isih nggadheng adhikku kang isih kamisesegen.

“Mulih yo Ti!” pangajakku marang Wanti amarga tangan lan pilinganku tatu—njarem.

Sepedha nuli dakjupuk maneh lan aku mulih.

Uninga kedadeyan mau bapak ndukani aku lan mejang akeh-akeh ngenani tindak-tindak ksatriyan lan ndhawuhi supaya aku damai karo bocah-bocah mau.

Esuke aku nedya tilik bocah-bocah kang wis daklarani mau, ngajak damai.

“Aku melu lho Mas,” kandhane Wanti karo isak-isik njungkati rambute kang dipotong modhel Doris Day iku.

“Ya ayo,” pangajakku karo nuntun sepedha metu.

Cekake, aku wis ketemu bocah-bocah mau. Sirahe, tangane, padha diperban. Aku semedhot ngulati tatu-tatu kang disebabake dening tanganku mau.

“Aah, kene Bung! Panyambute si penyerang kapisan rada sora.” Dakkira kaget amarga ora nyana bakal tekaku mau.

“Haa...mari!” calathune liyane sawise weruh tekaku. Kiraku kang papat iku dudu bocah Jawa katandha saka logat basane kang kagok.

“*Kenalkan dulu kawwan-kawwan, nama saya Daim dan ini adik saya Siti Irwanti.*” Celathuku ngenalake karo salaman ganti genten, semono uga Wanti. Dheweke karo kelat-kelet. Isin si.

“*Salam damai kawwan-kawwan,*” panyambungku.

Bocah-bocah mau padha nyebutake jeneng sarta asal-usule dhewe-dhewe. Kang gedhe dhewe jenenge Jono saka Wonosobo, dene liya-liyane: Hafiz saka Palembang, Bolang sana Menado, Fumoral saka Banjarmasin, lan Taufan saka Medan.

“*Ah...mengapa sampai terjadi begini menyedihkan...*” celathuku nggetuni kedadeyan mau.

“*Ah, sudahlah. Maafkan sajalah atas tindakan asusila kami itu...*” kandhane sedulur Bolang.

“*Maklumlah pemuda nakal ini...*” sambunge karo nglirik kanca-kancane.

"Itu sih, nona Wanti yang menyebabkan..." celathune Hafiz guyon karo nudingi adhikku. Kabeh ngguyu, semono uga Wanti *malu-malu kucing*.

"Oh ini saya bawakan rambutan kawan," kandhaku karo ngulungake woh-woh rambutan, salak!

"Thank You. Tapi maaf, kami tak boleh makan manisan kata dhokter," kandhane nolak.

"Adbuh, sayang ni. Besok saja ya, kalau sudah sembuh benar, ke rumahku Oke?" pangajakku karo gumuyu seneng.

"Oke deh!" jawabe bareng.

Sawise tutug anggonku tilik lan apura—ingapuran, aku tumuli pamit mulih.

"Selamat tinggal dan semoga lekas sembuh," celathuku.

"Terima kasih dan selamat jalan," jawabe. *"Hebat benar ya kalau kau berkelahi,"* sumambungge ngelingake kedadeyan dhek emben karo pating gleges, pandeng-pandangan.

Satekane lawang metu aku ngawe-awe sepisan maneh nuli mulih kanthi pandonga muga-muga enggal mariya mitraku anyar mau.

Alhamdulillah, tujune wis bubar ujian. Athukan rak ngganggu pasinaone.

Taman Putra, No.16/Th. Ka-7/1961

"Itu sih, nona Wanti yang menyebabkan...", celathune Hafiz guyon karo nudingi adhikku. Kabeh ngguyu, semono uga Wanti *malu-malu kucing*.

"Oh ini saya bawa rambutan kawan," kandhaku karo ngulungake woh-woh rambutan, salak!

"Thank You. Tapi maaf, kami tak boleh makan manisan kata dhokter," kandhane nolak.

"Adbuh, sayang ni. Besok saja ya, kalau sudah sembuh benar, ke rumahku Oke?" pangajakku karo gumuyu seneng.

"Oke deh!" jawabe bareng.

Sawise tutug anggonku tilik lan apura—ingapuran, aku tumuli pamit mulih.

"Selamat tinggal dan semoga lekas sembuh," celathuku.

"Terima kasih dan selamat jalan," jawabe. *"Hebat benar ya kalau kau berkelahi,"* sumambunge ngelingake kedadayan dhek emben karo pating gleges, pandeng-pandangan.

Satekane lawang metu aku ngawe-awe sepisan maneh nuli mulih kanthi pandonga muga-muga enggal mariya mitraku anyar mau.

Alhamdulillah, tujune wis bubar ujian. Athukan rak ngganggu pasinaone.

Taman Putra, No.16/Th. Ka-7/1961

KEMAH

Karjono Basuki DA

Nalika samana aku lagi wae mlebu sekolah maneh awit aku mentas entuk prei jalaran bubar nempuh ujian pelengkap. Dina iku dina Senen tanggal 5 Juni 1961. Kaya adat saben, pendhak dina Senen dianakake upacara ngerek gendera lan nyanyi lagu Indonesia Raya uga sawatara lagu-lagu wajib. Bubar upacara ndadak ana pengumuman yen liburanku ditambah maneh nganti tanggal 5 Juli 1961. Bocah-bocah rame banget krungu pengumuman mau, ana sing susah ana sing bungah embuh sebabe aku ora ngerti. Nanging, kiraku akeh sing bungah. Dhawuhe bapak Kepala Sekolah liburan ditambah mau awit para bapak guru lagi repot ngawasi mas-mas sing lagi nempuh ujian akhir lan uga kudu ngoreksi hasile ujian mau. Mula ya repot banget lan sekolahku kepeksa diliburake maneh.

Sawise pengumuman mau, murid-murid diparengake mulih kabeh. Nanging, aku ora mulih awit aku ki abunemen sepur, mangka sepure isih suwe yaiku jam setengah telu mengko mulane ngiras ngenteni sepur aku ana klas wae. Kabeneran sawatara kanca-kancaku saklas uga padha aras-arasen bali. La iya iki mula bukane ana gagasan arep kemah. Maune sing usul kancaku si Marjana lan maune ya guyon-guyon wae, kanca-kanca ya akeh sing setuju. Sawise dianakake rundhingan rada suwe, wekasan bisa katetepake suk tanggal 11 Juni 1961. Sing melu kemah bocah enem tekan aku. Dene asmane kanca-kanca liyane yaiku, Sanimbar, Sugito, Samsu, Marjana, lan Slamet.

Panggonan sing kapilih dadi papan kemah mau yaiku Sarangan lan Tawangmangu. Kanca-kanca rak wis nate tindak rana ta? Lan budhale katetepake jam 6 esuk saka Madiun. Sarehning omahku neng Barat mula aku kudu nyegat neng Maospati. Kabeneran ana kancane yaiku si Marjana awit omahe Marjana iku ing Maospati, ngarepe lapangan terbang Iswahyudi.

Aku saka Barat budhal jam 5 esuk kanthi ngepit lan nggawa rangsel telu sing abot-abot. Nanging, abote mau ora dakrasakake awit kaslimur ing rasa seneng. Tekan Maospati aku njujug omahe Marjana karo titip pit pisan. Marjana wis ngenteni ing ngajengan dadi aku ora kesuwen ndadak ngenteni Marjana barang. Sawise siap kabeh banjur budhal nyang setopan bus.

Sadurunge wis semayanan kanca-kancaku sing saka Madiun bakal numpak bus “Lestari”, lan aku karo Marjana wis ditukokake karcis ing Madiun, mula mesthi entuke panggonan.

Durung suwe anggonku nyegat, “Lestari” wis katon ing kadohan. Bareng wis cedhak daksetop lan banjur mandheg. Aku lan Marjana enggal munggah. Kanca-kanca wis ana bus kabeh dadi cocok karo semayane. Kanca-kanca nuli rame obrol-obrolan saur manuk ora peduli ana ing njero bus lan akeh wong. Bus nuli budhal menyang Ngerong.

Tekan Ngerong kira-kira wis jam woluh. Sawise leren rada suwe ndadak ana kanca siji sing alok, “Apa wis nggawa lenga patra?”

“O ya!” kanca-kanca mangsuli bareng.

Jebule padha ora ana sing nggawa lenga patra. Wusanane aku, Marjana, lan Slamet entuk tugas golek lenga. Aku sakanca golek lenga tekan Pasar Plaosan. Mangka Ngerong—Plaosan iku ya lumayan adohe. Nganti suwi banget lagi entuk lenga lan mung telung liter. Pira-pira isih bisa entuk lenga, la yen ora entuk gek kompor kanggo apa? Lan leh masak piye? Mula senajan mung entuk telung liter atiku wis lega. Aku sakanca enggal bali nyang Ngerong.

Tekan Ngerong kanca-kanca wis kesel olehe ngenteni aku sakanca, mula bareng aku teka banjur dilokke, “Suwi temen!”

“E e e bocah bisane mung maido, ora ngrasakake golek lenga nganti lempoh,” aku mangsuli rada mangkel. Kanca-kanca mung guyu wae. Ngece.

Enggaling carita aku sakanca nuli budhal munggah nyang Sarangan. Rekasaning nalika munggah kira-kira ora perlu dakcritakake awit akeh sing wis ngalami. Rak ya ta ?

Tekan Sarangan, kekuwatan rasane kaya dilolosi. Kesel banget awit kocapa dalane munggah uga gawane sing akeh tur abot-abot. Mula tekan panggonan sing dituju aku enggal niba lan leyeh-leyeh nang suketan. Nyes nyes, sukete anyes kaya ana es-e wae. Aku enggal tangi lan wegah ngglethak maneh awit adheme ora jamak.

Bubar ngaso sawatara, kemah nuli didegake. Saliyane kemahku uga ana kemah-kemah liya yaiku bocah-bocah saka SMA A lan SMA B. Dadi ya rada seneng sebab ana kancane. Sawise kemah ngadeg banjur katon yen kemahku gedhe dhewe. Sabubare ngedegake kemah, kanca-kanca nuli padha mbukaki bontotane lan mangan. Adhuh, enake.... Kesel-kesel, adhem-adhem mangan

bebarengan, senjata sing dipangan mung sega karo sambel thok nanging rasane kok nikmat banget. Kekuwatan pulih maneh,

Sorene ana kanca sing mancing, aku njajal adus nang tлага. Biyuh...adheme jan kaya banyu es. Nanging, suwe-suwe ya rada kulina karo adheme kono mula aku ya kuwat kungkum neng tлага. Nanging, ora wani nengah!

Bengine adheme sansaya ndadi, isih katambahan angin banter kang nyempyokake hawa adhem njekut. Aku ora bisa turu. Senajan aku nganggo jaket kulit, sarung tangan, clana rangkep loro, kaos sikil rangkep telu, lan sepaton ewasemono adheme panggah krasa wae. Malah kapara luwih adhem awit penganggoku padha ngebun kabeh. Aku ngarep-arep supaya enggal esuk. Bola-bali nglilir nanging isih bengi wae.

Esuke, tangi turu, tendhane dakdeleng jebul teles kebes kaya digrujug banyu. Aku enggal marani kompor sing wis disumet Sanimbar mung saperlu kanggo api-api adheme sansaya krasa. Ya jalaran saka hawa kang keliwat adhem iki kanca-kanca padha ora krasan. Aku sakanca ing Sarangan mung rong bengi, mangka rencanane seminggu. Kita nedya nerusake laku menyang Tawangmangu.

Esuk-esuk kira-kira jam 7 sadurunge budhal nyang Tawangmangu sarapan dhisik, sarapane godhogan pohong. Nanging, rasane kok olehe nyamleng, mangka yen ana omah dhewe, tela godhog ki aku ora pati doyan. Rampung sarapan banjur foto-foto dhisik. Banjur ringkes-ringkes gawan. Saiki gawan wis ora pati abot. Ringkes-ringkes rampung banjur foto maneh bola bali.

Saiki perjalanan Sarangan-Tawangmangu diwiwiti. Wiwitane katon gembira awit rumangsa bakal entuk panggonan sing luwih kepenak tinimbang Sarangan. Nanging, bareng dalane mungguh, padha milih bali wae. Uga aku. Nanging, ana kanca sing ngajak terus mula ya sida terus. Saben entuk 100 m mesthi padha leren ing tengah dalan ngono leyeh-leyeh kaya wong arep mati. Padha krenggosan kabeh. Perbekalan meh entek merga perjalanan iki thok. Sawise mlaku watara petang jam lagi tekan dalan sing mudhun Wates mail yaiku Cemara Sewu. Jarak sing ditempuh isih kurang 10 km engkas.

Nanging, wis ya samene wae critaku. Saiki mudhun terus. Tibane mlaku mudhun ya ora kepenak. Perjalanan iki ora kacarita kita wis tekan Tawangmangu. Kira-kira wis jam 5 sore. Banjur njujug Kantor Pulisi. Saka kono banjur golek papan kemah sandhuwure grojogan Sewu.

Bocah-bocah, ing Tawangmangu uga ora krasan kabeh. Yen ing Sarangan

merga hawane, dene Tawangmangu merga angel banyu. Kejaba kuwi uga wedi yen dikruyuk kethek. Mung sewengi ing Tawangmangu banjur padha bali liwat Solo merga arep liwat Sarangan awang-awangen. Saka Solo jam setengah telu, aku tekan Barat jam setengah pitu bengi. Oleh-olehe cangkem lan lambeku pecah-pecah perihe ora jamak. Apes!

Taman Putra, No.18/Th. Ka-7/1961

GAMBARANKU

M. Daim Bar

Wulangan nggambar. Wektu iku bapak Rukmana, guruku nggambar wis rawuh neng klasku. Panjenengane ngedumake kertas gambar salemba kanthi ndhawuhake supaya bocah-bocah padha nggambar sesawangan alam kang endah-endah.

Cekake bocah-bocah tumuli tumandang cak-cek gawe garis pinggir. Sawise iku katon padha pating dlongop golek inspirasi kanggo gambarane, semono uga aku. Nalika iku nganti keprungu bel akhir wulangan, meksa isih padha durung rampung, mula Pak Rukmana ndhawuhi ngrampungake ana omahe dhewe-dhewe.

Jam 5.00 sore.... Sawise rampung anggonku ngayahi pegaweyan sore, ngangsu lan nyirami kekembangan ing plataran, aku tumuli adus terus macak bregas. Sedyaku arep ngaso, lungguhan ing plataran sinambi ngulati ramening dalan ing wayah sore.

“Arep tindak endi, Mas?” pitakone Wati, adhikku, nalika ngulati anggonku usak-usek dandan neng kamarku.

“Dolan...,” jawabku cekak karo nyelehake jungkat neng meja toilet, nuli singsot lirih-lirih ninggalake kamarku.

Meja cilik dakjunjung metu menyang latar kang kebak kembang kang lagi nedheng-nedhenge mekar.

“Ayo Ti, kursine kuwi dijunjung mrene,” celathuku marang adhikku.

“Kanggo apa sih, Mas?”

“Kanggo lenggahan no,” celathuku.

“Ah, wegah...,” kandhane aleman.

“Lhoo kesed? Besuk ora dakajak plesir lho,” kandhaku ngancam.

“Mangga Den Baguuus...,” celathune karo nyurungake kursi rotan ing sangarepku.

“Inggih Den Ayuuu...,” jawabku males karo nyamber tangane kang kumlawe nggawa jiwitane.

Sawise iku aku terus lungguh kursi sinambi ngematake endahing candhikala. Gagasanku wiwit ngulandara mrana-mrana. Adhikku njenuk maca TP ne neng betenging bebatur ing ngarep lawang ngarepan.

“Eh, timbangane lungguhan ngumbar gagasan mbokya maca-maca ana gunane,” pikirku.

Aku njenggelek tangi terus menyat nyaut TPne Wati.

“E, dakjiwit lho, Mas!” kandhane karo anjlok marani aku.

Saut. Pangrebut dakendhani.

“Kene lho, Mas,” panjaluke karo ngranggeh-ngranggeh.

“Ko sik, Ti. Karangane endi sing paling mboksenengi?” pitakonku.

“Embuh!” jawabe cekak karo ngadi-adi.

Saut. Aku lena. TP sida kena karebut dening adhikku terus digawa mlayu karo cekikikan. Bisaku mung domblong wae. Dumadakan aku kelingan marang gambaranku kang durung rampung. Aku banjur mlebu njupuk gambaran mau. Sedyaku arep dakterusake sinambi ngematake sumribite angin sore.

Temenan, gambaranku sida rampung. Ing kono katon kothak-kothaking sawah kang banyune lerap-lerap kena sunaring hyang bagaskara. Ing sisih kana katon jenggerenging arga temanten. Merapi lawan Merbabu, kang maya-maya awarna biru, pinageran ing gegrumbulaning tuwuhan padesan kang pating krompol ngebaki garis cakrawala. Dene ing satengahing panorama mau katon sawijining dalan kang menggak-menggok, ngaluk-aluk, tumuju ing sigaraning gunung temanten mau. Dalan kang menggak-menggok iku sineling ing wit-wit munggur kang gedhe-gedhe tinata peni. Ing sangarepku, ing pojoking gambaran, katon ana omah loji kang cilik nanging cekli. Omah mau rinengga dening jendhela kang rerentengan amantesi. Kacane bening, rinengga ing sutra tipis kaentha laring kupu-kupu kang lagi miber.

Mangkono gagasanku antara eling lan ora. Najan gambaran mau mung arupa loro, ireng lan putih, nanging alam palamunanku nguripake warna loro mau dadi nyata.... nyata kaya-kaya aku ngadhapi sesawangan mau ing wayah candhikala. Gagasanku saya ngambra-ambra, kelingan kedadeyan wingi sore, ya neng omah kang dakgambar kuwi.

“Tien...,” mangkono pangundangku marang sawijining kenya cilik ing omah mau. Dheweke mitraku saklas kang lagi kenal watara setaun kepugkur. Bapake, Pak Hendra mangkono asmane sawijining pensiunan inspektur polisi

kang panci wis sepuh banget. Panjenengane kondur watara setaun kepungkur, saka tugase ing Banjarmasin. Dene putrane wuragil, Endang Prihatin, nuli dilebokake SMP ing kuthaku, klas loro. Ya wiwit iku aku kenal dheweke. Sarehne omahku lan omahe Prihatin cedhak, mula yen ana garapan-garapan sekolah mesthi dakgarap bebarengan. Apa maneh bareng Pak Hendra ngendika yen panjenengane isih tunggal embah karo bapak. Dadi isih sedulur dhewe, aku saya kumraket marang kulawargane, mangkono uga Pak Hendra sakulawarga nimbang kumraking pasaduluraning kulawargaku mau. Mula saben-saben mesthi sanjan-sinanjan, lan aku wis biyasa banget neng omah mau.

Dumadakan sepedhahku, kang wiwit mau isih daktunggangi sinambi ngematake angin sore krasa obah-obah. Aku mengo memburi.

“Oh, kowe Tien. Takkira ana lindhu iki mau,” celathuku karo nggleges.

“Lha wong panjenengan ngalamun wae,” celathune.

“Lagi apa Tien kok sajake repot banget?”

“Ora apa-apa kok. Kae lho Aljabare mau lagi digarapake Mas Mun.”

Mas Mun yaiku mase kang nomer telu. Panjenengane sekolah neng SMA-B Yogya.

“Sing nomer pira sih?” pitakonku.

“Nomer lima kae mau lho, kiraku kleru soale...ayo ta mlebu kana,” pangajake.

“Apa iya?” kandhaku karo nuntun sepedhah.

Mas Mun mesthi nuturi apa-apa kang durung dakbisani, nganti aku lan adhike ngerti temenan.

“Lhooo.... Daim, wis suwe?” ngandikane Pak Hendra sawise pirsane aku aneng daleme.

“Sawatawis, Pak,” atur wangsulanku.

“Lhaa... masmu kuwi konen nuturi kareben besuk padha lulus ujiane,” piwelingne.

“Inggih....”

Pancen wiwit ngancik kelas telu iki wulangan wis saya gawat maneh, mula aku kudu ngati-ati banget, cawis-cawis lan siyaga ngadhepi ujian akhir samengko.

“Mula, saiki kudu luwih mepeng ya, Nak,” pangandikane Pak Hendra mawanti-wanti.

“Inggih, Pak, nyuwun pangestu,” aturku.

Sawise ngrampungake garapan-garapan sekolah, aku tumuli pamit mulih. Prihatin ngeterake mulihku tekan sapinggiring dalan.

“Wis ya, nuwun,” mangkono atur panuwunku marang dheweke.

“Heeh padha-padha. Nomer lima kuwi dibaleni lho!” piwelinge.

“Yoh...,” kandhaku karo nyengklak sepedhah. Durung oleh telung meter wis keprungu swarane wong ngundang aku.

“E.... Gus Im, bonceng.”

Aku mandheg. Wong mau ora liya Mbok Yem, rewange kulawrgaku.

“Saka ngendi ta, Mbok?” pitakonku.

“Saking ngantukake klambine si Pa’Ja,” kandhane karo nyingkrik sepedhahku.

“E sampeyan kok ben dinten mriku ta, ndang anu hiihiik... onten kenyané lho,” kandhane sajak ora bares.

Najan mangkono aku wis nyandhak karepe. Mula kandhaku karo klicutan, mangkel, “Uuuu...kowe kuwi mbok, sing dipikir kok aneh-aneh...karone ora watak kanggone aku sadurunge kaleksanan idham-idhamanku o...soal kuwi tibo mburi,” ngono mau aku karo gethem-gethem ngyakinake kekarepanku.

“He he he...ha enggih ngoten niku wataking satriyatama,” celathune kang banjur disusul rengeng-rengeng wangsalan adiluhung.

“Uwuh tirta, tirta cinampur ing gula
Darah muda jiwa nuruti nafsu nista
Kerang alit, alit melungker aneng asta
luwih becik nguda wulang utama
Menggala yuda, yudane darah Barata
Kawruh tama amangun mangsa diwasa
Laring mina, mina dipinda kencana
ben uripe neng masyarakat piguna

Dumadakan...

“Adhuh, gambarane ck...ck...njaluk biji pira, Mas? He?”

“Oh.” Aku kaget marga dililing-liling Wati adhikku, kaya ngliling bayi wae. Ajaa janggutku dijawab, o tutug anggonku ngimpi melek.

“Wiwit mau kok ngematake lukisane wae...,” semambung.

“Coba daksawange!” kandhane adhikku karo nyaut gambaranku.

“Awas lho Ti yen reged.”

“Hallaah nyoh!” celathune karo ngulungake gambaran-kinasihku mau.

Sarehne wis wengi, aku nuli kukut, kabeh daklebok-lebokake ngomah.

Taman Putra, No.19—20/Th. Ka-7/1961

MITRA ANYAR

Soepono AST

Sawise ngrampungake pegaweyane kabeh, Ciwiek age-age adus. Bubar adus nuli dandan lan terus njupuk sepedhah, awit saperlu diutus bapake menyang toko buku ICHTIAR tuku prangko. Sadurunge budhal, Ciwiek matur ibune dhisik.

“Bu, dalem badhe pun utus Bapak tumbas prangko,” celathune Ciwiek marang ibune karo nuntun sepedhah metu.

“Nyang ngendi nggonmu arep tuku?” pitakone ibune.

“Wonten toko buku Ichtiar,” wansulane Ciwiek.

“Oh...cedhak alun-alun kae ta. Apa...alun-alun kae ngulon?”

“Inggih Bu,” wangsulane Ciwiek karo mbenerake rambute.

“Ya wis kana. Enggal lho ya. Mengko selak kewengen. Nanging sing ngati-ati loo ya. Wong dalane rejane kaya ngene,” ngendikane ibune.

“Inggih Bu,” wangsulane Ciwiek cekak.

Sepedhah terus dituntun menjaba. Sawise teka ratan sepedhah ditumpaki alon-alon. Ing dalan rame banget dening swarane montor, becak, sepedhah, lan tetumpakan liyane. Wong lanang-wadon, gedhe-cilik, anom-tuwa wis akeh sing padha mlaku-mlaku. Perlu ngenggar-enggar ati. Langite katon resik tan ana mendhung kang ngaton sethithik-thithika. Angine tumiyup alon-alon, kaya-kaya melu bungah ndeleng rejane kutha Tulungagung ing wayah sore mau. Ya kaya mangkono mau rejane kutha Tulungagung yen wayah malem Minggu tur pas mbeneri ora udan. Kathik bioskope fileme pas apik, dadi ya ora nggumunake, yen para pelajare putra-putri akeh sing padha arep nonton.

Ora antara suwe Ciwiek wis tekan ing sangarepe toko buku Ichtiar. Sepedhah dierim alon-alon lan tumuli mandheg. Sepedhah banjur didokok ing panggonan kang wis disedhiyakake, sepedhah nuli dikunci.

Ciwiek banjur marani kang dodol, terus celathu.

“Nuwun, Pak, badhe tumbas prangko.”

“Ooo...inggih, Nak, ingkang pintenan?” pitakone pelayan mau kanthi ulat

sing sumeh. Pelayan mau wis apik karo Ciwiek, awit saking kerepe Ciwiek tuku mrono, yen dhong diutus bakape tuku apa-apa.

“Inggang setunggal-rupiyah sekawan, warkat posipun tiga, lan kartu-posipun sekawan,” celathune Ciwiek karo ngatungake dhuwit laweyan.

Pelayan mau banjur ngedoli apa kang dikandhakake Ciwiek. Sawise sauntara suwene, pelayan mau banjur ngulungake barang-barang mau karo kandha, “Punika Nak, lha dene menika susukipun.”

“Matur nuwun, Pak,” celathune Ciwiek karo nampani prangko lan susuk.

Bubar nampani prangko lan dhuwit susuk, Ciwiek banjur njupuk sepedhah, lan gegancangan arep mulih. Lagi wae sepedhah arep ditumpaki, dumadakan sepedhahe Ciwiek ditabrak sepedhah saka mburi. Rahayune ora pati seru, dadi ya ora nuwuhake kapitunan apa-apa. Mung Ciwiek rada kaget.

Sepedhah kang nabrak mau ditumpaki dening bocah putri lan umur-umurane kira-kira luwih tuwa tinimbang Ciwiek.

Bocah kang nabrak mau nuli mudhun saka sepedhahe lan banjur nyedhaki Ciwiek karo celathu, “Nyuwun pangapunten nggih, Dhik. Menika kalawau mboten kula jarag, awit remipun sepedhah kula mboten patos makan.”

“Oh...mboten dados menapa, Mbak,” wangsulane Ciwiek.

“Nembe tindak saking pundi ta, Dhik, menika kala wau?” pitakone.

“Nembe dipun utus bapak tumbas prangko, Mbak!” wangsulane Ciwiek karo nuduhake gawane.

“Lha Mbak punika kalawau badhe tindak pundi?” pitakone Ciwiek.

“Nembe badhe dipun utus ibu tumbas balsem!” wangsulane.

“Oh...inggih, Dhik, pun tepangaken kula Anng.”

“Kula Ciwiek.”

Bocah loro mau nuli padha sesalaman. Sawise iku, Anng pitakon maneh, “Dalemipun pundi, Dhik?”

“Jalan Setaman gang tiga nomer enem.”

“Lha Mbak inggang pun dalemi pundi?” Ciwiek ganti takon.

“Jalan Wijoyokusumo nomer sangalikul,” wangsulane.

Ora let suwe Anng banjur pamitan.

“Mangga, Dhik Ciwiek, kula kepareng rumiyin!”

“Kok kesesa kemawon ta, Mbak An!”

“Inggih, Dhik, selak kedalon mangke.”

“Inggih Mbak mangga, ndherekaken sugeng tindak. Menawi wonten tempo kula aturi dolan dhateng *Jalan Setaman Gang* tiga nomer enem loo!”

“Inggih, Dhik! Sanes dinten kula sowan,” wangsulane Anng karo nyengklak sepedhahe terus mulih.

Ya wiwit dina iku Ciwiek dadi mitrane Anng kang raket banget.

Taman Putra, No.19/Th. Ka-7/1961

AH, TEKA MESAKAKE TEMEN...

Sunarjo

Kaya adat saben, angger kwartalan aku mesthi tilik ngomah. Dhasar omahku ana gunung adoh kutha. Yen mulih aku trima ngepit wae najan nganti 7 jam-an. Mesthi wae kesel. Ning kepriye maneh wong bus utawa kendharaan liyane sing mawa mesin durung ana sing munggah gunung.

Bareng 2 dina ana ngomah, keselku rada suda, lan gaweyan durung patia akeh (awit durung panen tela kasje digaplek), aku duwe rencana dolan menyang nggone tilas kancaku nalika klas 6 biyen, yaiku Subardi jenenge. Nalika sekolah ana SR nakale kepati. Embuh bareng ana SM. Sanajan nakal karo aku raket banget lan ora nakali aku. Aku ya gumum karo awakku dhewe teka aku bisa ngrogoh atine.

Subardi iku bocah tunggal. Wuwuh-wuwuh wong tuwane rada ketara. Mula ya menjila dhewe katimbang kanca-kancane. Sakehing panjaluke mesthi keturutan. (Embuh yen njaluk montor mabur). Cekake kekarepane kerep ketekan arang kagol. Ha ya bocah tunggal lan wong tuwane sugih mono!

Ujian akhir 1955, dheweke lulus, aku ndilalah ya lulus. Kana nerusake neng SMP. Gandheng aku anake wong ora duwe trima ana SG lowung oleh ID sithik-sithik, batinku. Saprene wis ana 2 taunan gunggungge anggonku pisahan karo dheweke.

Wayah lagi jam 5 sore. Angine isih sumribit. Swarane sendaren layangan pating kregung kaya kumbang mabur. Panase isih krasa nyublesi kulit sing ora katutupan pangango. Mangka dalane, *minta ampun*, lha ana gunung. Sedhela wae gobyos. Kira-kira setengah jam-an nggonku ngepit, lagi teka sangarepe regol omahe Dhik Subardi, ya sing dakparani iku. Omahe jejer telu, papat gandhok tambah kandhang lan wadhah damen. Pekarangane sedhengan wae. Wit-witane pepak, wong bapake, Subardi, prigel lan seneng nenandur. Ana sawo, jambu, jeruk, kates, gedhang, lan akeh maneh. Kongsu nggenggeng. Setrene ditanduri rupa-rupa janganan: mbayung, terong, lombok, lan pala-pala kasimpar waluh, timun, pepak banget. Mung emane Dhik Bardi iku biyen sungkan, embuh saikine.

Aku terus mlebu regol. Pit daksendhekake ana wit sawo (wong ora duwe

standart). Lawange minep wae. Alon-alon aku meraki lawang terus uluk salam.

“Kula nuwun...!”

Tanpa sabawa. Ping pindho, ping telu, ping pat dakserokake, lagi ana wangsulane saka njero, sajake abuu lan aluut.

“Mangga....”

Ora let suwe lawange diwengakake lan emboke Dhik Bardi metu. Sapandurat aku ora ngira yen iku emboke Dhik Bardi. Awake kera banget, pasuryane cowong lan pucet. Socane bengep-bengep kaya mentas muwun. Sajak digrapyak-grapyakake anggone methuki, nuli ngendika.

“O..., gene nak Nar iki mau, mangga! Suwi ora tilik!”

“Inggih, saweg ribet.”

“Mangga mlebet kemawon!”

Bareng aku mlangkah lawang, sakeplasan aku ora pati percaya maneh. Apa iya iki omahe Dhik Bardi? Olehe mamring? Mataku dakucek-ucek sedhela. Melek maneh. Tetep ora owah, sepi kaya kuburan.

Aku banjur diacarani lungguh ana kursi sing wangune arang-arang dilungguhi lan dikeluti. Mejane katon kasap, arang-arang dilap mesthine. Sawise bage-binage kaslametan lan omong sawatara, aku banjur nyuwun priksa.

“Kok sepi, Dhik Bardi punapa kesahan, punapa... .?”

“Ya Allah Nak, nggih awak kula niki sing lagi apes, sing matumpa-tumpa, mboten kayoa....”

“Lho apes dos pundi, Mbok?” nyauri mangkono aku uga wis duwe pangira manawa apes mau saka pokale Dhik Bardi.

“Ngaten nggih Nak. Adhike niku sareng medal king SR riyin nika rak terus teng SM ta?”

“Inggih.”

“Lha sareng antawis 1 wulan onten kitha, piyambake mantuk nedha arta sewu rupiyah, turene ngge tumbas alat sekolah. Gandheng kula tiyang tani, gadhahe nggih mung napa entene, kula dolke lembu satunggal. Let 15 dinten pun kinten serat nedha malih gangsal atus, kula dolke niku..... menda tiga. Pun kula kintenake tiyang teng kitha. Let 20 dinten kinten-kinten nika, mantuk malih, nyuwun arta. Kula sukani. Teruuss mawon saben nedha arta

kula sukani. Anu Nak, napa jane nggih kathah ta, Nak, buku-buku sing kangge onten SM niku?”

“Inggih cekapan, Mbok. Namung manawi saged milih ingkang perlu lan pokok-pokok penting kangge kemawon, inggih mboten patosa kathah. Kajawi manawi wonten tujuwan sanes!”

“Pun! Jan kodheng angsal kula ngraoske. Angger njaluk mesthi cek-dhel-dhel niku! Guk-gukane angger mantuk nyukani ulat peteng. Onten napa mawon dijak musuhan, mboten pilih-pilih. Angger mungel pun ta. Ning wong tuwa mboten ngretos butuhe anak, wong tuwa kolot, wong tuwa koplo eling-eling mboten sekolah.... Entek amek.”

Aku ngrungu mangkono bisaku mung manthuk-manthuk karo mesemesem kecut karo ngiyani.

“Saking puteking pikir kula lan isin yen ngantia kapireng tangga cedhak, niki sedaya isen-isening griya kula sade. Lemantun, gangsa, meja, kursi rotan riyin nika. Kajenge telas, batin kula anggere anak kula mbenjing saged pinter, mung niku. Kula ngrumangsani pun dadi bodho. Rak inggih ta nak?”

“Inggih. Lan malih anak satunggal kemawon rak mboten awrat. Beda kaliyan kula punika, sadherek 8!”

”Ning rak mboten kaya adhike niku!”

“Lha sapunika Dhik Bardi...?” pamedhotku.

“Mboten tuwi, malah-malah niki wau bapake kalih like teng kitha nuweni. Criyose kapesan... . Ka...kapesan nabrak sedhan! Ah...kepripun ta, Naaak? Adhik sampeyan Bardi... niku? Mbok sampeyan...tuturi....” Ngendika mangkono banjur memburi karo muwun.

Aku ora mentala banjur daktututi. Dakarih-arih sabisaku supaya aja banget-banget anggone nelangsa. Puluh-puluh barang wis kebacut, ya ditrimak-trimakake, karepku. Mung dipepuji wae enggale waras lan bisoa terus sekolahe. Iku kena kanggo pengalaman. Mangkono pamupusku. Nanging, pamuwune ora mendho malah ndadra.

“Kepripun naaak...? Bandha telas...ming ngge napa...? Sekolahe kabare niki nggih mboten munggah malih.... Heemmm...gek dadi apa suk kowe nggeer anakku, Bardi? Duh Gusti Allah nyuwun sabar!”

Kanthi ora daksengaja, eluhku melu tumetes, ngrasakake lelakone Dhik Bardi lan wong tuwane. Sapa wonge ora nelangsa keranta-ranta. Anak siji

ndhil dipama-pama, ginadhang-gadhang dadiya bocah utama supaya mbesuke bisa ngerti marang wong tuwa, paribasane bisa mendhem jero mikul dhuwur; utamane bisa njunjung drajading nusa lan bangsa, jebul malah nglelara atine wong tuwa. Direwangi wong tuwa niba tangi njungkir njempalik, kongsi barang darbeke entek kanggo wragad sekolahe, kok sing diragadi ora ngerti. Ah Dhik Bardi, Dhik Bardi. Ing batin aku uga melu nutuh lan prihatin banget. Sedhih! Trenyuh! Untung dene pangondhok-ondhokku kena daksabili, ngelingi aku bocah lanang.

Bareng wis anggong, aku banjur pamitan mulih.

“Mangke-mangke kemawon Nak, ngancani kula! Sokur gelem nyare kene,” panyandhete.

“Matur nuwun Mbok, nyuwun pangapunten. Kula mboten pamit badhe nyipeng. Mbenjing enjing kemawon kula sowan mriki malih manggihi bapak, nyuwun alamatipun Dhik Bardi, kula badhe tuwi.”

“Oh-inggih nak, matur nuwun!”

Semplah anggonku mlaku marani pit. Alon-alon pit daktuntun metu saka regol. Sepisan maneh aku noleh memburi. Ah Dhik Bardi, kebonmu, omahmu...wong tuwamu! Pit daccengklak alon-alon, karo gremengan jroning batin, “Mesakake temen. Upama desa ki wis akeh SMP-ne ya kacek. Tur kutha ya ora kakehan uwong, arang-arang tabrakan. Uga bocah-bocah bisa mbiyantu gaweyane wong tuwa, bisa nyuda anggaran blanja saben wulane. Ee kapan ya? Adhuh...kempos apa iki?!”

Aku mudhun niliki ban. Cilakak. “Ee ana bocah aneh-aneh, ndokok greng (eri pring, pen.) wae teka ditutupi godhong jati,” gremengku ijen.

“Mbok ya....”(ora dakteruske). Kanthi ati kuwur tambah gela aku nuntun pit mulih.

“Sial,” batinku.

Taman Putra, No.22/Th. Ka-7/1961

PEPISAHAN

Tutty W. Handajani

Beda banget karo taun-taun sadurunge, penerimaan ijazah cukup mung dibagi biyasa wae. Nanging, taun iki nganggo upacara ana lapangan sekolah kang dirawuhi dening Bapak Tritunggal lan undangan-undangan liya, ora kliwatan adhik sing isih ana klas II lan klas I.

Kanggo sing arep nampa ijazah kudu nganggo putih-putih lan dhasinan, dene sing putri cukup nganggo putih-putih.

Wiwit budhal saka ngomah atiku wis dheg-dhegan, gek kepriye mengko anggonku mlaku ana sangarepe undangan lan kanca-kanca samono akehe. Lan kepriye anggonku nyekeli ijazah mengko sawise nampa. Kabeh mulet ngebaki uteg kaya biyen nalika arep ngadhepi ujian.

Ijazah klakon bisa kabagi kanthi upacara sing rapi lan urut, pancen nyata sing mimpin wasis tur sing dipimpin uga padha ngerti. Sawise nampa ijazah aku sakanca nyuwun pamit lan nyuwun pangestu karo Bapak-Ibu guru. Genti saiki aku kudu pamitan adhik-adhik sing isih keru ana klas II lan klas I.

Luwih dhisik aku nyedhak Dhik Widayati ana klas II Bagian A. Bocahe mono kegelong pinter, atase isih cilik wis klas II.

Tekan ngarepe laiyang klas II A aku nggoleki Dhik Yati.

“Mbak Tut, pe-ef ya!” Aloke Dhik Yati karo ngacungake tangan terus nyedhak aku.

“Matur nuwun, Dhik,” wangsulanku.

Nalika semono Dhik Yati ngagem rok ijo, ndhuwurane putih. Wah cocog banget karo kulitane. Dhasar bocahe ya manis.

“Piye mbak bijine rak apik ta?” guneman mangkono terus nyandhak ijazah sing dakcekeli.

Dhik Yati nyekeli ijazahku karo ndeleng biji sing ditulis tharik-tharik urut saka ndhuwur mengisor. Jane aku isin yen bijiku dideleng wong liya, la wong biji je lima karo nem-e paron.

“Wis Dhik kene, isin aku.” Ijazahku dakjaluk.

“Dhik Yati,” aku miwiti ngomong, “iki aku kepeksa nyuwun pamit.”

“Lo arep pindhah gendi Mbak?” Dhik Yati nyambungi.

“Ah ya nerusake golek sekolahan.”

“Dhik, awake dhewe iki sawunge rak wis suwe ta?”

“Iya Mbak wiwit jaman Mojopahit,” sambunge Dhik Yati karo ngguyu. Aku dhewe arep ora ngguyu ki piye wong bocah leh-e nggregetake.

“Lha njur sawung semono suwene mau aku dadi tuwa mesthine akeh lupute.”

Dhik Yati mandeng aku, diwiwiti saka ngisor nganti tekan ndhuwur. Ah aku isin wong sepatu wis suwek jare dideleng terus-terusan.

“Dadi aku nyuwun pangupura karo tindak-tandukku sajrone sawung mau.”

Dhik Yati ora enggal-enggal mangsuli, nanging nyawang aku maneh karo luwih nyedhak aku. Bocah-bocah kancane klas II wis padha rame arep padha mulih.

“Semono uga aku Mbak, dadi wong nom mesthine akeh lupute. Mbak Tut wae sing agung pangapurane.”

“Ya Dhik saiki padha apura ingapura, ing sateruse ayo padha nglanggengake paseduluran lan muga-muga taun ngarep sliramu bisa nggayuh sing panjenengan idham-idhamake.”

“Matur nuwun, Mbak Tut.”

Tangane Dhik Yati dakcekel, suwe ora dakeculake. Bel tandha bubarane sekolah meksa aku karo Dhik Yati pepisahan. Jam 2 awan aku bali nyang Surabaya. Nanging, atiku tansah kelingan nalika pepisahan karo Dhik Yati.

Taman Putra, No.23/Th. Ka-7/1961

DITINGGAL

Esjha

Biyen, yen aku dhong dolan-dolan menyang daleme, ing wayah liburan kwartal ngana, mesthi padha bungah-bungah lan suwara ing sajroning omah ya regeng ngana. Pot-pot katon seger, ijo royo-royo. Lemahe tansah teles lan katon rinumad. Nganti ngresepake banget dinulu. Gambar-gambar dhindhing lan potret-potret kang pinasang, kaya padha asung pambagya kagem para tamu kang lagi rawuh. Pancen ya mangkono sipat lan watake kang ndalemi omah mau. Plataran katon tansah resik, lan wit kesen ngarep omah tansah katon rapi rinumad.

Yen dhong aku uluk salam, panjenengane katon sumringah lan banjur ngacarani.

“Kok suwe ora jamu, Mas?”

“Lha wong lagi oleh liburan ki, Dhik! Rak padha rahayu ta, Dhik?”

“Iya Mas, oleh pangestune.”

“Piye pasinaone?”

“Oleh pangestune, ya rada ana kamajuane.”

“Dakmemburi sedhela Mas, ngaturi ibu.”

“Wis-wis, ra perlu ngrepoti ibu.”

Nanging Nurjana, mangkono asmane, terus wae menyang pawon. Ngaturi ibu. Ora suwe banjur metu karo ibu sinambi ngasta baki isi coklat.

Kaya mangkono kahanan dhek samana nalika ibune Dhik Nur isih sugeng. Yen aku dolan mrono, Dhik Nur mesthi ngandhakake idham-idhamane wae. Ah pancen putri kang kebak idham-idhaman tenan.

Liburan kapungkur aku dolan-dolan kaya sabene. Atiku rada kaget, dene omah kang rong taun kepungkur katon meger-meger, plataran tansah rinumad, saiki dumadakan kaya ora ana kang ndalemi. Bareng aku uluk salam, dumadakan ana bocah putri sing sajak ora mlaur awake.

“Lho Mas Syam, kok njanur gunung Mas, apa ora supe?”

“Kepriye ta, Dhik, kok ngono kuwi?”

“Dupeh ibu wis ora ana wae wis ora kersa tindak mrene.”

“Kepriye ta, Dhik, ngendikamu kuwi? Wong mrene diperlokna jare, tekan kene didukani.”

“Mangga pinarak kono, Mas. Aku ora bisa nemoni wong ngrumat adhi-adhi. Lan bapak iki mau kadhung tindak.”

“Ah, ora dadi ngapa, kaya tamu wae.”

“Lha wong Lamongan tindak mrene iki apa ora aran tamu?”

“Ya, nanging rak tamu anggon ta!”

Dakwangsuli mangkono mau Nur menyat memburi, marga katone ing pawon adhike Dhik Nur lagi udreg-udregan rebut sega goreng.

Nalika aku dhewekan, kamar tamu kuwi daksawang mubeng. Potret-potret kang cumanthel lan gambar-gambar dhindhing katone padha suntrut, dikubengi dening sawang ora rinumad. Pot-pot kang dhek rong taun kapungkur seger-seger, saiki akeh kang padha mati, ora kebanyon. Dhik Nur kang maune tansah mangango rapi, saiki kaya batur kang ora diasahi bendarane. Rambute dhawul-dhawul, pasuryane katon peteng. Nek biyen-biyen Dhik Nur tansah ngendikan bab idham-idhamane, saiki tansah repot bab adhik-adhike. Malah kabare, sekolahe ya wis dipedhot.

“Kok beda banget Dhik Nur karo adat saben?”

“Mas Syam mesthine ya pirsu merga ditinggal dening ibu, ya ngene iki!”

“Ah iya,” sumaurku. Anane ya mung mangkono bisaku.

Taman Putra, No.2/Th. Ka-8/1962

KATRESNANING BIYUNG

Srijono St

Wiwit dianti-anti, sing lanang meksa ora bali, lan sore iku jroning kayu growong, biyung luwak raine kaya dijejuwing ngrungu tangising anak kang lagi kaliren. Kahananing alas sepi, sedhela-sedhela keprungu kumrosaking angin nempuh alas jati, lambat-lambat, nuli bali sepi maneh. Biyung luwak wis tetep kekarepane nedya nusul golek pangan. Dheweke ora tegel nyawang bayi-bayine kang sadina muput ora mangan apa-apa, bayine kang wus lola tanpa bapa.

Anake loro kang manis-manis, nanging katon lemes mesakake marga kaliren, pating kringkel rerangkalan. Biyung luwak ora bisa tata janma. Manawa bisoa, bakal pamit marang bayi kekarone. Sirahe kang lagi tuwuh wulune alus jawul-jawul diarasi ketang tresnane marang anak. Biyung luwak nuli jumangkah metu saka susuhe. Lakune mandheg mangu. Matane kaca-kaca lan let sawatara adohe isih bisa ngrungu tangising anak-anake. Lakune dirikatake. Jroning ati gumolong sawijining tekad: bayi-bayine kudu bisa entuk pangan.

Angin sore dolanan pucuk alang-alang. Srengenge saya endhek marani dununge gunung-gunung ing sisih kulon kang mung kari katon biru lambat-lambat kaya ing pangimpen.

Jemranthal biyung luwak nusup alang-alang lan gegrumbulan. Sadhela leren sajak neling-nelingake. Wulune mengkorog dikiragake, lakune nuli diterusake tanpa mangu-mangu maneh. Ing ngarepe gumelar padesan wayah candhikala lan manuk emprit ganthil nembang tengara tandha bebaya.

Lakune saiki mindhik-mindhik, nurut pager luntas mburi omah kang anjog cedhaking kandhang. Saka kadohan keprungu suwaraning kuthuk pating piyek. Saiki kudu luwih ngati-ati.

Kahaman wis remeng-remeng. Sepi mamring, njalari rasa kang ora-ora. Saka sela-selaning wit luntas, biyung luwak bisa nyawang menyang penering kandhang.

Kuthuk-kuthuk padha meneng. Ganti babone sing padha cerek. Saiki dheweke saya nyedaki kandhang saka ngiringan. Amping-amping tumpukan kayu bakar. Weruh lawange kandhang setengah menga, nanging ing latar akeh

bocah lagi padha dolanan.

Sadhela atine bingung. Apa wani apa ora jroning pikire katon cetha gegambaraning anak loro pisan lan kaya-kaya kupinge bisa ngrungu panangise kang njait ati. Kanthi ora dipikir dawa, dheweke nuli mlayu ngancap mlebu kombong.

Pitike padha klabakan mabur lan petog-petog rame banget. Biyung luwak arep nubruk sawijning kuthuk, nanging keselak ditladhung dening babone. Babon diancap ngendhani lan mumbul munjuk plangkringan.

Lagi nengah-nengahi nggujer pitik lancur, dumadakan ing njaba keprungu suwarane bocah-bocah padha surak: luwak mlebu kombong cegaten... cegaten...

Lawanging kandhang dibukak amba, biyung luwak mlumpat ngoncati bebaya. Nanging, ana ngarep kandhang banjur dadi buronan. Kabeh bocah-bocah padha merseni watu sabithi-bithi ing gegere, ana sing nggawa arit lan dibabitate ngenani sikil sing mburi, terus mblusuk grumbul mlebu alas.

Suwe-suwe tenagane entek. Getih nelesi wulu lan buntute. Gegere kaya diremuk-remuka lan biyung luwak ambruk tanpa daya sadurunge teka ing omahe.

Bengine pinuju bengi padhang bulan.

Bangkene gumletak ing pasuketan

Wit sengon ing dhuwure.

Urun nyekar kembang-kembange.

Bengi-bengi padhang bulan

Anak-anake mati kluwen kelepekan.

Taman Putra, No.4/Th. Ka-8/1962

DITULUNGI

Harsono

Wiwit saka Surabaya sepure wis sesak banget. Ana njero sesak njaba ya sesak. Bocah-bocah bayi padha nangis merga panas semono uga sing wis padha entuk lenggah ya ribut merga kursine akeh tinggine.

Jejerku bocah putri saka Malang daleme ana Cirebon, ngarepku priyayi saka Pekalongan.

Saben sepure mandheg, bocah-bocah cilik bali nangis maneh, nanging saliyané krungu suwara tangis uga krungu suwaraning wong rasan-rasan bab undhaking reregan uga bab undhaking rega karcis sepur.

Lakune sepur wis ngliwati Semarang. Srengenge wis angslup rada mengulon, yen manut padatan ora nganti dalu kaya ngene nanging saiki sepure telat rada suwe. Ya ora gumun wong saiki usume telat.

Sepur wis mlebu kutha Pekalongan, priyayi loro sing lenggah ngarepku saiki mudhun.

Wong-wong sing mungguh akeh banget. Saiki bangku ngarepku dilenggahi bocah putri lan sisihe maneh priyantun setengah sepuh. Bocah putri mau wiwit ngendikan karo jejerku. Yen nitik logate ngendikan cen bocah Jawa.

“Nuwun sewu, badhe tindak pundi?” panyaruku.

“Badhe dateng Tegal, la panjenengan badhe tindak pundi?” wangsulane.

“Kula badhe wangsul dhateng Bogor nanging samangke sampun kedalon wonten margi kepeksa badhe nyipeng Tegal.”

Bocah putri mau ora mangsuli apa-apa, mung mendel wae karo mirsani menjaba.

Sakiwa tengening ril sepur katon tanduran pari sing isih ijo royo-royo diterak angin kaya-kaya ngawe-awe lan menahi pangarep-arep karo para tani yen hasile kena kanggo nutup rega beras sing saiki dhuwur tekan langit. Bocah jejerku lenggahe ora jenak awit dicokoti tinggi maneh. Lakune sepur tambah mengulon semono uga lakune surya.

“Nuwun sewu punapa mangke kersa sesarengan awit kula taksih bingung wonten kutha Tegal.”

“O, inggih ta keleresan menawi panjenengan kersa sesarengan.”

Sepure wis tekan kutha Tegal, gawanku dakudhun-udhunake. Tangan kiwa nyekel tas dene tangan tengen nyekeli buku-buku.

“Pareng kula rencangi mbekta,” aloke bocah putri mau bareng ngerti gawanku isih siji maneh sing ora dakgawa.

“Nuwun sewu, Dhik, saupami badhe tumbas angsal-angsal dhateng pundi?”

“O, punika wonten alun-alun caket ngajeng punika.”

Aku bocah loro mlaku. Bocahe grapyak sumanak. Dheweke nyiritakake menawa daleme ana Tegal nanging sekolahe ana SMKA Pekalongan lan saben dina Setu mesthi kondur nyang Tegal.

“Kados pundi Dhik, mboten wonten sadeyan,” alokku sawise tekan alun-alun ora ana wong dodol oleh-oleh.

“Inggih taksih sonten, sakedhap malih nembe wonten tiyang sadeyan.”

“Mangga samangke kondur kemawon.”

Dheweke ngenyang becak nganggo basa Tegal. Becake cukup siji merga sajurusan.

“Mangga ta lenggah rumiyin wonten pondhok kula.”

“Inggih matur nuwun sanget, Dhik.”

Sidane aku mampir ana daleme. Keluwargane nampi aku kanthi apik banget. Malah aku diutus bubuk ana daleme barang. Nanging, aku matur ora bisa awit arep nggoleki daleme bulik ana Karanganyar.

Sowanku ana daleme ora suwe, semono uga kenalku karo bocah putri mau ya durung suwe.

Aku diterke nganti tekan dalan gedhe lan dinyangake becak.

“Mangke menawi mboten wonten alangan punapa kepareng kula sowan?”

“O, mangga matur nuwun sanget sampun kesupen *Jalan Sultan Agung* ngajengipun percetakan “Mekar” terus mlebet lompongan alit.”

“Inggih-inggih Dhik, matur nuwun sanget, kepareng nggih Dhik.”

Tekan daleme bulik wis dalu awit kesasar.

“Bengine aku arep sowan nyang daleme bocah putri mau, nanging lali dalane. Dakgoleki mubeng-mubeng ora nemokake.

Saiki aku wis tekan kutha Bogor. Atiku tansah kelingan paringan pitulungane bocah putri mau. Nanging, eman aku ora ngerti asmane lan aku ngaturake gunging panuwun nyang ngarsane Bapak-Ibu lan kagem adhik sing daleme ana *Jalan Sultan Agung* ngarepe percetakan “Mekar” Tegal lan sekolahe ana SMKA Pekalongan klas I.

Muga sarana karangan iki bisa, kawaos ature panuwunku.

Taman Putra, No.4/Th. Ka-8/1962

KATRESNANING KANCA

Tutty W. Handajani

Lampu kamar ngarep isih padhang. Yayuk, jangkepe Rahayu, isih sinau, Hariningsih wiwit mau bubuk. Kekarone bocah saka Semarang. Ningsih nerusake pasinaon ing Kehewanan dene Yayuk ana Pertanian. Yayuk anggone sinau ora jenak, sedhela-sedhela nyang dhipan niliki Ningsih awit saben-saben sambat yen awake krasa lara.

“Yuk...,” sambate.

“Apa Ning,” wangsulane Yayuk karo nyedhaki Hariningsih. Kemul sing wis ora temata saiki bali ditumpangake. Tangane Ningsih didemek.

“Piye Ning wis ana sudane apa durung.”

“Wis Yuk, nanging sirahku isih rada mumet.”

Yayuk ndemek bathuke Ningsih alon-alon karo ngelus-elus rambute. Olehe ngelus-elus kebak ing rasa katresnan. Pancene wiwit biyen ana Semarang dadi kanca sakklas ya atase kanca mesthi ora kliwatan sok-sok tukar-padu. Nanging, saiki bareng wis adoh paran kaya-kaya kekarone ngilangake rasa nesu sing biyen tau dialami. Kekarone rumangsa adoh wong tuwa, anane mung rasa sumadulur sing raket banget.

“Ning, kena apa ta dadi nganti kowe krasa mumet barang, mangka biyasane ora tau mbok alami,” pitakone Yayuk kanthi alon banget.

“Ya Mbak Yuk biyasane aku ora kaya ngene nanging kena apa mau bareng weruh getih pirang-pirang ana ruang praktik njur krasa mumet.”

“Ah Yuk teka gumun aku. Mangka calon dhokter kok wedi getih, la suk piye yen arep ngoperasi jaran barang? Kiraku semono mau durung abot, beda karo aku besuk yen praktik ana alas njur ana macan apa ora saya medeni.”

Ningsih mesem senjata katon sajak angel, nanging eseme mau isa gawe senenging Yayuk.

Kekarone leren anggone ngomong, lawang kamar dibukak wong.

“*Ten ayak caik jeruk Ning,*” ature Bik Ijah karo nggawa gelas isi wedang.

“Biarlah bik tak usab air jeruk, asal hangat boleh deh, trima kasih ya bik,”
wangsulane Yayuk.

“Sak wangsulna” ature bibik terus metu.

Kamar bali sepi maneh, Yayuk nyawang Hariningsih sing katon rada pucet.

“Iki Ning banyu anget, diombe ya cik ben enggal waras.”

Sirahe Ningsih diangkat ditumpangake ana pangkone.

“Wis Yuk wis cukup”

“Maneh ta Ning angine ben metu kabeh.”

Kekarone bali meneng maneh. Ningsih nyawang Yayuk. Senajan mripate ora katon bening kaya yen waras nanging bisa dideleng menawa pandelenge mau kebak rasa katresnan.

“Yuk wis ta balia sinau maneh,” panjaluke.

“Ah Ning, wis ta aja kok pikir, mengko aku rak sinau maneh yen kowe wis waras.”

“Yuk aku ngrepoti wae ya...?”

“Ning...,” Yayuk nyawang Ningsih kanthi kebak rasa welas awit saiki Ningsih saya pucet, *“wis ta aja mikir kaya ngono. Awake dhewe rak padha-padha adoh Bapak-Ibu. Gek njur nyang sapa awake dhewe arep nyuwun tulung kejaba nyang kanca. Saupama aku lara gek sapa sing arep nulungi kejaba kowe.”*

Yayuk leren anggone ngomong. Kanca-kancane kamar sisih wis padha bali.

Bathuke Ningsih bali dielus-elus maneh.

Ibu asrama mlebet ana kamar.

Tekan cedhak dhipan kendel merga pirsia Ningsih dielus-elus Yayuk.

Ing penggalih rumaos ageng merga Ningsih lan Yayuk kekarone nuduhake rasa sumadulur. Nanging, uga rumaos sumendhal pirsia kahanan kaya ngono.

Yayuk isih tetep anggone mangku Ningsih kebak rasa katresnan kang metu saka ati sanubarine.

Taman Putra, No.5/Th. Ka-8/1962

NGREBUT DRAJAT

M. Praptono

SGA iku yen mlebone disangkani saka SMP jare klebu sekolahan kang ora pati gagah, lire ora kaya SMA B upamane. Nanging, yen disangkani saka SGB, SGA iku malah kadidene hadhiah. Awit lumrahe ing saben SGA, dhek jamanku taun 1957, mung dijupuk 4%. Dene bebathene kapilih mrono iku dibebasake ID-ne sajrone telung taun, rasa marem ing ati dene wis bisa unggul tinimbang sakancane, lan mrana-mrene tansah oleh pangalembana.

Mula ora jeneng aneh yen saben bocah SGB kumudu-kudu bisoa ngrebut drajad mau. Nanging, kawunigana yen sarat-sarate ora entheng. Anehe saben bocah otomatis ngetog pambudi daya supaya kapilih. La aku iki sanajan ora uteg ora greget, nanging wektu iku kok ya melu ngigit-igit nedya melu *berlomba* ngrebut drajad.

Wiwit tumapak neng kelas III, aku wis wiwit srempeng sinau. Apalan-apalan wiwit dakikhtiyar, teknik ngapalake dakreka dhewe sakepenakku. Ana sing arupa ukara, upamane *jenis kata kerja* sing 10 iku mangkene: *Keterangan kerja ganti keadaan benda, sambung bilangan depan, seru sandang*. Golongane *binatang menyusubi* (bukuku *Ilmu Hayat*: Umar Singgih) dakpocungake: *Kera buas berkloaca genap kantung, belai mengerat, 'kan serangga tak bergigi, ikan paus kelelawar kuku gasal*.

Dene sing dakjudhegi dhewe iku Ilmu Pasti. La wong yen wis ora bisa tenan ya ugag-ugeg, kukur-kukur sirah! Kapriye pambudidayaku. Yen pengin nyang SGA biji rata-rata apese kudu ora kurang saka 8 (wolu). Nanging kapriye? Ha wong biji 7 wae arang oleh. Nanging, aku kudu bisa! Nah, akalku nganakake *rombongan belajar*. Ora akeh-akeh, cah telu wae wis cukup. Nanging, ya kuwi, omahku *Jalan Slamet Riyadi 40* (tengah kutha) kudu ngampiri kanca, dheweke ora duwe pit, nyang Baluwerti (njeron Kraton sing dalane ubet-ubetan tur ngidule saka omahku rada adoh) terus dakboncengake menyang Nuyu-Nusukan (Sala poncot lor) tur mangkate saben jam 3 awan (bubar ngaso sedhela-sedhela sawise mulih sekolah), mulihe jam 6. Ora kurang-kurang saben dina salin klambi marga kebes kodanan. Yen panas wae wis mesthi, wong ya jam 3 awan. Nanging, aku terus *bersemangat*. Dene kasile, ing lulusan bijiku Ilmu Pasti 9 (sanga)!

Cekake aku klakon kapilih menyang SGA kanthi biji rata-rata luwih saka 8. Pangrasaku biji semono mau ora mung jalaran saka kamempenganku thok. Awit aku iki kira-kira klebu sing diarani wong sing kolot. Amarga kajaba sinau ya dakkantheni “manekung puja samadi” ning ya cara saiki (ora cara wayang). Saben bubar sembahyang wajib mesthi ndonga nganggo cara Jawa nyuwun supaya bisa kapilih. Bareng diparingi libur sawatara dina sadurunge ujian, wektu iku dakgunakake kanggo sowan para pini-sepuh, jalaran lehku sinau wis daklereni. Saben dina yen arep budhal ujian aku mesthi pamit lan nyuwun pangestu ibu (adate ora tau, marga kulawargaku dudu kulawarga priyayi sing tumata banget).

Sajrone dina-dina ujian aku mesthi tangi jam 5, adus terus mlaku-mlaku kanggo ngeningake pikiran. Yen soal wis dakadhepi ing meja ujian aku mesthi *mengheningkan cipta* dhisik, nyuwun kamurahane Sang Maha Asih. Sajake Gusti ya ngijabahi, nyatane saben soal sing dakgarap sajak kaya lagi marahi sinau adhi-adhiku, gampang. Angger aku wis rampung tolah-tolih ngiwanengen, mesthi racake kanca-kanca isih padha nggarap. Senajan wis, tau lo olehku neliti garapanku rambah ping nem! Sarta pendhak-pendhak bapak pengawas dhawuh enggal numpuk yen pancen wis rampung. Nanging, aku sok milih orak-orek gawe tandha tangan. Pangrasaku tinimbang “gumedhe” metu dhisik, ning gawe geter patere kanca sing durung rampung, becik meneng wae, senjata kanca-kanca mau mesthine ya ora ngerti yen *saya beri hati*.

Babo-babo! Ayo sapa bisa ngungkuli aku! Kabeh bisa, janji gelem! Ayo kabeh sregep, supaya kabeh lulus. Bodho, iku kalah karo sregep!

Taman Putra, No.5/Th. Ka-8/1962

DINA KELAIRAN

Markani Kumuljati

Dina iku dina Jumat. Dina kebak kabungahan tumrap aku lan kanca-kanca. Awit aku arep nengeri dina kelairanku ing dina kasebut. Ndilalah dina kelairanku iku mau padha karo kancaku yaiku Jugiek. Padha sasi lan taune, nanging dinane kacek sedina. Sarehne kacek sedina, mula njur dibarengna wae. Aku lan Jugiek nganggo klambi anyar. Jugiek klambine es lilin abang dene aku mambo.

Theng...theng...jam ngaso. Prakosa minangka wakil ketua klasku sawise bapak guru sing mucal wis miyos, banjur maju nyang ngarep klas karo kandha, *“Karwan-karwan minta perhatian sebentar. Saya minta karwan-karwan tetap tinggal di dalam klas dulu untuk merayakan hari ulang tahunnya Niniel dan Jugiarti. Terima kasih.”*

Kanca-kanca banjur padha keplok-keplok seneng. Aku lan Jugiek wiwit ngedum buntelan isi pastel, bikang, lan permen. Nadyan biyasa banget, nanging cukup nyenengake.

“Niel, kowe karo Jugiek ora susah maem ya, dakgajulane,” kandhane Kussairi karo njupuk buntelan loro.

“Wah, enake Sairi telu. Lo kae Winoto ya Loro, Darsono barang ya loro,” kandhane Partijah.

“Lo wong Darmani karo Tarmidi gak mlebu ya ganti aku,” wangsulane Winoto kanthi ayem karo terus maem.

Sawise padha rampung kabeh njur nyanyi dipimpin karo Suryaning. Nyanyekake lagu *Happy Birthday to You*. Wah jan rame lan ya nyenengake. Bubar nyanyi aku maju mengarep aweh panarima marang kanca-kanca kabeh. Kanca-kanca genti-genten padha ngajak salaman aku lan Jugiek; aweh kaslametan muga-muga dijangkunga ing Pangeran bisoa dawa umure lan katekan gegayuhane.

Ora let suwe bel mlebu. Kabeh padha anteng mlebu klas. Sawise bel pungkasan muni, enggal-enggal aku njupuk pit lan nggeblas bali. Sadalandalan pikiranku tansah seneng, nanging dheg atiku yagene ibu kok ora maringi apa-apa nyang aku. Klambi sing daknggo iki paringan saka mbakyu sing ana

Jakarta dene sepatu saka mbakyu sing ana Purbalingga. Ora krasa aku wis tekan pondhokan. Pit enggal daksimpen; lagi tekan lawang aku weruh buntelan cilik rupane ijo. Bareng dakwaspadakake jebul saka bapak. Ora sranta enggal dakbukak kanthi alon-alon.

"Nah apa isine ya. Apa pulpen, apa notes?" batinku. Bungkusane dakbukak, njerone dibuntel kertas jambon. Dakbukak maneh isi amplop njur dakbukak isi layang marang aku, dene surasane mengkene.

Marang putraku Niniel Smj.

Bapak lan ibu ora saged paring apa-apa, awit repot banget. Mula arep paring dhawuh kang wose luwih aji katimbang barang liyane kang ana regane, yaiku:

- 1. Ngati-ati ya Ngger, sajeronne kowe ngangsu kawruh.*
- 2. Kudu mantep madhep aja kengguh ing panggodha. Awit iku mung gawe pitunane awakmu.*
- 3. Lan sing pungkasan yaiku kudu sregep sinau.*

Wis iku wae welingku.

Bapak-Ibu ing dalem.

Bubar maca brebel-brebel luhku metu tanpa kendhat. Rumangsa trenyuh nampa dhawuh iku mau.

Taman Putra, No.8/Th. Ka-8/1962

LAGU PEPISAHAN

Sunarjo

Umum, yen isih sekolah, malah-malah sok wis cekel gawe pisan, duwe mitra kenthel. Dakike diarani sedulur sinoroh wadi. Yaiku, mitra utawa kanca kang wis sabaya pati ndalem ngadhepi samubarang pakaryan, upamane nggarap wulangan, dolan, jajan, lan liya-liyane, pokoke wis ngapa wae mesthi bebarengan. Kelacute nganti wadi-wadining uripe siji lan sijine padha ngerti, tanpa ringa-ringa anggone medharake. Mung pisan pindho wong saduluran iku ana bengkrike. Ning enggal uga tuntume. Uga ana bocah siji loro kang ora duwe utawa wegah mitra kenthel.

Mardi, mengkono jenenge mitra kenthelku. Asline saka Desa Tlaga. Watak wantu tindak tanduke, gandheng cocog karo panemuku, dakarani becik banget. Bocahe meneng, jinem, amem, emoh gojeg, guyon kang tan perlu sembranan lan sapanunggalane. Kabeh kuwi mau nyenengake kanggoku. Kala-kala yen gelem omong isine lho, jan mentes tenan. Pancen bener, pari kae yen gabug mesthi ndangak, yen mentes mesthi ndingkluk, didadekake sanepa tumrape manungsa kang seneng songar lan bodo karo wong jinem ning isi madu temenan.

Yen dong aku kejudegen nggarap etung, ukur lsp-ne, angger diterangake sepisan wae rumangsaku ces pleng ora mindo gaweni. Rumangsaku malah pinter dheweke katimbang pak guru nek nerangake.

Ora mung kuwi wae sing ndadekake kentheling memitran. Manawa aku utawa dheweke nandhang karasa-rasa ngelu utawa awang-awangen emoh mangan, salah sijine mesthi melu kontrang-kantring golek rekadaya ngudi warase. Tau kedadeyan, Mas Mardi nalika ngarepake ulangan umum unggah-unggahan, embuh marga saka kurange turu embuh kepriye lha kok mak prek, lara panas dadakan. Bingung rasa ning atiku. Kaya-kaya aku melu lara temenan kae. Lha wong ya ana asrama, mula enggal-enggal wae aku nyuwun naspro bapak asrama diparingi 6. Naspro dakwenehake, diulu loro.

Kelingan aku nalika ana desa, saben adhik utawa kulawarga ana sing panas, mesthi dikompres nganggo godhong dhadhap srep. Asrama ora ana dhadhap srep. Mula dakcepakake banyu ember lan njupuk kacu. Kacu dakcelup

banyu dakkompresake batuke. Ora suwe panase suda lan malah banjur njaluk dikemuli sing kandel. Esuke wis bisa tangi. Mung mumete kira-kira isih wong sajake aras-arasen lan isih kemulan wae. Aku wis ngrasa seneng.

Unggah-unggahan kapungkur. Mas Mardi lan aku bisa munggah, nadyan bijiku keponthal-ponthal. Ora dadi apa sauger munggah, batinku.

Wektu terus mlaku.....

Meh ujian wekasan. Sinaune padha disrempeng. Ujian kelakon. Wiwit dina Senen. Entek-entekane dina Kemis. Ana asrama, kabeh bocah asrama kudu manut peraturan asrama. Peraturan susulan padha wae. Setu asrama kudu wis kotong. Wiwit Kemis wis kena budhalan sing omahe cedhak. Sing adoh uga kena mung yen ana resiko apa-apa kudu disangga dhewe-dhewe.

Mas Mardi lan aku kudu budhalan mulih menyang desa apa pindhah menyang nggone sanak/sadulur, pokoke kudu lunga saka asrama. Cimide dina Setu. Gandheng Mas Mardi lan aku padha-padha ora duwe famili ana in kutha, mula rancangan Jumuah wae bali, selak kangen ngomah (desa). Kemis sore wis tata-tata barang sing arep digawa. Malem Jumuah ora dolan, wegah. Omong-omong kosong, pirang-pirang underan rembug. Kala-kala diseling ger. Awit katambahan maneh cah telu. Dadi gunggung kepruk kabeh ana bocah lima. Gayeng. Kira-kira jam 11-san budhalan menyang kamare dhewe-dhewe.

“Mas Mar, piye aku karo kowe sedhela-sedhela maneh gek ora bisa awor maneh?” mengkono tembungku bareng wis mlebu kamar.

“Ha ya piye maneh, aku lan kowe mung kari anglakoni ana sapatemon ya ana pepisahan. Jer urip kuwi jare kudu nglakoni kahanan rong prakara kang kosok balen.”

“Ah, piye ya, gek pisahan!”

“Ora piye-piye, ora perlu dipikir dawa-dawa, mundhak nglangut. Rusak awake nek mikir kuwi-kuwi terus. Eman-eman.....”

“Ana kae”

“Dikandhani kok. Puluh-puluh sepuluh-sepuluh digunggung dadi rong puluh. Aku karo kowe kudu lan kudu pisahan. Sesuk. Pisah uwonge. Ning tujuane mesthi bakal ketemu besuk.”

“Yuh kari sesuk.....”

Meneng. Jane mono aku uga ngerti yen Mas Mardi ki ya duwe rasa abot

anggone arep pepisahan. Kawistara tetembungan kang kawetu iku kabeh metune kanthi seret. Wong bocah lantip nadyan angel pangucape, isine ukarane ki ya teplek-teplek, cocog klebu nalar. Mula aku trima pasrah kalah.

Nyut aku kelingan. Duwe apalan lagu pepisan. Lagu kang ngemu surasa pitutur sing jero mandes. Aku kepengin banget yen Mas Mardi uga bisa ngelagokake lagu mau.

“Mas, Mas Mardi!”

“Apa Dhik Nar,” wangsulane semu kaget.

“Aku duwe lagu Mas, ayo padha ditembangake.”

“Lagu apa jenenge?”

“*Lagu Pepisahan*, daktulis nggo kenang-kenangan.”

Tengah-tengahing nulis lonceng ing tangsi Pulisi dithuthuk ping rolas. Padha meneng, kendharaan bermotor ing dalan mung kari kala-kala keprungu. Bareng rampung banjur padha ditembangake lirik-lirik. *Lagu Pepisahan* nganyut-ngayut keprungu mbelah seping wengi, kang kaya-kaya aweh pitutur supaya lagu mau tansaha tetep dadi tali silaturahmi antarane aku lan Mas Mar. Sedhela-sedhela wae wis bisa. Lagu mau kaya ing ngisor iki.

Lagu Pepisahan

Sampun wancini pun kita sami pepisahan
Mangga anenuwun dhateng ingkang Maha Kwaos
Mugi linanggengna nggen kita pasadherekan
Sageda anggayuh kekudangan para muda x 2

Isuke jam 7.30 padha budhalan. Lawange kamar mung diinap. Satekane lawanganing asrama, aku karo Mas Mar padha mandheg sesalaman andum slamet. Tanganku kanthi rasa semplah lan abot alon-alon dakulungake. Bareng wis cekel-cekelan, kreket, kaya-kaya ora lan aja pisah. Raketing kekancan tansaha langgeng. Nganti suwe mung padha pandeng-pandangan. Padha-padha ora metu tembung. Warna-warna arep dakkandhakake, nanging mung kandheg mbedhedheg thok. Mripatku kanthi ora dakrasa metu banyune kongsi tumetes niba ing lemah musna. Kaya musnane pangarep-arepku anggonku kekancan.

Mung tembung saur manuk, *Selamat Jalan sampai bertemu lagi*, wis ora ana teruse. Alon-alon tangan padha ucul anggone sesalaman, kadi ucul tali mung pinanteng sadhela. Gegambaran ucul pasaduluran sing wis tumanem suwe, ucul sakala buyar ambyar tanpa tabet....

Saben-saben bareng wis pisah temenan sing lawase wis 2 taun, uga angger aku nglagokake *Lagu Pepisahan*, mak nyut..... Kelingan labuh labete kanca nalika nandang sangsara kang sinangga bebarengan, kok kelingan uga ngendikane para sepuh, "Kanca sing bisa melu ngrasakake sedhik lan senenge kanca, pantes den akua sadulur pribadi pindhane sadulur tunggal welat."

Taman Putra, No.8/Th. Ka-8/1962

PAMAN

Moh. Daim Bar

Kaya ngapa gelane atine Rinta yen pamane ora rawuh ing dina kalairane. Iya, ing wektu-wektu kaya ngono mau pamane mesthi maringi *souvenir* kanggo mahargya dina kang adhi iku. Yen wis mangkono, dheweke mesthi terus diajak plesir lan seneng-seneng numpak *jeep*-e. Adhakane yaiku mubeng-mubeng kutha utawa nyang taman-taman kang sarwa peni ing kuthane. Ah, ya mung pamane iku kaya-kaya kang tansah migatekake dina kalairane. Rinta lulut lan tresna banget marang panjenengane, jer sakabehing wejangan kang kaparingake, sarwa mranani lan migunani.

Wayah ngarepake pajar esuk ing dina kalairane, Rinta wis tangi, nadyan ibu, bapake durung wungu, uga yuk lan adhik-adhike. Ora mung ing wektu iku dheweke tangi wengi, sadurunge pajar esuk sumunar abyor, nanging uga ing wengi-wengi liyane dheweke tansah ajegan tangi kanggo sholat tahajud, sholat wengi, sumungkem mring Hyang Widhi; suka sukur lan memuji sakabehing kanikmatan kang wis kaparingake lan kang bakal kaparingake. Ora mokal yen ing dina kang becik mau winuwuhan tindak-tindak liyane kang sinungging endah ing dhindhing kamare kanthi edi-peni.

“Panca Satya” ngono unine angger-angger adiluhung kang tinulis dhewe. Insya Allah angger-angger iki arep daktiru, sabisa-bisaku, kandhane. Pancen, “Panca Satya” yaiku paugeraning uripe pendhak putra-putra bangsa kang wicaksana, kang ora bakal wayu salawase, salawase bumi gumelar. Panca Satya minangka kewajibane sok uwonga kawulaning Allah kang anegara. Kalebu si Rinta bocah kang soleh.

Ing wengi iku dheweke iya sembahyang kanthi kusuk, kanthi sakabehing jiwane kang kudus, tumekeng pajar esuk tumarontong ing bang-bang wetan, wektune ummat Islam nglaksanakake kewajibane sholat subuh. Sawatara iku ibu bapake iya wis wungu suwe anggone tangi kluthak-kluthek neng pawon mburi karo Lik Ijah

“Dina iki kowe sida dimangksakake apa Rin?” ngendikane ibune saka sisihing gedheg.

“Ora susah masak apa-apa kanggo aku, Bu, kejaba kanggo kabeh.”

“Lah ya ngono, nanging rak atas nama Rinta.”

“Nanging paman ora marengake ngono kok, Bu.”

“Ya wis ta, pokoke aku masak istimewa kanggo Rinta lan mitra-mitrane kang bakal mangayubagya.”

“Bu, bu, paman mengko rawuh ora ya?”

“Ah, iki rak lagi dina Setu ta. Biyasane kae yen rawuh rak mesthi Minggu.”

“E, bu, mangke sing ajeng mriki Ita barang lho, wong wingi pun kula undang ken *merayakan hari ulang tahun*, panrambule Yuke.”

“Mboten dhing, Bu, Rinta jothakan karo Ita kok.”

“Husss...ora kena jothakan lho, ngedohake mitra.”

Esuk tansaya padhang, lan Rinta sadurunge mlebu sekolah, luwih dhisik metu nyesep angin suci dina kelairane. Mripate mencereng ngingeti wetan, nyipati wungune ratu rina saka cluwekan ing pegunungan sauruting garis cakrawala. Pedhut esuk kang biyasane peteng lelimengan nutupi arah pamandangan, ing wektu iku padhang sumilak kaya dene sumilaking dina ngarepe Rinta kang gumilang.

Dina esuke, Minggu, Rinta wis njegreg neng ngarep lawang, mapag rawuhing pamane kang ditresnani, nganthi *souvenir* ulang taune kang bakal di asta. Apa baya? Hem..., dheweke unjal napas.

“Rin, latare uwis disaponi apa?”

“Sampun, Bu.”

“Lha duwe cucian ora?”

“Duwe sastel kodanan wingi, nanging wis dakekum kok.”

“Ning aja suwe-suwe ndak rusak kana, saiki ndang dikumbah dhisik sedheng paman rawuh!”

“Sendika, Bu!”

Ah, dakkira mendah ibu rena banget penggalihe yen ta kagungan putra kaya Rinta iki. Bocahe mbangun turut sregep sinau lan prigel nandangi pegaweyane dhewe lan liya-liyane, kang tundhone ngethengake rama ibune. Dhasar kukuh maneh anggone ngantepi agamane, paugeraning ngaurip kang ngemu aturan-aturan becik tumraping ummat manungsa.

Presis, Rinta mepeni kumbahane, pamane rawuh karo mitrane kang

nggereng-nggereng nyenengake, Willys.

“*Alhamduillab* paman...,” panguwuhe.

“Sugeng Oom?” karo nyandhak astane.

“Slamet, Nang. Rama, ibu, yuk, adhik-adhik rak ora apa-apa, ta?!”

“Sae Oom pangestunipun.”

“Nanging, hadhiah ulang taunmu dudu barang-barang edi-peni lho Nang, nanging carita. Wis ta mengko, kana ganti pakeyan dhisik!” Lan Paman Tom, asmane Gotama, nuli lenggahan karo bapak ibune.

“Iki Rinta arep dakajak piknik nyang Tawangwangu lho, Mas. E, mbeneri tradhisi ulang taune ki apa.”

“Iya, diseneng-senengna.”

“Ha, ha..., sampun lho, Pak, Bu!”

“Kula inggih lho, Pak,” sumelane Rini, adhike tumuli, kang iya wis macak gres.

“Lho, kok Rini barang. Mengko adhike dha klayu iki,” ngendikane ibuke. “Ayo, sapa maneh sing arep ndherek? Ora ana? Ya wis kana nyangoni slamet, sing ngati-ati!”

Sawise iku katelune nggeblas kadya panah linepas kelem ing ramening tetumpakan dina Minggu. Lakune ing dalan sarwa nengsemake. Apa maneh sawise tekan sanjabaning kutha. Sarwa resep lan mranani. Pandangan bisa lepas bawera tumekeng garis cakrawala, kadidene babut pramudani ginelar warata kanthi warnane kang maneka rupa; kuning, ijo, abang, klawu, lan biru, gawe sengseming pandulu.

Rinta ora uwis-uwis olehe ndeleng lan ngalembana kaendahaning tanah wutah getihe, nganti koran kang wiwit mau aneng tangane tiba ing pangkon ora karasa. Gek manuk-manuk kuntul pating kleper ing angkasa pisan, ah, edine sawangan iki, guneming pikire.

Nganti suwe ora ana suwara kumecap, kabeh kelem ing alam palamunane dhewe-dhewe, uga Rini kang lungguhe caket pamane, kadhang kala minggir-minggir ngulati sesawangan kang narik kawigatane.

“Rini, saiki klas pira?” dumadakan suwarane pamane munggel lamunan.

“Rini, Oom? Sapunika Rini klas 5,” ature.

“Iya, Mas Rin besuk dioyak wae, ya.”

“Ah, Mas Rin sampun SMP kok.”

“Oyaken leganing atiku!” kandhane Rinta karo gumuyu. Semono uga pamane kang manggalih, sarana tetandhingan pasinaone Rinta lan Rini bisa luwih maju.

Kanthi ora dirasa lakuning *jeep* kang momot para plesiran mau wis tekan papan kang sinedya. Ora saranta isine buyar, pating gledrah suka gembira. Katelune tumuli mlebu ing sawijining omah gedhong kang aran “Lumbini Villa”.

Sawise ngombe-ngombe sawatara lan markir montore ing kono, katelune nuli mangkat, wiwit ngenggar-enggar atine.

“Numpak jaran pa, Nang?”

“Mboten, Om, minggah menara kemawon.”

Bubar mlaku-mlaku nuli nguja sayahe neng sangareping restoran, lungguhan sinambi ndeleng alas bebondhotan ing sapinggire. Ing kono Rinta nagih crita ulang taune saka pamane, celathune,

“Pundi, Om, cariyos ulang taune Rinta?”

“Iya, delengen alas rungkut bebondhotan kae!”

Lan Rinta sarta Rini padha ngematake kahananing alas mau. Weruh kekayon lan gegrumbulan, manuk-manuk lan suwaraning kewan-kewan alas liyane.

“Nah, ya ing alas kang kaya ngono iku para pangupaya kayu obong nindakake pegaweyane, pinangka cagak panguripane sakaluwarga,” pamane miwiti carita. “Rak rekasa banget, ta? Eri-eri bebondhotan sinasak wani, wit-witan gedhe dipeneki lan ora arang kepethuk kewan-kewan galak lan ula kang mbebayani. Kabeh mau amarga apa? Mung amarga ngluru sega sapulukan kanggo awake lan anak bojone.”

Pamane nerusake critane menawa ing sawijining dina, sawenehing wong pangupaya kayu obong mau omong marang bojone mangkene, “Priye Mbokne, kayu-kayu ing ngalas kene wis meh entek ditegori, apa maneh udane suwe temen ora tumurun nganti semi-semine ora padha thukul. Banjur apa panguripan kita sabanjure yen kahanan tetep kaya ngene?,” ngono mau karo sedhik banget. “E, lha ya, kepriye maneh ta Kang, mula sing gedhe wae panyuwun lan pandonga

kita mring kang Mahakuwasa, muga-muga enggala luwar saka panandang sing banget nistha iki, kandhane bojone kanthi sabar. “Ha iya, ning kowe iya kudu ngono.” “Aja kuwatir, Kang, awake dhewe iki pokoke lara lapa sinangga bareng.”

Nah, sawise mangkono, pangupaya kayu obong kang miskin mau terus nggedhekkake tapabrata, nyenyuwun mring Hyang Widhi, piningan luwar saka kasangsaran, gangsar anggane ngupaya sandhang-boga. Iku katindakake kanthi sakabehing usahane, ngetog tenagane nerusake panguripane.

Kocapa, ora suwe udan tumurun, kayu-kayu sarwa seger uripe lan si pangupaya kayu saya gedhe pametune, saengga andadekake saya kepenake uripe, nganti bisa nggedhekake omah gedhong magrong-magrong lan gedhe perusahaane. Pokoke kulawarga miskin mau dadi sugih lan mulya lantaran usaha lan pamujine kang tumemen lan suci.

Nanging kocapa, bareng kaya mangkono si pangupaya kayu-obong dadi lali, lali sakabehane, lali kang Maha Kuwasa, lali agamane, nanging nggedhekake hawa nepsune lan kamurkane. Dheweke seneng main, ngabotohan lan liya-liyane. Wasana pranyata yen Gusti Allah ora marengake tindak kang kaya ngono mau, saengga saya suwe bandhane entek ludhes, utange matumpuk-tumpuk. Mulane uripe malih kesrakat, bali kaya asal usule.

“Nah, Rinta wis marem ta!”

“Inggih, Om.”

“Rinta, Rini, isih sok sholat wengi pa ra?”

“Taksih, Om, Insya Allah saged langsung,” ature sakarone.

“Iya, Rinta kudu langsung mangkono, netepi Panca Prasetyamu, yen ora, mundhak Gusti iya ngowahi kanugrahane maring Rinta. Lan kowe sakarone, aja dhemen golek wah, dhemen dialem sapattha-padtha lan sapanunggalane, kang akibate iya ora becik, malah bisa nglalekake wulangane bapak ibu guru, dadine bodho. Panjenengane lan sapa wae luwih seneng lan muji bocah kang prasaja lan gedhe prihatine, sarta lurus budine.”

Sarampunge maringi pitutur, pamane ngajak bali, “Wis, wis, saiki kopine ndang diunjuk nuli kondur.”

Temenan, katelune bali sawise mangan ing restoran mau.

Taman Putra, No.10 lan 12/Th. Ka-8/1962

WITE WIS RUNGKAT

Sunarjo

“Mas, kok ora sare ta?”

“Lagi nulis kok Tiek.”

“Nulis karangan apa?”

“Dudu, mung cathetan harian kok.”

“Jam pira ta mas iki?”

“Jam 11.30.”

“Gene meh setengah rolas. Aku wis nglilir je.”

“Ya wis kono teruske impene ndak kagol mengko!”

“Ning mengko ndang nusul ya!”

“Iya,” mengkono wangsulanku.

Karepku mung nedya ngenaki atine cikben nuli turu maneh, supaya anggonku arep nerusake nulis cathetan harian bisa lancar. Nulis kedadeyan sing wigati kanggoku. Nanging, wigati mung kanggo pengetan thok kaya tulisan-tulisanku sing kapungkur. Ora ana paedah sarta gunane kanggo golek menir, istilahe Mbak Sri, yen jamane kaya ngene lan terus urip neng desa. Puluhan dipakna pancen awak lagi apes, raga lagi nandang roga. Nadyan anggonku kursus ngetik lulus oleh ijazah, ning arep menyang endi nggonku arep nglamar gaweyan. Kaya adhiki-adhiku wis ana sing gedhe, kena ditinggal supaya momong sing cengik-cengik, aku bisa nretek ora ketang adoh golek samben. Bareng wayahe isih sumega? Tik-tik maem, tik-tik njaluk iki, iku neka-neka. Adhiku temuli lan let siji wis suwe ndhisiki. Mangka bapak lan simbok

“Oh Gusti..., Gusti sembahlan kawula. Kawula nyuwun sih wilasa panjenengan Gusti! Teka samanten cobu ingkang tumanduk dhumateng jasad kawula tuwin rayi-rayi kawula Gusti...nyuwun sabar lan enget, Gusti!”

Nangis, nangis jroning atiku. Ngenes, nggares lan panggrantes kang tansah nggodha rina klayan wengi yen ta dakrasak-rasakake temenan. Luwih-luwih yen wayahe sirep bocah, gelik-gelik ijen, kaya-kaya rinujit remuk rasaning jejantung. Atase bocah sa aku, sing nedheng-nedhenge padha gembuyukan

karo mudha-mudhi, berag playon mrana plesir mrana. Darmawisata mrana-mrana, adeg rombongan anu-anu, iki, kuwi lan embuh tetek bengek. Balik awakku? Awakku sing wis tinginggal wong tuwa, isih ditindhihi adhik-adhik sing wayahe isih temiru? Kepengin tiru-tiru anake wong duwe.

Ah... nasib sing kudu, ora kena ora, daksandhang.

Nanging.... sakehing panandang mau kudu, ora kena ora, dakpupus. Wis bejane awakku lan adhik-adhikku. Aku kudu kuwat. Adhik-adhikku kudu dakajak kuwat. Muga-muga wae Gusti Allah akhir tembe paring kanugrahan. Aku wis gilig niatku. Tapa! Napakake adhik-adhikku nirakatake dheweke murih besuk dadiya bocah utama, bisa ngerti marang lelabetane sadulur tuwa. Cugag sekolahku ora dadiya apa. Anggene adhik-adhikku bisa terus sekolahe. Telung taun engkas Atiek (jan jenenge Suyatinah, mung sok dakceluk Tiek tiru-tiru cah-cah), yen bisa lulus bene nerusake sekolah. Dakragadane. Sekolahe iya kareben milih dhewe sauger *vak* (kejuruan). Supaya enggala oleh gaweyan lan bisoa melu cawe-cawe nragadi adhik-adhike uga.

Mengkono lepasing pangangen-angenku, embuh kawusanane besuk wallahu a'lam.

Gagang pen dakcekel maneh, orek-orek nerusake cathetan harianku lan ngesok rasa pangrasaku apa sing wektu iku perlu daktulis, daktulis. Embuh iku lamunan embuh apa aku ora perduli, pokok daktulis. Kanggo wacan-wana lan pangling-eling batinku.

Bareng kira-kira wis rada dawa, cathetan dina iku dakwaca maneh saka ngarep, mbok manawa ana sing kudune ditulis durung katulis.

Teng "Ut wis setengah siji," alokku. Sing arep daktulis wis entek kanggo dina iku. Mburen tulisan terus dakkurung dakwenahi tanggal, wulan taun. Kala-kala uga jam. Rampung, buku daktutup. Aku sawise ngulet ngeluk boyok, metu. Ing njaba remeng-remeng, awit rembulane lagi katutupan mega putih ampak-ampakan mlaku kelu ilining angin ketiga. Let sadela penter padhang, sadela maneh surem. Chat ceta, cat ramyang-ramyang. Kaya kahanan mengkono iku aweh sasmita peling marang awakku. "Ora-orane yen sajege urip tansah kalimputan pepeteng. Gusti Allah sawijining wektu mesthi bakal paring pepadhange. Mula prihatina dhisik, nrimoa marang pepetening urip ing wektu iki. Jagadmu jembar, langitmu amba lan dhuwur."

Tyes, rasaning atiku. Rada sauntara anggonku nyawang mega-mega putih sing lagi oyak-oyakan, kaya rebut ngarep rebut dhisik, embuh sing bakal diancas

aku ora damang. Hawane saya atis, angine rasane nlusup-nlusup nyusupi pori-porining kulit. Sanadyan aku ora wedi yen masuk angin, aku enggal-enggal mlebu ngomah maneh awit sesuk jam 5.00 wis kudu tangi nggawekke sarapan bocah-bocah.

Bubar ngancing lawang aku terus nusul adhik-adhikku. Atiek wis tekan langit sap pitu ayake. Oroke mblekitik. Ter, ter ... Daksawang adhik-adhikku saka kiwa manengen, dakwalik saka tengen mangiwa, "Oh isih urip kowe Dhik podoan. Emane ... emane wite wis rungkat, kari oyot-oyot Dhikon semu dhewe-dhewe.... Nasib!"

Tujune Atiek saadine urip seneng jroning impen, katandha angler oleh padha turu. Ora weruh yen Mase lagi atawan karuna nadyan cinandhet. Alon-alon aku mapan kiwane Atiek layap-layap less... aku wis mabur bareng karo mega-mega.

Taman Putra, No.11/Th. Ka-8/1962

PERCAYA DHIRI PRIBADI

Mas Kajat

Percaya dhiri pribadi utawa percaya marang awake dhewe iku perlu. Mungguh gunane akeh banget. Kayata sing wis cetha wae yakuwi bisa ngilangake rasa asor lan remeh. Nanging uga ora njur kumalungkung adigang adigung. Ngertiku menawa percaya dhiri pribadi iku akeh paedahe ya lagi wae, wiwit aku ana ing klas enem sekolah rakyat. Dadi ora wiwit cilik mula. Saploke aku ngancik ing tataran sing dhuwur dhewe ing sekolah rakyat, atiku tansah dhag, dhig, dhug, yen ngelingi ujian sing dakadhepi. Luwih-luwih bareng ujianku wis saya cedhak. Nalika samana aku kerep ngeling-eling pengalaman-pengalamanku sing wis kelakon. Kabeh pengalaman dakanggep minangka guruku sing becik dhewe. Dene semboyan-semboyan sing nganti daktulis, dakwaca saben dina murih semangatku sinau saya tambah yakuwi: jer basuki mawa bea, *experience is the best teacher* (pamacane *ikspiorions is de best tice*) tegese pengalaman iku guru sing becik dhewe, *all begining is difficult* (pamacane *oll begining is difkelt*) tegese samubarang kawitan iku angel, *time is duty* (pamacane *taim is juti*) tegese wektu kuwi kewajiban, *slowly but sure* (pamacane *sloule bat sue*) tegese gremet-gremet nanging slamet.

Anane aku ngerti marang semboyan-semboyan mau ya mung marga krungu-krungu yen mbeneri sedulur-sedulurku ngapalake pasinaone basa Inggris. Jalarane aku nduweni kapercayan yen semboyan-semboyan mau pancen becik, amarga ngelingi lelakon-lelakonku sing wis kepungkur. Aku tansah kelingan nalika aku sepisanan sinau umbah-ubah ngumbahi sandhanganku dhewe. Kawitan pancen ya angel, ngrekasa lan ora bisa resik. Nanging suwe-suwe bareng wis kulina, jebul ya ora angel. Malah sawuse aku ngerti yen mareming ati mono ora kaya yen ngundhuh wohe pangujine dhewe, aku banjur saya seneng ngrampungake kewajiban-kewajibanku, ora sarana pitulunganing liyan. Marga tumemenku, kaleksanan aku bisa ngumbahi sandhanganku kanthi resik. Adhedhasar pengalaman, aku njur ngerti carane ngumbahi penganggo sing berwarna barang. Yakuwi yen sandhangan mau berwarna, pamepene kudu ana papan sing rada eyub lan yen wis garing kudu enggal dientas. Dene carane ngumbah sarung bathik, prayogane nganggo lerak, kareben ora enggal masem. Ing pamulangan atiku tansah seneng yen nyawang penganggonku katon resik

setlikan apik. Luwih-luwih yen ngelingi menawa resik lan apiking setlikan mau marga saka tanganku dhewe, atiku saya mundhak marem.

Sawuse aku nampa ayahan nyukupi kebutuhanku dhewe yakuwi ngumbahi sandhanganku, aku njur nampa ayahan liyane, yaiku sinau numpak sepedhah. Mungguh rekasane anggonku ajar sepedhah mono ya ora beda karo nalika aku sinau umbah-ubah biyen. Saben sore genti-genten karo kanca-kancaku surung-sinurung. Yen pinudju mlangkring ana sepedhah njur disurung, pancen ya kepenak. Nanging kosok baline, yen pinuju kudu nyurung, aduh rekasane ora jamak. Bareng aku sak kanca wis padha bisa, maremkku ora karuwan. Saben nglencer bebarengan mesthi padha sepedhahan.

Ngenani pasinaonku ing pamulangan, aku tansah ngati-ati. Kabeh wulangan daksinau kanthi tumemen. Mbaka sithik dakngertekake nganti ngerti. Aku yen sinau ora kesusu. Nanging ya ora njur nguler kambang mung trima alon-alonan, sak titahe. Yen pinuju diterangake ing mangka aku durung ngerti, aku mesthi nyuwun pirsapa bapak guru. Jer bapak guru ya wis ngendika, yen sapa sing wegah takon bakal keblasuk ing dalan sing tembung basa Indonesia segan bertanya sesat di jalan. Yen ana wektu sela, mesthi dakanggo maca. Jalaran ngelingi yen maca iku margane golek tambah sesurupan. Unen-unen ya wis ngandhakake yen wektu iku kudu isi kewajiban. Ing mangka golek tambah sesurupan mono iya kalebu kewajiban.

Mula wis wajib yen aku kudu ngudi pakulinan dhemen maca. Murih saya tambah sesurupanku. Tekaning dina-dina ujian, ing panggonan ujian sadurunge diparengake nggarap, aku mesthi meneng dhisik, perlu nentremake ati, kareben ora dredheg. Ing batin aku mung percaya yen aku bakal bisa nggarap ora beda karo kanca-kancaku, janji aku gelem mikir temenan. Bareng wiwit diparingake nggarap, kabeh soal enggal-enggal dakwaca. Ngendi sing gampang daktengeri. Sawuse dakwaca kabeh lagi dakwiwiti nggarap. Panggarapku daksangkani saka soal sing gampang dhewe. Anggonku nindakake kanthi tliti lan ngati-ati. Yen wis rampung, aku orang enggal metu. Garapanku daktliti maneh nganti marambah-rambah. Nganti ana tandha bubaraku lagi metu.

Ya sarana rasa percaya dhiri pribadi kuwi mau, aku bisa klakon klebu ing SMP Negeri, bisa nduweni pakulinan sing becik, lan ora nduweni rasa asor lan remeh.

Taman Putra, No.12/Th. Ka-8/1962

YEN MANGSA PANEN

Soemodijonodwisantoso

Angine wiwit sumribit saka kidul, mratandhani yen mangsa rendheng wis kawuri. Hawane adhem panas gawe awak kemriyang, lan lumrahe angger mangsa ngene iki, mangsa pancaroba, akeh wong lara influenza. Wong-wong ing desaku wis ora sambat-sambat maneh, wis ora bingung apa sing diliwet sesuk, marga parine wis padha wayahe ngeneni. Sing ora duwe sawah padha dikongkon ani-ani nggone tangga-tanggane utawa dulur dulare, lan kala-kala melu derep nggone wong kang nderepake. Katone padha seneng-seneng, lan bocah-bocah cilik wetenge tansah kanton minthi-minthi, lan yen wayah sore dhong rembulane moblong, bocah-bocah mau padha dolanan ing plataran, ing ratan, manut kasenengane dhewe-dhewe. Bocah-bocah sing wis rada agal yen awan dha menyang sawah, salong ana sing sekolah nyang kutha, yen sore sadurunge sinau lan turu bocah-bocah mau padha pit-pitan ngetan ngulon; kala-kala ya jejagongan ana ing ratan, nggrombol, ngrembug, warna-warna bab.

O, penake dadi bocah ndesa. Aku iki, uga klebu ing antarane bocah-bocah iku, kang saben awan menyang sawah. Mitra ana crita sapala, critane bocah ndesa ing wayah panen.

Awan iku dinane apa, embuh, aku gak pati eling karo dina, aku metu nggawa pikulan lancip, ani-ani, karo arit. Karepku, mengko sawise oleh pari, damene njur dakbabadi, terus dakpikul sisihan, sisih pari, sisih damen kanggo pakan sapi. Lakuku dakrikatake, kedayo rasa seneng, jer pegaweyan iku pancen dadi kasenenganku. Nggeblas ninggalake padesan, aku nurut galengan ing sapinggire sawahku. Oh, endahe ... pari jero ijo royo-royo, lan wulune putih mublak, lagi wayah abyak. Aku kelingan sawetara sasi kepungkur, yen pari iku aku dhewe sing matun, dakbubuti sukete, kala-kala dakteraki nganggo landhak. Aku seneng nalika semana, lan saiki aku luwih seneng maneh bareng weruh uwohe landhung-landhung, woh ndhemenake.

Ing kadohan katon pariku liyane kang kuning mbrining. Ya pari kae arep dakeneni. Pari gundhul, alias ora duwe wulu. Wong-wong nggonku yen ngarani Srigadis.

“E, sapa kae? Abang-abang ngingeti kene? O.... iya. Kae rak Mbak Har.

Ganepe Harminah. Kok ya gelem nyang sawah ya? Mangka sekolahe wae wis Es Em Aa. Klas 3. Dinane apa ta iki, kok dhek-e nyang omah? Apa prei?" mengkonono gremenganku dhewekan.

Lakuku saya cedhak karo papan sing dakparani. Wetane pariku kang kuning iku, pancen sawahe Pak Astra, ya sing kagungan putra putri Mbak Harminah kuwi. Senajan sawahe dengked ning omahe adoh gange.

Saya cedhak, saya cedhak....

"Lho, kaya Mbak Har!"

"Lho, kaya Dhik Sum!" dhek-e noleh karo mesem.

"Kok njanur gunung ta Mbak?"

"Biyasa Dhik, cah ndesa, nyang ndesa arep apa maneh."

"Apa prei ta Mbak?"

"Ora ki, ki rak Minggu ta Dhik?"

"O, ki Minggu ta? Aku pancen lalen Mbak karo dina. Biyasane, nek Minggu kok gak kondur ta Mbak?"

"Sesuk prei?"

"Prei apa ki?"

"Idul Adha, apa ngono."

"Mungguhna apa besaran?"

"He-ch."

Aku wiwit ani-ani. Cedhak banget karo Mbak Har, mung keletan galengan.

"Gak panas Mbak, nyang sawah?"

"Hlah, Dhik Sum ki kok ana-ana wae."

"Biyen ya genah kancane tunggu ngono lho!"

"Tunggu jagung kae ta?"

"Lha iya!"

Aku ngguyu, kana iya. Aku kelingan dhek jamane semana. Mbak Har, biyen aku nek nyeluk ya mung Nah, ngono ae, pancen kancaku tunggu jagung. Angger ngubengi jagunge mesthi karo nggandhang: "Kembang jagung putik cina, olok oloooooouk. Barang kadhung dikapakna, olok oloooooouk." Aku mesem. Daktoleh, Mbak Har ngingeti aku.

“Nyang apa Dhik, kok ngguyu?”

“Ora apa-apa kok. Mung kelingan jamane semana.”

Ing galenganing kalenan ana wong liwat. Wong wadon ya nggendong pari. Ngingeti mbak Har, nuli alok-alok.

“Dhik Har, nek ireng loo!”

“Halllllaaaaah, ireng ya been. Pancen mang mula ya wis ireng wae lo,” ngono wangsulane karo ngguyu. Ah manise! Pancen bocah-bocah pelajar ing desaku nek ngarani Mbak Har kuwi kok “Blek suwit” ngono. Ning aku gak ngerti, apa karepe tembung itu.

“Kuwi pari apa mbak?”

“Ngendikane bapak, pari Ramaja, apa ngono?!”

“Lha iku pari apa Dhik?”

“Srigadis”

“Segane ya atos?”

“He-eh ki!”

“O, nek ngono ya tunggale.”

Sauntara iku, daksawang Mbak Har wis oleh rong unthil. Aku lagi oleh patang tekem. Sajake Mbak Har wis ora ani-ani maneh, katandha mung wira wiri ana galengan.

“Aku arep bali Dhik!”

“Kok kesusu ta Mbak? Gak ngenteni surup no?”

“Ora Dhik, sing momong gak enek kok.”

“Lha mangga, nek kondur; aku mengko-mengko dhisik.”

“Nek lodhang, mbok ya dolan-dolan rana ta Dhik!”

“Si-in Mbak!”

“Lha, isin karo sapa?”

“Ya karo sapa no!” Mbak Har ngguyu krungu wangsulanku.

Mbak Har nggendhong pari rong unting, daksawang wae olehe mlaku. Ah...bocah desa, sing arang-arang nyang desa. Srawunge sing mesthi, karo bocah-bocah kutha, wong ya mondhok terus. Ewosemono ora lali karo kebiasaan ndesa. Sapa sing nyana, yen atase pelajar SMA klas 3 kok ya gelem

njeplok-njeplok, ani-ani ing sawah. Lumrahe malah kemayu. Pancen Mbak Har pantes ditiru.

Lembehane mung tangan tengen, sengklek-sengklek. Bareng wis rada adoh, dheweke noleh. Aku ethok-ethok ora weruh, terus ndhingkluk ani-ani maneh.

Taman Putra, No.13/Th. Ka-8/1962

WENGI KANG WIGATI

Adi Wn

Jam 8 aku wis ngantuk, embuh ora ngerti wong biyasane jam 9 durung ngantuk. Mangka pasinaonku ya akeh. Dakkuwat-kuwatna angonku terus-terusan. Mripatku wis ora kuat melek maneh. Maca, sing dakwaca ora bisa mlebu babar pisan.

“Lho, wis ngantuk ta Win,” ngendikane simbah kang ndadekake kagetku. Simbah weruh theklak thekluke sirahku.

“Inggih Mbah,” wangsulanku.

“Lha yen turu, ya wis kana.”

“Wah, pasinaon kathah Mbah, mangke kemawon sekedhap malih. Dipun kiyat-kiyataken.”

Aku banjur terus sinau nguwat-nguwatake. Wong pancen sing kudu disinau kanggo sesuk akeh. Sethithik-thithik yen disinau rata.

“Win,” pengundange simbah.

“Dalem Mbah.”

“Lerena ta dhisik kene lungguha cedhak simbah dakkandhani. Ngantukmu ben ilang. Mengko yen wis, sinau maneh.”

Aku marani simbah, lungguh ana ngarepane. Embuh ora ngerti arep apa.

“Win, kowe wis klas pira ta?”

“Sampun klas kalih.”

“Mlebu apa kowe?”

“Mlebet SMP.”

“Ya wis, jajal rungokno si Mbah.”

Aku banjur mapan kepenak arep ngrungokake apa sing arep dingendikakake si mbah. Ngantukku wis rada suda.

“Win, si mbah ngerti menawa bocah-bocah sekolah iku ora pisah saka enggone sinau supaya pinter lan bisa nggayuh apa sing dadi cita-citane. Semono uga simbah ngira ing atase awakmu. Gandheng karo iku si mbah

arep menehi apa-apa sethithik kanggo kowe sing gandheng karo pasinaonan. Si mbah ngomong iki iya dhedhasar apa kang dilakoni si mbah biyen nalika isih sekolah kaya kowe ngene.

Sabanjure si mbah ngendika supaya sinau ing saben ana wektu kang lowong. Iki yen dilakoni saben-saben menawa ana wektu lowong ndadekake biyasa. Terus bisa spontan yen ana wektu lowong katimbang dolanan utawa nganggur banjur sinau.

Yen sinau aja ditundha-tundha. Gandheng karo nomer siji tegese yen ana wektu aja dibuwang wae, dupeh sesuk prei. Aja! Kowe mesthi wis tau krungu paribasan sing surasane mengkene: aja ditundha-tundha (diendhe-endhe) nganti sesuk apa sing bisa kok lakoni saiki.

Yen sinau aja yen arep ulangan wae. Pengetahuan sing kok sinau klawan mengkene iki sedhela wae ilang. Ulangan rampung wis lali maneh. Rekasa mbesuk yen ujian.

Aja sinau pelajaran sadhelan wae. Gampang laline, awit semono akehe dilebokake pikiran bareng. Dadi ya angel. Sing becik dicicil aja diimbu-imbu. Kowe sinau seminggu umpamane, sinau ping 5 sak sinaonan 2 jam – luwih hasil katimbang kowe sinau ping 2 sak sinaonan 5 jam. Senajan ta asile padha 10 jam.

Yen sinau aja ngotot nemen-nemen. Aja nganti bengi-bengi. Yen krasa ngantuk banjur diturokake kaya kowe iki mau. Percuma kowe sinau kaya iki, ora bisa hasil utawa mlebu.

Yen bisa gawea “kumpulan sinau” ing antarane kancamu. Akeh asile. Yen ora bisa, takon marang kanca sing bisa rasane luwih penak, ora sungkan utawa isin kaya yen takon menyang guru utawa wong tuwa.

Lha yen kowe, wektu kanggo sinau rasane kurang, aja kaya saiki mau, aja. Yen bisa utawa iki bisak-bisakna tangi ing wayah esuk antarane jam 04.3—06.00, awit wektu iki apik, seger. Wektu iki apik banget kanggo sinau, kanggo ngapalake. Sing disinau gampang mlebu. Aku percaya iki akeh kang durung weruh, coba mengko jajalen kowe weruh dhewe.

“Lan minangka kanggo pungkasan kang iya perlu yaiku kudu ana selingan-selingan utawa hiburan-hiburan kang teratur. Kaya ta olah raga, yen malem minggu mlaku-mlaku; nanging iki menawa sing dhisik-dhisik mau kok lakoni, lan liya-liyane. Wis cukup semene wae, yen pancen kowe karep lan nggatekna

sarta nglakoni temenan wis mesthi terang asile. Kana saiki terusna sinaumu, wis ilang apa durung ngantukmu? Nanging aja bengi-bengi.”

“Inggih, sampun mboten ngantuk kok. Matur nuwun sanget Mbah.”

“Iya wis kana.”

Aku banjur ngadeg arep sinau maneh. Aku nyandhak buku terus....

Gragap..., aku tangi saka anggonku turu amarga kaget adhikku sing cilik nangis. Dina wis para esuk. Nanging, aku ora bisa terus tangi. Isih eling-elingan impenku mau. Sing dakimpekna kok kaya-kaya ilham temenan. Bisa terang lan dakelingi. Wiwit wiwitan nganti pungkasan kang dadi wewarah sinau.

Lha sing dadi pikiran maneh, yaiku sing menehi pitutur kok si mbahku. Mangka sajrone aku urip ana ndonya durung tau weruh si mbah. Awit aku durung lair simbah wis seda. Lha kok mau bengi ngimpi ketemu si mbah kathik menehi pitutur pisan. Pitutur sing apik lan sajak tepat temen.

Aku rumangsa nemu kabegjan ing bengi iki. Bengi kang wigati tumrapku. Mbokmenawa kanggo kanca-kanca semono uga.

Apa impenku arep dakjajal daklakoni. Yen dipikir-pikir pancen iya.

Aku banjur tangi.

Taman Putra, No.13/Th. Ka-8/1962

MBELANI NUSA BANGSA

Tutty W. Handajani

Wektune isih durung pati awan, lagi jam sanga telung puluh, nanging dheweke wis ana omah malah wiwit jam pitu kliwat sithik wis bali awit kebeneran nalika semana ora ana pasinaon. Harmono, siswa tingkat siji ing kutha iki, lungguh ana kursi ngadhepake meja ana jero kamar pasinaone ukuran papat-nem, mawa laburan ijo maya-maya ing temboke cumanthel foto kulawarga lan gambar bango golek pangan ing tengah sawah kang digawe saka pring. Senajan ora ana tambahan apa-apa nanging katone asri ngresepake. Sedherhana nanging endah.

Layang *expres* kang ditampa mau esuk jam wolu saiki diwaca maneh. Pengirimane cetha tinulis Eko Praptomo, Jakarta. Kertase putih, amplope putih tulisane racak kaya-kaya nandhakake sucining atine.

Dhik Har, aku kudu ninggalake Pangkalan kanggo sawetara wektu. Budhalku nggawa tugas. Pangestumu lan pengestune kanca-kanca muga aku sakanca tansah winantu ing karaharjan lan ayo memuji muga ing taun iki uga Irian Barat bali nyang pangkoning Ibu Pertiwi. Bumi wutah rahmu lan rahku Indonesia.

Harmono mandheg olehe maca, pikirane nglangut. Kelingan nalika biyen isih sianu ing SMP Negeri Bojonegoro, Eko Praptomo kancane saklas. Bubar ujian sekarone pisah. Eko ditampa ana Panasanan Solo banjur nerusake pasinaone nyang India. Taun sewidak loro kekarone lagi bisa ketemu.

Katon cetha maneh wewayangane Eko nalika padha disetrap bebarengan kanca liyane awit ora nggarap *pekerjaan rumah*. Kabeh kelingan cetha wela-wela. Kaya kedadeyan taun-taun sangisore seket wolu saiki wewentehan ana ndhuwur kertas.

“Dhik Har, aku ngerti tugasku ora entheng, nanging bakal daktampa kanthi seneng lan kemantebaning atiku.”

Nyat kelingan maneh kedadeyan-kedadeyan sing tau dirungu. Kahanan ing tanah wutah gethihe sing isih jinarah-rayah dening Walanda. Kaya ngapa abote, kaya ngapa rekasane. Kahanan kang ora samesthine ditindakake dening umating Gusti kang tresna ing karukunan. Harmono nggetem.

“Dhik, sedhela maneh yen kanca-kancamu mengeti pahargyan agung 17 Agustus nganggo clana putih, kaya biyen nalika awake dhewe melu pawai ing SMP, semono uga aku sekanca arep nganggo seragam ijo kanthi rasa tanggung jawab ngayahi tugas ngiras ngantien dhawuh kang pungkasan.”

Harmono kelingan maneh nalika perayaan 17 Agustus ing kuthane. Eko baris ana ngarep dhewe (awit klebu bocah dhuwur) lan kelingan uga menawa sekolahane kalah.

“Kang pungkasan ayo padha memuji kanthi percaya menawa sadurunge taun suwidak telu awake dhewe wis ketemu. Ora kliwatan yen bali nyang Bojonegoro sumbah sungkemku caoske Bapak-Ibu Guru ing SR VI lan ing SMP Negeri.

Layang ditutup alon-alon kanthi rasa sedhik nanging mongkog. Sedhik dene dheweke bakal pisah karo Eko Praptono senajan mung sedhela, mongkog awit Eko kancane biyen, saiki wis duwe rasa tanggung jawab mbelani nusa bangsa kang patut dianut dening putra-putri bangsa.

Taman Putra, No.14/Th. Ka-8/1962

LAGU ING DESA

Sarwanto

Senajan hawane isih adhem lan srengenge durung katon cahyane, ing dalan ngarep omahku wis keprungu suwara tumapaking sikil kebo kang digelak menyang sawah. Aku tangi saka ambenku, mbukak lawang alon-alon kepengin ngerti sapa sing liwat iku, ing sela-selaning pepeteng katon jenggerenging bocah kang ngliga tanpa klambi nyekel pecut lan lungguh ing gegering kebo sinambi ura-ura lirih lagu pocung macapat. Aku ora pangling dheweke iku Darwan, anake mbok Karta kang tunggal desa karo aku. Pawakane kuru nanging otot-otote katon kiyeng nandhakake yen dheweke tansah wekel ing gawe. Mripatku tansah ngetutake lakune kang katon sajak ayem. Kanthi ora dakngerteni pikiranku nglambrang metani lelakon kang wis, kang wayu ing dina.

Wayah sore nalika aku mulih saka dolan, aku weruh dheweke lagi angon ana ing lapangan. Dheweke lungguh ing watu gedhe kanthi sangga uwang. Wedhuse diumbar nyengguti suket lan arite gumlethak ing sisihe. Mripate anteng nyawang kranjang suket kang dumunung ana ing ngarepe. Dene ing tengahing lapangan kang jembar iku keprungu suwara surake bocah-bocah angon kang lagi padha bal-balan nganggo uwel-uwelan gombal lan klaras kang dientra bal. Darwan bocah kang lungguh watu gedhe iku babar pisan ora ngrewes marang polahe kanca-kancane, siraha malah tumungkul kaya-kaya ana kang lagi dirasakake.

Pitku dakendhegake, aku mudhun lan kanthi alon-alon marani prenahe anggone lungguh.

“Wan...,” panyapaku.

Dheweke sajak kaget banjur noleh nyawang aku. Mripate abang lan rada pendul aku ngira dheweke mentas nangis.

“Ora melu bal-balan ta Wan?” Panyapaku dakbaleni.

“Ah ora Mas, awakku rada ora kepenak kok,” wangsulane kanthi mesem.

“Geneya, apa masuk angin?” pitakonku.

“Mbokmanawa Mas...,” wangsulane kanthi tumungkul suwarane abot sajak ora prasaja.

“Kepriye ujianmu rak lulus ta?” aku ngenggokake rembug.

“Pangestumu Mas najan bijine rada mepet.”

“Nerusake menyang ngendi Wan bakale?”

“Nerusake...ah,” wangsulane kanthi ambegan jero. Sirahe saya tumungkul polatane surem. Tumetesing luh ora bisa nggorohi maneh manawa dheweke lagi nandhang susah.

Aku lungguh ing sandhinge lan alon-alon takon, “Kena apa Wan, teka sajak sedhah polatanmu?”

“O, Mas wong nandhang sangsara kaya awakku?”

“Apa jalarane...coba critakna aku kepengin mangerteni.”

“Ah Mas, critaku mung gawe sedhahmu wae....”

“Ora apa-apa Wan, wis ta gek enggal....”

“Iya ta Mas yen kowe sudi ngrungoke”

“Mesthi Wan...mesthi dakrungokake....”

Dheweke ngusapi eluhe kang isih kemembeng ana ing mripate lan banjur wiwit crita.

“Nalika dina pengumuman ujian teka, kanthi ati kang dheg-dhegan aku mangkat menyang Sragen lan terus njujug ana ing sekolahan. Ing kana wis akeh bocah-bocah kang nglumpuk ngadhep blabag kang ngemot nomer-nomer ujiane sing padha lulus. Mripatku tanpa kedhep nlihi nomer mbaka siji wasana...wah kaya apa bungahku bareng mripatku weruh angka ujian cetha tinulis ing blabag. Nanging, aku durung percaya mas, aku nyedhak maneh perlu nyatakake. Bareng wis cetha panduluku, aku age-age bali mulih selak pengin crita marang simbok lan adhik-adhikku. Dina iku aku ora duwe ulat peteng lan wong saomah iya padha melu bungah.”

“Wis lulus banjur mbacutake menyang ngendi, Wan?”

Mangkono pitakone simbok nalika bubar mangan sore. Dene adhik-adhikku wis padha mapan turu.

“Anu mbok, menyang SGA wae yen wis lulus terus bisa dadi guru.” Wangsulanku manteb.

“Nganggo wragad maneh Wan?” simbok takon maneh.

“O, iya mbok iku wis mesthi, malah kapara rada akeh.”

“Gek pirang taun kuwi Wan?”

“Patang taun Mbok.”

“Suwe temen Wan...,” kandhane simbok kanthi suwara alot.

Aku ora ngerti apa kang dikarepake lan daksawang simbok katon peteng polatane.

“Apa karepmu Mbok?” pitakonku alon.

“Suwe temen anggonku bakal nragadi kowe...” Simbok ora mbacutake rembuge lan katon kekembeng eluh.

Aku ora mentala nyawang kasedhiane simbok, kanthi alon aku nerangake.

“Wektu samono ora suwe, Mbok, gegayuhan ora ngetungake wektu najan suwea dikaya ngapa aku tetep bakal ngleksanani apa kang dadi krenteging atiku.”

“Kabeh kandhamu bener Wan, malah watak kaya mangkono mau kudu diduweni dening para mudha. Nanging, ngelingana Wan coba pikiren kahanane adhi-adhimu, adhimu akeh lan uga mbutuhake pengajaran lan kabeh mau mbutuhake wragad. Saliyane iku uripe dhewe iku mung gumantung saka wulu wetune lemah kang ora sepiraa. Gek saka ngendi wetune dhuwit kang bakal kanggo nragadi kowe lan adhik-adhikmu. Apa kowe tegel nyawang kasangsarane embokmu iki Wan. Yen kowe manut kandhaku, mbokmanawa cukup samono wae anggonmu ngangsu kawruh Wan, mesakna adhi-adhimu sing isih cilik...” Mangkono kandhane simbok dikantheni tumetesing eluh kang metu saka tuing kasedhihan.

Aku ora bisa mangsuli apa-apa mung njegreg kaya reca. Aku ora kuwat ngadhepi kasedhihan ing wektu iku. Pikiranku nglangut adoh kelingan lelakon kang wis kapungkur. Nalika panen parine akeh kang gabug kagawa saka ama walang sangit. Saiki sawahe wis kudu wiwit digarap nanging aku ora duwe wluku lan sapisan wis kaedol dhek emben kanggo nutupi butuh. Kepeksa aku kudu nggarap nganggo pacul. Embuh yen sesuk-sesuk disilihi tangga. Ah... upama bapak isih...bapak kang ngurusi aku sakulawarga. Atiku kaya rinujit-rinujit. Eluhku dleweran turut pipi. Aku nangis mas...nangisi pepesthening awakku.

Simbok sajak ora tegel nyawang polatanku lan banjur nglipur, “Wis Wan ora susah nangis, kowe wis gedhe. Wis pesthine uripe dhewe kudu kaya mangkene. Kowe kudu dadi wakile bapakmu kang wis ndhisiki sowan ing ngarsane Pangeran. Saiki aku mung kari ngenteni keputusanmu gelem apa ora manut apa kang dadi kandhaku. Pikiren sing jero Wan lan rasakna nganggo alusing pangrasamu.”

“Iya mbok...dakpikire dhisik.”

Aku mengsuli cekak lan terus menyat saka kursi. Awakku dakebrukake ing amben. Suwara kumrataging amben ora dakrungu. Raiku ungkep-ungkep ing bantal lan eluhku saya deres metune. Pikiranku ora karu-karuwan. Aku kudu wani kurban kanggo kepentinganane embok lan adhik-adhikku. Aku kudu nibakake keputusan....uripe adhik-adhikku gumantung saka tanganku. Yen kelingan kaya mangkono atiku sakala teteg lan manteb. Ya iki dalan kang kudu daktempuh. Nanging, gek kepriye mbesuke. Kanca-kancaku saiki bakal dadi guru, pegawai lan liya-liyane....lha aku...nalangsa banget kaya-kaya kawetu tembungku.

“Ora mbok, aku kudu mbacutake sekolah, embuh kahanan omah aku ora ngerti...aku kudu mbacutake kudu...kudu.”

Nanging...ah mripatku ora merem, atiku ora kejem. Apa aku bakal tega nyawang rekasane wong tuwaku. Eluhku tansah milih metu kaya ilining kasedhihanku kang tansah nunga.

“O, Wan dalan gegayuhan ora mung siji. Gusti Allah tansah maringi pepadhang marang umate. Ora usah kok pikir dawa-dawa. Antebna tekadmu, sumujuda marang penguwasane Gusti kang Maha Welas”

Keprungu suwara penglipure embok nalika ndeleng anggonku turon tansah glebagan. O, simbok nyata luhur bebudene lan tansah tresna marang aku. Aku age-age tangi lan terus ngrungkepi pangkone embok.

“O, Mbok aku bakal ngleksanani apa kang dadi kandhamu. Aku wis manteb tenan Mbok.” Mangkono gunemku nutup sakabehing pikiranku kang tanpa teba. Simbok katon bingar lan tangane ngelus-elus rambutku.

“O, anakku muga-muga Gusti tansah paring pepadhang marang kowe.”

“Wiwit iku aku banjur medhot gegayuhanku. Aku ora mbacutake sekolah mas, trima nyambutgawe ana sawah....”

“Goal...” keprungu suwarane bocah-bocah kang lagi bal-balan padha surak-

surak bungah. Darwan mandheg anggone crita. Gumuyune bocah-bocah cilik disawang kanthi ulat ngemu panalangsa. Lan siraha tumungkul maneh kanthi lemes. O, Darwan, bocah semono teka wis nyandhang pait getiring urip.

Lamunanku mandheg tekan semono amarga keprungu kluruking jago kang mlangkring ana pager ngarep omah. Kanthi aras-arasen aku mlebu ngomah njupuk andhuk terus adus menyang sumur. Lamat-lamat keprungu suwaraning tembang kang dilagokake dening bocah angon. Gendhingane Maskumambang kang gawe anglesing ati.

Kambang-kambang rasane dadi wong miskin.

Omah mung sajuga

Payon atep gedheg epring,

Moyag mayig wus meh rebah

Taman Putra, No.14/Th. Ka-8/1962

“Ya Mbak, biyasane kaya ngono. Saben wis ana kutha gedhe wegah bali nyang kampunge tur lali karo kancane lawas.”

Ngendikane Dhik Yati alon nanging mantep, nandhakake jiwane kang kebak rasa tanggung jawab marang sakabehing apa kang diucapake. Langit sisih kulon katon abang sumringah, senajan sakiwa tengene isih katon sesawangan putuh semu biri.

“Ning aku ora lali je Dhik, malah saben libur pengen bali.”

“Ah endi tahu bali,” sambunge Dhik Imah karo ngresiki sikile kang teles kasempyok ombak.

Aku ora bisa mangsuli awit nyatane wangsulane Dhik Imah mau bener. Aku arang bali, lha piye bisane bali. Karcise sepur angel, tur larang. Kabeh sarwa angel, mangka bocah sekolah saiki nyangga kabutuhan kang abot. Rega buku larang, rega potlot larang. Nganti sok ana sing metu sekolahe awit kedheseg reregan.

“Ayo mbak Tut ngalamun,” aloke Dhik Hari.

“Ah.....ora Dhik, wong nyawang kapal arep minggir. Kae ta apike.” Wangsulanku kaget, karo nudingi kapal cilik.

Aku bocah papat bali. Srengengene wis meh ilang, angslup. Ning sesuk mesthi bakal metu maneh saka sisih wetan kanthi lelakon anyar.

Mesthine lelakone luwih endah lan luwih edi. Nanging, saiki isih lagi sarjoning lelamunan.

Taman Putra, No.15/Th. Ka-8/1962

NGANCUT LAN WETENG

Nus

Pancen tembung camboran tugelan ki kala-kala bisa mbenthetke weteng. Dinane Jemuah jam wekasan. Pak guru rikala samana nerangake tembung camboran tugelan. Conto-contone biyasa, lumrah ora patia ngguyokake: tepas-titip napas, kotang-sikute diutang lan sawatara maneh. Nanging, bareng bocah-bocah didhawuhi gawe conto siji-siji,urut saka pojok mesthi wae ana siji loro sing ndadak mikir-mikir. Wong kawruhe saben bocah mono iya beda-beda. Ana uga sing wis duwe apalan. Ana sing ndadak ngarang; ana uga sing buk-buk tenan ora bisa gawe.

Lha iya sing ngarang dhewe lan lagi kaprungu sepisan iku sing adate ngatosake weteng tenan. Ndilalah tekan gilirane, yaiku Ponijan. Ha iya bocah seneng mbanyol mono. Rumangsaku angger muni satembung eee...ha kok ya lucuuuuu...ngono! Nek sing muni kuwi aku, dakkira akeh ora lucune.

“Simin mau nggegem ngancut karo ngapeki weteng,” mangkono Ponijan nyambung sandhinge bareng oleh giliran conto. Anggone nyambung kuwi ndilalaha wae kok iya nyleneh ndadak digawe ukara.

Gerrr...suwarane bocah saklas. Aku wong ora mudheng karepe ngancut lan ngampeki weteng sakala aku iya melu kepingkel-pingkel. Ngadiya sing lungguhe prenah kiwaku nganti nangis saking kemekelene. (Nangis mbrebes lho!) Saya Timinah dhasare bocah sugih guyu anggone ngguyu nganti mung mangap-mangap karo mijeti wetenge lan malah banjur mlorot ndheprok menyang ngisor bangku. Jan dipol-polake tenan anggone padha ngguyu. Pak guru sing maune lenggahan ana kursi, bareng midhanget tembung ngancut lan ngampeki weteng banjur jumeneng lan uga ora bisa ngampet gujenge karo nyedhaki Ponijan. Ponijan mung gluwah-gluweh wae. *Memanas* tenan! Cedhaka dakcethot, batin atiku. Ning mesthi wae nyethot seneng. Sirahe Ponijan nyujeg-ujeg pak guru.

“Pancen bocah lucu kowe Jan.” Ngendikane karo gumujeng lan gedheg-gedheg. Nonton kahanan mangkono iku malah kaya disebut anggone ngetokake guyu cah-cah.

“Wis cah...wis ngguyune wis cukup. Saiki dirungokake keterangane

Ponijan. Kepriye kok ngancut lan weteng. Kok nganti wetengku melu atos.” Mengkono ngendikane pak guru karo bali menyang ngarep klas.

Nanging, bocah-bocah isih angel diendhakake. Bola bali pak guru ngenangake, nanging wangkal. Saking judheg kira-kira wae, nuli ngasta pengapus karo nuthuk blabag thok, thok, thok, “Meneng! Wis, meneng! Mengko maneh anggone ngguyu ditikeli ana dalan.”

Let sauntara bareng meneng, pak guru banjur ndhawuhake supaya Ponijan negesi.

“Anu...ngancut niku dipangan kecut, nika lhe asem. Wau Simin nggegem asem kalih ngampeki dhuwet mateng,” saure klemak-klemek ngatoske udel.

Suwara pating njegegek pating gleges pating cekikik wis ora kena sinayutan. Pak Rus, cah-cah yen nglonggari. Pancen, aku ngalem guruku, ya Pak Rus, cah-cah yen nyebut. Sabar, pinter momong bocah; tur ya pinter mulang rumangsaku. Nek mulang sejarah...jan...jan kaya iya-iyaa kae. Kersa maringi conto-conto, malah-malah kersa mbeksa barang. Nganti rumangsaku urip-uripa kae sing dicritakake. Saya yen dhong nggambarake peperangan. Kala-kala bocah-bocah nganti kawetu tembunge sokur...sokur yen dhong sing disengiti kalah. Kosok baline yen sing dicritakake iku pahlawan-pahlawan sing tansah ngudi uwal saka blengguning panjajahan, njur pahlawan mau ndilalah diapusi dicekel mungsuh...wah getem-getem tenan. Upama saiki ngono...remeg dinuklir, aloke cah-cah. Saking tresnaku menyang pak guru, angger ora weruh sedina wae krasa kangenku. Luwih maneh nek ndongeng. Dudu padon ta wis. Teka dongenge kuwi olehe akih ki olehe ngendi? Aku ya gumun. Batin-batinku e...mbok suk yen unggah-unggahan aku bisa munggah lan tetepa diasta Pak Rus. Mung nek ora kelegan yen duka mentheleng-mentheleng medeni. Tujune mung tiba mentheleng (amit Pak Rus!)

“Kok pinter kowe Jan,” ngendikane bareng wis lerem, “pancen saiki lagi mangsa asem karo dhuwet. Mula bocah-bocah kabeh wae, welingku wanti-wanti, sing ngati-ati yen memenek. Lola laline tiba, njur kongsi tatu, abot. Tangan apa sikilmu putung. Sapa sing kapitunan? Ora wurung kabeh melu sedhih. Saliyane wong tuwamu lan sedulur-sedulurmu, kancamu iya sedhih. Pak guru ya sedhih ning ya nutuh-nutuh olehe ora nggugu dikandhani. Lan manehe wulanganmu mesthi wae keru katimbang kanca-kanca liyane. Untung yen endang waras. Upama kabacut tekaning tiwas...upama lho iki, awit wis ana kedadeyan, menek, tiba, terus ora let dina tekan patine, sapa sing kelangan?”

Rak wong tuwamu ta?”

“Inggih, Pak!” saurku bebarengan.

“Mula sing ati-ati dakbaleni maneh, yen memenek. Manehe...iki mau enggone guyon rada keladuk duk sethithik. Suk maneh disuda ya! Wektune eman-eman yen entek dianggo guyon. Ngguyu ya kena, lan perlu, mung sauger ora keba....”

“Kebangeten!” grembyeng bareng saklas.

“Lan maneh katimbang bola bali didhawuhi isih kepeksa lalii...terus becik ayo iki nyathet tembang. Olehku nyuplik saka majalah TP. Apik surasane. Embuh sing ngarang aku lali. O iya cah...Sapa ya sing kepengin langganan TP? Murah lho! Sabuku iki regane mung Rp175. Sapa cung, ngacung kepingin?”

Bocah-bocah pating cruwet, pancene kepengin ning arep nembung bapake dhewe-dhewe dhisik yen kersa maringi dhuwit kanggo langganan. Pak guru nayogyani. Sesuk katerangane. Sabanjure panjenengane nuli nyerat tembang ing blabag. Tembange “Gambuh.”

Den gambuh mring putuduh,
tuduh becik kang murih tuwayuh,
sakeh tindak nistha madya lan utami
Becik den yekteni iku,
Amrih tembe tan keblowok

Para siswa sadarum,
lan rowongmu akunen sadulur,
tebihana watak drengki srei cethyl
Kuminter lawan kumingsun,
Sinirik kanca seyektos

Yen winulang gurumu,
jroning kelas aja pijer banjur
jowal-jawil biten saha ngithik-ithik,
guyon ngalamun lan ngantuk,
nora wurung dadya bodho

Bareng rampung nyathet tembang pak guru banjur ngendika, “Bocah-bocah! Sesuk cathetane digawa maneh dakterangake surasane tembang mau

supaya cetha. Awit iki wis awan, lan aja lali sesuk rak Setu ta?”

“Inggih!”

“Hara yen Setu kuwi dina apa?”

“Kangge Hari Krida Pak! Rak estu mbekta pandhan kangge damel tas pak?”

“Iya ngono! Rak wis digodhog ta pandhane?”

“Sampun.”

“Saiki kena tata-tata.”

Gliyak-gliyak, bocah-bocah padha tata-tata. Ora lali pating cruwet.

“Hara...hara! Klas pira kowe?” aloke pak guru.

Cep! Kaya orong-orong kepidak. Bocah-bocah ngrumangsani nek wis klas dhuwur, mula banjur alon-alon, set-set tumata. Uga kelingan welinge pak guru klas dhuwur mono kudu dadi conto klas endhek. Conto sakabehe, sing tumuju kabecikan. Ora grusa-grusu, bedigasan, esang-esong. Becik sing sruwa-sruwi ngresepake, njenengake, maremake, lan ndemenakake. Terkadang setaun luwih. Malah yen ing sajrone setaun isih durung rampung, bisa uga luwih saka iku.

Iki sejatine pitulungan kang gedhe banget. Saka iku, wis samesthine yen sing nyilih mau kudu ngerti, yen dheweke iku kadidene wong nyilih. Wong nyilih mono “ngrampas” sing sah. Mula ya aran wajib njaga utawa ngrumat barang silihan mau. Dijaga aja nganti rusak, aja nganti reged, lan liya-liyane.

Apa ta abote ngrumeksa barange wong, yen awake melu ngrasakake paedahe?

Nyilih majalah maneh. Majalah, wujud wacan kang *habis manis sepah dibuang*.

Nanging, senadyan mengkonono, apa ora tuku?

Akeh bocah kang nyilih majalah. Dumeh sing duwe wis bar maca njur ora dibalek-balekake. Nggenteni diparani, utawa yen ora ngono, baline wis ora kaya budhale.

Lha piye? Embuh.

Taman Putra, No.16/Th. Ka-8/1962

PENGALAMAN KANG TANSAH DAKELING-ELING

Nawang Retno

“Yuk, Yuk, Yayuk.”

“Ana apa Atiek, kok sajak ana perlu kang wigati.”

“Pancen Yuk. Mreneya ta. Aku takon ya? Yuk, Yuk, suk emben iku rak tanggal 22 ya?”

“Iya. Nang apa ta?”

“Ora apa-apa. Mung kepingin ngerti. Rak dina pangetane para Ibu ta Yuk ing tanggal 22 Desember iki?”

“Iya, sajake kok dipikir temenan ngono. Apa kowe arep nganakake pista dhewe Atiek, ing Asrama Putri kene?”

“Ora. Aku iki lo kok kelingan yen aku durung tuku apa-apa. Gek kepriye ta, wong saiki wis tanggal 20 ngene. Sejatine dhuwite ya wis ana. Sithik-sithik dikumpulake. Iku lo Yuk dhuwit sing kanggo jajan daksingitake. Mulane wis rong wulan iki aku ora nate jajan yen ora perlu banget.”

“Mengko dhisik ta Atiek. Sing kok karepake durung tuku apa-apa kuwi apa wae ta, lan arep kanggo apa? Wong arep tanggal 22 wae kok bingung karepmu dhewe.”

“Huss! Iya kowe mono ora nate nggatekake bab-bab sing sajak remeh, malah penting banget. Awit yen kowe tansah eling marang wong tuwane tanggal 22 Desember, mesthi kowe tansah eling marang wong tuwa marang ibumu Yuk. Kowe bakal ngelingi sepira abote lan tanggél jawabe marang kowe lan sateruse tambah kandel katresnanmu marang ibu uga bektimu.”

“Karepku mono Yuk, aku ya melu mengeti dina keramat tumrap para ibu iki. Nanging Yuk, jaritku durung dakwiru kebakaku durung daksetlika lan aku apa bisa ketemu ibu? Akh! Pancen wis nasib. Wis sesuk wae ya Yuk. Aku terna nang toko golek apa-apa kono kagem Ibu. Ya senajan kuwi dudu dhuwitku dhewe, ning rak sajatine kanggo jajan njur daksingitake. Wis Yuk, sesuk aku daktuku baki (lengser) saka tripleks kae lo, sing ora merlokake dhuwit akeh.”

“Njur kanggo apa?”

“Kagem ibu. Rancanganku mengkene Yuk. Suk emben esuk sadurunge mangkat sekolah iku aku sowan Yu Titik, arep ngaturi salam sugeng mengeti dina ibu tanggal 22 Desember karo nyaosake mawar kebon mburi kae sethithik wae. Suk Minggu rak tanggal 25 ta Yuk? Tanggal 24 dina Setu ra bali esuk, aku bali nyang Madiun, njur Senin tanggal 26 bali nyang Malang, perlu ngaturake rapotku lan ngaturake sungkem sugeng mengeti dina ibu tanggal 22 Desember.”

“O ngono ta karepmu. Aku kok ya kepengin melu-melu kaya kowe tansah mengeti dina Ibu. Oleh ta Atiek? Njur pas tanggal 22 menganggo pakeyan Nasional kaya sing kok karepake kuwi.”

Temenan. Dina Setu tanggal 24 aku bali nyang Madiun, dhewekan. Kahanan ing sepur wis ora kena dipocap maneh. Waah! Jan sing numpak, uyel-uyelan. Masa ta wiwit saka Malang tumekane Kertosono yen ora salah tetep jejel uyel-uyel.

Ing Kertosono lagi bisa obah, kruget-kruget golek panggonan menjero, maune trima nyang brodhes (lawangane sepur) wae. Ing kono aku oleh kalonggaran, awit ing ngarepku ana nom noman kira-kira pantarane adhiku. Kok ndilalah si bocah sangarepku kuwi kok ya mengo memburi. Weruh gawanku mendhiyut sajak aku kabotan, njur kandhane kanthi semanak.

“Pundi mbak, dalem rencangi mbekta. Kok sajak awrat sanget mekaten.”

“Sampun Dhik, matur nuwun. Mengkono wangsulanku.”

“Ora let suwe barang gawanku wis ngalih panggonan, ganti diasta nom noman iku lan aku digolekake panggonan. Ing batin aku muji syukur gene kok ana sing kersa tetulung marang aku.”

Bareng wis oleh panggonan lan wis ketemu karo kanca-kancane kabeh njur aku ditepungake karo kanca-kancane iku. Durung nganti aku tepungan, aku wis nyapa luwih dhisik marang kancane si nom-noman iku mau, ora liya Pak Miet. Wah, mitra-mitra liyane ya padha gumun lan ngungun meruhi aku guyon sawise bage-binage karo Pak Miet kita. (Iku lo lur sing wis dicritakake Pak Miet piyambak ing TP kang wis rada lungse)

Esuke aku diampiri dening Jeng Yarti, Jeng Sus, lan Mas Gunadie, sing saka Surabaya lan embuh karo sapa maneh terus nyang Gang Gulun melu rame-rame ing Pertemuan Agung iku. Ing kono aku ketemu karo para mitra sing wis suwe ora ketemu lan uga ketemu kanca sing wis tepung ning durung weruh bocahe.

Wah, ya gayeng banget. Semono uga bengine lur. Bengine aku uga teka (nalika Malam Ramah Tamah).

Lur-lur, sajatine ketemuku karo mitra kae ora daksengaja lan sediyaku bali ora arep nekani Pertemuan Agung Warga Taman Putra sing kapindho, lha kok aku didadekake wakil utusan saka Malang. Kamangka aku ora melu PWTP ing Malang. Apa ora hebaattt?

Dina esuke aku njur bali numpak sepur sing rada awan, awit karipan. Semono uga sepur kuwi, ora kena wong dipujak. Aku trima ing kreta restorasi lur! Baliku tekan Malang diterake dening sawijining mitra saka Surabaya. Tekan Malang wis jam 18.00 sore.

Dadi awak rasane kaya digepuki ngono kae, lara kabeh.

Sing ora bisa daklalekake kuwi mitra sing kersa paring pitulungan marang kaslametanku. Aku rumangsa ora bisa males sakabehing kabecikan iku, mung Gusti Kang Murbeng Dumadi kang bakal paring piwales satimbang karo apa kang ditindakake para mitra kabeh. Lan daksuwun kersa dadi sedulurku salawase (Rak inggih mekaten ta, Pak Dar?).

Empluk wadhah uyah, mata ngantuk tandha sayah.

Kapan-kapan ketemu maneh.

Taman Putra, No.16/Th. Ka-8/1962.

INVEKSI

D. Soemadijono

Satamate olehku maca “PUJAN” karangane Waluyati Supargat, kang isine banget ngrerujit ati, aku klitik-klitik metu saka kamar. Karepku arep menyang omah ing saloring ratan, kang ora liya iku pondhokane Dhik Isnani saka Nganjuk. Katone omah iku wiwit esuk sepi wae. Aku ra ngerti apa sebabe, marga tekaku lagi dhek esuk mau jam sanga.

Aku nyedhaki jendhela kamar sing ngedhepake ratan. Gordhine sutra ijo obah-obah, kasilir ing samirana. Aku miyak gordin iku, (sanajan iku ora sopan, ning iku wus dadi pakulinan. Merga Dhik Is dhewe ya asring tumindak mengkono. Dadi kanggoku lan kanggone, patrap mengkono mau ora ana saron sikone), lan aku weruh Dhik Is nggluntung ana ing ranjang. Turune miring ngungkurake jendhela. Lamat-lamat aku keprungu suwara lagu lirih banget.

Oh angin nan sedang lalu

Sebab apa begini

Jawab suaramu s'lalu

Itu kan hilang nanti

Sailange lagu iku, aku mlaku marani lawanging kamar. Lan aku keprungu suwara kemreket, kang mesthine suwarane Dhik Is tangi. Nalika aku wis tekan ngarepe lawang, Dhik Is wis linggih ing kursi ngadhepi kaca pengilon. Kaca iku dielah-elih. Dumadakan panyawangku tempuk karo penyawange kang ana ing kaca. Sakala Dhik Is noleh ngingeti aku.

“Lho....Mas Sum! Wis suwe Mas?” unine ukaro metu.

“Durung ... lagi wae kok.”

Aku sakloron salaman, merga wis watara suwe ora nate kepethuk.

“Mangga pinarak dhisik!” ngono tembungé. Lan aku njur lungguh ing meja tengah. Dene Dhik Is mlebu kamar maneh. Ora antara suwe dhekne metu, kanthi rambut klimis, ora kaya dhek mau. Nuli lungguh ing ngarepku, adhep-adhepan.

“Kapan leh kondur?” pitakone.

“Lagi dhek esuk.”

“Biyasa, panggah kaya sabene.”

Lawang jurusan sing mlebu menyang omah mburi minep separo. Aku karep ngawasne kono ning aku ora weruh lan ora kepungu suwarane uwong.

“Bapak Ibu (sing dipondhoki) tindak no Dhik?”

“Embuh ya. Sare bekne.”

“Gak nate kondur nyang Nganjuk no?”

“Ora. Sapa sing diulahi?” muni ngono karo ndhingkluk. Lan... sapandurat aku bisa ngaweruhi menawa praupane Dhik Is rada owah. Mbrabak abang. Panyawangane ora bisa tajem maneh. Aku ngira yen dheke ngempet sawijining wadi. Sadurunge aku takon kepriye mula bukane dene dhekne kok mbrabak, dhekne wis ndengengak karo muni, “Mas Sum apa rung prika?”

“Eruh apa ki?”

“Mas Mujoono seda.....,” unine seret.

“Mas Mujono? Dhek kapan? Gerahe apa?” Mengkono pitakon-pitakon mau gemrubul metu saka lesanku kanthi tanpa kesadaran. Merga kabar iku awujud kabar kang luwar biyasa kanggoku.

“Panjenengan mirengna ya dakcritani!”

“He-he”

“Dina Kartini tanggal 21 April 61 kepungkur aku isih ana ing sekolahan. Nuli aku oleh layang menawa Mas Mu kang dirawat ing RSUD Gambiran..... seda. Kepriye polahku nalika semono, Mas Sum mesthi bisa nggambarake. Enggaling carita, layone Mas Mu nuli digawa mulih menyang Nganjuk. Aku dhewe ya melu rana. Ing kana wis akeh para Bapak Guru (Mas Mujono iku guru SR Negeri Gememenggeng, Pace, Nganjuk) kang padha melu bela sungkawa ngormati sedane Mas Mu. Watara jam 3 sore, layon lagi bisa disarekake ing pesareyan Juwet (Kartoharjo).”

“Gerahe apa Dhik Is?”

“Nek gerahe mono mung sepele. Mung KUKUL. Kukul kang manggon ing pipine. Krasane lara singkrang-singkrang wiwit tanggal 17 April. Dina Senen iku Mas Mu wis ra bisa ngasta. Dina Selasa kukul mau mundhak gedhe. Abuh mangar-mangar. Dina Rebo kukul mau wis mundhak gedhe banget. Nganti pipine gandhul-gandhul. Nuli dipriksakake nyang RSUD Nganjuk.

Ning pancen telat. Mula pihak Rumah Sakit wis ora bisa ngusadani. Dina Kemis esuk (tanggal 20 April) Mas Mu wis krasa salirane mati separo. Mula dina Kemis awan Mas Mu digawa nyang Gambiran. Karepe arep operasi. Nanging, sadurunge tamba teka (Jemuwah esuk) Mas Mu wis seda.... ninggal aku, kulawargane lan sakabehane.”

Dhik Is meneng. Leren olehe crita. Bola bali dheweke unjal ambegan. Atiku rasane kaya jinait, bareng weruh yen Dhik Is netesake eluh. Ewa semono dheweke isih kepengin nerusake critane.

“Mas Mu ki duwe pakulinan mlothoti kukul kang ana ing pasuryane. Mbokmenawa astane Mas Mu mau reged dadi njur ana baksil-baksil sing mlebu bolongane utawa tatune kukul mau. Nuli marakake abuh, merga inveksi.”

Dhik Is unjal ambegan maneh. Suwe-suwe eluh ing mripate adres umijil. Aku ora maidho, pancen abot sesanggan iku kanggone Dhik Is. Jer nyatane... Mas Mu iku dudu kakange pribadi!

Mengkono unine buku cathetanku kang tinulis tanggal 30 April sore. Sadurunge buku mau daktutup, aku tansah ngajab menyang mitra-mitra TP, muga-muga aja ana kang sok mlototi kukule nganggo astane. Awit iku bisa marakake inveksi. Kanggo tambahan, sadurunge sare, pasuryan dilabur banyune jeruk pecel. Iku ora marakake kukul, ning nyegah metune kukul.

Lan buku cathetan mau nuli daktutup.

Taman Putra, No.16/Th. Ka-8/1962

CERPEN TAUN ANYAR

Sudadi S. Raharjo

Yen taun lawas wis silem ginanti taun anyar, kaya wektu iku, dheweke mesthi banjur kelingan lelakone kancane. Kanggo dheweke lelakon mau tansah bali cumithak ing pangangen-angen saben setaun sepisan, wayah sasi Januari, pendhak taun anyar wiwit tumapak. Tekane taun anyar ngelingake dheweke marang lelakon kang nate dialami kancane....

Pramono, mangkono jenenge kancane mau. Nduweni kasenangan kang beda banget karo kanca-kancane. Yen kanca-kancane padha seneng dolan utawa nonton, Pramono ora mangkono. Dheweke duwe *hobby* ngarang. Saben wektu lodhange tansah digunakake kanggo ngarang. Mung emane karangane durung ana siji wae sing asil mungguh ing blabar kawat, tansah dibalekake wae dening majalah sing dikirim. Ning Pramono ora kempa, ora putus asa.

Uga kelingan rikala Pramono ngrembug bab karangane, “Uty, karanganku sing kari iki gagal maneh.”

“Karangan sing ngendi Pram?!” pitakone.

“Kae lo cerpen “Kepergian” sing naskahe nate daktuduhake kowe.”

“Ooo kae ta. Wis ta Pram ora dadi apa. Ora liwat diterusake wae olehe lelumban ngarang. Aku yakin yen ing tembe mesthi ana karanganmu sing kapacak ing udyana.”

“Matur nuwun dene kowe wis gelem aweh nasehat kang mengkono. Sejatine mung kowe Uty adhik-adining bocah sing bisa nambahi spiritku kanggo nulis karangan.”

“Wis ta Pram ora susah kok pikir....”

Wiwit kedadeyan iku Pramono saya sregep olehe ngarang. Karangane sing akeh arupa cerpen. Ning, pisan engkas, dheweke isih kudu getun, awit karangane durung kasil kapacak ing majalah. Ning istilah “bosen” ora ana ing pikirane.

Nuju sawijining dina Pramono teka nyang omahe. Wektu samana wayah taun anyar.

“Uty, tekaku mrengs nggawa kabar apik.”

“Kabar apa Pram?” pitakone.

Pramono ora mangsuli mung ngulu mbarengi pletheKing taun anyar. Dheweke mbukaki majalah mau. Bareng pembukake tekan kaca kalima dheweke maca *cerpen* kang atitel “Hadiah Taun Baru” kang ing ngisore ditulis oleh : Djaka Pramono.

“Good” kandhane sabubare maca cerpen mau. “Kowe wis pinter, ngarang Pram”! Pangalambanane.

“Ah, Ut. Endi ana karangan sepisan apik!” kandhane Pramono kanthi ati kang mongkog segunung semeru.

Ning sayang...sing jeneng Pramono mau saiki wis ora ana, wis bali. Bali marak ngarsaning Gusti sawise sesasi diopname ing RS. Dene karangane nembe siji iku sing asil munggah ing blabar kawat. Karangan kang ditulis kanggo mahargya tekane taun anyar. Mula yen taun anyar teka, kaya waktu iku, dheweke mesthi banjur kelingan Pramono lan lelakone. Akh, eman Pramono kang becik budine sarta kang digegadhang dadiya mitrane setuhu, saiki wis ora ana. Dene siji-sijining tinggalane kang tansah dikenang arupa sawijining *cerpen*...taun anyar.

Ingiring ucapan “Sugeng Warsa Anyar 1963” marang kabeh warga TP.

Taman Putra, No.17/Th. Ka-8/1962

KELINGAN

Arja Nus

Cumengkling bening swarane Dhik Sri sinambi momong adhine sing lagi umur 1½ taunan digendhong kewar-kewer urut lurung wetan omah. Sajake si bayek ketok seneng, ayem ndemenake. Nadyan durung ngerti isi/surasaning tembang, uculing swarane mbakyune sing mawa irama iku kaya-kaya bisa gawe mareming atine. Katandha ndekeklek ora rewel kaya adat saben yen dhong ora kalegan.

Sri Wahyuni, mangkono ganepene jenenge sing nembang “Desaku” mau. Tembang dolanan karangane Bapak C. Harjosubroto. Bocahe lagi klas III ing SR Trucuk. Senajan putrane wong duwe ning ora patia ugungan. Ngerti marang karepotaning wong tuwa. Yen wis mulih sekolah bubar maem njur weruh ibune ketok repot, nuli nyemoh adhike sing cilik dhewe, digendhong, diemong. Manawa ora momong ya iku rewang-rewang resesik latar jogan lan sing mesthi ana ing buri (pawon).

Nalika samana wayahe jam 4 sore. Wong aku ora duwe arloji, jame cukup srengenge yen ketok dikira-kira. Ngira-ira kuwi yen mleset wis ukure yen bener ya mung ndilalah kapener wae. Aku nedheng-nedhenge maca buku “Kembang Setaman” jilid 4 bab “Mboten dosa tapi paukuman” wis meh rampung. Anggonku maca mau niatku pancen idhep-idhep nglatih dhiri maca tulisan aksara Jawa lan iya golek tambah-tambah crita. Olehku tuku ana kios. Luwung, batinku. Uga aku niat ngurip-urip asil karyane leluhurku dhewe sing pancen adiluhung iki. Awit rumangsaku ana sulak-sulake bocah Jawa saiki weton SR klas 6 dikon maca tulisan aksara Jawa padha wudhu nol. Mula aku dhewe pancen ana krenteg ora niat ngemblesake asil karya sing edi endah iki, sarana iku nukari buku-buku wacan sing tulisan Jawa yen dhong kedhuwitan. Taknggo simpenan njagani kanca lan tangga sing kepengin ngurip-urip aksara Jawa kaya aku. Diwaca-waca yen ana wektu longgar.

Muga-muga sadhela maneh buku-buku tulisan Jawa uga endang brol-brol diwetokake, kanggo wacan-wacan lan uga ndang ana majalah basa Jawa! Upama tenan piye ya? Apa ra katog? (Dospundi Pak Dar? Pamanggih panjenengan?).

Bubar maca aku banjur thenger-thenger. Ngeling-eling isining wacan kang mesakake wiwitane pungkasane tembung saiki sing dakik *happy end*. Sang prabu nundhung putra putrine sing waruju awit dinangu sapira katresnane marang wong tuwa, ature ngungkuli uyah. Sang prabu rumangsa diremehake banget dene panjenengane mung ditandhing karo uyah. Mesthi wae banjur bramantya godhong emoh njuwek dadiya banyu emoh nyawuk marang putrane mau. Anggone mangkono iku sang prabu durung menggalihake mungguh kasiyat lan kadigdayane uyah.

Olah-olah tanpa uyah, wathithithah gebrah. Ora mung iku tumusing menyang awak suwe-suwe bisa lesah, wegah lan bakal ora duwe daya. Kaya Baladewa ilang gapite. Nanging, sang prabu akire ya kejojodheran, ngakoni marang paedahe uyah lan wasanane putrine binoyong kondur.

Nyut...takngen-ngen. Nek ngono ya ora mung wong cilik sing sok salah, dalasan wong gedhe kuwi ya kala-kala sok lali, sok luput. Pancen ya bener kabeh isining jagad iki titahing Gusti Allah. Nduweni sipat lali lan luput. Mula becik ana pakulinan apura-ingapuran iku.

Banjur kelingan tembange Dhik Sri, putrane Mas Purwo sing dakdhereki. Kaya dielingake aku. Eling karo embahku ing gunung. Desa adoh kutha. Cedhak watu adoh ratu (saiki pemimpin). Embokku sing nglairake aku. Sing nglelithing lan ngela-lela aku wiwit bayi abang, nganti aku samene gedheku. Sepira utangku kabecikan yen dietung nganggo dhuwit "O" ora mung ewon, kethen yutan. Nanging takkira ora sah yen taksaurana nganggo dhuwit tanpa petungan pisan. Aku kelingan nyanyiane Dhik Muji putrane tanggaku.

*Kasih ibu kepadaa beta,
tak terbingga sepanjang masa.
Hanya memberi tak harap kembali.
Bagai sang surya menyinari dunia*

Embokku mung weweh nanging ora njaluk bali diwales wewehan. Ning, aku weruh nadyan ora njaluk, aku kudu males. Males kabecikan. Kudu bekti marang bapak lan mbakyu aku iya kudu bekti. Ning, nek ditimbang karo kabecikane simbok, durung paja-paja.

Brebal! Aku nangis njroning ati, kongsi tumus ing mripat. Nangisi lelakonku sesasi kapungkur nalika aku wani karo simbok. Aku njaluk dhuwit, gandheng anane ya mung sathithik mesthi wae nggonne menahi uga sethithik.

Gandheng ora kalegan, aku wani nguneni wong tuwa kang dudu mesthine takunekake. Wong tuwaku sajak kantep temenan, kongsi nangis. Nangis memelas, lan kanggone mula nggone nyangoni cumpen. Jalaran mangkel, aku nggeblas bali nyang pondhokan. Saprene aku durung tilik.

Nanging, aku eling saiki. Aku ngerti, nalika samana aku lagi kalimput. Lali. Lali yen aku iki digedhekake wong tuwa, digala-gala, diwaregi wetengku, dicukupi sandhanganku sakadhare. Aku lali, yen wong tuwaku sing dipikir ora mung anak, ning iya bisane kawor tangga, umum sanak nyenyelengi yen ana paringane samangsa-mangsa lan sapanunggalane. Aku rumangsa luput gedhe. Duraka gedhe. Duraka marang wong tuwa. Duraka dene ora bekti lan matur nuwun nanging malah maneni.

Saya karanta-ranta maneh yen kelingan 2 taun kepungkur rikala ngeculake aku lunga sekolah dikantheni tumetesing waspa katresnan kaya-kaya arep pisah salawase lan uga piweling-piweling utamaning lakuku ing paran atase aku melu wong.

“Dhuh si Mbok, wong tuwaku sing ngukir jiwanggaku Aku njaluk ngapuramu. Aku saiki eling kowe Embok. Eling marang kabecikanmu, pitulunganmu, lan pimpinanmu. Bisaku tekan paran kene iki aku iya saka tuntunanmu Mbok! Adhuh Gusti sesembahan kawula. Mugi panjenengan dumugekaken tangis kawula punika wonten sanubarinipun embok kula! Kula mertobat saestu.”

Cangkemku mewek binarung dumlewering eluh kang tinampan kacuku. Aku rumangsa banget matur nuwun marang Dhik Sri, anggone wis bisa nggugah atiku, bisane eling marang wong tuwa luwih-luwih ibu. Eling yen tumindakku saiki iki pancen nyasar. Kanepsonku sesasi kepungkur takanggep nepsune bocah ora urus, ora junum, ora ndalan. Murang tata, ya aku. Aku nalika samana keleton iblis. Iblis laknat. Ee .Pupung durung kadaluwarsa arep taktebus wiwit saiki baka sathithik. Saranane aku nadyan arang-arang kepethuk, aku kudu bisa bekti. Aku kudu enggal-enggal tilik mulih, ngrungkebi pangkone simbok karo ngondhok-ondhok njaluk ngapura muga-muga sakehing kaluputanku sing kapungkur gelema aweh pangapura. Jer nalika samana aku pancen lagi lali.

“Geriiiiit”

Lawang menyang kamarku diengakake Yu Purwa. Gragap. Buku sing takadhep lan takwaca ndilalah durung taktutup. Aku api-api mbiyaki buku karo ndhingkluk nyingkiri tempuking mripat. Wedi kadenangan yen aku

mentas nangis. Yu Purwa wis kulina nadyan mlebu kamarku ora tau ngaru-
biru yen ora takaruh-aruhi dhisik. Bubar njupuk gelas terus klepat bali.

Aku banjur nginguk metu maneh liwat jendhela mbok manawa dhik Sri
isih ana lurung. Jebul wis adoh rame-rame sajake padha gatheng karo kancane.

Kanthe napas longgar aku ngadeg arep adus. Reresik awak. Ngresiki rereged
sing tumemplek ing awakku. Mung panyuwunku marang Gusti Allah, muga
panangisku mau dadiya dalan bisane resik batinku saka tumindakku sing dudu.
Tansah memingi dalan kang tumuju marang kautaman. Muga-muga.

Taman Putra, No.3—4/Th. Ka VIII/1963

NONTON PAMERAN

Eddy Dadang D. Atmadja

“Kowe apa, Nuk?”

“Es sodha wae, Mbak.”

“Wong adhem-adhem ngene. Ora kopi wae?”

“Ach, aku seneng es-e wae.” Aku terus aba es soda siji karo kopi.

Pancen najan aku bocah wadon aku seneng omben-omben bangsa anget-angetan. Ora kaya Nunuk iki. Najan adhem-adhem, dheweke seneng es.

“Pamerane apik ya, Mbak?” Nunuk wiwit mbukak kertu.

“Aku mung gumun parine mau, Nuk. Olehe gedhi-gedhi, ndemenake.”

“Wah, lha yen aku, gumun telane mau, Mbak. Mangsa tela kok sakambil ngene.”

Aku mesem. Ketang weruh wiragane Nunuk sing tregal-tregul. Nunuk mitraku kang banget daksayangi. Mitra. Kanca mondhok ing Semarang.

“Nuk, prei mbesuk bali ra?” pitakonku.

“Ach, aku lagi aras-arasen kok, Mbak.”

“Ora kangen?”

“Jane ya kangen.”

“Lha kok, ora bali?”

Dheweke mung ngguyu. Guyune kenya kang gonas-ganes merak ati. Sanajan aku iki wadon, nanging kudu arep njiwit wae marang dheweke. Olehe gandhes lan nyenengake kuwi lho.

“Mangga, Den.” Keprungu suwara rada gorok.

Daktoleh, jebul peladen restoran.

“Ach, ampun ngundang den ta!” panyentake Nunuk.

“Kilap kenging punapa ta Den, kula kok....”

“Hara ta! Ampun ngundang den ach!”

“Kula nggih padha kalih sampeyan kok, Pak,” sambungku.

Peladen kuwi mung mesem. Esem tuwa. Dheweke bareng menehi hormat terus mlebu krobong.

Aku lan Nunuk terus ngombe. Nyambi nyamikan kang anget-anget. Pancen restoran iki apik banget. Saliyane regane rada melawan, uga pelayanane maremake. Ora nggumunake yen akeh wong kang mampir rono. Ndadak rikala aku ngombe rono, keprungu lagu-lagu sing nganyut-nganyut saka pik-up.

“Wis sore banget, lho Nuk. Terus bali ya?” kandhaku marang Nunuk sing sajak ndemenake mangan roti.

“Ora nonton wayange, Mbak?”

“Ach ora Nuk. Wong sejane mung nonton pameran kok.”

Nunuk manthuk. Sauntara iku wong-wong akeh banget. Uyel-uyelan. Lha wong malem Minggu. Kathik tanggal nom pisan. Tur pameran hasil pertanian iki sesuk sore wis bubar. Mula, malem iki wonge kaya disuntak.

“Arep udan Nuk sajake,” kandhaku bareng aku wis mbayar jajanan.

“Mula cepet wae, Mbak.”

“Ayo Nuk. Kodanan tenan iki ngko!”

Aku lan Nunuk terus metu saka kebon binatang kono. Lakuku dakrikatake. Tanganku digandheng Nunuk.

“Lho wis grimis, Mbak!”

“Wah lha kok iya ta. Piye Nuk.”

“Numpak becak no!”

“Ach mung cedhak wae kok. Eman-eman.”

Grimise saya kerep. Lah saiki wis tiba udan tenan.

“Wah ngeyub omah kuwi, Mbak!”

“Ya. Wis ayo!”

Aku lan Nunuk terus mlayu menyang omah gedhong cedhak kono. Udane saya deres. Nganti aku lan Nunuk kadhemen.

Ora let suwe lawang omah menga. Lan katon metu kenya manis. Aku rada kaget. Marga kenya kuwi kok kaya kancaku SMA. Aku rada pangling. Marga dheweke wektu iku nganggo jarit.

“Lho, Mbak Tut. Lha kok kowe iki mau. *La-illah...*,” kandhane Mimik

karo njranthal mlayoni aku terus ngrangkul.

“Saka ngendi iki mau?”

“Nonton pameran, wangsulanku ngelus rambute Mimik.”

“Lha kok emoh ajak-ajak lho!”

“Piye sing ajak-ajak ta Mik. Lha wong aku ora ngerti yen omahmu kene.”

“Lha ya Mbak ayo mlebu Mbak. Adhem neng njaba.”

Aku lan Nunuk terus mlebu ngomah. Omah sing sarwa endah. Prabote sarwa larang lan mewah. Ora nggumunake, jer Mimik putrane direktur perusahaan.

“Ngertia yen omahmu kene dakampiri, Mik,” kandhane Nunuk.

“Nek anu ngko nonton neh piye,” Mimik kandha karo mesem.

“Wah ya wegah ta, Mik. Wong iki mau wae wiwit jam lima kok.”

Mimik nyerokake radione. Merga keprungu lagu “Resepsi”. Lagu Jawa sing ngelam-ngelami ati.

“Aku ki mau rada kaget kok, Mbak,” kandhane Mimik.

“Ana apa ta?” pitakonku.

“Aku lagi enak-enak nyetel radio, kok krungu gremeng-gremeng ana njaba.”

Aku ora pangling suwaramu. Terus wae aku metu. Tibake kok tenan.

“Wah, upama ora udan, ora bakal ketemu, Mik,” kandhaku.

“Dadi *karena hujan sore, ketemulah kita*,” kandhane Nunuk.

Aku kabeh kepeksa ngguyu.

Anggonku neng nggone Mimik nganti meh sakjam. Nanging, udane kepeksa ora terang-terang. Aku wiwit rada ora penak. Ora marga saka tangkepe Mimik, nanging wedi yen didukani ibu asrama. Mangka pamitku mau nganti jam enem. Ndadak saiki wis jam wolu.

“Wis nginep kene wae lho, Mbak,” kandhane Mimik.

“Wah lha ya repot ta Nuk,” wangsulanku.

“Repot piye ta. Sesuk dakterake nyang nggonmu, njupuk buku terus budhal bareng.”

“Wong sing diwedeni ki ibu asrama kok, Mik,” nyela Nunuk,

“Wis ta aja wedi. Aku sing nanggung.”

Aku mesem.

“Tanggung diseneni ya?” kandhane Nunuk.

Aku kabeh ngguyu maneh. Ora lali ngombe kopi lan kripik ketane.

Bareng pranyata dakenteni setengah jam ora terang, aku kepeksa pamit. Mimik njiyat-njiyat kon nginep.

“Ning aku puguh. Liya dina wae.”

Bareng wis pamitan karo rama-ibune barang, aku terus ngrangkul Mimik. Patrap iki wis biyasa daklakoni. Ketang asihku marang mitra.

Malah ibune Mimik mrayogakake supaya aku gelem diterake nganggo montor. Mimik ya melu. Aku ora ngira yen Mimik wis pinter nyetir dhewe. Lha wong ya putri mbranyak ta. Kathik yen lelewa, ngudhak ati tenan.

“Ngati-ati lho, Mik. Durung duwe rebues ta?” pitakonku.

“Biyasa, Mbak. Ketangkep bayar ngono wae.”

Aku lan Nunuk mesem. Montor Mercedes cet biru nom, alon metu saka garasi.

Lan sedhela wus mluncur ing ndalan gedhe. Nerjang wengi kang ireng. Wengi kang ditibani udan tanpa kendhat.

Taman Putra, No.5/Th. Ka VIII/1963

PINDHAH

Karjono Basuki

Kantheni ati kang abot aku kepeksa ninggalake kutha Barat jalaran bapakku dipindhah menyang Sidoarjo. Nelangsa banget rasaning atiku, awit bakal pepisahan karo kanca-kanca kenthelku ing Barat lan ing Madiun kana. Nanging kepriye maneh, wong isih melu wong tuwa dadi ya kudu melu pindhah senajan kantheni ati kang abote kaya ngapa. Kajaba iku, aku uga ngelingi yen manungsa iku ora bisa yen bakal tetep kumpul wae. Yen wis dadi wong mesthi bakal entuk panggonan dhewe-dhewe, dadi ora kok terus kumpul. Pancen bapakku iku kegolong wong sing kerep banget pindhah merga ya saka kekarepane jawatan. Yen dakeling-eling wis ana ping wolu aku nglakoni pindhah omah. Saka Minggiran terus nyang Keboan. Pindhah maneh nyang Blitar. Ing Blitar rada suwe, kira-kira nganti nem taun. Saka Blitar pindhah menyang Wonorejo cedhake Pasuruan. Pindhah maneh menyang Bangil. Saka Bangil pindhah nyang Gudo sacedhake Jombang, nanging manggonku ana Blimbing. Bareng ing Gudo oleh rong taun dipindhah maneh menyang Barat. Ing Barat kira-kira nganti telung taun banjur pindhah Sidoarjo iki. Embuh mbesuk iki saka Sidoarjo arep pindhah nyang ngendi maneh aku ora ngerti.

Temenan ca, aku sida ninggalake kutha Barat dek tanggal 24 Januari 1963 kepungkur. Wah ca, rasane awakku jan kesel banget. Aku oleh kuwajiban ngawal barang-barang sing ana truk. Dene bapak-ibu sarta adi-adhiku wis budhal dhisik numpak bis. Para mitraku kabeh bisa mbayangake kepriye olehku “nyeleh” awak wektu iku. La wong truk cilik ngemot barang thethek bengek samono kehe, mula aku tirma “mangkring” ing ndhuwur barang-barang mau. Kabeneran ana gulungan kasur dadi ya rada lumayan kanggo lungguhan. Arep lungguh ngarep ora bisa awit wis kanggo kernet sopir lan sing duwe truk. Karo maneh aku ya seneng ana mburi bisa bebas nyawang rana-rana ngiras ngawasi barang-barang jer tugasku pancen ngawal.

Kuciwane ca, truke alone banget. Mosok jarak Barat – Sidoarjo kok ditempuh meh sedina. Apa tumon? Kiraku merga mondhag-mandheg wae. Sing supire seneng njajan, sing bola-bali mbanyoni radhiator, sing sok-sok disetop pulisi, sing sok-sok ndadak ditimbang, malah ngganti ban barang; wis ta ana-ana wae kedadeyan-kedadeyan sing nganyelake. Olehe ngganti ban ana

Krian, kira-kira jam 5 sore (dadi wis meh tekan Sidoarjo). Budhal saka Barat kira-kira jam 9 esuk. Tujune wae ana ndalan ora kudanan. Upama udan rak saya cilaka tumpuk undhung awakku.

Sarehne meh sedina awakku dipepe ana ndhuwur truk, mula raiku malih abang-ireng gosong kabeh. Bareng aku adus, perihe ora ilok. Esuke raiku ngglodogi, blentong-blentong kaya kena panu. Aku nganti isin, la wong aku ki jan paling gething lan gila banget karo panu. (Sorry mas/mbak yen ana sing “tersinggung”!).

Mbaleni critaku ing perjalanan, kajaba awak kepanasen, sok-sok awakku ya kesabet dening pang-panging wit-witan, awit lehku “menclok” kedhuwuren. Sarehne bola-bali kedadeyan ngono, angger arep nyedhaki pang wit sing nglawer aku mesthi mbungkrung. Kapok kesabet maneh ca.

Tekan panggonan anyar wis surup, disuraki karo adi-adhiku. Didarani ana apa-apa, mergo kok nganti suwe banget telate. Bapik ibu dalah adi-adhiku tekan panggonan anyar watara jam siji. Mangka jam siji aku isih ana Jombang. Wis ta, panceng nggremet tenan kok truk iki. Tekan Sidoarjo wis akeh kanca-kanca anyar sing ngenteni. Mula bareng truk mandeg, sedela wae, barang-barang wis pindah nyang omah anyar kabeh. Pancen semanak banget wong-wong Sidoarjo.

Aku rada gela banget awit “barang-barang pribadiku” ana sing rusak. Yaiku dolananku kapal terbang-terbangan lehku gawe dhewe. Ana model MIG-17, MIG-21 lan TU-6, malah dak prada dak wenehi nomer, segi lima abang barang. Pendeke persis pesawat jet temenan. Anane aku seneng gawe modhel pesawat iku, merga aku iki banget ketarik marang dunia penerbangan. Apa maneh Barat iku rak cedhak karo lapangan terbang. Dadi ya apal banget aku karo bentuk-bentuk pesawat terbang mau. Malah-malah upama aku ora jatuh “Psychotest Perseorangan” ing Bandung ngono, rak sida dadi kadet AURI tenan. Ning sayang, Gusti Allah durung marengake. Mula nganti aku nulis karanganku iki, aku isih nganggur. Arep nyang universitaso o ora kuwat tukune buku, jangka lan pondhokan. Sedhela maneh yen ana pengumuman AURI, aku mesthi ndaftar. Ora lega aku yen durung bisa dadi “Gathutkaca.” (Pangestunipun Pak Dar tansah kula ajeng-ajeng, mug i sageda kaleksanana cita-cita kula). Mbaleni crita ndhuwur mau, saiki modhel-modhel pesawatku wis dakdandani lan wis pulih apik kaya maune. Malah wis daknggo rerengan omah. Rumangsaku jan apik banget, kaya pesawat tenan wae. Ah...critaku kok nglantur adoh banget, kok bisa nyimpang ki mau piye ta ca.

Sapa para mitra sing wis nate tindak Sidoarjo? Kana sing terkenal krupuk urange, petise, bandenge lan mesthi wae urange. Nanging, regane ya ora murah aliyas larang. Yen manut aku, reregan luwih murah ing Barat tinimbang ing Sidoarjo. Sidoarjo iku kuthane cukupan, ora rame ora sepi, nanging jalan rayane ciut banget tur bolong-bolong pisan. Kendharaan bermotor rame banget, apa maneh pas ngarep omahku wis ora ana pedhote. Aku nate iseng-iseng ngetungi montor-montor mau. Tiap-tiap satu jam ana montor 150 sing liwat ngarep omahku. Dadi yen sedina ya kari ngepingake wae.

Nanging ca, senajan Sidoarjo iku luwih gedhe lan luwih rame tinimbang Barat, rumangsaku kok malah sepi wae. Embuh apa sing marahi. Apa merga ninggal kanca-kancaku sing daktresnani. Apa merga ora nate krungu gumlegere pesawat-pesawat jet supersonik. kaya nalika isih ana Barat, aku ora ngerti. Atiku sedhih banget ana Sidoarjo kana. Kiraku merga ora sekolah iku apa, dadi ora duwe kanca. Duweya ya ora akeh, yaiku tangga-tangga kiwa-tengenku. Nanging ya rada seneng sithik yen oleh kanca ngene iki.

Ah, kiraku critaku wis ora ana maneh, para mitra sing pengin dhahar krupuk urang lan petis urang nomer wahid, dakaturi tindak Sidoarjo mengko terus mampir omahku ing Jalan Mojopahit wolu wolu (88). Wis ah samene wae. *Sampai jumpa lain waktu!*

Taman Putra, No.7/Th. Ka VIII/1963

CUKILAN REVOLUSI

Moh. Daim

Pitulas Agustus, dina kamardikaning bangsa Indonesia. Bubar upacara aku sakulawarga padha merlokake ziarah menyang makam Mas Jono ing Taman Bahagia. Mas Jono, masku pambarep, wis dadi beyaning kamardikan amarga kena mimising Walanda nalika *clash* ka-II ing taun 1949. Ing dina kang mulya iku bisa ngelingake kita kabeh makantare geni perjuwangan, sarta panasing ludirane para bebantenging nagara kang wutah mawurahan amarga tindak degsiyane penjajah Walanda kang isih kumecer anggone arep ngungkungi bumi Indonesia.

O, semono katekadane para putra Nuswantara anggone karaya-raya toh jiwa-raga sarta bandha kanggo kamardikan, kamardikane angkatan kang bakal teka, kaya kita kabeh iki. Nganti para pejuang mau ora kober ngrasakake asil perjuwangane, amarga kaselak ditumpes dening peluru angkara kang tanpa nduweni prikamanungsan sathithik-thithika.

Sawise memuji kanggo para kusumaning bangsa mau aku sakulawarga terus bali. Sedyaning atiku arep mampir menyang daleme Paklik Hendra, ya kang momong Mas Jono almarhum ing dalem alam perjuwangan biyen lan sing ngulati dhewe degsiyane Walanda marang Mas Jono nalika samana, kang nganti anjalari tiwase.

“Pak kula misah mriki inggih, sebab badhe sowan sakedhap dhateng dalemipun Paklik Hendra.” Mangkono celathuku nyuwun palilahe bapak nalika tekan prapatan Gondomanan.

“Iya, ngati-ati ya,” ngandikane ibu. Aku lan Wanti terus pisah karo bapak-ibu. Lakuku terus mangulon nurut dalan KHA Dahlan. Anggonku nggenjot sepedha mung alon-alon amarga dalane pancen rame banget.

Ora suwe wis tekan daleme Paklik. Sawise uluk salam aku tumuli diacarani lungguh. “Kene, kene ndhuk, Gus.”

“Nuwun inggih kanjeng paman,” jawabku.

“Wah wah, klambine anyar-anyar,” pangandikane kanthi grapyak, sumanak.

“Iki mau saka ngendi?” panyambunge.

“Saking Taman Bahagia, Paklik,” aturku.

“Karo bapak-ibu apa dhewekan wae?”

“Kaliyan bapak-ibu, punika wau pisah wonten Gondomanan. Bapak ibu terus kondur numpak becak, dene kula kaliyan Wanti boncengan riki punika.”

“Bu...Bu, gilo tunas-tunas bangsa padha mrene,” ngendikane Paklik marang bulik sing isih neng pawon.

“E e sapa, Pak?” wangsulane cumengkling saka pawon. “Gene ki mung rong lencer,” ngendikane sawise ngungkap tekaku karo gumujeng kekel, nuli mbagekake lan mundhut priksa keslametane kulawargaku.

“Wah, saiki Wanti wis mundhak gedhe ya, lagi ora weruh setengah taun wae,” ngendikane maneh karo njawil janggute Wanti.

“Ya wis kono penakke sik dakgawekake wedang tomat.”

“Inggih,” aturku. “Lha Hari wonten pundi punika Paklik?”

“O, wiwit esuk nganti rampung upacara rak durung mulih kae mau. Jare kanca-kancane arep padha dolan mrene. Sadhela ana bocah-bocah pating craek rame, sepedhane pating gluthuk disendhekake. Priksa iku Paklik nuli ngacarani.

“Mangga, mangga.”

“Inggih...,” sumoure bareng saka njaba. Sawise iku banjur irid-iridan mlebu. Sawise satata lungguh lan bage-binage, aku lan Wanti nuli kenalan karo bocah-bocah mau.

“Bu, bu...wedange 17 Agustus lho Bu!” pangandikane Paklik dumadakan karo gumujeng kekel. Aku kabeh padha pating klinguk, apa ana wedang aran 17 Agustus?

“Priye ta kuwi?” ngendikane Bulik karo mlayu metu. Sawise mirsani njaba lagi ngerti yen tamune kabeh ana 12 jiwa, nuli ketambahan aku, Wanti, Hari, lan Paklik sekalian, dadi gunggung kepruk ana 17 jiwa. Mangerti kahanan mau kabeh padha gumuyu gumbira. Kahanan dadi rame, gayeng.

Sarehne iki dina agung lan ngemu sejarah perjuwangan, mula Paklik nedya crita, nyukil sawatara kahanan duk revolusi.

“Nalika samana dina Ahad legi tanggal 19 Desember 1948,” mangkono Paklik wiwit carita. “Wiwit jam setengah enem esuk wis keprungu gumerenging montor mabur ing sandhuwuring kutha Ngayoja. Wong-wong padha ngira yen dina iku sida dianakake latihan pertahanan gedhen dening angkatan perang

kita. Nanging, sarehne pangawut-awute mimis saya nekad, mula pendhudhuk dadi pating bilung ora karuwan, mlayu mrana mlayu mrene arep golek pangungsen. Polahe nganti kaya gabah den interi. Apa maneh kaum putri lan bocah-bocah, padha pating jlerit ngeres-eresi.”

“Jam sewelas tentara Landa wis ndharat ing lapangan Maguwo karo ngawut-awut mimis, gawe pepati. Jam setengah loro awan wis wiwit mlebu kutha. Para pemudha, tentara pelajar lan para bebanthenging nagara liyane wis siyaga methuk tekane sedhadhu Landa nganggo gegamane kang maneka warna: ana tumbak, granggang (bambu runcing), keris, pedhang, lan pistol-pistol kang kabeh mau durung bisa ngimbangi gegamane mungsuh kang sarwa pepak lan modern iku.”

“Kabeh tumandang kaya bantheng ketaton kanggo mertahanake ibukota RI nalika iku sarta kamardikane kang wis diproklamirake nalika tanggal 17 Agustus 1945. Barisan TP (Tentara Pelajar, dadi dudu TP mu kuwi pen.). Angkatan perang Sabil, Samber nyawa, macan wulung, berani mati, lan isih akeh maneh, kabeh ngendelake katiyasane dhewe-dhewe lumawan penjajah. Siasat perang gerilya dianakake saka sajabaning kutha.”

“Kocapa reguku kang dipimpin dening Sersan Badar, amarga kajuligane Dhik Jono (kang nalika iku watara lagi umur 16 taun) kerep wae nggempuri pertahananane kanthi maremake. Dhik Jono nalika iku pancen kekendelane ngedab-edabi. Dheweke kerep nyamar dadi kere, wong edan, wong dodol, lan nyandhang putri barang kanggo ngerteni pusat panyimpenane senjata lan liya-liyane duweke sedhadhu Landa. Mesthi wae yen tumindake mau konangan ya dijuwing-juwing ora karuwan. Nanging, dheweke mesthi celathu, “Kareben, waton penggempurane bisa tumata lan temanja.”

“Ing sawijining dina dheweke pinuju nyamar dadi wong edan, raine dicoreng-coreng ora karu-karuwan. Dheweke mlebu markas Landa kareben ditakoni priye-priye kang kabeh mau mung siasatku sakanca. Temenan dheweke ditakoni dening sawijining sedhadhu Landa “Kowe tahu dimana gerilya berada?”

“E e...ngerti saja. *Itu lhoo di bawah jembatan,*” kandhane karo pecicilan nudingi penere kreteg Kewek, banjur sirik-sirik kedingklangan. Weruh mangkono mau serdhadhu sing takon mesthi gumuyu kemekelen.

Nalika iku aku sakanca pancen lagi ana sangisore kreteg Kewek temenan, lagi adhep-adhepan karo sedhadhu Landa akeh kang wis siyaga ngepung

aku sakanca. Nanging, kabeh durung tumindak amarga durung nyumurupi glibeding tentara gerilya. Aku kabeh isih ndhepipis neng njeron urung-urung dalam banyu kang durung dimangerteni dening serdhadhu-serdhadhu mau. Maklum lagi teka anyaran dadi durung apal laladan kono.

Dumadakan saka kulon ana bebarisan teka, ora saranta dakserang nganggo peluru siji kang kasil ngglundhungake serdhadhu siji uga. Dene serangane nuli bebrondhongan nyang ngisor tretteg. Aku sakanca wis angslup mlebu urung-urung oncat saka kono. Embuh kae ora suwe kok malah saya pating clethor rame. Kiraku barisan loro mau malah padha campuh dhewe. Maklum sih padha dene membabi buta tembak-menembak karo amping-ampingan, dadi padha dene ora jelas endi kawan endi lawan. Ora suwe aku sakanca wis njebol urung-urung sacedhake markas kang wis disiasat dening Dhik Jono mau. Ing kono penjagane ora sepiroa akehe amarga lagi padha lunga patroli. Perlawanan uga ora sepiroa, malah aku kabeh bisa entuk tambah gegaman akeh. Sawise iku aku sakanca oncad saka kono, bareng mbledhose dinamit ing gudhang mesiu reguku wis mlebu urung-urung banyu maneh nggeblas mlebu markas.

Dumadakan ana prajurit loro kang marani karo briga-brigi.

“Heh ngapa kau?” kandhane mentheleng karo pethenthengan. Sing siji nuli nggledahi sak lan gembolane Dhik Jono. Dumadakan mripatku dadi mlotot basan weruh granat kang tinemu ing trumpahe Dhik Jono kang disimpen ing banthongane. Mangka dheweke wis dipenging dening Sersan Badar supaya aja nganti nggawa senjata.

“Pak weruh kae ora?” pitakonku marang Pak Badar kang uga lagi mencereng karo gedheg-gedheg.

“Tembaken sing nyekel granat kae!” prentahe.

“Emoh, mundhak kena Dhik Jono,” kandhaku. Maklum durung titis sih.

“Ya wis dideleng wae dhisik,” celathune Sersan Badar mrayogakake.

Ora suwe Dhik Jono tumindak, granat disaut nuli diantemake prajurit loro mau genti-genten nganti padha kelaran. Sawise didudut pene nuli dibalangake nyang markas mau. Dhull...markas kobong. Dhik Jono ngithar marani prenahku arep mlebu lawang urung-urung ing sandhingku kang wis siap kanggo angslup, lumayu.

Dumadakan peluru saka markas kang dadi panik mau mbrondongi playune Dhik Jono. Tepat ing sangarepku dhik Jono ambruk ndepani bantala.

Dheweke tiwas kena mimis angkara murka. Layon mau nuli dakseret terus dakgawa angslup nyang urung-urung. Sawatara iku Sersan Badar tumindak kaya bantheng ketaton mbrondongake stengune saengga ngglundhungake sok sapoa kang wani nyerang lan kumliwer ing sangarepe. Korbane akeh, gudhang mesiu keprungu pating jlethor ora karuwan, markas mau dadi karang-abang.

Ora suwe aku wis tekan markasku maneh kanthi nggawa layone Dhik Jono kang nuli padha dirukti apa mesthine.

Sersan Badar rada suwe lagi tekan markas nututi aku karo krenggos-krenggos.

“Piye Pak?” pitakonku.

“O wis dadi karang-abang. Priye Dhik Jono?”

“Lha kae lagi padha dirumat.”

Pak Badar nuli marani banjur ngelus-ngelus sirahe layone Dhik Jono, kebak katresnan. Mripate kang biyasane mencereng medeni, wektu iku dadi surem kaca-kaca. Kabeh sedhik kelangan prawira kang wis akeh lelabuhane mau.

“Priye Pak, apa serdhadhune wis tumpes?” pitakonku kepingin ngerti.

“Durung, amarga aku kentekan peluru,” jawabe sedhik.

Nah, tekan semono layone Dhik Jono nuli dikubur. Lagi dhek taun 1950 layon mau dipindhah nyang Taman Bahagia.

“Wis gilo gek enggal aliyen mreng!” ngandikane Bulik kadi meja dahar kang wis kumebel.

“Mangga Nak,” sumambung. Kabeh nuli aliyen karo isih getem-getem menyang tumindake penjajah Walanda nalika semana.

“Nah, saiki lehe perang nglawan tahu, mangga Nak sami ditumbak ngangge garpune niku,” ngandikane Paklik mbanyol.

Kabeh gumbira nganti akhiring patemon mau.

Taman Putra, No.8/Th. Ka VIII/1963

ELOKING LELAKON

Widada Bs

Jalan Diponegoro wanci candhikala.... Bocahe papat, kathoke cekak-cekak ijo enom ngapret-ngapret, mawa kepeting kiwa tengene. Pucuking klambi diundhel-undhel, lengene diwingkis dhuwur banget, meh tekan kelek. Rambute gondrong-gondrong, dilengani klimis disisir memburi, saklebatan memper rem sepur sing kakehan gemuk. Tangkepe briga-brigi, pethitha-pethithi kaya asu bubar menang kerah. Sing awake gedhe pideksa iku aku wis ngerti jenenge, Abror, bocah wetan treteg sepur, kesuwur si jago gelut. Pancen aku wis nate tepungan, tepung bengkerengan lumantar jotos lan tempilingan. Jotosane nyata atos antep, iku wis tau dakrasakake. Pipiku sisih kiwa jejer mripat wis ana cape "jotosan Abror." Dene sing telu maneh iku aku durung ngerti jenenge, mung weruh yen tetelune nunggal panggaotan karo Abror, dadi kros bois. Awake ora pati gedhe kaya Abror, dene dedeg piadege meh undha-undhi.

Kepethukan karo Abror sabalane pancen ora kajarang, karepku sore iki mau mung arep ngenggar-enggar ati, bubar ujian wis jamake. Ing pihakku mung bocah telu, aku dhik Jon lan dhik Nugraha. Karo-karone padha dene adhi-adhiku kabeh. Mripate Abror pijer langsir mrana-mrene, jlalatan ora karuwan sing diawasake. Lan wusanane mak jreeeng...mata tempuk mata. Getihku kaya disiratake, mili santer, ati dhog-dhig ora ajeg lan ambeganku krenggosan kaya ambegane endhas sepur. Aku wis ngentha-entha dhisik apa kang bakal kedadeyan mengko. Matane Abror kang longsar-langsir mau, saiki tansaya diambakake, milik persis mata kucing candramawa. Tangane kiwa tengen dicantholke lempeng, malang kadhak. Lan rindhik-rindhik dheweke maju. Semono uga aku ya banjur kethemek-kethemek marani. Saya cedhak saya cetha yen raine isih kebak kukul, kaya biyen. Malah-malah saiki tansaya subur mratani raine kang ngungkal gerang iku. Cangkeme mrongos, untune sing gingsul katon mencuthal menjaba, aku njur mikir: kaya Dracula. Alise loro-lorone gathuk, sing siji ana sebageyan sing ora kethukulan rambut, aku ngerti jalarane: dislomot rokok dening Birawa. Mripate abang angkatirah, kaya wong karipan. Pantès wae sebab ben bengi mesthi kluyuran ngukur dalan.

Bareng wis adu arep dheweke nyuwara santhak, serak banget.

"Jangkrik...."

“Aku noleh ngiwa nengen njur mangsuli sareh, “Ora ana wong adol jangkrik Bror.”

“Ehh, kurang ajar ajak guyon. Kowe ketagihan ya.”

“Ketagihan? Dhengkulmu ambleg! Anggitmu aku kena mbok nggo dolanan kaya biyen, hhehhh!” atiku kemropok.

Weeeeng...pleg...raiku krasa kandel, jagad peteng, bintang-bintang kaya-kaya padha playon ing ndhuwurku, aku glayaran lan wusana...kecopak...aku mlebu kalen cilik. Eeh...ehhh antemane..., anteman atos anteb cap Abror sing wis tau dakrasakake. Meh wae aku *knock-out*. Aku krengkangan ngadeg, awakku gluprut. Abror mbegagah ngenteni karo klecam-klecem nganyelake. ”Entenana piwalesku,” mengkono pangudarasaku.

Weeeeeng...dheweke ngantem maneh. Seet...aku trengginas ngendhani. Gentayang-gentayang Abror kelangan kesetimbangane. Lempenge dakjegang sakayangku... wing...buggg...nulusur, wusanane mung keprungu pisambat uughh...uughh, banjur lerem.

Raine ngambung lemah, sirahe kebentus pager tembok, ngglele karo isih bekah-bekuh. Hiiiihhh...rasakna saiki kowe, aja sesumbar dupeh kowe jago gelut, lagi saiki kowe ketanggor cah lor pasar. Sepierku dakdemek, atos. Ora muspra anggonku kethayalan ngangsu saben dina, jebul ana asile. Atiku rumangsa mbedhodhog, menang gelut.

Kanthi lagak kaya Hercules aku gliyak-gliyak marani Abror, arep daksampurnakna pisan (waduh-waduh). Aku medheng-medheng nyedhaki. Kepelanku kiwa tengen daksediyakake. Ceg...rambute dakjambak, kepelan tengen dakangkat, ehem-ehem sambata saiki, sida ram...uuuhhhh...ngeeg...wah cilaka banget. Abror ora sida rampung, sing rampung malah aku. Kancane Abror sing potongan Tarzan nendhang gares, kepeksa aku nggloso ana pinggir bak sampah. Enggal aku mencolot, aku kudu males. Durung nganti rampung anggonku bandayuda, wong telu teka nengahi anggonku gelut. Sing loro lanang wis rada tuwa-tuwa, sing siji wadon susunan. Lan ora suwe kesusul wong-wong liyane kemrubut padha nekani. Kaya semut ngrubung gula.

Gencatan senjata sida dianakake.

Ah, atiku gela banget, rumangsa durung bisa males. Yen dipetung malah tuna, awak gluprut gares mrempul, ketambahan cap tangan “Abror” cap tangan kapindho.

Kedadeyan ing Jalan Diponegoro mau wis lawas banget, wis telung taun kepungkur. Nalika iku aku lagi bubar ujian es-em-pe. Aku ora bakal lali karo dheweke, Abror. Abror panji klanthung, krosbois, mungsuh pitung turunan kang wis daksumpahi ora bakal duwe mungsuh loro telu kajaba Abror, bocah wetan treteg sepur.

Nanging, wolak-waliking jaman keduga njabut sumpahku, sumpah mring satru sekti, katandha saka lelakon-lelakon sing daksandhang ing paran saiki iki.

Nalika aku ngancik ing bangku klas telu anyar-anyaran, Abror ngleboni sekolahku, lungguh ana klas I B/2. Watara telung ndina saka anggone dadi murid anyar mau aku lagi ngerti yen Abror mondhok ana dalem Pak Mangku, let patang surup saka pondhokanku. E, lha kok ya ndilalaha wae. Nanging, sing ndadekake gumunku iku solah-tingkahe Abror, kaya-kaya wis malik gremyang. Nakale, briga-brigine, watak krosboise, mripate sing jlalatan, saiki wis ilang babarpisan tanpa tipet tabet. Sing katon saiki mung tindak tanduk kang sarwa sareh, alus lan sarwa temata.

Batinku nggraita, kepingin nganakake hubungan diplomatik, kepingin kekancan karo dheweke. Aku butuh kanca nunggal sadesa, kanca geglenikan pinuju neng ati sepi, kang kena dakajak ngrembug bab kaendahaning desa, bab ledhung-ledhunging pari, bab gumrojoging banyu ing kedhung pesantren, bab mitra-mitra lawas kaya Andirah, Birawa, W. Adias, Cholifah, Titiek S, lan liya-liyane. Pancen urip ing paran gampang kesepen, sepi ing sih sutresnane kulawarga. Apa maneh yen ati digawe kagol, tatu tabet nggligir ing dhangkeling ati. Kang mangkene iki mesthi dirasakake ing saben bocah normal kang urip ing pangumbaran. Wis jamak lumrahe.

Malem Minggu ing Yogya.

Gitare isih muni pating klenthing, driji-drijine panggah lincak-lincak nguwegi senar-senare. Swarane gedhe empuk, ngiringi iramane gitar. Ah, dheweke pancen wasis, bisa gawe esemku. Lagune cukup terkenal, "Kasih nan Hilang", alus ngalur-alur.

Dheweke kancaku, tilas bocah ndhugal, raja krosbois, Abror. Lungguhe ana ngebuk ngisor wit sawo, sikile methangkring dipancikake cagak cancangan wedhus. Wah, katone luwes banget, gaya Mexico.

Kasih nan hilang....

Jauh dirantau orang....

'Tah kemana....

Ku tak tahu rimbanya....

Swara penutup nglayang ngawiyat, kasusul panyethoting senar gitar pungkasan.

"Aahhh....," Abror nguwuh dawa.

"Kesel Bror?" Abror ora mangsuli, mung ngadeg karo molet.

"Indra film-e apa Wid?"

"Mbuh ya, ora niliki jee."

"Nek Permata?"

"Scandal in Sorento."

"Pemaine sapa?"

"Sophia Loren gajege."

"Nonton yuk."

"Oke, ning traktir lho."

"Beres, salin sik kana."

Aku mlayu salin. Ora nganti limang menit aku wis bali ana ngarepane Abror, dikancani *weener*-ku. Abang ijoning ndalan ora kacrita. Aku lan Abror wis ana ngarep bioskup "Permata". Kebeneran sing nonton ora seg-segan, nyatane bengi iku wis bengi kang katelu.

"Antri Wid, seri C nomer 13-14."

Dhuwit daktampani, aku antri. Apes, seri C nomer 13-14 wis payu, mula kepeksa seri liya, D.

Lagi wae menyat arep nitipake sepedhah, ing pojok lor gedhong wong-wong padha kemrubut. Tangane sraweyan lan keprungu gedebag-gedebuge kepelan sing cumeprot tiba ing rai. Pikiranku wis nyandhak: bocah gelut, Abror sajake ya ngerti. Abror mandeng aku, semono uga aku mandeng Abror. Ing mripate kaya-kaya katon wewayangan ing Jalan Diponegoro telung taun kepungkur, cetha banget leloncatan ing pasemone. Nganti rada sawatara Abror lan aku anggone padha njegreg acampuh netra. Wusanane Abror mesem, aku uga mesem.

"Kang mangkono iku ora bakal kelakon maneh ing antarane aku lan kowe Wid." Pangucape Abror lirik kebak wirama.

“Sokur Bror, aku bungah marang kandhamu iki mau.”

Aku lan Abror padha sesalaman, kairing esem kang muncrat saka ati kang bungah. *Weener*-ku lan *Hartog-e* Abror katon padha semende rerangkalan ing papan penitipan. Ora beda karo sing duwe kang uga gegandhengan rapet mlebu nyang gedhung bioskup kanthi nyungging rasa manteping memitran. Ah, eloking lelakon....

Taman Putra, No.9/Th. Ka VIII/1963

ING RUMAH SAKIT

Eddy Dadang Djajatmadja

Jam lima sore.

Aku tilik mitraku ing Rumah Sakit Tlogorejo. Weruh tekaku kang rada gesik iku, mitraku senenge ora jamak.

“*Selamat sore, Mbak,*” kanddane mapag tekaku.

“*Selamat sore.*”

Terus aku lungguh ing pinggir dhipane.

“Priye Wik, rada suda ta?” pitakonku.

“Ya, pangestumu Mbak.”

“Pancen laramu sajake arep mari Wik. Hana delengen cahyamu wis bali mencorong.”

“Nanging, aku kudu operasi ki Mbak?”

“He eh!”

“Eh kok aneh ta Wik. Mangka awakmu tetep lemu wae. Kaya adat saben.”

“Ora sing peh lemu Mbak. Laraku ki lara ginjal. Kudu ngalami operasi. Malah operasine ora nganti seminggu maneh.”

Sepi sedhela. Ocehing manuk prenjak ing wit tekik keprungu ngeres-eresi. Angin sore krasa adhem.

Pancen mitraku siji iki, jan ngalami bakal operasi. Aku dhewe jane ngerti yen larane kang kaya mengkono kuwi kudu dioperasi. Nanging, aku ethok-ethok ora ngerti. Dimen atine ora kesenggol. Wis telung minggu iki dheweke kelem ing rumah sakit. Lan ya mung aku kang kerep tilik dheweke. E....., dheweke mitraku kang raket. Lan kebeneran omahku cedhak karo rumah sakite.

Wiwik daksawang raine. Ketara raine malih mbrabak. Luhe kumembeng.

“O, Wik ana apa kok nangis?” pitakonku.

“Aku jane sedhik Mbak .”

“Sebab apa?”

“Wis pirang minggu aku ora melu wulangan Mbak. Mangka ujian wis cedhak. Kancaku padha seneng-seneng lan dolan. Balik aku? Kelem jroning omah kang kebak kasepen. Oh.... Mbak, yen ora panjenengan kang kerep tilik mrene, gek kepriye sepine atiku.” Wiwik nanging mingseg-mingseg.

“Wik,” aku welas. Dakarasi rambute kang memek memes. “Wis ta, aja kakehan pikir. Pikiren laramu, dimen enggal mari. Luwih-luwih kowe arep operasi. Mesuwa brata lan memuji supaya anggonmu bakal operasi slamet ora ana alangan kara-kara. Dadi aja terus nangis ta Wik.”

“Nanging, aku ora bisa melu ujian Mbak. Kepriye?”

“Ujian aja mbok pikir Wik. Sokur wae kowe wis mari sadurunge ujian. Wong isih rong sasi wae.”

Sepi sedhela.

“Mbak,” Wiwik ngundang. Aku nyedhak ing raine.

“Sesuk yen tindak rene gawakna piulku ya. Suwuna ibu, kandhaa yen aku arep miul.”

“O, nanging kowe isih lara Wik. Ora perlu main piul dhisik. Suk wae.”

“Ora Mbak. Tenan jupukna piulku ya?”

“Iki ana rumah sakit Wik. Ora pareng dolanan piul. Aku ngerti yen kowe pinter piul. Malah wong kowe diundang kanggo main neng Panti-Marhends. Nanging, aku kandha ora bisa.”

“Nanging, Mbak Tin kersa ta nggawakake piul? Tenan lho mbak.”

“Dokter ora pareng lho!”

“Wis ta aja kuwatir. Aku arep main piul kanggo tulak kasepen. Sepi banget Mbak ing kene. Sepine bakal dakiseni irama piulku. Dimen ora banget-banget kelem ing kasepen. Tenan lho Mbak. Aja lali ya?”

Liya dina aku tilik maneh. Ora lali piule Wiwik kang endah dakgawa. Tekan rumah sakit kamar nomer 8, Wiwik bungah banget. Ora let sedhela, ing kamar kono keprungu Wiwik nggesek piule. Wiramane kebak panalangsa. Sedhih. Irama kang munggah-munggah nanging sedhela terus kleper-kleper mudhun kaya lagi mudhun ing pereng jurang.

Nganti suwe Wiwik anggone nyanyi liwat piul kesayangane. Iramane sedhik, nggambarake ati kang sepi. Lan kebak puji, muga-muga anggone nandhang roga dianggal saras. Ora krasa, yen mripatku kembeng-kembeng. Kaya lagi kelem ing lagune Wiwik kang ngelam-elami nanging uga kang ngrerujit ati.

Taman Putra, No.11/Th. Ka VIII/1963

ALBUM

Sujadi SH

Olehe maca sajake tumungkul banget. Pancen adhik-adhikku padha nduweni kasenengan memaca kalawarti. Apa maneh sing dicekel iku *Kuncung Istimewa*, majalah babaran Jakarta sing daktuku mau esuk saka toko buku Vita. Wektu awan Wayahe wong-wong padha sayah mentas nyambutgawe. Semono uga kulawargaku. Ewasemono ora ana sing biyasa turu awan kaya sing kerep ditindakake dening wong-wong kutha.

Aku wis wiwit mau lungguh ngadhepi meja liyane, nanging ora adoh karo panggonane maca. Rekane mono aku lagi ngringkes isine buku *Ngulandara* karangane Margono Jaya Atmaja. Enggonku open ngringkesi crita-crita Jawa iki idhep-idhep cecawis kanggo ngadhepi ujian basa Jawa lesan suk taun ngarep. Senajan durung rampung, nanging daklereni kagawa sepeting mripat nлити aksara cilik pirang-pirang atus cacache. Adhikku dakplengkap, isih tetep maca. Kanthi alon-alon aku mbukak glodhag meja njupuk album. Obahe tanganku alon banget, istingarah aja nganti keprungu dening wong liya. Aku yen ngarani album iki: cekli, peni, necis, lan liya-liyane, tembung candra liya sing ngemu teges apik. Album iki asil karyaku dhewe, dadi ora tukon saka toko. Jer gaweyan dhewe iki sing bisa nuwuhake ati kang kebak pamarem. Lan maneh unen-unen: “Opor bebek mentas saka awake dhewek” kanggoku kok mathuk temen.

Saking tresnaku marang “barang peni” mau, nganti wong liya angel bisane weruh. Yen pinuju nganggur kala-kala banjur dakelus-elus dakpundhi-pundhi pindha jimat paripih. Adhikku loro sing lagi maca iku wis suwe olehe kemecer kepengin weruh isine, nanging ora dakijini. Aku kuwatir yen rusuh utawa rusak merga olehe mbukaki kurang pangati-ati. Lha wong bocah ta! Malah ya tau kelakon, albumku dijupuk kanthi sesidheman. Lagi diwalik saklebatan ndadak konangan aku. Iba nesuku. Lir sinebit talinganing kalih, jajabang mawingawinga, sinabeta merang sagedheng mubal dadi dahana.

Kanthi tumungkul pasrah, album dibalekake nyang panggonane. Banjur mlaku kethimik-thimik marani lawang, tekan njaba terus mlayu nggendring anganak-warak, embuh nyang endi parane. Dheweke wedi karo aku. Aku sing...menang.

Album dakbukak. Ana ukarane “*Sekali melihat tetap teringat*” tinulis wujud aksara rinengga. Kaca candhake lagi kisenan foto yaiku urut-urutan foto nalika aku isih cilik nganti foto sing nuduhake gambarku saiki. Antarane cetha lan ora, aku keprungu swara kreset-kreset. Aku mengo mengiwa, adhikku mara karo ngguyu.

“Arep apa?” pitakonku sengk.

“Ndeleng album,” wangsulane alon. Album isih tetep menga tumempek ana tanganku.

“Olehmu maca rampungna dhisik.”

“Wis!” Bocah loro sumaur bareng, banjur ngadeg ana sandhingku, kiwa lan tengen. Weruh foto sisih pojok kiwa ndhuwur, adhikku sing lagi klas lima terus nudhing karo takon kangmase.

“Iki fotone sapa, Mas Suha?”

“Genah fotone Mas Di ngono kok.”

“Kok ora memper!”

“Memper wae! Sajake adhik ngono ya Na?”

“Sajake gene?” Aku nrambuli omongane.

“Sajake kok kaya...wedi.”

Aku ngguyu krungu panyandrane.

“Rambute iki...,” mung ngono iku karo tangane nggrayangi fotone. Album terus daktutup.

“Kena ndeleng nanging ora kena dicekel,” aku menahi resep.

“Tanganku resik.”

“Najan resik tetep ora kena. Iki wis aturane. Apa nek kowe ndeleng macan kerah kae ya terus mbok cekel macane?”

“Ya nek macanne wis mati kabeh.”

Album dakbukak maneh kaya mau. Katone padha seneng nyawang. Semono uga aku. Gambarku dhek nalika isih dadi cah SR pancen beda banget karo saiki.

“Sing nggawe klambi lorek iki kok mencureng, kaya arep nyundang.”

Olehe nyandra malah kebacut-bacut. Aku dipadhakake kewan duwe

sungu. Kanggo nyetop panyandrane, album banjur dakwalik, genti gambar. Mripate adhikku pendirangan ngawasi sakabehing gambar.

“Mas iki kaya wis tau dolan rene!”

“Iki fotone Mas Suyatno Karjani, balane Mas Di,” kadhane adhikku sing gedhe marang adhine.

“Saiki sekolah neng endi, Mas Di?”

“Semarang. Wiwit sasi Agustus wis dadi mahasiswa Universitas....”

“Gadjah Mada,” Wahono nyaut.

“We, salah!!!”

“E...anu...Diponegoro!” wangsulane karo nyenye-nges.

“Kowe kepengin dadi mahasiswa apa ora?”

“Kepengin. Lha Mas Di?” dheweke genti takon.

“Padha wae.”

Ing batin aku ngguyu. Sing kanggo nragadi dadi mahasiswa iku dhuwit saka ngendi. Lagi sekolah nang dhaerahe dhewe wae serete kaya ngene kok. Nanging, yen mung muni “kepengin” ngono wae ya gampang wong negara ora nglarang.

“Sing dhasine ireng iki Mas Rejo Haryono, saiki sekolah neng PGSLP Semarang.”

“Kowe kok ngerti?” pitakonku.

“Maca layange sing dikirimna Mas Di kae!”

Kabeh foto wis didelengi, banjur diwalik adhikku. Kaca sing anyar iki mung dakisi fotone kanca pena, mula adhikku durung kenal. Lagi arep dakwalik, dadak tanganku dicekel adhikku.

“Iki Mas Widada Bs. Cepu sing sok ngarang neng Taman Putra. Jarene tau gasakan karo Abror.”

“Iya, saiki sekolahe pindhah Yogya.”

“Dadi mahasiswa?” Aku manthuk.

“Walik maneh Mas Di!” Adhikku prentah.

“Iki nek foto neng ngisor ringin. Sing lungguh neng ngarepe Mas Di iki Mbak Un.” Aku nerangake.

“Mbak Un iki dadi tokoh Pramuka. Pramuka cekakan saka....”

“Praja Muda Karana.”

“Tegese priye Mas Suha?”

“Tegese Rakyat Muda yang Cinta Bekerja.”

“Kowe Pramuka apa ora?”

“Aku ya Pramuka, merga najan ora tau latihan kaya bocah-bocah kutha, nanging seneng nyambutgawe.”

“*Bagus!*” komentarku.

“Mas Suha, Mas Na! Ayo budhal!!” saka njaba keprungu kancane undang-undang. Adhikku loro-lorone banjur mak jranthal ninggalake aku. Ora suwe maneh wis mlaku bebarengan karo kancane. Kabeh padha nggawa bendho karo tali.

“Arep menyang endi?”

“Menyang alas, golek kayu obong!!”

Atiku mongkog duwe adhik wekel nyambutgawe.

Albumku daktutup banjur daksimpen. Aku terus nyandhak pacul sing wiwit mau wis ngarep-arep tekaku. Kanthi kebak sih katresnan dheweke daktumpangake pundhakku. Aku bablas ngidul. Menyang tegal...!

Taman Putra, No.2/Th. Ka VIII/1964

ANGETING ELUH

Narsiti

Kumrinciping banyu udan ngrenggani bengi kang sepi. Sepi sakabehing pakarti. Nanging amuwuhi rame, putra-putrane, gandheng karo kahanan ngrekasane golek sandhang lan pangan.

Dhasare dadi wong cilik, uripe sekeng, ora duwe pegaweyan kang baku. Mung adhang-adhang buruhan, buruhan kang ora sumbut karo tenagane. Luwih-luwih saya nggrantes jroning ati, yen ngelingi dina ngarep. Dina riyaya kang sejatine ing njerone kudu kebak rasa gumbira. Nanging, gandheng karo kahanan malah dadi kosok balen. Saya cedhak dinane saya nalangsa batine. Nalangsa jalaran rumangsa ora bisa netepi tanggung jawabe marang putra-putrane. Nanging kanggone para Ibu, panalangsaning batin mung bisa katebus sarana tetesing eluh. Eluh martandhani welas marang putra-putrane, kang banget ditresnani. Tresna lahir-batin lan ora ana katresnan gedhene kaya katresnane bapa biyung marang putra-putrane. Ora beda karo awakku dhewe kang tau nanggulangi lelakon kaya ngono mau.

Anuju sawijining wengi.

“Mar?”

“Apa, Mbok?”

“Sinau?”

“Iya...,” jawabku cekak.

“Wong pasa-pasa ngene, mbokya aja mepeng-mepeng!”

“Kareben ora lali kok, Mbok,” sumaurku.

“O coba mrenea ta.”

“Iya.”

Aku banjur nutup buku-buku kang lagi daksinau, terus wae marani simbok, melu lungguh ing amben pring kang wis meyok-meyok ora jejeg adhepe. Dhasar mung dilemeki klasa mendhong, tur maneh wis ora wutuh.

“Mar?”

“Apa, Mbok?”

“Aku arep takon ya, aja dadi susahmu?”

“Ora,” jawabku lirih cekak karo dolanan klasa bedhah sacedhakku lungguh.

“Mesthine kowe dhewe wis ngerti, dene kahanan sing kaya ngene iki. Mangka saiki wis wulan pasa, sedhela maneh wis riyaya. Adat saben bapakmu lan aku bisa nukokake awer-awer (sandhangan) kowe lan adhi-adhimu. Nanging...nanging saiki, abot banget le. Malah-malah arep tuku opak gadhung utawa opak gaplek wae kaya-kaya ora bisa. Banjur apa kanggo nyamikan besuk, yen kanca-kancamu padha mrene. Mangka buruhan ing tebon (tegal tebu) saiki ora bisa kanggo nututi reregan. Opahe bapakmu lan aku saben minggune mung cukup kanggo mangan, kadhang-kadhang malah kurang. Mula saka iku, awakmu wae sing gedhe, kudu sabar lan narima ya Le.”

Ngendika ngono mau aku banjur dirangkul lan sirahku dipepetake ing dhadhane. Ora let suwe pipiku krasa anget, angeting eluh kang tumetes saka paningale simbok. Sanajan aku ora ngingetake, ning aku ngerti manawa wektu iku simbok lagi muwun, muwun jalaran kagawa panalangsaning batin.

“Tenan ya Le, sing nrima!”

“Iya,” jawabku cekak meh wae ora keprungu.

Mireng jawabku kaya ngono mau, sirahku dicandhak, pipiku diarasi ngiwa nengen, banjur lagi diculake. Aku ora bisa apa-apa mung ndhingkluk karo uwak-uwik dolanan klasa bedhah maneh. Semono uga simbok, ora ngendika apa-apa maneh, mung nyawang aku wae kanthi rasa welas. Bareng wis sawetara suwe lagi ngendika.

“Sinau ya sinau Mar, ning aja nganti bengi-bengi. Yen nganti kebacut kwarasanmu keganggu. Lha yen nganti keganggu, rak nambahi susahe bapakmu lan aku. Sejatine aku ya seneng banget dene kowe kok sregep sinau. Ya muga-muga wae kowe mbesuk dadiya bocah kang utama, tur migunani kanggo nusa lan bangsa. Sak ora-orane kowe kudu bisa ngluwihi kapinterane bapakmu lan aku, kang mung bisa ngabitake pacul, leceg, lan arit.”

Aku ora bisa mangsuli apa-apa mung njegreg tanpa obah.

“Wis kana sinau, mengko gek ndang turu.”

Tanpa wara-wara maneh, aku menyat ninggalake panggonan mau. Banjur ngener marani senthir kang mung murup kelip-kelip jalaran kurang lenga.

Nanging, ing kono aku iya banjur ora bisa sinau maneh, enak-enak mentheleng ngingetake mobat-mabite senthir katerak angin, kaya dene mobat-mabite wong tuwaku katerak panalangsaning batin.

Ora suwe buku banjur dakringkesi, senthir dakpateni, aku mapan turu. Geger kang mung linemekan klasa amoh, sandhuwuring galar pring, pating kriyet swarane, ora dakrasa. Brengengenging jingklong utawa lemut sakiwa tengenku ora dakrungokake kagawa saka ngambra-ambraning pikiran. Nganti suwe ora bisa turu, mung kelap-kelip wae. Nanging, pungkasane mung bisa mikir, "Kok semono katresnane wong tuwaku, gek apa mbesuk sembulihku."

Taman Putra, No.2/Th. Ka VIII/1964

SADHAR

Dudung Kasan Mohamat

Dina iki aku wis nglakoni sawenehing kagagalan, nalika aku melu ngetoni lomba deklamasi sing dianakake dening sawenehing sekolahan ing kuthaku, wektu mengeti dina "Pancarwarsane" madege sekolah iku. Ananging aku ora bakal cilik ati ngadhèpi pepalang mau. Awit aku ngerti manawa kagagalan mau awujud pecut tumrap bakatku sadurunge aku njegur ing kalangan kesenian kang luwih dhuwur. Aku ngalami kagagalan iki ora ateges aku ora bisa utawa ora arep bisa, nanging pancen suwasana sing ora ngidinake tumrap lakuku.

Mangkono sauntara bait tulisan sing dakwaca saka buku dinane Aan, kancaku sing ora kajarag keru ana pondhokanku. Bukune mau kasamakan peni, mawa irah-irahan "Hati yang Pasrah" tinulis ing kulite nganggo cet air.

Lan aku ora bakal gela ngadhèpi kabeh mau. Marga aku insaf, yen uripku iki kudu kanggo ngadhèpi kagagalan-kagagalan utawa kanikmatan-kanikmatan. Apa sing mesthi dakgelani, samangsa uripku iki kudu kanggo ngadhèpi kagagalan-kagagalan mau?

Ah, aku dadi ngrasa kesindhira maca bacute tulisan mau. Kaya-kaya tulisan iku nyeyenges nasibku sing kerep nalangsa iki, marga kerep ngalami kagagalan-kagagalan nanging ora bisa mrantasi pepalang-pepalang mau. Bisaku mung nglokro. Lan nglokro yaiku salah sijine sipat elekku sing angel owah-owahane.

Aku pancen wis ngrekadaya kepriye dalane anggonku arep mbengkas sipat-sipat elekku mau. Nanging, aku tansah mrangguli alangan-alangan wae lantaran aku ora duwe tekad sing luhur kaya mitraku iki. Mitra ing dhadhane kebak dening geni makantar-kantar kanggo ngadhèpi ruwet-rentenging urip. Lan uga mitra sing saleh, sing sregep nglakoni sakabehing wewatos agamane.

Aku ngrasa utang budi menyang mitraku sing daktresnani iku. Lantaran kanthi tulisane iku aku dadi sadhar menyang tumindak-tumindak sing ora becik. Lan lantaran tulisan iku aku banjur entuk dalan kanggo mbengkas sifat-sifat elekku sarana nulada tumindake sing utama iku, ora bakal nglokroan yen ngadhèpi pepalang-pepalang. Aku kudu bisa nyonto Sebab, aku insaf saiki, manawa saben titah sing dilairake iki kinudhokake dadi panguwasa. Panguwasa tumrap awake dhewe.

Kepriye yen uripku mung kebak panalangsa, nanging aku ora bisa nanggulangi kabeh panalangsa-panalangsa mau? Apa sanguku kanggo ngadhepi tantanganing urip lan panguripan iki? Apa mung kudu njagakake takdir? Kamangka takdir iku bisa ditolak. Lan Pangeran ora bakal ngowahi uripe umate, samangsa umate ora gelem ngowahi dhewe. Uga rejeki ora bakal ditumurunake kayadene tumurune embun ing wayah esuk.

Kabeh mau kudu kanthi pangorbanan lan perjuwangan. Pangurbanan lan perjuwangan iku sangune kudu atekad waja, ora gampang mutung yen menangi sawenehing kagagalan.

Ya, saiki aku sadhar ing sabener-benere sadhar, apa gunane urip. Urip iki kudu berjuwang. Amarga urip sing tanpa perjuwangan iku urip sing ora mulya. Urip sing ora becik.

Aku banjur kelingan menyang sawenehing wasiat ing kitab suci Alquran surat Al Anaam ayat satus telungpuluh lima, kang nate dakrungu terjemahane saka mitraku mau kang surasane kira-kira mengkene. “Kandhakna sira he umat-Ku! Nyambutgaweya sira manut kapinteranmu dhewe-dhewe lan aku uga nyambutgawe. Mengko sira bakal nyumurupi apa asil panyambutgawemu.”

Nganggo ayat iku aku arep mbukak dhadhaku saka pepeteng. Aku arep miwiti kerja. Kerja mbengkas sifat ora becik sing kudu dibuwang adoh-adoh kanggo sangu ngadhepi tatananing urip lan panguripan iki. Urip lan panguripan sing mbutuhake perjuwangan lan pangurbanan.

Aku ora bakal cilik aten maneh.

Taman Putra, No.3/Th. Ka VIII/1964

TANGGUNG JAWAB

Slamet Isnandar

Kala semana aku karo Tarno lagi bramantya nandangi panantange mungsuh ing saben dina, sega.

“Kulanuwuuunn! Dhik As, Dhik Tar, lagi apa?” mengkono swara empuk ulem uluk-salam.

“Manggaaa, wah ana tamu, pinarak, Mbak!”

“O, lagi padha dhaharan ta, begjaku iki, wis Dhik, terusake!”

“Nuwun, Mbak, aku wis rampung kok, ayo lenggah dhampar kencana dhisik lho!”

“Iya, Dhik,” dheweke mapan lungguh, aku ana kursi ngarepe.

“Dhik Tarno kok ora ana benene, ta?”

“Nembe tindakan!” keprungu swarane Tarno saka mburi banjur disusul panjedhule.

Mbak Indarwanti gumuyu, aku semono uga. Tarno melu lungguh njagongi.

“Sejatine panjenengan arep daktawani Mbak, nanging sayang banget mung kari separo bareng dakingat-ingeti ketang welasku marang dheweke ora suwe: leb, klebu kabeh.”

“Setop! Saiki aku arep nyuwun priksa, kok sajak gita-gita sore-sore methuki para raseksa, ana gawe apa Mbak?”

Mbak Indar durung bisa mangsuli, isih ngguyu wae.

“Ah...! Angger dolan mrene mesthi atos wetengku. Anu Dhik, iki rak malem Minggu ta ya?”

“Embuh, Mbak, kene iki prasasat lali dina, malem Jemuwah, malem Minggu lan malem-malem liyane rasane ya padha wae ta! Ana apa, Mbak?”

“Adhik wis padha nginguk sekaten?”

“Kowe wis nginguk sekaten durung Tar? Yen durung aku idem.” Celathuku marang Tarno.

“Krungu wae lagi iki!” wangsulane.

“Lho, Dhik Tar durung pirsane ta? Wah mumpeng banget sing marahi!”

“Bener, Mbak, mumpeng nethel intip,” wangsulane karo nggleges.

“Wis ah, aja gawe guyu wae, ta! Yen ngono apa sakira Adhik kersa yen dakaturi ngancani? Iki mau Atik nggereng nggenteng ngajak nonton, ndilalah Mas Nar ora ana, dadi ora ana sing ngeterake.”

“Mas Nar, tindakan ta Mbak?”

“Heeh, nyinom nyang *Wisma Watie*.”

“O...ngono ta. Lha yen pancen dikersakake sumangga, anggere ora lingsem wae lho!”

“Ah, Dhik As ki, sing diisini apa lho!”

“Pendheke No!” Tarno nyaut.

“Aja ngenyek ta. Wis ya, iki wis padha setuju ta? Aku dakmulih dhisik. Nuning barang ya arep melu jarene.”

“Mangga, Mbak, nanging matur temenan karo bapak, yen pandhereke kadang brekasakan Bajobarat lan Klenthingmungil.”

“Aja kuwatir.”

Mbak Indar menyat, aku ngeterake tekan lawang.

“Priye, Tar? Tanggungan berat ya?”

“Pancen, ning kita rak wis saguh, ta? Dadi kudu saguh samubarange, sing baku tanggung jawabe.”

“Bener, Tar, saiki tatanen kekuwatanmu, eling-eling silatmu, yen sawanci-wanci kanggo, kowe ngerti?”

“Ngerti apa?”

“Ing kana rame akeh bebaya, bocah nakal pating kliwer golek jaragan. Saya-saya Mbak Indar lan Dhik Nuning iku ... ehem, bisa sawanci-sawanci kena gendra!”

“Aku wis mudheng karepmu! Jagung perkarane, tanggung bakarane!”

“Hus, kok diwalik! Ayo, gek ndang dandan!”

Mbak Indarwati iku tanggaku cedhak, putrane Pak Suwandi, Inspektur Polisi kota, dene daleme pas ngarep pondhokan rada kepering sethithik. Dhik Nuning lan Atik adhine Mas Nar iku kangmase. Mbak Indar tangkepe

grapyak sumanak, sopan, ora isinan, lan blater ing pasrawungan. Aku lan Tarno biyasa banget karo kulawargane Pak Suwandi; sepisan tangga cedhak, kaping pindhone pancen Pak Wandu ngersakake mengkonono – bebas, waton padha ngertine.

Aku lan Tarno wis rampung olehe dandan banjur lungguh kursi ngenteni Mbak Indar.

Let sedhela ana swara bret-set, bret-set....

“Ayo, Dhik.”

“Weh, wis rampung ta, mangga!”

Ing njaba wis ngenteni Dhik Nuning, Atik, lan...Bu Wandu. Aku age-age arep matur, nanging kedhisikan.

“Iya, wis Nak, aku titip mbakyu lan adhi-adhimu, sing ngati-ati ya!”

“Inggih, Bu, sampun kepareng rumiyin.”

“Mangga, Nak, mangga!”

Wong lima banjur mangkat. Sekaten iku ana alun-alun cedhak wae, kita ndharat (mlaku). Mbak Indar ana ngarep karo Dhik Nuning, aku karo Tarno nggandheng Atik ana mburi. Mbak Indar busana cara Jawa, aduh ... pantese!

Nyampinge latar ireng, kebayake ijo pupus, slendhang malang wungu sumampir ana pundhake, sandhale jinjit keseret ing prada emas...dhasar putri Solo.... Kita mlaku alon-alon kaya wong ngiring layon.

“Wah, aku pangling tenan, Mbak.”Tarno miwiti rembugan.

“Kepriye, ta?” pitakone Mbak Indar karo mesem.

“Panjenengan mau dakarani Bu Prapti guruku aljabar, aku kaget, saiki isih tab-taban!”

“Lho, sebabe?”

“Aku mau didukani akeh-akeh, marga didhawuhi maju nggarap ora bisa, aku diukum, oleh garapan ngomah 150 cacahé. Lah iki mau dakkira Bu Prapti teka arep mriksa garapanku! Ah, athuka rak gogrog marasiku klakon.”

Mbak Indar lan dik Nuning gumuyu. Atik ora. Dheweke durung ngerti apa sing digeguyu mau. Kita terus mlaku kanthi omong-omong sineling geguyon lirih.

“Bu Prapti rak arep krama oleh Ir. Sutejo ya?” pitakonku.

“Heeh,” wangsulane Tarno, meneng sawatara suwene. Ora krasa kita wis tekan alun-alun.

“Eee, gelise, ra krasa wis tekan. Ayo. Ning Tiek kowe ndherek mas, aja pethal ya!” Atik manthuk.

Sekaten kang wis dadi tradisi setaun sepisan ing Ngayogya lan Sala pranyata tetep oleh kawigaten gedhe saka masyarakat. Sing nonton jejel riyel, suk-sukan lan pet-petan ora karuwan. Atik dakbopong amarga ora bisa mlaku. Kita banjur mubeng sakawit nonton wong dodol celengan, gangsingan, dolanan-dolanan, lan liya-liyane, wusana keblasuk tekan panggonane wong dodol jamu. Sing nonton ngrubung. Aku wiwit anggraita bakal ana rubeda ing kene. Bocah pating bedigas wiwit nyedhaki, atiku mung samar thok.

Temenan, panggraitaku ora mlesed. Ana pemudha loro tansah ngetutake laku ana mburi.

“Nyeri siji-siji kok dobbel loro ya Ham?”

“Iya. *Don't be afraid!*”

“*Not of course!* Kanggo nyuthik cacing mung ambutuhake biting!” keprungu omonge pemudha loro mau. Aku ngerti karepe, atiku panas. Tarno noleh memburi, dakkira idhem aku.

Ora kanyana-nyana, mak slonong, salah sawiji saka pemudha mburiku sing klambine ireng nganggar Tarno lan mak ceg tangane Mbak Indar dicekel.

“*Ah, apa-apaan, kamu gila, lepaskan ini bedebah!*” Mbak Indar kaget banget, jeleh-jeleh karo ngipat-ngipatake tangan duraka.

Cepet-cepet Tarno maju, pemudha jalang dikampleng gloyoran arep tiba. Atik enggal-enggal dakmudhunake banjur diglandhang Nuning, dijak nyingkir. Lagi arep jumangkah, aku dhisikep uwong saka mburi.

“Kancane iki!” Aku mbungkuk, mungsuhku tumemplek geger banjur dakbabitake mengarep tiba bareng ing ngarepku. Tanpa ampun, sepatu sing wis kandel dening paku sul-sulan, dakgajulake raine, dheweke njungkel. Tarno ngetokake silat ludruga warisane leluhure. Angger mungsuhe nyedhak mesthi kesemplak. Kanthi gerak kucing gering nyamber cething dheweke ngegos, banjur mak serrr ... bug! Mungsuh ambruk karo sambat nyekeli wadhahe brekat. Tarno wis ilang kawelasane, tangane ngranggeh mungsuh ditangekake. Bareng wis njengelek ... del! Diimbuhi cithakan lenthos.

Sanalika wong-wong gemrudug teka, kliruning panampa ngira yen sing diantemi Tarno.

“Iku copet, marga klambine ireng, kathoke...ya ireng!”

Kanthi nepsu, wong-wong mau melu ngantemi. Mungsuhku bareng ngerti kahanane kancane, dheweke ngadeg nyat, dakcekel, celathune kagok.

“Aku kapok, welasana aku, culna aku ben ora kaya Jalal kuwi! Culna! Aku arep mlayu!”

Batinku ngguyu, dheweke dakculake, banjur mlayu ora jejeg, numbuk-numbuk uwong. Wong sing ditumbuk alok, dheweke dioyak wong akeh, kecekel. Tanpa taha-taha sing teka padha ngantemi, ngamplengi.

“Hmmm, ora wurung nasibe padha kancane.”

Kita banjur sumingkir lan nerusake laku tanpa mikir kepriye wusanane pemudha-pemudha mau. Anggone mubeng nganti kemptu. Sajrone mlaku, Nuning tansah criwis ngrembug kedadeyan mau.

Taman Putra, No.4/Th. Ka VIII/1964

PANJERITING ATI ING WENGI SEPI

Moch. Nursahid Purnomo

Bengi iku udane deres banget kaya disokake saka langit. Swarane gludhug pating jleger, kairing angin santer kemrosak nrabas wit-witan. Bledheg ngampar-ampar nggegirisi, kilat pating cleret kaya-kaya donya iki arep kiyamat.

Wektu semana, ing sawijining omah, yaiku ing kampung R ana bocah kang umur-umrane kira-kira 14 taun lagi lungguh dheleg-dheleg ing kursi kamar. Bola-bali tangane ibut ngusapi eluhe kang tansah dleweran ing pipine. Kaya-kaya bocah mau lagi nandhang kesedhihan.

Purwanta, kaya ngono jenenge bocah kang lagi sedhah mau. Dheweke wektu samana eling kedadeyan dhek awan, kedadeyan kang ngeres-eresi lan ngrerujit ati....

Wektu iku lagi jam 9.00 dina Minggu. Purwanta ngapalake lan nyinaoni wulangan-wulangan kang diwulangake Pak Guru dhek wingi ing sekolah. Dumadakan ora kanyana adhine kang kira-kira umur 6 taun teka ngrusuhi anggone sinau. Warna-warna kang dijuluk ndadekake bingung ya jengkele Purwanta. Klawan sareh lan kebak rasa katresnan adhine dituturi supaya lunga aja ngrepoti anggone sinau. Nanging...adhine ora gelem nggugu pitutur kangmase, kapara malah nesu. Rumangsane dheweke diseneni.

Klawan nesu-nesu bukune kangmase diorat-aritake, mangsine barang diwutahake. Sepira nesu lan muringe Purwanta ora kena digambarake. Tanpa pinikir dawa, adhine banjur dikeplak sakayange. Sakala adhine tiba glangsan ing lemah kanthi nangis jerit-jerit. Wektu iku ibune kang pinuju masak ana pawon mireng panjeriting putrane mau kaget banget lan age-age mirsani menyang dununging swara.

“Ana apa, ana apa...Le?” pitakone ibune kanthi gugup.

“Hi...hiiii...aku...dikeplak Mas Pur,” kandhane adhine pedhot-pedhot karo nangis sinambi ibut ngusapi eluhe.

Tanpa takon larah-larahe dhisik, ibune banjur mundhut wilah kang kabeneran ana kono. Banjur disabetake Purwanta bola-bali amarga saka duka banget.

“Adhuh...Ibu!” sambate Purwanta karo nangis kelara-lara.

“Kula mboten...lepat...Ibu, ingkang lepat Purwono.”

“Apa? Kowe ora salah?” panyentake ibune klawan sengol.

“Bocah wis gedhe ngono ora dhuwe isin. Bocah gedhe kuwi wajib momong lan ngayomi adhine. Nanging, kowe ora mengkono, adhimu kok keplaki, kok beda, kaya-kaya kowe ngendelake gedhemu, gerangmu.”

Ngendika kaya ngono mau isih karo nyabeti, nyethoti ora kagungan rasa mesakake marang putrane kang tanpa dosa iku. Wis makaping-kaping Purwanta sesambat nyuwun gunging pangaksama, nanging ora direwes babarpisan.

“Lungaa kowe saka kene!” karo astane malang kerik. “Gawe apa ngopeni bocah goblog lan ora nurut marang pitutur wong tuwa. Kowe lunga aku ora rugi, ora getun utawa keduwung. Malah aku seneng, ora ana maneh sing mbeda adhimu, lan ora ana sing nyebel-nyebeli atiku. Lan maneh bisa ngirit beras lan dhuwit, amarga kowe ora ana. Age minggat! Aja mbisu!” ngendika ngono ibune banjur bali menyang pawon maneh.

Sepira njelu lan larane atine Purwanta nalika krungu ngendikane ibune kang nylekit mau. Purwanta banjur ngadeg kanthi rekasa lan sempoyongan, mlaku mlebu menyang kamare. Dheweke sedina kuwi ngebleng ana kamar, emoh mangan, emoh ngombe, agawe sedhihe ibu lan bapake. Ibune rumangsa getun ngajar putrane kang ora salah mau.

Oh, Ibu...kok semono siya panjenengan marang putramu, ngajar tanpa dipirsani dhisik larah-larahe endi sing salah lan endi sing bener, mangkono panjeriting atine ing bengi kang udan deres iku.

Anggonmu nglarani awakku daktampa klawan sabar lan senenging ati. Nanging Ibu...ngendika panjenengan kang kasar tur ora kepenak dirungu mau lho, bu, kang tansah cumengkling ing kupingku ora bisa ilang-ilang. Ora kena daklalekake ing salawasing urip. Apa aku panjenengan tundhung lunga saka kene.

Ah..., abot...abot banget bu. Tenan bu, abot banget kanggoku. Yen aku lunga saka kene sapa bu sing ngopeni tanduranku? Kang dakopeni esuk sore kanthi eklas lan tanpa mikir kesel. Aku nandur tanduran kang migunani amarga... aku banget tresna marang ibu.... Yen tanduran-tanduran mau wis awoh, ibu bakal ngrasakake. Ibu ora akeh-akeh ngetokake dhuwit kanggo blanja, amarga

lombok, tomat, terong, lan liya-liyane kari ngundhuh wae.

Sapa bu kang nyetlikakake agem-agemane bapak lan adhik? Apa arep disetlika ibu dhewe? Mokal ... yen ibu saged nandang, padamelane ibu dhewe akeh banget. Apa arep diongkosake marang tukang penatu? Ah..., mesthine ibu kakehan ngetokake dhuwit, mangka bayare bapak mung sethithik, dienggo mangan sesasi wae kurang. Nanging, kena apa atiku saiki gething karo ibu? Apa amarga kedadeyan awan mau?

Ah...kejem, kejem lan duraka banget yen aku gething nyang ibu. Wiwit saiki becik dakilangi pikiran kang ala neka-neka mau. Mundhak aku mengko dadi EDAN! Mbokmenawa ibu ngendika kang nylekit mau marga saka kesupen. Ing wektu iku pancen duka banget. Saiki aku arep niteni lan mituhu dhawuhe bapak lan ibu sarta arep momong adhik-adhikku kanthi seneng.

Theng...theng...jam tembok gemontang muni ping rolas. Pratandha dina saya bengi, udane wis mendha ora deres kaya mau, mung karo tlethik. Saka kadohan keprungu pambaunge asu mbaung mecah sepining wengi. Purwanta buyar kabeh lamunane marga saka kesele, dheweke banjur mapan turu.

Taman Putra, No.4/Th. Ka VIII/1964

ABOT-ABOTE MBURU IDHAMAN

Warino HS

Wayaha wis jam setengah wolu bengi. Udane nggrecih wae. Senajan ora patiya deres, ananging wiwit jam papat mau durung ana terange. Pating kritik nibani pepayon lan gegodhongan ing sakiwa tengening omah. Langite peteng ndhedhet, sinaring lintang kang saben wengi awèh pepadhang, ilang kelem ing jroning mendhung ireng kang ngebegi jagad. Dalan-dalan katon sepi, ora ana kumliwere manungsa siji-sijia. Mbokmenawa padha aras-arasen saka jemeking dalan lan adheme banyu udan. Lawang-lawang ing saurute dalan Merbabu wis akeh kang padha tutupan, mung ing omahe Pak Wiro kang dumunung satus meteran sakidule protelon dalan Merbabu katon kumerliping lampu. Lawange isih dibukak. Sunare lampu moncrat manjaba gawe kumrelipe banyu udan kang tumiba ing lemah.

Bocah loro, lungguh-lungguh adhep-adhepan ngepungi lampu. Dheweke, Marti lan Marmi lagi padha nengahi sinau. Wis telung dina iki sinaune ngaya banget. Jalaran pancen ing minggu iki lagi nengah-nengahi ulangan umum. Ulangan umum kang bakal netepake abang-birune rapote ing kwartal kapindho mengko. Loro-lorone padha meneng-menengan. Kaya patrape wong sesatron. Ora ana kecap utawa segu. Kabeh pikirane kasok ing bukune dhewe-dhewe.

Ora suwe ing njaba katon regemenge wong kudhung payung. Sajake arep mara tamu mrono. Dheweke, Surati kang saben sore mesthi teka kono sinau bebarengan. Wengi iki tekane rada kasep, mbokmenawa saka repote.

Rati iku bocah sing mondhok ing omahe Pak Sastro, sing ora adoh karo omahe Pak Wiro. Wis rong taun mlaku iki dheweke ana kono. Bocah anteng, rupane rada oleh lan utege kepetung rada lancar. Asli Karanganyar, anake wong tani wae. Ora sugih. Pengasilane mung cukup kanggo mangan sakulawarga ing saben sasine. Iki wae kanggone wong tuwane wis ngaya banget. Direwangi buruh-buruh saanane. Reregan saya ndedel. Bayaran pondhokan emoh keru. Apa maneh rega sabun lan buku-buku. Nanging, kabeh mau ora ndadekake kendhونه kekarpane. Ora ndadekake nglokronè idham-idhamane. Malah kahanan iku kang dadi pemecuting atine supaya luwih ngati-ati lan luwih mepeng anggone sinau. Direwangi nrima. Mangan saanane. Sega gaplek lawuh janggan wis cukup kanggo ngiseni wetenge. Tenagane ora lumuh. Saben

dina kalane ora sekolah mesthi ngrewangi Bu Sastro kang ndadekake rasa tresnane Bu Sastro marang dheweke. Kanthi cara kaya mengkonono dhuwite kiriman mau bisa lumayan, nganti tekan buku barang. Saben sore yen wis bar rewang-rewang Bu Sastro, dheweke mesthi teka ing pondhokane Marti lan Marmi kanca saklas. Ing pamrih kajaba bisa tukar kawruh uga bisa silih-silihan buku kanggo nutupi kekurangan. Pancen cara mengkene iki lumrah dianggo dening pelajar-pelajar saiki. Jalaran kajaba regane buku-buku mau larang, golek-golekane angel banget. Ora mesthi toko pepak nyedhiyani kabutuhane para pelajar.

“Kulanuwun!” swarane Rati karo ndhingkukake payunge. Bocah loro pating dengengek ngawasake karo mangsuli.

“Mangгаа!” Marti banjur mapagake menyang lawang.

“Aku Mbak!” kadhane Rati karo mringis.

“Oo...alah! Dhik Rati ta! Dakkira yen tamu sakempol.”

“Lha, pa dudu ta Mbak,” wangsulane karo nyelehake payung ing pojokan wetan lawang. Banjur bocah loro nuju menyang pasinaon.

“Wah sregepe Dhik Marmi rek! Ya ta Dhik, mbesuk ben bisa nyang IKIP.”

“Iya kok Dhik. Wiwit mau dheweke mung nyintheng wae kok,” kandhane Marti nambahi.

“Ora-ora Mbak! Mbak Marti kuwi nggedhobos!” wangsulane karo ngeluk boyok.

“Lah, mbok ora susah mungkir! Lha wong buktine aku teka kowe wis nyintheng ngono kok. Karo maneh rak kebeneran ta Dhik gek gelis pinter je.”

“Karo maneh, sapa sing ora sregep, lawong ana...” kandhane Marti karo ngguyu.

“Ana apane Mbak?” pitakone Rati.

“Embuh, embuh! Setop!” kandhane Marmi karo ngacungake tudhinge ing lambene. Tandha akon meneng.

“Oo, ya, ya,” kandhane Rati lirih-lirih wae karo mesem.

“E, lha kok isih-isih wae,” kandhane Marmi karo njewer lengene Rati. Rati ngatut, ngrubuhi dheweke. Banjur bocah telu padha wiwit sinau maneh. Kahanan bali sepi kaya mau. Mung ing njaba swarane udan isih ajeg. Malah kadhang-kadhang sinela swarane gludhug kang gawe kedhering ati. Angin

wengi kang nggawa rasa atis ngidid ngliwati bolongane kere lumebu ing ngomah. Silir-silir lakune tumaruntun kaya lumintune kawruh lumebu ing utege bocah-bocah iku.

“Adhem, ya Dhik,” swarane Marti mecah kasepen.

“Iya, Mbak, kok atis temen,” wangsulane Rati karo mbenerake sleyere. Marmi meneng wae ora nambah apa-apa. Mung cengkerang-cengkerung nahan adhem karo nglirik kancane.

“Coba Dhik, nyilih *Civics*-e yen ora diwaca,” kandhane Rati karo nutup bukune.

“*Civics*, Mbak?” wangsulane Marmi karo tangane kumlawe nggoleki ing tumpukan. Bareng wis ketemu diulungake.

“Iki dhek emben ngendi olehe tuku, Dhik?”

“Lha wong olehe ngirimi Mas Di saka Madiun, Mbak. Ana toko pojok, aku golek ya ora ana.”

“Iya, Dhik. Aku golek ya ora ana kok. Embuh, saiki kok angel temen ta. Apa pancen saka percetakan wis ora metu.”

“Mbokmenawa,” wangsulane Marmi kaya ora patiya nggatekake. Pikirane wis kelet ana buku mau.

Kahanan sepi maneh. Udane wis ora keprungu, jagade wis rada resik. Lawa-lawu lan codhot pating bleber bungah-bungah. Pating cruwet padha gegojegan karo kanca-kancane. Kaya-kaya ngluwari ujar, yen kapan terang.

“Theng, theng...,” kloneng kantor pulisi ditabuh ping sepuluh. Bocah-bocah wis padha rampung anggone sinau. Kari pating gremeng ngrembug ulangan esuke mau. Cocog-cocogan endi kang bener lan endi kang luput. Sing luput digarap bebarengan. Yen wis ngene iki Rati mesthi kanggo papan pitakonan.

“Mbak, ayo wis terna aku,” kandhane Rati karo nata bukune.

“Sik ta, Dhik, isih jam sepuluh wae kok! Apa wis ngantuk?”

“Yen ngantuke mono durung.”

“Lha, apane?” Marmi melu urun.

“Yen didukani ibu. Dhawuhe ora pareng wengi-wengi nemen.”

“Yen ngono nyumet lilin sik kanggo colok,” kandhane Marti karo mlebu kamar.

“Ayo!” kandhane Marti karo nggawa colok lilin. Banjur bocah telu budhal mlaku nerak ing wengi kang sepi nuju daleme Pak Sastro sing dumunung seket meteran saka daleme Pak Wiro. Ora antara suwe bocah loro wis bali terus tutup lawang....

Taman Putra, No.5/Th. Ka VIII/1964

PISAH

Dudung Sanoesi

“Menenga ya!” Mengkono pangrimukku bola-bali. Embuh wis ping pira aku kandha ngono, supaya meneng anggone nangis, nanging dheweke isih panggah nangis. Sepisan maneh aku kandha, awit aku ora seneng ngrungu lan nyawang wong nangis.

“Menenga, Yuk! Apa ora isin krungu wong liwat?”

“Ora. Aku ora isin. Dheweke uga wis nate nangis,” wangsulane.

Lan aku banjur meneng, daktogake anggone nangis. Aku ora ngeneng-ngenengi maneh. Aku nyawang menjaba liwat jendhela sing menga. Katon kekembangan ing plataran padha obah-obah katiup angin. Uga biruning langit ing kadohan kana. Lan mang becak nggenjot becake alon-alon ngliwati dalan ngarep omah.

Bali aku nyawang dheweke. Saiki wis aso panangise. Ora keprungu maneh mingseg-mingsege. Kahanan dadi sepi. Raine kang putih iku katon acum anjalari pikiran nglangut kelingan wektu-wektu sing wis mungkur.

Sing dakundang yuk iki kaprenah mbakyuku. Dheweke putrane budhe. Uun, undang-undangane ing saben dinane. Ya dheweke iki sing momong aku wiwit cilik. Wiwit aku umur rong taun, wiwit pisahku karo bapak ibu marga aku dipupu budhe.

Maune pancen aku ora ngerti, menawa sing dakanggep ibu mung ibu-gedheku, mbakyune ibuku. Aku ngira yen ibu iku sing wis nglairake aku lan yuk-Uun dalah Tato lan Tanti, adhik-adhikku. Kabeh mau amarga aku pancen ora dikandhani sapa sabenero aku. Lan bisa uga aku ora bakal ngerti tabir sing nutupi riwayatku, samangsa ora ana tamu kakung-putri, sing ora liya kajaba bapak-ibuku asli. Aku meh ora precaya yen tamu iku bapak-ibuku, lamun aku ora dicritani riwayatku mula-bukane aku dipupu budhe, kang kebak dening kesedhihan iku menawa dakcritakake ana kene.

Lan ing sore sing endah iki yuk Uun nangis lantaran dakpamiti yen aku sida budhal sesuk, bali menyang wong tuwaku asli ing daktresnani. Embuh jalaran apa aku dadi banget kepengin kumpul karo bapak-ibuku, sawise dakngerteni asal-usulku. Luwih-luwih menyang ibu sing nate ngrekasa nalika nglairake

aku. Aku kepengin ngabekti kadidene putra sing dilairake saka guwa garbane.

“Kowe sida mangkat sesuk, Tut?”

Jenggirat aku kaget ngrungu pitakone kang dumadakan iku, anjalari lamunanku buyar. Daksawang dheweke. Wis ora nangis maneh saiki. Kacune sing teles kena eluhe isih dicekel kawit mau.

“Heeh!” wangsulanku gugup.

“Apa ora kena diundur?”

“Ora. Ana apa ta?”

“Ora papa.”

“Masa.”

“Ya.”

Dheweke banjur meneng, aku uga meneng. Mripate nyawang manjaba liwat jendhela sing menga. Katon kekembangan ing plataran padha jejogedan katerak angin sore sing seger iku. Lan ing njaba wis repet-repet.

Dumadakan dheweke ngadeg. Alon-alon jumangkah, marani jendhela. Jendhelane ditutup lan dikancing. Aku mikir-mikir yen ing wektu-wektu kang bakal teka aku wis ora nutup jendhela kamar tamu iki ing wayah sore.

Bali aku digayuti kenanganku wektu-wektu kepungkur nalika aku isih cilik. Isih cetha ngegla ana ngarep mripatku, sapira asihe dheweke menyang aku. Aku didhidhik dadi bocah njalma. Ngerti tata-krama lan ngajeni wong tuwa. Lan kadidene kulawarga sing ngrasuk Islam. Aku diwuruk wulangan-wulangan agama. Uga diwarahi ngaji barang. Sapira uleme swarane yen macakake ayat-ayat Alquran kanggo aku, nyebabake aku seneng yen diwarahi.

Lan dheweke uga seneng ndongeng. Aku kerep didongengi saben arep turu. Critane apik-apik sabangsane “Lutung Kasarung” utawa “Sang Kuriang,” crita klasik Sunda sing kaloka iku. Lan saben anggone crita rampung, aku mesthi diwarahi ndonga luwih dhisik, nyuwun slamet sajroning turu menyang Gusti, ing sadurunge mapan.

Nalika aku wis gedhe wis klas siji SMP, aku wiwit ketarik menyang buku-bukune wacan. Aku wiwit seneng maca wektu iku. Jeneng-jenenge sastrawan lan buku-buku karangane wiwit dakngerteni maksude. Lan iku daktakokake.

“Apa maksude kumbang ing guritan-guritanmu Yuk?”

“Kekejaman!” wangsulane cekak.

“Apa kumbang kejem?”

“Ya.”

“Sebabe?”

“Marga ngisepi madune kembang-kembang kang nedheng-nedhenge mekar.”

Lan terkadhang yen aku takon sing neka-neka, mung sok diwangsulni ngene, “Rewel kowe, Tut. Suk yen wis gedhe rak ngerti dhewe apa maksude.”

“Priye Yuk, supaya aku gelis gedhe?” pitakonku anyel.

“Mangana sing akeh!” wangsulane sajak mangkel. Lan aku banjur meneng. Ora takon-takon maneh, aku mung mesem kecut ngrungu jawabe...

“Tut aku arep takon!”

Sepisan maneh lamunanku ambyar nalika dakrungu celathune. Daksawang dheweke mung mesem. Ning praupane isih panggah atilum, nandhakake menawa atine isih nuju sedhih.

“Takon apa Yuk?” wansulane ibu.

“Aku pengin ngabekti menyang ibu sing nate ngrekasa wektu nglahirake aku,” wangsulanku tandhes.

“Oo, banget agung tekadmu Tut!”

Celathu ngono iku Yuk Uun karo ngrangkul aku kenceng. Pipiku diarasi ketang tresnane. Aku ngrasa kaku, awit wis semene gedhene isih dikekep-kekep lan diarasi barang. Dina esuke aku dirangkul kenceng maneh wektu aku arep mangkat. Yuk mbrebes mili lan aku nangis lantaran ora bisa nahan rasa kesedhikhanku, arep pisah karo kulawarga sing pirang-pirang taun kumpul.

Sepira abote pepisahanku iki isih dakkrasani wektu aku kumpul karo bapak ibuku sing dakasihi. Aku kerep arep nangis angger kelingan menyang lelabetane bapak lan ibu gedheku dalah Yuk Uun kanggo aku. Semono uga yen kelingan kenakalane lan kelinchane Tato lan Tanti sing daksayang.

Taman Putra, No.5/Th. Ka VIII/1964

KUDHUNG PUTIH

Tutty W. Handajani

Wayah sore kang edi endah tur kebener dina prayoga. Angin sumilir alon-alon ngobah-obah godhonge wit, kanthil wetan kali sing lagi nedhenge kembang. Gogroge sari-sari lan kanthile mimbuhi ganda kang arum ratas sesep respati angeram-eram.

Langite resik, presasat ora ana mendhung sacuwil sing nempel ing gegana nganti sunar abang semu kuning katon mengagah ing sisih kulon liwat sela-selaning omah lan wit-witan, nandhakake sedhela maneh bagaskara arep manjing jroning sanggar pamujan.

Ing sangisore wit *bougenvile* ana kenya loro lagi lungguhan, sijine maca buku dene sijine rengeng-rengeng gendhing dhandhanggula cengkok Semarang cakepane njupuk lakon Sumantri ngenger. Swarane alus empuk, iramane runtut kenong lan gonge, nganti mranani banget marang sapa wae sing miyarsa.

“Swaramu apik ya Mbak.”

“Ah kabeneran wae, Dhik, mentas ngombe pil perkutut.”

Kekarone mesem, sinungging ana pojoking lathi rinatap waja kang putih. Bocah loro mau isih kadang nak ndherek, sing cilik jenenge Endah Apsari sekolah ana SMA Surakarta kabener liburan dawa, dene sing gedhe Widyanani tamatan sekolah bidhan kang saiki dhines ing kutha kawedanan.

“Kena apa Mbak biyen ora milih ana kutha gedhe wae, kepenak?”

“Ora bisa Dhik, kudu manut awit ikatan dhinas, karo apa ta bedane desa lan kutha rak padha wae, mung jenenge. Pancen yen kanggo undhaking kawruh becik ana kutha nanging kanggone urip srawung karo bebrayan ora kaya ana desa, kabeh isih sarwa asli durung pulasan. Lan manehe mendah iba becike yen para priyagung sing ana kutha kala-kala mirsani kahanan ana desa, kaya ngapa ngrekasane wong nandur pari, jagung, medhune nyang tela-pohung. Awit nyatane wong kutha ora ngerti menawa asale kabeh mau saka desa.”

Durung nganti tutug anggone jagongan ketungka tekane tamu kang wose mundhut bantuwan bidhan awit ana sing arep mbabarake.

“Ayo Dhik melu aku, awit ana sing arep mbabarake!”

“Iya Mbak kabeneran banget ngiras njajah desa milang kori.”

Sidane bocah loro mau budhal bebarengan karo tamune. Lakune cukup nyepedhah (awit ora ana kendharaan dhines). Jarak sing ditekani mau adoh banget, nanging dayane isih padha mudha dadi ora pati krasa. Saupama wis ngunduri umur sida mulih wedhakan beras kencur tenan. Bubar nyepedhah ganti laku dharat, awit munggah pegunungan. Ereng-ereging pareden dalane rumpil, watune gedhe tur padhas pisan. Tumrape Widyasnani bab mau wis biyasa nanging sewalike, Endah durung nate, mula saben-saben tansah kepleсед, nanging saka trengginase sing namung laku bisa tekan ing papane kanthi wilujeng.

Tandange Widyasnani kanthi pratitis, ceg-ceg presasat ora ana sing luput, ketambahan maneh dikantheni ulat kang padhang sumeh semu samepta nandhakake kamanisane lair trusing batin, anggone tetulung ora ngarah piwales nanging metu saka sucining ati. Mula ora aran aneh menawa para Ibu ing kawedanan kono tepung sapa Widyasnani, kajaba kenal marang darmane uga kasulistiyane.

“Abot banget ya Mbak dadi bidhan?”

“Biyasa Dhik, kabeh pegaweyan yen disangga abot ya abot nanging yen disangga entheng malah nyenengake. Karone wis dadi kuwajibanku tetulung marang sapepadhaning titah ora nyawang drajat lan pangkat.”

Wusanane Widyasnani nyritakake nalika biyen isih sekolah, penganggone sarwa putih, kudhunge putih minangka kanggo janji prasetyane para bidhan sajroning ngayahi kuajiban kudu kinanthen ati kang mulus kaya putihe kudhung sing saben dina dianggo.

Tekan omah wis watara jam sanga bengi. Sunaring hyang candrakirana padhang kuning gadhing ngebaki jagad raya. Langite katon biru resik, lintang-lintang abyor ing tawang, kadhang-kadhang siling sasana. Bali maneh angine semribit alon-alon, atis tata tetesing wanci ratri ing pangumbaran. Ora suwe kekarone mbarengi kidhunge wengi les...les...les leles kepati karo isih mesem manis kebak pangarep mungguh dumadine negara kang adil-makmur.

Taman Putra, No.6/Th. Ka VIII/1964

GUMANTUNG SAKA AWAKE DHEWE

Menik Sumarjani Sumardjo

Hawane ing Ngayoja kapinujon panas banget. Aku bali saka sekolah, kringetku dleweran. Wah, kesele oran jamak. Tekan omah saking sayahku terus mlebu senthong, ngglethak ing paturon tanpa ucul-ucul dhisik. Ngertiku, yen aku keturon bareng aku ditimbali ibu didhawuhi maem. E, dadi aku iki mentas bubuk! Manut jam tanganku nggonku ngliyep mung sacleretan, ora ana sepuluh menit. Ning lucune, ing wektu kang mung sedhela kuwi aku ngalami rupa-rupa, kang ora bisa kelakon, yen ora ing sajrone turu.

Aku ngimpi.

Rumangsaku aku mulih saka pamulangan terus mlebu kamar, ungleb-ungkeb ing ranjang. Aku nangis. Gumunku, bapak karo ibu kok kendel wae, atiku susah banget; aku ora munggah, kudu mbaleni maneh pasinaonku ing klas loro SMP. Kahanan ngomah isih sepi. Sedulur-dulurku durung dabali saka sekolah. Kang nglipur aku gak ana.

Sajrone atiku: Iya, ya! Jarene guru iku wakile wong tuwa, kudu dianggep kaya wong tuwane dhewe. Wong tuwa apa ya seneng, weruh anake ora munggah? Kena apa guruku mentala ora ngunggahake aku nyang klas telu! Wong tuwa kok ora duwe welas nyang anake! Apa ora bisa guru ngunggahake muride? Guru rak ya kuwasa ta!

Sasuwene aku ngrasakake nelangsa karo mingseg-mingseg, kaya ana uwong kang nyedhaki paturonku. Dakkandhakake “kaya, awit wewujudan kaya uwong ora ana ing kamarku. Wedi aku! Ora suwe keprungu swara, cetha banget: Ngger, weruha kang kedadeyan saiki iki, yaiku ora munggah nggonmu sekolah, kuwi satemene akibat pangawemu dhewe. Guru ora bisa minterake bocah. Yen bisa, teneh kabeh muride dha munggah, ora ana kang kari. Guru dudu tukang sulap. Pegaweyane guru mulang, menehi tuntunan, tukang nuturi, tukang aweh nasehat, cara Indonesiane, *guru hanya memberi bimbingan saja*. Murid-murid, para siswa, kang kudu aktip, kang kudu cancut tali wanda, kang kudu mbantingi balung (*membanting tulang*); munggah lan orane ing mengkone gumantung saka awake dhewe; sregep sinau apa ora; sok mbolos apa gak; sehat awake apa lelaranen; doyan turu aliyas ngantukan apa betah melek!

Dewan Guru ing wayahe unggah-unggahan mung nyekseni lan ngresmekake, sapa kang munggah lan sapa kang ing taun ngarep kudu mbaleni pasinaone.

Kajaba iku, kowe rak ya ngerti ta, yen bijimu ing rapot sajrone taun iki ala, akeh kang abang. Ing klas loro wis repot nggayuh angka kang apik, apa maneh ing klas sandhuwure. Klas telu kuwi klas-ujian, lho! Menik mbaleni ing klas loro maneh mesthi luwih gampang tinimbang nampa wulangan anyar kang luwih dhuwur, kang luwih angel. Ing tembe mburi wae dingati-ati!

Kawruhana, Sum, ora mung ing bab sekolah wae, ing babagan liyane ya mangkono uga; kasil lan orane usaha kita sebageyan gedhe gumantung saka kita dhewe. Wong liya ora bisa apa-apa.

Wis, ya. Menik Sumarjani Sumarjo Wiryokusumo, terusna nggonmu mewek! Sayonara!

Taman Putra, No.6/Th. Ka VIII/1964

SALAH WESEL

Widada BS

Embuh wis pirang jam anggonku pit-pitan mubeng kutha ngene iki, aku ora bisa nemtokake, ning sing mesthi lan nyata yen sikilku wis krasa keju lan pegel. Sanajan mengkono dalan-dalan ing Jogja iki durung kabeh dakjelajahi. Aku wis bola bali ketemu kanca-kanca lan kabeh padha mbagekake kanthi carane dhewe-dhewe. Ana sing takon, “Golek apa Widi?” Anggonku mangsuli ya mung sakecandhake, “Golek sing digoleki.” Lan loro-lorone, aku lan dheweke banjur padha dene awèh salam lan esem, esem raketing memitran ana uga sing mbagekake mengkene, “E, ayo Wid arep nyang endi?” lan anggonku mangsuli ya melu rame-rame, “E, kowe, Dul, kok isih urip, arep tuku penthil je, ayo.” Si Dul Gepuk mau ya banjur awèh tangan, “Iya, ayo.” Dheweke njur bablas dlesep ing antarane pit pirang-pirang.

Pitku isih panggah ngliyer, alon-alon, ngremet nyang dalan Tanjung terus njeblus Lempuyangan, ngener mengetan notog dalan Klitren, njur menggok ngalor liwat treteg sepur terus bablas tekan pretelon dalan Sala. Saka kana terus nglenes ngulon ngliwati Rumah Sakit Bethesda, Bank Tabungan Pos, lan bareng tekan protelon dalan Pakem ngarep SMP 8 aku kepethuk sawijining nom-noman cempleg bunder. Dheweke manthuk lan ngguyu karo aku. Kanthi ora daksadhari aku ya manthuk lan ngguyu. O, apa bener yen manthuk lan guyune mau tumuju marang aku? Dakplengok mburi lan kiwa tengenku, ora ana wong liya kejaba mung aku dhewe. Yen ngono aku mesthekake yen dheweke manthuk lan ngguyu kanggo aku. Apa dheweke sing kleru merga rupaku padha karo tepungane. Utawa malah aku sing pangling marang dheweke?

Nganti kira-kira wis ana sakilometer pitku anggone nggremet, pikiranku isih tetep kagubel ing persoalan iku, pemudha cempleg rai bunder. Ning kedaya swasana dalan kang rame lan akeh obyek-obyek seger kang perlu disawang, mula suwe-suwe kedadeyan mau enggal oncat saka pikiranku.

Dene pitku panggah nlusur dalan Sala liwat apotek Wisnu terus kenceng ngener nyang toko buku Gunung Agung. Pancen wis suwe aku ora ndeleng-ndeleng nyang Gunung Agung iki. Sawise pit daktitipake, aku mlebu toko.

Pengunjunge akeh banget, gedhe-cilik, enom-tuwa, putra-putri, pelajar, mahasiswa, tumekaning pedagang lan tukang dakkira ana kabeh. Pancen Gunung Agung sawijining toko buku sing gedhe dhewe sa-Jogja lan pengunjunge panggah jejel riyel ing saben wektu. Kothong blong mung yen pinuju tutup.

Buku-buku thethek bengek, wiwit saka buku pasinaon, majalah, buku-buku masakan, komik, buku-buku pertukangan, lan liya-liya nganti tumekaning primbon-primbon japa mantra guna piranti ana kabeh. Semono uga alat-alat tulis menulis lengkap cumawis kari nari sing tuku.

Ing larik tengah wis tharik-tharik pengunjunge padha njingglengi majalah, mbukaki buku. Aku njujug nang bageyan buku-buku crita koboi. Pancen aku karem banget. Buku-buku *Cabut Pistolmu*, *Winnetou*, *Raja Minyak*, lan liya-liyane mung dakbukaki thok, pancene aku ora nedya tuku. Aku njur pindhah nang bageyan buku-buku komik, mung sedhela. Lan kang pungkasan ndeleng buku-buku pasinaon.

Kira-kira wis ana seprapat jam aku ana kono, njur nerusake laku nang dalan Tugu. Swasana wis repet-repet, ning dalan saya rame. Ora gumun sebab sore iku malem Minggu, akeh uwong sing merlokake ngenggar-enggar ati golek hawa seger.

Tekan toko buku Ka-Er aku mlengok nyang tengen dalan. Wis biyasa, angger tekan kono aku mesthi mampir mrono. Tulisan gedhe-gedhe cetha "Warung Burjo lan Ronde" ngedhangkrang ana ndhuwur lawang kang jembar ngeblak. (cara Jogja yen ngarani bubur kacang ijo mung dicekak dadi burjo).

Aku mlebu. Leredan dhingklik-dhingklik dawa meh kebak kabeh. Bareng aku arep mapan lungguh...oh, dheweke muncul maneh, pemudha cempleg rai bunder. Dheweke uga katon kaget.

"Ee Di, kene-kene, wis suwe ra ketemu, piye kabare?" kandha ngono mau karo nggeret tanganku, ngepuk-epuk bauku. Wah matik awakku, aku diundang Di. Lagi iki ana bocah sing ngundang Di marang aku. Mbokmenawa njupuk saka tembung Widi. Ah, sapa ya satemene bocah iki? Rada kaku anggonku mangsuli,

"Oh...eh, he-eh kabar becik-becik wae Mas."

Nanging aku ethok-ethok ora pangling, aku isin yen kandha terus terang, kuwatir yen diarani ora migatekake marang kanca. Aku ngacungake tangan

arep pesen burjo jebul wis didhisiki pemudha cempleg iki.

“Burjo setunggal malih, Pak, kalih panganan!” lan dheweke njur nyawang aku karo mesem, aku ya njur melu mesem.

“Wah telung taun ra ketemu kowe saiki genthot ya!” aku mangsuli kanthi lagak wis kulinan.

“Ah ngenyek ya, genah awak kaya gereh dipe ngene kok diarani genthot.”

“E jebul penyakitmu ngasorake awak wiwit biyen isih ya, aja nemen-nemen lho Di, mundhak keturunan tenan.”

Peladen warung teka ngladekake burjo lan panganan sapiring.

“Wis, ayo digayang!” kandhane karo nyemol lumpia, dene aku ya banjur wiwit nyruputi burjoku.

Burjone isih panas mongah-mongah, mula ya alon-alonan. Aku ora wani miwiti guneman yen durung dheweke sing kandha dhisik, kuwatir yen ora cocog persoalane.

“Saiki kowe nerusake ana ngendi Di?”

“eS eM A empat!” aku nyemot apem siji.

“eS-eM-A empat Taman Kridha?”

“He-eh, lha kowe?” Aku genti takon, sanajan satemene aku ora karep takon.

“eS-Te-eM jetis. Akeh lho kanca-kancane dhewe biyen sing awor aku!” celathune lan lumpia sing kari sajempol iku njur diemplok kabeh. Aku manthuk-manthuk, ethok-ethok ngerti lan takon maneh.

“O, akeh ta, sapa wae?”

“Tarno, Jemhur, Janto, Mori, Prapto, Dono, wis ta pokoke bocah-bocah sing ndhugal thok.”

Aku manthuk-manthuk maneh sanajan jeneng-jeneng mau ora pati dakgatekake sebab kabeh asing tumrape aku. Dheweke terus ngecipris ngandhakake lelakone sesuwene telung taun ora ketemu, kang kabeh mau mung dakiyani thok sebab lelakone babar pisan ora ana sing magepokan karo lelakonku. Saka omong-omongane mau aku bisa mangerteni yen nalika SMP biyen dheweke ana kutha Semarang lan pancene asli bocah Semarang.

O, mesakake, bocah iki salah wesel. Aku dikira kancane sa sekolahan ing SMP I Semarang. Apa pancen aku iki padha ceples karo kancane sing

dikarepake Di mau? Ah, ewuh banget atiku, arep blaka kuwatir yen dheweke kisinin, ning yen ora dheweke mesakake anggone keblasuk-blasuk. Dene aku dhewe ya wis wiwit kemringet.

“E, Di, kowe ngerti Nining?” pitakone iki gawe kagetku. Kringet sing maune mrunthus saiki wis wiwit mili. Kleler-kleler mrambat geger.

“Ha...Nining? O iya...kancane dhewe kae ta?” wangsulanku ngawur sebab manut panemuku bocah-bocah sing dirembug iku mesthi kancane saklas. Ning sial, sepisan iki omonganku keplesed sebab jebule Nining ora nunggal kelas karo dheweke.

“O ambumu, endi ana kancane dhewe sing jeneng Nining! Kae lho bocah SMP 3 sing pondhokane cedhak omahku.”

Aku rada nggragap.

“Anu...eh...omah Semarang?”

“He-eh, lha omah ngendi maneh yen ora omah Semarang.”

“Ooooo kae ta...sing....”

“Rambute brondhol!” tujune dheweke enggal nyambungi, ajaa ngono rak sida kapiran temenan.

“He-eh, ana ngendi saiki?” aku ethok-ethok wis damang.

“Nerusake ana SAA je!”

“Wah edan, yen ngono jago kimia ya!”

Dheweke mung manthuk-manthuk sajak marem. Lan burjone sing kari saceret iku dibablasake pisan. Semono uga aku ya njur enggal ngokop burjoku sing kari sacegukan. Aku wis ora betah adhep-adhepan luwih suwe maneh karo bocah cemplek iki, daya-daya enggala sumingkir saka ngarepane.

Kabeneran, ora suwe dheweke njur menyat ngajak metu. Lagi wae aku rogoh kantong arep mbayar jebul bocah cemplek iku wis ndhisiki mara nyang bageyan pembayaran. Arep dakijoli dheweke nolak. E ya tiwas kabeneran, dhuwit cumpen je, mengkonono pangudarasaku.

“Wis ya Di, suk ketemu maneh.”

“Iya matur nuwun lho,” wangsulanku lega, rumangsa lepas saka cengkeramane maut.”

Dheweke terus nggenjot pit mengalor, dene aku terus bali mengidul kanthi ati kang kebak ing rasa geli. Geli marga kedadeyan kang aneh mau. Lan saya aneh maneh sebab tumekaning saiki aku isih durung ngerti jenenge lan durung nate ketemu maneh. Minangka penget, tanggal lan dina dumadining kedadeyan mau isih dakcathet ing buku harian, yaiku tanggal 14 Januari 64, dina Setu malem Minggu wanci bubar Maghrib.

Taman Putra, No.7/Th. Ka VIII/1964

TILGRAM SAKA IBU

RF. Sunardijanto

Jam 5 sore, Yanto ngadeg aneng sandhing jendhela, mripate nyawang menjaba. Dhasar ngarepake malem Minggu kanggone kutha Sala raja banget. Dheweke sinau ing SMA klas loro. Mondhok ing kampung Timunan ora adoh karo dalam gedhe. Ya, dalam Slamet Riyadi kang minangka dadi urat nadhine kutha Sala. Playuning montor-montor sing ngetan ngulon ing dalam iku mau maweh asrining pandulu. Ora keru becak-becak panyetire nggethu olehe nggenjot beteke golek cukup. Yanto durung mingket saka panggonane, isih njegreg lir tugu sinukarta. Lagi kesengsem nggone nikmati sesawangan ing dalam mau, ndadak ana jip tentara mak sliri mangulon. Banjur ing mburine telung truk uga momot tentara. O, Yanto dengongokan olehe ngulati, dietut nganti ilang kelem ing ramening kendharaan sore iku.

Dheweke unjal ambegan, pikirane diosikake dening kendharaan sing momot tentara mau. Mak plas gagasane katut keplasing jip tentara mau, keli marang ilining gagasan. Emut piweling pamane ing wektu sing wis kawuri. Kelingan rikala gegojegan karo pamane. Yaiku pamane kang aran Soeparno sing njabat letnan mudha. O, nanging banjur anclum kelingan yen pamane sing ditresnani mau jarene wis ora ana. Miturut kabar sing ditampa, jare gugur nalika ngayahi tugas suci operasi ing Sumatra biyen. Gugur minangka tawuring rakyat mbelani nusa lan bangsa labuh marang negara.

Yanto kelingan saben wayah sore diajak mlaku-mlaku turut dalam kang nempok kulon desane. Kelingan crita-critane, kelingan pituture. Malah layang sing ditampa keru dhewe saka pamane mau, capet dheweke isih kelingan. Sebageyan uning layang mau mangkene.

“Yanto anakku sing daktresnani, aku kudu pisah karo kowe. Jalaran, Paman kudu budhal netepi pepanggiling Ibu Pertiwi. Ngrampungu grombolan sing bondan tanpa ratu, mirong kampuh jingga.”

Yanto unjal ambegan maneh. Ing batin ngalembana, semono jiwa kepahlawanane paman. Semangat sing murub makantar-kantar pantes tinulad dening para pemudha.

“Mung welinge Paman,” ngono bacuting layang. “Bab sinaumu le. Aku percaya tumrap antebing tekadmu. Awit saka iku Yan, kejaren cita-citamu sing luhur. Dakjaluk aja kongsi kandheg lamun durung prapteng gisiking gegayuhan mau. Kanggone saiki, aja gampang kapencut kaendahan. Paribasan aja temalang-temoleh. Singkirna salwiring panggodha.

Sebab ing kalanganing pelajar mono akeh wae sawenehing iblis kang tetopeng mitra. Mula bab srawung karo mitra-mitramu, mesthi wae kudu bisa milih lan milahake. Aja nganti duwe kanca kang dadi juru pangrusaking jagad.

“Delengen, bangsamu isih mbutuhake banget bimbingan saka pemimpin-pemimpin sing tulen. Luwih-luwih ing babagan sandhang pangan. O, bangsamu banget lehe ngantu-antu kaleksanane bab iki.”

Kanggone Yanto, kabeh pituture pamane mau pancen mujudake cambuk tumrap pasinaone. Dadi pecut tumrap gegayuhane, njalari tambah pangati-ati lan manther anggone sinau.

“Anakku Yanto sing daktresnani. Ya mung iki piweling paman, poma kaestokna. Ayo padha bareng memuji. Muga-muga Gusti Robbul Izzati tansah ngijabahi panyuwun kita. Tugase paman bisaa enggal rampung kanthi beres. Semono uga kanggone anakku bisa kecekel cita-citamu kang luhur iku. Welinge paman sing keru dhewe, aja nganti kandheg anggonmu sujud ing Gusti Allah, tetepana ing wektune nggonmu salat limang wektu. Tambahana ora ketang sithik anggore ajeg nderes Alquran, Insya Allah pikiranmu padhang, ing atimu memancar tauhid kang sejati.”

Ngono unine layang saka paman sing keru dhewe, Yanto meh apal surasanane layang iku.

“Nak Yaaaan....”

Yanto gragapan uwal saka anggone ngimpi melek dening pangundange Bu Darmo sing dipondhoki.

“O, inggih nak siyang wau slirane rak tampi tilgram saking keng Ibu. Mangga enggal kabikak.

Yanto dadi kaget, jroning batin kebak pitakon. Sawise ngaturake panarima marang Bu Darmo. Tilgram digawa mlebu menyang kamare enggal-enggal dibukak. Isine kurang luwih kaya ing ngisor iki.

Yan, berita biyen ora bener. Pamanmu, Soeparno, isih sugeng. Rawuh wingi, wilujeng. Minggu sesuk perlokna mulih!

Ibu

Karmosayon

Bubar maca tilgram solahé Yanto nganeh-anehi, kaya patrape bocah cilik. O, sepira ta bungahe, angel mungguh kacandra mawa ukara. Mung keprungu saka lesane ngucap, *alhamdulillah robill' alamin.*

Taman Putra, No.8/Th. Ka VIII/1964

BOCAH KANG PATUT DITIRU

Suwarsih

Minggu bengi udane deres banget lan suwarane sepi kaya suwarane Pak Karta sakulawarga. Pak Karta mono uripe ngrekasa amarga duwe tanggungan anak lima. Kang pembarep yaiku Suti sekolah ana SD lagi klas 5 lan adhine isih cilik-cilik. Sapa ta ya kang ora trenyuh atine yen meruhi kahananne Pak Karta, gaweyane bakul kayu lan ngopeni anak lima. Saya wektu iku ngarepake riyaya lan larang sandhang pangan. Nanging, kena apa kok Pak Karto isih bisa nyekolahake Suti barang. Sedyane Pak Karta arep ngetokake Suti saka sekolahe, nanging Bu Sri (gurune) ora marengake. Bu Sri iku pancen sosial banget lan dhemen tetulung, mulane bareng pirsane yen Suti iku pinter, sregep nanging anake wong ora duwe, Bu Sri kerep nyokong alat-alat sekolah kayata, buku, potlot, lan liya-liyane.

Esuk mau dina Senen udan maneh lan aku weruh Suti nggawa buku liwat gang ngarep omahku karo kudhungan godhong gedhang saujung. Bareng aku weruh terus dakruruhi, "Dhik Ti, wong udane kaya ngene kok ya budhal sekolah ta?"

Krungu yen dakaruh-aruhi terus mandheg lan ngawasake aku sedhela karo mesem, terus mangsuli, "Inggih Mbak, kula ajrih kaliyan Bu Sri mangke mindhak dipun dukani."

"Ah bocah semono kok ya wis ngerti kuwajibane bocah sekolah, mulane Dhik Ti iku disenengi kanca-kancane apa dene gurune, mengkonono gagasanku."

Kira-kira jam 09.30 udane wis terang, ora let suwe aku weruh Dhik Ti bali saka sekolahan, terus daksapa, "Lho Dhik Ti kok wis bali, wong isih esuk ngene?"

"Inggih mbak, kalawau tampi rapot."

"Wah, rapote rak apik ta?" Pitakonku maneh.

Dhik Ti mesem thok terus mlayu bali karo undang-undang, "Mbok, simbok aku wis tanpa rapot lan mau Bu Sri dhawuh supaya mengko sore aku sowan mrana karo simbok!"

“Ana apa ta, Ndhuk, kok didhawuhi mrana. Apa kowe mau nakal, terus arep didukani?”

“Embuh ya mbok, wong aku ora ngerti, wis ta ben didukani, pokoke mengko sore kudu sowan mrana, amarga aku ya wis saguh.”

“Daleme Bu Sri ki ngendi, ta Ndhuk?”

“Ngendikane Bu Sri daleme nang dalan Sawo, nanging nomer pira aku ora ngerti.”

Daleme Bu Sri mono pancen gedhe tur apik. Bu Sri iku ora kagungan putra, nanging ngopeni ponakane kang lagi klas papat, aran Wiwik. Mulane Bu Sri remen banget yen bocah-bocah padha sowan mrana.

“Kula nuwun...kula nuwun....”

“Mangga...,” wangsulane saka njero kang ora liya Bu Sri piyambak, lagi lenggahan ana dalem tengah.

“O, Suti. Mrene Ti gek mlebu kene, olehku ngenteni wis suwe, dakarani kowe mau ora sida mrene.”

“Dipun tepangaken, kula simbokipun Suti,” celathune Mbok Karta.

“O. Inggih, sampeyan ta ingkang nami Mbok Karta?”

“Inggih menawi mboten klentu.”

“Sewau mesthinipun Mbok Karta rak nggih kaget ta kenging punapa kok kula aturi ngriki. Punika ngaten, kalawau lare-lare tampi rapot sedaya lan lare-lare klas lima bijinipun ingkang sae piyambak inggih Suti punika.”

Suti bareng krungu kaget, ndengengek sedhela terus ndhingkluk maneh. Semono uga kanggone mBok Karta. Bu Sri nerusake olehe ngendikan, “Milanipun sampeyan ngriki punika perlu badhe anampi sekedhik pangengenget-enget (hadhiah).”

“Matur nuwun sanget, dene Bu Sri badhe maringi pangengenget-enget amargi kula sabrayat mboten saged tumbas barang-barang kados ingkang badhe Bu Sri paringaken punika,” kandhane Mbok Karta.

“Wiek...Wiek...!”

“Dalem...!” keprungu sumaure keponakane Bu Sri saka njero.

“Buntelan nang kamar kae gawanen mrene Wiek!” pangendikane Bu Sri.

“Inggih.” Ora let suwe Wiewiek metu karo nggawa bungkus kang cukup

gedhe. Buntelan mau diparingake marang mBok Karta karo ngendika, "Mbok Karta, kula mboten saged nyaosi punapa-punapa, saged kula namung barang sakedhik punika."

"Sepisan malih dalem matur sembah nuwun dhumateng Bu Guru. Dalem mboten saged mbales kesaenan Bu Guru. Namung, Gusti Allah ingkang badhe mbalesaken.

Ora let suwe Mbok Karta pamit bali. Tekan ngomah buntelan kabukak, saiba senenge Pak Karta sakulawarga bareng weruh yen isine ora liya bakal klambi.

Saiki pak Karta wis ora krasa sepi kaya dhek malem Senen amarga riyaya iki anak-anake bisa melu bakda kaya kanca-kancane.

Sabubare kedadeyan iku, Suti ora terus gedhe endhase (angkuh) dupeh pinter lan dikasihi karo gurune. Saiki malah tambah anteng lan sregep sinau, supaya mbesuk bisa ngrewangi wong tuwane golek pangan kanggo ngopeni adhine kang isish cilik-cilik. Karo maneh, Suti kepengin nyumbangake tenagane kanggo nusa lan bangsa.

Taman Putra, No.9/Th. Ka VIII/1964

HADHIAH KANG NEGSEMAKE

Siswa SD Lawak

Dhek ngarepake liburan kwartal pungkasan taun ajaran 1963/1964 kae pak guru dhawuh, menawa bocah-bocah klas papat kang arep munggah menyang klas lima kang sregep dhewe mlebone (absene paling sithik) lan bocah kang prigel dhewe ing ndalem sapta-usaha-tama arep diparingi hadhiah.

Aku ora tutug-tutug anggonku nggagas mungguh apa kang bakal diparingake minangka hadhiah kasregepan lan keprigelan mau.

“Ah apa ya kang bakal dadi hadhiah iki?”

“Pak guru kok kober tenan ya, kathik arep paring hadhiah barang. Mangka barang-barang saiki regane larang ngudubillahi. Kathik bayarane pak guru ya mung cukup didhahar sepuluh dina wae.”

“Mesthine ya sing murah-murah ngono!”

“Apa....? Buku-buku pelajaran klas lima?”

“Mbokmenawa!”

“Ah nek buku-buku pelajaran kuwi kurang nengsemake. Saben dina aku wis bosen maca buku-buku pelajaran kok!”

“Nggilani, bosen! Oleh pira ta sejarahmu?”

“Oleh...apik! Yaiku...ganthol abang, alias lima, ha ha ha!”

“Ngono kok ngrasa bosen! Mulane aja bosenan. Mundhak jatuh!”

“Lha sejarahmu pira..?”

“Sejarah ta...? Apa wolu mangap?”

“...Kaya duwekmu, nanging abange bret tur angkane nggantheng duwekku!”

“Ha ha ha...lehm pinter omong!”

“Wis-wis, aja kemresek kaya merang teles ngono! Sing apik.....*wait and see*.....wae apa kang dadi hadhiahe mengko!”

“Apa...kathik cara...England barang. Mundhak kecakot lho ilatmu? Oleh saka ngendi kok bisa si... si...nau barang!”

“Aja ngono bung! *Wait and see (wait en sii)* kuwi ilat singkonge.....ayo dienteni lan dideleng apa sing arep dihadhiahake pak guru mengko!”

”Kok pinter Sud kowe! Kuwi temenan apa ngarang?”

”Ngarang piye ta?! Temen jarene! Aku ngrungokake Mas Hadi nek omong-omong kae. Mas Hadi rak wis lungguh ing SMP ta? Malah taun iki wis lulus. Kanthi biji kang ngedab-edabi!”

Kaya mengkono gagasane kanca-kanca ing njaba klas sawise ngaso. Ora let suwe bel mlebu ditabuh Pak Astro. Nuli enggal baris mlebu klas.

“Apa ta cah, kok kemresek mau?” Pak Guru wiwit ngendika.

“Anu Pak...! Hadhiahipun punapa?”

“O....becike...*wait and see wae!*”

“Ha ..ha...h..ha..!” Aku saklas gumuyu bareng.

“Punapa artosipun, Pak?”

“*Tunggu dan lihat* aliyas entenana lan delengen...apa hadhiahe.”

“Tibake pinter tenan Sud mau?”

Rong minggu sapungkure kedadeyan mau bocah lima oleh kiriman...TP siji-siji. Kang ing sampule mawa jenengku dhewe-dhewe, lan diuwuhi...”hadhiah kaprigelan” tumrape mitra Kardi lan Segreg kang wasis lan prigel macul kuwi. Lan mawa tulisan...”hadhiah kasregepan” kanggone mitra: Mbak Asiyah lan Munaji kang sregep mlebu kuwi.

“Lha....iku hadhiahe cah! Kowe oleh kiriman TP lawase nem sasi terus lumintu!”

Pancen, bareng aku maca TP, hadhiahe pak guru kuwi paling nengsemake.

Taman Putra, No.12/Th. Ka VIII/1964

KABUNGAHAN

SB. Yudhojono

Kenya nom-noman kang numpak sepedhah mau roke biru enom, cocog karo pakulitane kang kuning. Awake singset. Rambute klabangan loro nganti bokong. Nyangklong tas cilik wungu, isi buku-bukune. Umur-umurane kira-kira bangsa pitulasan taun. Nanging sok sopoa sing ndulu mesthi bakal ngelem marang kenya mau awit saka kaendahan ing awake. Ulate bingar lan sedhela-sedhela nyawang tase kang kaya-kaya njalari atine dadi bungah.

Susy Yudhawanti, mengkono arane kenya mau. Putrane Pak Aswa Dwijautama pensiunan guru sekolah dhasar. Susy putra pembarepe lan iya Susy iki kang diarep-arep ing tembe mburine kena dadi tuladha marang adhik-adhike kang isih cilik.

Susy sekolah ing SMA Negeri I Pacitan lan lagi klas loro. Wiwit cilik mula Susy iki kalebu bocah sing lantip ora nate nunggak nganti tekan ing SMA. Sanajan dheweke iku bocah putri, yen kapinterane ora ana sing ngungkuli, sing madhani wae ora ana.

Susy bocah sing grapyak, semanak, marang sepadha-padha. Ulate sumeh sarwa kebak esem, sabar lan seneng tetulung. Mula kuwi akeh kancane kang padha tresna.

Kerep wae Susy dijaluki tulung kanca-kancane muruki bab kawruh pelajaran sing isih padha durung terang. Rumangsane kanca-kancane, Susy iki yen nerangake kok luwih kepenak ditampa tinimbang yen lagi diwulang gurune ing sekolahan. Dene Susy dhewe yen lagi dijaluki tulung ngono mau babarpisan ora duwe ati serik utawa sebel. Malah rumangsane, kang kaya mengkono mau agawe rakete anggone memitran. Susy dhewe kepengin ngundhakake kawruhe kanca-kancane. Luwih-luwih kanca-kancane putri sing isih padha kendho babagan ngundhakake kawruh.

Iki mau dinane Setu tanggal 14 sasi Juli. Iya dina iki kang wis suwe diarep-arep dening Susy. Pangarep-arep kang kebak kepesten, yaiku unggah-ungguhan klas.

Sadurunge rapot diedum dening gurune, Susy rada dheg-dhegan sanajan dheweke bocah sing pinter lan rapote kwartal kapisan utawa kapindho ora

nguciwani.

Sawise rapot diedum dening gurune, ora sranta banjur dibukak. Sepira bungahe atine bareng cetha yen ora ana angka kang nguciwani. Sing akeh tinemu angka pitu utawa wolu.

Susy mesem nyawang rapote. Esem kabungahan sing wis suwe diarep-arep. Kaya ngono apike rapote Susy mau mung dhedhasar wohing panggawe. Sing sapa nandur bakal ngundhuh. Awit ing ulangan umum kwartal terakhir mau Susy ora tinggal kaprayitnan. Meh sakabehing soal-soal digarap kanthi gampang, amarga saka anggone mepeng sinau sadurunge.

Awan iku mau panase sumelet. Nanging Susy ora ngrasakake panasing srengenge kang nyoroti awake. Saya suwe anggone nyepedhah dirikatake daya-daya enggal tekan ngomah.

Tekan ngarep omahe, Bu Aswa (ibune) wis ngenteni ing pendhapa. Bu Aswa nyawang Susy kanthi dheg-dhegan. "Munggah apa ora anakku?" mengkono pitakon ing penggalihe sanajan ta panjenengane wis mesthekake yen munggah, amarga manungsa iku ora kena semono.

Penggalihe rada ketir-ketir betheke anggone banget ing tresnane marang putra putrine iku kang wis bisa njunjung asmane sarta kakunge saka kapinterane.

Tekan latar ngarepan, ora sranta sepedhah diselehake terus mlayoni Bu Aswa.

"Ibu...dalem minggah, Bu."

Mireng celathune putrane mau, ora sranta Susy banjur dirangkul.

"Ooo...ya sokur, Sus," mengkono ngendikane karo mrebes mili saka banget asihe marang putrane.

Ora suwe banjur ngendika karo mlebet daleme, "Wis Sus, gek enggal mangana kana. Bapakmu lagi wae dhahar, lan iki mau ngendikane arep metu sedhela."

"Inggih, Bu," wangsulane karo menyat terus mlebu kamar karo saperlu nyelehake tase terus menyang meja dhahar saperlu mangan.

Lebar mangan Susy leyeh-leyeh ana paturone. Pikirane ngambra-ambra kelingan kedadeyan ing sekolahane mau. Kaya-kaya rasane ora ana kang luwih endah kajaba dina iki mau. Dina kang kebak kabungahan....

Taman Putra, No.14/Th. Ka VIII/1964

PASIEN ANYAR

Tutty W. Handajani

“Adhuh adhuh sirahku mumet, adhuh gorokanku garing.”

“Iya-iya, Dhik, sabar dhisik dakjupukake ngombe.”

“Mbak aku ana ngendi?”

“Wis ta ora susah digalih dhisik, diagem sare wae mengko kareben enggal dhangan.”

“Bapak-Ibu ana ngendi, Mbak?”

“Kae pinarakan ana njaba karo adhik-adhik.”

“Maturana tindak rene ... !”

“Aja Dhik, durung pareng.”

Bali sepi maneh, Susi njupuk kapas kanggo ngusapi getih kang wiwit metu maneh saka sirahe Erna, pasien anyar kang ditunggu. Kanggone Susi, ngadhepi kaya ngono mau wis dudu barang aneh awit wis dadi kuwajibane lan pegaweyan saben dina, nanging Ibune Erna, saben-saben tansah muwun, kepengin enggal-enggal pirska kahanane

“Kados pundi jeng anak kula?”

“Pangestunipun Ibu, mboten punapa-punapa, malah samangke sampun enget.”

“O allah, Ndhuk”

Ibune muwun ngguguk jalaran saka trenyuh campur gembira. Wayah sore, Erna lungguh kursi ing emperane kamar pitulas. Sirahe wis ora diperban kari tangan isih katon ana perbane. Sore iku sing dhines isih dhokter Susi, nalika semono lagi mriksa pasien-pasien ing kamar sisihe. Agemane sarwa putih, ing astane ngasta *phonendoscop*.

“Selamat sore Dik Erna.”

“Selamat sore.”

Dhokter Susi leren nyedhaki lungguhe Erna.

“Kapan Mbak aku pareng bali mulih?”

“Kok kesusu kondur ta, Dhik, mbok suk wae yen wis mari tenan, karone mbakyune rak isih kangen ta, coba wis pirang taun ora ketemu?”

Erna ora mangsuli mung mesem kang dicandhet, nganti ketara banget dekike pipi saya nambahi manise.

“Ora ta, Dhik, kepriye kok nganti ana kedadeyan kaya wingenane kae?”

“Ah ora bisa nyiritakake, Mbak.”

“Wis ta ora susah nggalih rikuh apa-apa wong karo mbakyune dhewe wae.”

Erna ndhingkhluk, tangane dolanan taplak meja, praene malih abang, isin kecampur rikuh.

“Nalika semono dina Jumat tanggal telulikor Oktober suwidak papat, aku sowan daleme ibu-cilik ing Ambengan. Nanging, durung suwe weruh Mas Widayanto rawuh mrono.”

“Sapa, Dhik, Mas Widayanto kuwi?”

“Du.....lurku, Mbak.”

“Dulur ketemu tuwa ?”

Lungguhe Erna ngalih kursi ngarepe awit akeh tinggine, karo mesem mangsuli, “Ah Mbak Susi kok ana-ana wae.”

“Ya wis terus priye?”

“Rawuhe mrono karo kancane putri sing mondhok daleme ibu-cilik, nanging Mas Widayanto ora ngerti yen aku ana kono.”

Kekarone leren, awit wong-wong sing arep niliki keluwargane wiwit padha mlebu, kepener liwat anggone lungguhan.

“Mula kaya ngapa kagete bareng weruh ana aku, dheweke terus bali karo kancane putri mau boncengan de-ka-we, pamite arep nyang kebun binatang, wiwit kuwi atiku ajur nganti nalika bali mulih sepedhah sing daktumpaki disenggol montor ana dalan Gentengkali lan sateruse ora eling.”

“E dadi terange mono lagi lara ati.”

“Ya, Mbak, atiku rumangsa dilara, aluwung ora weruh dheweke boncengan sepedhah montor.” Erna terus ngrungkebi pangkone Susi, nangis sesenggrukan.

“Dhik Erna, aja kaya ngono, wis mendela.”

“Ora Mbak, atiku bingung banget.”

“Oh adhiku bocah manis, panjenengan isih timur dakkira durung wanci mikir kang abot-abot. Elinga marang Bapak-Ibu, kaya ngapa kepengine panjenengan dadi putri utama kang murakabi nusa lan bangsa.”

Susi leren, tangane ngelus-elus rambute Erna kanthi kebak katresnan.

“Ora Mbak, aku moh sekolah.”

“Lho ... lho kuwi kleru banget. Yen ngono panjenengan durung kuwat nampa cobaning Pangeran. Mula, Dhik, aja pisan-pisan ngancik jagading katresnan salagine durung dewasa lair lan batine, awit akibate bisa mbubrahake pasinaon. Tatagna atimu, elinga adhik-adhik isih cilik mbesuk sapa sing ngragadi sekolahe yen ora panjenengan, saranane panjenengan kudu namatake pasinaon. Dene perkara kuwi mbesuk gampang.”

Erna njengengek nyawang marang dhokter putri sing wis gawe binukaning atine.

“Lha piye Mbak bisane ngilangi larane atiku?”

“O. Dhik, kuwi dudu lara ati, mung kedadeyan kang lumrah, mula ilang-ilangane ya cukup sengkuden anggonmu sinau, sering melu olah-raga aja pisan-pisan ngalamun.”

“Iya Mbak bakal dakestokake.” Erna digandheng karo Susi diajak mlebu ana kamare.

“Wis Dhik gek sareya, cikben enggal dhangan!”

“Matur nuwun, Mbak.”

Saya sore saya tintrim para pengunjung wis padha bali, kari kang kajibah nindakake kuwajiban katon sengkud anggone mergawe.

Nanging kabeh ora ana sing ngerti menawa Erna, pasien anyar ing kamar pitulas nggawa crita kang selawase urip ora bakal dilalekake senajan ora ana ahli sejarah kang nyathet lelakone lan gawe buku kanggo isen-isen perpustakaan.

Taman Putra, No.16/Th. Ka VIII/1964

LAYANG WASIAT

Hoeri E.S.

Kenalku karo dheweke wis rada suwe. Wiwit dheweke isih ana SMP klas III, lan saiki wis ana ing bangku SGA klas II. Dadi tepungku wis 3 taun lumaku. Tepungku ora marga isih sedulur, dheweke dudu sedulur utawa pamili marga dheweke asli saka Banyuwangi, lha aku saka Pacitan. Nanging, saiki dadi sedulurku, dakrengkuh kaya adhiku, tunggal bapak-ibu. Dheweke ngerti jeneng lan alamatku saka TP kang kita tresnani iki, nalika gambaranku dimuat. Dheweke kirim layang perkenalan marang aku. Uga para sutresna TP liyane akeh kang ngirimake perkenalan marang aku. Kanthi bungah layang-layang mau dakbalesi baka siji. Dadi, terange aku lan dheweke mung *sahabat pena*.

Dhek semana dheweke isih ana SMP Kalasan, banjur nerusake ing SGA Bogem. Senajan durung nate padha ketemu, ing ngarep wis dakaturake, yen dheweke dakanggep kaya adhiku dhewe, pangrengkuhku kaya adhiku Srie, Sundari, lan Jaka ing Pacitan. Semono uga aku dianggep mase dhewe. Senajan sedulurku akeh, aku malah tambah seneng duwe sedulur enggal. Pengakuwan yen dheweke dadi adhiku lan aku kayadene mase, wis rong taun kapungkur. Layang-layang saban sasi mesthi teka. Senajan ora ana perlu, nanging kabar kaslametan saban sasine ora nate lowong. Malah kadhang-kadhang kirim kabar kaslametan, sesasi sok kaping pindhho. Yen ngene iki aku banjur aweh weling, yen kirim kabar slamet, becike sesasi sepisan wae, marga ngelingi wulangan ing SGA luwih abot, dadi aja nganti pelajaran kalepyan. Dheweke miturut apa kandhaku. Pokoke hubunganku wis persis kaya adhi dhewe.

Nanging, kahanan donya mono ora langgeng. Tansah kosok-balen, ana awan ana bengi ana apik ana ala, ana padhang ana peteng lan sateruse. Semono uga kabare adhiku, yaiku Mamiek Sukarmi, kang wis manjing dadi adhiku, sing maune kabare saban sasi teka, kerik-keri iki nganti rong sasi ora ana kirim layang. Aku kirim layang ora ana kabul kawusanane. Gagasan ku rupa-rupa: apa dheweke lara, apa nyrempeng sinau marga arep ulangan umum I, apa dheweke medhot *hubungan kekeluargaan* iki? Ah, mokal yen dheweke arep medhot paseduluran. Nanging, ya gene ora kirim-kirim kabar. Apa dheweke pindhah, “Kena apa ora omong!” Pepuntone pikiranku ora karep kirim layang yen durung oleh layang saka dheweke. Malah, aku sajrone sesasi tilik Pacitan

lan dolan ana Madiun, dheweke iya ora dakkirimi layang.

Tanggal 3 Oktober 1964 jam 8.00 aku bali saka Madiun. Sinambi lerek aku maca TP kang enggal, nomer 10 lan 11 taun 1964.

“Kring-kring....”

Aku ora pangling, angger ngebel ngono iku mesthi pak pos. Aku mlayu menyang regol ngarep. Ora luput pambatanku. Pak pos mudhun saka sepedhahe, ngulungake layang loro. Daktonton alamat pengirime. Siji saka Sri Batin Pacitan, kanca sasekolahku nalika ana Pacitan. Sijine, Mamik Sukarmi-Serang, Banten. Aku rada kaget. Batinku, “Tki apa kanca anyar. Nanging nitik jeneng lan tulisane cetha saka adhiku ya Mamik iku, kang maune ing SGA Bogem, Yogya. Yen saka dheweke kok mokal, apa dheweke pindhah Banten?”

Layang enggal dakbukak, kepingin ndang ngerti surasane. Bareng lembarane layang dakbukak, ora kleru maneh, yen layang iku cetha saka adhiku Mamik Sukarmi. Surasane beda banget karo kang ndhisik-ndhisik. Layange kang keru iki, arupa layang wasiyat kanggone aku lan dheweke. Malah irah-irahane ditulis “layang wasiyat”. Surasane kaya ngisor iki.

Serang, akhir September 64.

Kagem: Mas Hoeri E.S.

”Layang Wasiyat”

Mas Hoer, kang daktresnani. Mesthine Mas Hoer duwe pikiran rupa-rupa marang adhik, marga aku wis suwe ora kirim kabar. Yen nampa layang iki aja kaget Mas. Saiki aku wis ora ana Kalasan. Nanging, saiki aku ana Serang, Banten. “Bapak pindhah Banten, mula aku ndherek. Nanging, aku ora terus ndherek bapak-ibu, ana Serang aku ndherek Paklik sing ana kutba, dadi cedhak olehku sekolah.

Mas Hoer, aku ndherek Paklik ora bebas, kaya ndherek bapak-ibu dhewe. Apa maneh bab layang-layanan ora diparengake Paklik, ora preduli marang sedulur. Dadi aku ya wedi banget karo Paklik. Mas Hoer, kanthi rasa kang abot, aku kepeksa leren olehku kabar-kabaran karo sampeyan. Aku nalangsa banget, Mas. Iki ora ateges pedhot pangakuku marang sampeyan, minangka sedulurku tuwa lhoo, Mas. Ora babarpisan. Sampeyan tetep dadi sedulurku tuwa, lan aku tetep isih dadi adhimu, kaya janji kita kapungkur. Mbesuk yen aku wis bisa layang-layanan maneh, sampeyan dakgoleki sarana layang. Ora liwat

mas, saiki kabar-kabar antarane mas lan adhik semene wae dhisik, mbesuk diterusna maneh.

Mung semene mas layangku. Sepira luputku nyuwun ngapura, lan donga-dinonga. Syukur yen padha dikirim nyang Kliara, kita bisa ketemu. Wis Mas, Sayonara !

Adhikmu tubu: Mamik Sukarmi.

Bubar maca, atiku krasa mendhekel. Kanthi ora dakrasa luhku tumetes. Krasa banget ing atiku, yen dheweke wis kaya adhiku tenan. Kaya-kaya aku dipamiti adhiku tunggal welat. "Oh Dhik Mamik, kaya ngono luhuring atimu, anggonmu ngaku aku dadi sedulurmu tuwa ora mung ana ing kertas, nanging numusi lahir-batinmu. Syukur Dhik, yen mbesuk sampeyan arep nggoleki. Kabarmu tansah dakanthi-anthi.

Minangka pangeling-elingku marang sampeyan lan layang wasiyatmu, mula daktulis ana Taman-Putra. Panyuwunku kanthi banget marang Pak Dar, muga tulisan iki kersoa muat, supaya aja lali. Matur sembah nuwun Pak Dar.

(Sapa kepengin tepung aku !?).

Taman Putra, No.14/Th. Ka VIII/1964

PERCAYA AWAKE DHEWE

Slamet Isnandar

Ujian pungkasan kari kurang seminggu. Olehku sinau sansaya sengkud. Sawuse rampung pegaweyan, tangan iki prasasat ora pethal karo buku. Nganti kanca-kanca yen marabi aku budhak buku, jarene.

E ya wis ben, ngene-ngene iki rak kadaya saka gedhening rasa tanggung jawabku nglungguhi jejerling murid. Wis diragadi gaya-aya kok trima arep sembrana. Luwih-luwih kayadene aku ngene iki, kang tinitah dadi anake wong ora bandha. Sepira tuna kang bakal daksandhang lamun aku nganti gagal pisan iki? Ora! Aku kudu, kudu sukses!

Kaya dina-dina kang wis kepungkur, bubar nandangi pegaweyan sore aku adus, dandan, njur nyandhak buku. Buku *Sejarah Umum* karyane Gunawan dakbukak. Kaca kapisan ana kertase cilik sumlempit mawa coretan-coretan mangsi ireng, aku dhewe sing gawe, unine *ORA ET LABORA*. Sawijining tetembungan manca kang karepe "samubarang gawe iku kanthenana panyuwun utawa ndedonga."

Kabeh bukuku dakwenahi ngono, mula kanthi otomatis sadurunge nyemak buku sing dakdhep mesthi umik-umik dhisik. Bubar amien aku terus marikelu ngilo buku, ngungak kedadeyan-kedadeyan jaman semana.

"Wah iki, malaekat buku!" aku kaget, bareng ndengengek.

"Lho, kowe Kus, kadingaren gelem sanja rene. Ayo gek mlebu kene!" Kusno mlebu.

"Sinau apa, As?" pitakone karo mapan lungguh.

"Sejarah. Kowe wis rampung?"

"Ndemok we ora!"

"Wuih sembrana temen, Kus!"

"Mangsa sudia aku diperbudhak buku kaya kowe kuwi, ngene wae wis teteg je!"

"Sak teteg-tetege wong ora sinau rak ya jih teteg sing sinau ta, Gus? Luwih maneh yen wis nicil."

“Lha wong kowe ora weruh dalan sing ngepenakake awak kok, As, mula maido!”

“Dalan apa sih?”

“Kowe wis ngerti Mbah Joyo, dhukun kesuwur kae?”

“Uwis.”

“Lha ya panjenengane iku sing menahi teteging atiku!”

“Kok isa-isa iku lho! Kowe percaya ta?”

“Ngene ya dakjarwani, aja kesusu nyepelekake. Dhek emben dawa aku ki coba-coba sowan Mbah Joyo. Ing kana aku didangu akeh-akeh lan aku uga ngandharake apa sejaku. Wosing uwos panjenengane saged nyranani lulusku. carane mayar wae ki As.”

“Priye?”

“Pulpenku dicelupake kembang setaman njur diumik-umiki. Wis ya mung ngono. Ning aku ,tetep percaya!”

“E, dadi ra usah sinau wis dibethak lulus ta.”

“Mesthi As!”

“Lha iki mau njur arep malem minggon ngono pa?”

“Ora, arep ngajak kowe malah.”

“Nyang ngendi?”

“Sowan Mbah Joyo.”

“He? Gemblung apa kowe kuwi...gah Kus.”

“Mengko dhisik ta rungokna. Lehku mrana iki mengko karo arep takon maneh ngene: kowe sing sinaumu ngudubilah kliwat takeran iki mbesuk lulus ora.”

“Lulus ben ora karepe, pasrah Allah!”

“Ya uwis ta, As, idhep-idhep leren njur mlaku-mlaku golek hawa padhang ngancani aku sedhela wong iki ya malem Minggu wae lho!”

“Aah, sinau nggo ujian sasat ra etung malem Minggu Kus!” Aku ngulet aras-arasen.

Suwe-suwe aku kepilut bujoke Kusno marga dijanjeni dijak mampir “medang ndongo” mengko yen wis mulih. Cah loro ngepit bareng, lakune

sakepenake wae. Nyata sore iki hawane seger kepenak. Tekan Pasar Kembang, Kusno mampir tuku kembang menyan mbuh kanggo apa iku aku ora perduli, tiwas slenca wae mengko. Ora suwe aku sakloron wis tekan daleme Mbah Joyo ing Kampung Kratonan.

Sawise bage-binage, Kusno njur nyaosake kembang menyane karo abang-abang...oo dhuwit kiraku! Bubar kuwi Kusno ndadak nakokake aku tenan, trembelane batinku misuh-misuh. Krungu pitakone Kusno, Mbah Joyo mrengut njenggureng kaya wong nesu njur nalika suntrut sajak sedhah banget.

“O, Gus, kula mung dadi lantaran, Gusti Allah sing nitahake...ehm...ehm. Miturut pamawasipun pun embah... kanca panjenengan punika mbenjing... uhuk...ehm, sampun kaget nggih Gus? Badheya mepeng kados ning takdiripun Gus...takdiripun pinesthi...mboten lulus! Maap, lha Gus, tiyos-tiyosan mawon.”

Aku mung bisa gragapan kaget njur ndomblong ora mudhengake.

”Kejawi menawi kersa nyranani!” sambunge mbah dhukun maneh semu sinis. Meneng.

“Priye, As?”

“Wis bene, kepriye maneh!” wangsulanku.

Kedadayan kuwi wis dhek embene. Saiki aku lagi ribut sinau ilmu Alam kanggo mata ujian sesuk, ing pungkasan.

Saulihku saka sowan Mbah Joyo kae atiku tansah ora kepenak, anane mung ketir-ketir lan cilik ati. Tujune aku enggal bisa mupus; manungsa tetep usaha. Dhukun iku waton udhu ya rukun. Ngono gagasanku. Sinauku saya tumemen, ngluwahi sing uwis-uwis.

Theking ngedhong ujian dakrasa kaya kepenak wae. Kusno priye aku ra ngerti wong ora nunggal ruwang. Semono uga dina iki mau. Ilmu Alam kang paling dakmirisi iku jebul ya ora krasa angel banget. Mulihe, ndilalah aku kok bareng Kusno.

“Priye, As, isa nggarap kabeh?” pitakone semang.

“Lah Kus, ya lumayan wae ora mbandeng banget-banget,” wangsulanku ampang.

“Aku rada puteg, As, mengko arep daktakokne Mbah Joyo maneh!”

Wektu terus lumaku tanpa mandheg tumoleh: saka dina dadi minggu

saka minggu nyandhak sasi. Aku bosen banget prei nyang ngomah, ngenteni pengumuman kok ora endang-endang.

Yen rina wektuku dakisi nggo rewang-rewang macul menyang sawah karo Bapak, karang ya anake wong tani. Dene yen bengi trima orak-orek dluwang nganggur, rekane mono ajar ngarang, ora ketang tansah dadi untel-untelan njur klebu pawon wae. Lha priye wong gak ana sing mbejaji sitok-sitoka jee!

Buku-buku pelajaran wis krasa seneng ana rak-rakan, seneng marga wis ora mambu gandaning kringete tanganku maneh....

Sesuk pengumuman!

Kabar kang banget nyenengake lan ya banget mirisake. Pangarep-arep lan semplah tansah worsuh dadi siji. Semplah marga njur kelingan beteke mbah dhukun kesuwur kae. Adhuh gek kepriye yen numusi? Nek rumangsaku ngono kaya-kaya garapanku ora pati banget salahe, ning.....? Aja-aja nomerku ujian kelalen ora daktulis. Wah hiya! Bisa uga iku sing njalari aku ora lulus ... adhuh gek priye ya? Awakku sekala lemes. Saka bangeting kuwatirku aku nganti ora doyanan mangan, terus njujug amben. Pandangune ibu wis ora dakrungu. Sawengi muput aku meh meteges ora bisa turu. Merem-merem sawise keprungu jago kluruk. Ndilalah merem sedhela wae ndadak ngimpi sing elek pisan, lha tangi maneh!

Esuke, kanthi semplahing ati aku jumangkah nyang sekolahan. Ing kana aku pethuk kanca-kanca sing wis padha lungguhan nggrombol kupeng ambeng. Kusno, berag wae polatane, ing antarane para kanca ya dheweke sing sugih guyu. Weruh aku dheweke nyedhak njur mbisiki :

“Aku dibethek lulus, As.”

“Sokur,” wangsulanku sedhah.

Kloneng...kloneng...klonengng...! Bele wis muni ateges bocah-bocah wis kena mlebu kantor niliki badharing sayembara nasib. Kanthi sar-saran adhem panas naliti nomer-nomer kang kacetha ing blabag, wusana...cleret, nomerku ujian ana! Cles, kaya siniram ing ebon esuk rasaning atiku. Ambegan njur malih seseg, gorokan serak ora ngomong. Mripat nyawang mendhuwur nemu pyan nanging panjeriting ati nglayang sowan Gusti caos syukur kang tanpa kinira.

Kanca-kanca sing padha luluse ngajak salam-salaman kenceng banget, gablog-gablog, keplak-keplakan, saka banget abungaha kabeh gablog, kepiak ora krasa barang-barang.

Ujug-ujug Mbak Ginuk marani aku njur njiwiti lengen sasenege kambi muni aku lulus, aku lulus. O iya aku njur eling, dheweke akeh daktulungi rikala ujian. (nalika iku pengawase kaya menahi kelonggaran marang aku sakanca).

Lho, Kusno kok ora ana beneke...ee jebul wis nggeblas dhisik!

Daktliti maneh nomer-nomer ujian ing mblabag...dhuh Gusti, jebul nomere Kusno ora tinemu ing kono alias ora katut!

Hemm tujune ta tujune aku ra nggugu Kusno lan marang dhukun thethek-mbengek kususe. Aku isih diparingi sadhar, percaya marang awak dhewek, percaya yen isih nduwe untu kang landhep....

Taman Putra, No.16/Th. Ka VIII/1964

TUMETESING ELUH ING MANGSA UDAN

Sunarjo

“Mbok, wetengku ngelih.”

“Ha priye, genah nggrejih terus wae ngene.”

“Bakar-bakarake tela apa jagung, Mbok.”

“Lha ngendi ana wong adol? cetha udan. Wong-wong ya gemang metu saka ngomah. Jajal mengko nek trenceng dakmenyang nggone Lik Suta nek duwe apa-apa mengko,” mangkono pangrimuke Mbok Krama menyang anake Suminta.

Suminta wis 2 dina ora klebon apa-apa. Wis seminggu udane ora mendha, terus nggrejih rina-wengi. Akeh wong awang-awangen metu. Mempeng wae ana ngomah. Sagawe-gawene sing duwe gaweyan megawe. Sing ora duwe mung tangi-turu, olah-olah nek ana sing diolah.

Pancen apese, tinitah urip ora kaya wong mlarat, kaya Mbok Krama, yen dhong paceklik ngono kuwi. Dhasar wis ora duwe, ndadak udan wae ora aweh kalodhangan wong-wong miskin golek cagak urip ganjel weteng saben dinane. Ya bener Mbok Krama duwe bojo, nanging uripe Pak Krama prasasat ana tangga, katrem dolanan karo kucing (aliyas kretu). Mula uripe Mbok Krama lan Suminta wis ora dipaelu babarpisan.

”Lagi begjamu ngger! Urip sepisan wae dititahake dadi wong mlarat. Wis mlarat, ndadak bapakmu ngedan saben dina. Gawene mung main,” kandha mangkono karo menyat ngadeg ninggal Suminta. Suminta mung prembak-prembik wae karo turon ing lincak reyot. Nggone ngglethak ana pojokan, awit sing tengah ketrocohan.

Mbok Krama terus sendhe-sendhe lawang pring lorogan. Mripate mandeng menjaba ngawasake banyu sing lambah-lambah ing latar. Kumriciking banyu kang tumetes saka payon mung muwuhi jibeging pikire. Mikirake anak sing lagi gumlethak keluwen. Mangka ora duwe apa-apa. Arep utang-utang ora diendel maneh karo tangga. Luwih-luwih karo wong sugih. Arep tetuku apa-apa ora nyekel dhuwit sandhil gopel. Njagakake sing lanang tangeh lamun entuk. Paribasan njagakake endhoge si-blorok. Udan wae kok ora mendha-mendha. “Gek arep nemoni jaman apa?” mangkono batinne mbok Krama.

Pikirane Mbok Krama wis ora bisa dikendhaleni maneh.

Nyut. Eling nalika durung kawin. Nalika samana isih dadi siji karo wong tuwane. Uripe seneng. Kurang mangan wis nglakoni nanging biyen bab kuwi ora patia klebu pikirane. Balik saiki bareng omah dhewe???

Mbok Krama rumangsa kaduwung dene sing lanang kok saiki gelem nindakake maksiyat. Mangka biyen ora. Mula Mbok Krama nyipta mesthi uripe bakal seneng nek wis omah-omah dhewe. Ning kok kepleset. Luwih maneh njur ngangen-angen anake lanang si Suminta sing lagi dhemen-dhemene sekolah.

Suminta saliyané pancen wis umur uga sebab katut grubyug kanca-kancane dolan nggone mlebu sekolah.

Sakjane isin, dene anak siji wae ora bisa nyandhang lan maregi saben dinane. Kathok klambi mlebu-metu tetep sasetel. Tur iku anyar biyen. Awake dhewe anggere kena ditemplekake. Paribasane nganggone awer-awer mung nek lunga derep utawa bedhag buruh.

Kanthi ora rinasa eluhe tumetes nelesi pipine sing kudune durung kisut. Kagawa tansah kurang mangan lan linimputan ati sedhik saben dina, awake mula dadi katon kuru banget.

“Dhuh Gusti Allah...kawula nyuwun enget,” mangkono sambate lirih-lirih karo kembang-kembang mripate kebak eluh. Atine rasane kebek. Tangise kaya-kaya yen ora wong tuwa sing nahan nganggo pikir sing wis mulur mesthi ambrol dadi tangis ngaru-ara. Ilining banyu tritisan sing kumricik swarane malah mung amuwuhi saya ngelangute. Pikirane ngempya-empya tekan ngendi-endi. Tur muyeg gambar kasedhihan sing tansah gawang-gawang katon ing jroning mripat batinne.

Senajan dheweke durung setengah umur, kaya wis pilih mupus tekan samono wae umure. Rumangsa jeleh urip. Apa gunane urip nek mung tansah nandhang papa lan ngruntuhake eluh saben dina? Sing dipikir kanthi rumangsa krasa abot tenan ya mung Suminta jalaran isih bocah banget. Nek ditinggal mati njur priye? Selagine isih urip wae rumangsa ora bisa ngopeni kanthi becik-becik yen awake saikine mangan kurang sethithik ora patiya dadi pikiran. Malah-malah idak-idak arialat nirakatake Suminta. Bareng Suminta bocah umur 7 taunan? Bisane lagi pak, mbok njaluk sega, maem. Lamun dijak prihatin najan ora nyauri iya, mesthi gelem sedina rong dina. Yen terus-terusan apa kuwat?

Ngelanture nggone ngetut ngen-ngene nganti kawetu tembunge alon-alon kanthi krasa trenyuh jroning ati, "Ngger, gek kowe mbesuk arep nemu apa? Isih wayah semono teka wis kudu prihatin ngelih. Aku seneng yen ndang mati wae. Emane kowe durung tumata. Durung wancine nek sa-kowe wis katinggal embok." Eluhe saya deres wetune. Kaya derese udan ing wektu kuwi. Tangane bikut nggone ngelapi lan bola-bali sisi menjaba.

"Mbok, njaluk maem...hiii.... Adhuuh...wetengku... wetengku...lara... hiii..."

Mbok Krama kaget nggone ngelamun. Nuli brabat meraki anake. Wetenge dipijet alon-alon.

"Lara? Mengko nek trenceng ya, golek tela!"

"Adhuuh...larane...hiii..."

Saking dayane ati judheg lan bingung, Mbok Krama ora bisa apa-apa. Bisane mung melu nangis. Nangis, ora ana maneh. Wong loro padha tangisan. Nangisi weteng luwe lan pamothahing anak, dene ora keduga nuruti. Nangis dene urip sepisan wae dadi wong kesrakat. Atine keranta-ranta banget. Ngarep-arep sing lanang tangen lamun tekane. Tekaa nek teka, mikirake wae ora.

Bareng wis rada aring-aring sethithik, Mbok Krama najan wis peteng lan isih ngruwis kepeksa metu kudhung caping bebek bejat-bejat. Lowung tinimbang tanpa kudhung. Niyate tekan ngendi dilakoni, pokok oleh utangan. Nyaur bau ya gelem. Dhuwit saguh najan embuh kapan olehe dhuwit kanggo sauran.

Nggone nrethek golek-golek nganti bengi lagi oleh. Oleh utangan tela 1 kg. Rp20,—. Lothung kena kanggo nyep-nyep.

Kacapa Suminta saungkure emboke wis ora kuwat ngampet larane nganti semapat ora ana sing meruhi. Mbok Krama sawise ngebrukake tela nuli marani Suminta niyate arep digugah diajak ngonceki telane digodhog. Nanging kaya apa kagete bareng Suminta dioyog-oyog mung meneng wae lan awake anyep njekut lemes banget.

Mbok Krama njerit sakala. Tangga-tanggane sedhela wae nuli mara susungan. Meruhi kahanane Suminta, kabeh padha nutuh bapake dene anak kok ora diurusi.

Suminta ora kuwat ngampet larane maneh, jam 10 bengi kepeksa ndhisiki bapak lan emboke sowan menyang pangayunaning Pangeran.

Esuke, najan terus gerimis, kepeksa Suminta diarak wong akeh dieterake menyang papan palerenane sing kanggo salawas-lawase.

“Sing nindakake maksiyat bapake, kok sing dadi wadal anake,” mangkono salah sijine wong sing mentas ngeterake Suminta menyang kuburan.

“Kuwi rak mung durung wae. Suk nek wis wayahe rak ya genten mati. Luwih-luwih abot lho siksane neraka miturut piwulang agama,” saure liyane.

“*Allahu Akbar*. Embuh nyatane. Ning aku emoh tiru. Nek tenan abot siksane, aku bakal keduwung mbesuk, mula aku ya emoh kaya bapake Suminta,” saure liyane.

“Akur! Aku nyidhat kene,” sambunge Mas Atmo karo menggok nuju omahe.

Taman Putra, No.2/Th. Ka IX/1965

LUPUT ING PANYANGKA

Slamet Isnandar

Radhione Pak Darno keprungu nganggang siyaran klenengan uyon-uyon gandem saka studio RRI Surakarta. Titarasing gendhing ganep sedhep, pating krenyit nyemeg-nyemeg agawe sengsem. Wimbuh-wimbuh swarane nyi pesinden Wara Kepodhang kang sanyata bisa gawe prananing miyarsa. Enggok-cengkoke kang gonas-ganes nggregetake sok nganyut-anyut ngeremake ati ing alam palarasan. Mula jeneng ora mokal yen ta kutha punjering kabudayan jawa iku tansah arum gandaning kamoncerane, kalokengrat mlesat keprojol tumekaning njaban rangkah.

Olehe nggarap lemburane leren. Pulpene diselehake njur ditinggal nglinting udud terus disumed, diakep pas-pus. Panyedhote alon-alon mengkono uga anggone ngebulake keluke. Pisan iki Radnansi rada nglaras temenan, boyoke dieluk, terus leyeh-leyeh ana dhipan. Keluke rokok terus kumelun arak-arakan. Dumadakan dheweke jenggiratan kaya wong kaget, terus lungguh dheleg-dheleg karo ngrangkul dhengkul, mripate kethap-kethip nyawang pyan.

Saiki radhione wis ora ngungkung uyon-uyon kaya mau. Siyarane wis ganti. Sing keprungu mung kari ngumandhange swara koor Mars Sukarelawan. Radnansi terus isih dheleg-dheleg, rokoke diumbar mreketek nganti kari sakuku. Bareng lagune entek lan radhione meneng, tanpa rinasa eluhe tetes, dleweran urut pipi. Dheweke terus njethung ngalamun

“Mas Rad, yen aku wis lulus kira-kira bisa mbacutake apa ora ta?” mengkono pitakone adhine rikala semana.

“Sabisa-bisa ya kudu terus ta Le,” wangsulane ayem.

“Kuwat ragade pa, Mas?”

“Ah, ya aja nyampahi ta, Gus! Bener blanjane Mas Rad ki jan ora nggajusi ning manungsa mono rak ya kudu usaha taa?”

“Ya ora nyampahi ngono, Mas! Ning kahanan kuwi sok molak-malik. E ya sokur banget nek Mas Rad isih sanggup. Aku njur pengen nerusake nyang....”

“STM? SMEA?!” dheweke nyaut.

“Woo sekolah-sekolah vak? Aku kok ora pati seneng ta, Mas!”

“Lha sing kok senengi sekolah apa? Iku mau kabeh pancen sekolah-sekolah vak, tapi justru malah iku sing ndang bisa oleh pegaweyan kok!”

“Hiya, bener ngono ning aku kaya isih pengin ruh ngelmu rupa-rupa ta, Mas. Sirku wong saka SMA kuwi luwih luas lapangane mula aku kepengin mrono. Yen uwis ka SMA angkahku terus nyang AMN; di asrama, apa-apa terjamin, ora mbayar, kathik suk metu jedhul wis Letnan Muda lhoo....”

“E e, genahe pengin dadi tentara ta le? Ya ta iya wong tuwa mono mung bisa njurungake. Mula sinaune wae dhisik sing tansah gati!”

“Ya Mas, pangestumu wae.”

Temenan, Slamet klakon lulus nggondhol ijazah SMP Gaya Baru kanthi rinengga ing biji kang elok.

Enggal-enggal adhine didhaftarake nyang SMA Negeri kono wae. Nanging iba cuwa lan gawoking atine bareng adhine mau wis klebu, dadakan diabani “uang gedhung” sing ora baen-baen wae, yaiku sepuluh ewu repis! Pegawai Negeri bujangan tur sing utun kaya dheweke iku, saka ngendi bisane oleh dhuwit nganti semononan temen kuwi? Mula kanthi sedhah lan trenyuh adhine diglandhang dikon ngeculake sekolahan maksiyat kuwi. Mueyeng-mueyeng golek SMA liyane asile nihil, sebab kabeh meh saemper kaya mau. Wis pantog, pepes lemes atine Radnansi. Kabeh sarwa luput ing panyana. Dheweke jibeg tenan yen ngrasakake. Biyen dhek jamane dheweke sekolah babarpisan ora ana cara-cara sing kaya saiki iki. Aja maneh sing jeneng bayar *uang gedung* anaa, sedheng alat-alat wae isih oleh silihan lan paringan je! Saiki? O...teka adoh temen sungstate.... Akire adhine digolek-golekake gaweyan nurut. Lha iya, njur pegaweyan sing kepriye? Ijasah sing peni iku ora bisa nulung babarpisan, ora kanggo gawe. Pol-pol-an Slamet kebacut ndhôngkrok nyang ngomah.

Bareng ana horeg-horege Malaysia kasusul pecahing komando loro (Dwikora) kang dibiwarakake panjenengane Presiden/Pemimpin Besar Revolusi Bung Karno kang kita tresnani iku, Slamet terus kejek nggone arep melu mlebu dadi sukarelawan. Jare kanggo iseng-iseng ing atine kang suwung pepes marga sakabehing panjangkane kandhas kabenthus ing watu karang, ambyar buyar kerem ing samodraning kacuwan iku....

Radnansi wis ora bisa menggak maneh. Slamet pancen wis mbeguguk nguthawaton, bebasan pinalangan mlumpat dhinadhung medhot. Tekade wis gilig gembleng ora bisa owah mbaka serambut. Semangate wis kadhung mulad makantar-makantar nggone kumudu-kudu enggal lumadi marang Ibu Pertiwi

ngganyang satruning negara klipping bangsa.

Slamet sida nekad oncat katut diangkat 'nyang tapel watesing Kaltara (Kalimantan Utara/Lor). Radnansi kari anggana. Eling-eling Bapa Biyung wis padha sumare ndadak arep nragadi adhi siji wae ora kuwagang kedaya jaman kang saya murang....

Saiki Radnansi sasat lola ana ndonya yasane Gusti iki...hem...semplah banget! Bareng eluhe wis rada aring dheweke ngunjal napas dawa campur sesegen. Lambene kekedher, kawetu ucape lirih, "Oo Met, muga leladimu nyang Nusa lan Bangsa tinampaa becik, sarta ing papan ngendi wae tansah nyangkinga ing jenengmu.... Slamet... Slamet...mbesuk wae rene ya lee... oo, Mas Rad aja mbok tinggal ijen ing ndonya iki...adhuh, bandhaku mung kowe lee... Dheweke terus ambruk ungkeb-ungkeb ngekep bantal. Tangise senggrukan kaya bocah cilik, ketang banget nelangsaning atine....

Taman Putra, No.3/Th. Ka IX/1965

ANGINE WIWIT SUMILIR

Sjamha Moeslim Poetera

Sore kuwi udane deres banget, dikantheni angin lan gludhug sarta bledheg pating jumlegur. Nganti para among tani ora wani nerusake macule ing sawah lan tegal. Wit witan padha pating pentiyung, pange akeh kang pokak. Paprangan pager desa kuwi uga pating pantiyung, dhoyong ngalor, dhoyong ngidul bebarengan, atut-rukun. Para pak tani padha lumayu mulih, aweh pangayoman marang putra-putrane.

Sore kuwi pancen udan angin. Tekane udan pancen diarep-arep banget pak tani supaya enggal bisa nggarap sawahe, njur ben padha enggal panen pari, mangan sega putih, sega beras. Ora tansah mangan sega gaplek wae. Mundhak lara udim, aliyas lara lemu ning lemu embuk-embuken.

Nanging, pratingkahe udan kang mangkono mau diwedeni banget sok sopoa wae. Wong-wong banjur padha nyebut asmane Gusti, yen dhong nemoni kahanan kang kritis mau.

Aku dhewe ya melu enggal-enggal mulih. Aku wedi disamber bledheg jalaran wis akeh wong macul ing sawah sing disamber bledheg.

Nanging, durung tekan omah, bledheg saya nyamber-nyamber lan thathit pating cleret anggegirisi. Klawan tanpa “kula-nuwun” aku mlebu mblusuk ing omah gedhe mawa cet ijo godhong. Dumadakan ing mbalene ana wong telu kakung-putri lan prawan cilik padha nyatitekake tumurune udan.

Ya kuwi daleme Pak Abdullah, eyange Dhik Aisyah. Wong desa kang rada kacukupan dhewe jalaran wekele nyambutgawe lan pancen sawahe ya rada amba.

“Lho, kok Nak Moeslim ki mau!”

“Inggih bu, ajrih jawah.”

“Lha iya ta, udan-udan ngene kok becik ngaub dhisik. Wong ya ora dibot-boti putra wae kok!” pangandikane Pak Abdullah nyambungi karo mesem.

“Saka endi mas, sajake kok krenggosan?” pitakone dhik Aisyah nrambul omongan.

“Genah saka sawah ngono, wong nggawa pacul ngene kok!” sumaurku.

“Mangga, pinarak mebel kono lo, Mas.”

“Iya, pinarak kono lho Nak!”

“Ah, sampun, matur nuwun. tiyang jawahipun ngajrih-ajrihi ngaten kok, bu, sakeca ngadeg kemawon.”

Ing njaba udane saya deres. Bledheg pating gleger samber-samberan. Angin isih ngetogake karosane mutungi samubarang kang ringkih. Bocah-bocah ora ana sing wani udan-udanan, kaya adat saben. Udan kaya disok saka langit. Nanging untung, senjata akeh wit-witan kang pokak, lan gendheng kang mabur, korban utawa kacilakan manungsa ora ana.

Watara telung prapat jam udane sajake wis sayah, nuli wiwit rada ricik-ricik.

Pak Dullah lan Bu Dullah menyat memburi, mriksani paturon, menawa ana sing ketrocohan.

“Kono Isyah, jagongana Mas Moeslim kuwi! Aku daknitipriksa paturon-paturon, menawa ketrocohan.”

“Iya, Mbah! Wong ala-ala ya tamu jare!”

“Disekecakake, Nak, pinarake!”

“Matur nuwun, Bu!”

“Aja kesusu kondur, Mas, wong isih udan ngene kok. Mundhak masuk lesus! Eh...masuk angin dhing!” sumambungé Dhik Isyah karo guyon peprenesan.

“Ah, aku ora tau masuk angin kok, Dhik. Sajak priyayi wae. Ning kuwi nek dhong adus lelumban ing sendhang kae!” wangsulanku mbumboni.

Ing njaba udane saya mendhit, ning caturanku karo Dhik Isyah saya “deres.” Lha wong ya lagi kuwi aku bisa jenak jejagongan karo Dhik Isyah. Senajan ta sakampung. Jalaran antarane putra lan putri kuwi yen ing desa ora kaya neng kutha, pasrawungan ora kena bebas kaliwat-liwat. Luwih-luwih maneh para mudha desa kuwi saben dinane tansah usreg karo pegaweyan sawahe. Dadi ora ana wektu kanggo grubyag-grubyug mrana-mrene kaya bocah kutha-kutha kae.

“Ora ta Dhik Isyah, bapak-ibu sampeyan kuwi apa wis ora ana, kok ndherek simbah?” pitakonku nyleneh dakkendel-kendelake.

Jalaran Dhik Isyah kuwi kaprenah wayahe Pak lan Bu Abdullah. Saweruhku kok ora nate kapethuk bapak-ibune dhewe.

“Kepriye ta Mas Moeslim kuwi, bapak lan ibuku isih bagas kawarasan je! Dianggep ora ana!”

“Nuwun sewu lho, Dhik, wong saweruhku panjenengan ki kok ora nate sesrawungan karo bapak-ibu.”

“O, ngene lho nalar-nalare!” Dhik Isyah wiwit ndongeng. Nanging, dumadakan mak senggruk-senggruk, lan...tes, tes, tes...waspane trocosan.

Pojok klambine kebes kanggo nanggulangi wetune eluh. Aku mung meneng wae, melu sajak trenyuh, wong pancen aku ora ngerti nalar-nalare. Let sedhela nuli ndengengek, mripate isih rada abang.

“Manut...ka...repe dhewe-dhewe...Mas!” dheweke wiwit ngomong lirih-lirih, kalem. Pancen bocahe ya kalem. Ning ora isinan.

“Manut karepe dhewe-dhewe kepriye ta, Dhik!” sumambungku kaselak kepengin ndang weruh.

“Wiwit aku umur limang taun, bapak-ibu padha pepisahan, nuruti karepe dhewe-dhewe!”

“Pepisahan kepriye ta, Dhik!” takonku semu ora ngerti.

“Bapak pegatan karo ibu.”

“Ongng, pegatan?”

“Iya Mas, pegatan!”

“Lha sababe apa, Dhik?”

“Embuh ya! Menawa wae ya wis bosen urip dadi siji!” Sumambunge rada sinis.

Sawatara kuwi, ing njaba tambah padhang. Grimis mung katon cilik-cilik. Bocah-bocah wis padha pating braok, ndeleng kalen banjir.

“Bareng wis umur pitung taun aku rada ngerti. Nek ibuku pisah karo bapak. Bareng bapak-ibu padha pepisahan, aku ndherek ibu. Bapak omah-omah maneh, ibu isih tetep ijen, loron karo aku.”

“E...he...eh, Dhik!” sumaurku kanggo nanggapi critane.

“Ing sawijining dina aku nate *merindukan* manunggalé bapak-ibu, jalaran weruh Fatimah reruntungan karo bapak-ibune mentas lunga tilik simbahe ing Jombang. Aku meri. Mendah ya bapakku bisa atut-rukun karo ibuku. Kaya bapak lan ibune Fatimah ngono. Nek aku kepengin klambi anyar mesthi

njaluk ibu, njur bapak sing ngulungi dhuwit ibu. Nuli ditukokake neng toko. Njur dakenggo. Njur bapak-ibu marem, aku nganyari!” Dhik Aisyah nerusake critane kanthi dakik-dakik. Pancen rasa kang mangkono mau, didarbeki sok sapaa bocahe!

“Bareng wis umur pitu luwih sithik, aku dijak simbah, disekolahake. Nganti aku umur limelas iki, aku tetep ndherek simbah ing kene. Aku luwih krasan ing kene. Aku emoh ndherek bapak. Jalaran ing kana ana ibu kuwalon. Mundhak dadi prakara. Semono uga, aku emoh ndherek ibu. Jalaran ibu ya wis omah-omah maneh. Aku wedi bapak kuwalon. Ben dirasakake! Aku luwih seneng ndherek simbah. Jalaran karo-karone simbahku dhewe. Simbah saka ibu.”

“Lha saiki bapak lan ibu ing endi, Dhik, daleme?” pitakonku nyelani.

“Bapak ing Kesamben, dene ibu ing Wonorejo!”

“O...iya!”

Meneng sedhela. Ing njaba tansaya padhang srengenge katon semburat-semburat sunare, wis sore banget.

Aku nuli nyuwun pamit.

“Sajake kok wis terang temenan Dhik, aku daknyuwun pamit! Endi Bu Dullah mau?”

“O...kondur Mas! Iya...ya! Ben mengko simbah dakaturane.”

Tekan dalan, hawa krasa seger. Langite resik banget, menawa mendhunge wis disokake kabeh. Sajake sesuk arep terang. Kaya terange atine Dhik Aisyah bareng wis ndherek simbahe kang kinasih.

Lan angin sore wiwit sumilir neraki gegodhongan alon-alon, sajak gegojegan.

Taman Putra, No.3/Th. Ka IX/1965

PANGURBANAN KUWAJIBAN

Warino H.S.

“Ora! Ora susah nerusake Prap. Ngelingana jamane. Lan elinga marang adhi-adhimu,” wangsulane ibune nalika dheweke mbregendheng supaya dilelani anggone arep nerusake sekolahe.

“Jamanipun kados pundi, Bu?! Jaman sapunika rak sampun nyukani papan ingkang ombor tumrap sok sintena ingkang badhe nerusaken mbujeng idham-idhamanipun. Boten wonten satunggala garis ingkang taksih ngalang-alangi tumrap hak pun sadengah tiyang, jamanipun sampun pajar, Bu. Kaliyan malih wontenipun kula badhe nerusaken punika rak ngemuti dhateng adhik-adhik lan tiyang sepuh. Kajeng kula menawi kula mangke sampun tamat saking fakultas lan saged nyambut damel kanthi asil ingkang lumayan rak saged mbantu bapak-ibu nragadi adhik-adhik. jalaran mangke menawi sekolah kula, kula cupet samanten lan terus nyambut damel, ah..... asilipun mbokmenawi mboten mingsra!”

“Prap aja, aja banget-banget anggonmu tumenga ing tawang. Pancen lintang ing langit mono luwih endahe. Sadengah wong kepingin ndarbeni. Nanging kepriye manungsa ora bisa mabur njumputi lintang-lintang kang pating krelip iku. Mengkono uga cita-citamu pancen endah lan luhur. Aku dhewe ngakoni lan ngalem marang becike gegayuhanmu. Nanging, nanging kowe kudu noleh mburi. Noleh kekuwatan lan noleh marang wragad kang kudu diwetokake dening bapak ibu. Kamangka mlebu fakultas mono wragade mesthi ora sethithik. jamane saiki jaman uluk-ulukan. Reregan muluk kaya uluke layangan. Kamangka golek dhuwit angele ora jamak. Coba pikien, Prap. Indekose mengko pirang ewu. Buku-bukune pira, durung wragad liya-liyane. Apa iya sandhangane trima elek-elekan. Mesthi ora. Sepatune wae ora cukup sepasang. Wis ta pokoke akeh banget. Kamangka tanggungane bapak-ibu ora mung kowe dhewe. Ngelingana adhimu si Joko suk taun ngarep iki wis kudu nyang SMA. Taun candhake Lasmi uga. Durung sing mlebu ing SMP kaya dene Tuti lan Budi iki. Mula karepku setamatan saka SGA iki kowe kudu nyambutgawe. Embuh sa-enengmu. Apa dadi guru apa golek pegaweyan liya.

Pokoke kowe suk wiwit taun ngarep wis aja dadi tanggungane bapak-ibu maneh. Lan sabisa-bisa kowe kudu mbantu marang wragad sekolahe adhi-adhimu.”

Sepi sawatara. Ora ana sing kumecap. Praptono isih sendhen ing kursine kanthi ulat kang isih mbesengut saka ora keturutan kekarepane. Bapake isih kebal-kebul ngeses ing sisihe ibune. Dheweke isih durung urun rembug kajaba mirengake. Bareng suwe padha meneng-menengan banjur sese diceceg terus ngendika kanthi sareh.

“Karo maneh ngene Prap. Saben manungsa mono mesthi duwe idhe mutlak alias cita-cita. Cita-cita iku selawase terus megar. Liri keturutan siji nyandhak sijine maneh, ngono sateruse, lan ora ana enteke. Lan ya karana iki kang mujudake kemajuwane jaman. Nanging, sanajan mangkono pamburune kudu nganggo petungan lan ngukur kekuwatan. Yen ta iki nganti kalalekake, temah jeneng ngangsa-angsa, yaiku ngangkat barang kang ngluwahi kekuwatan. Kamangka sifat kaya mangkono iku mesthi ora becik kedadeyane. Malah salah-salah bisa kepleset keblusuk ing jurang, temah sakabehing cita-cita buyar tanpa ana kang kena. Mula aku cocog karo pamrayogane ibumu. Gandheng cita-citamu sing siji iki wis kacekel alias kowe wis nggondhol ijazah SG.A kowe kudu marem lan kowe kudu nyambutgawe, demi keslametane sekolahe adhi-adhimu. Jalaran, yen kowe ngaya mbregendheng lan meksa arep nerusake, bisane ya bisa. Nanging, elinga kang dadi kurbane ora liya adhi-adhimu kabeh. Sekolahe bakal padha kandheg jalaran dhuwit kanggo wragad kabeh mung katujokake marang kowe. Saka anggonku nguja sekolahmu banjur adhi-adhimu padha kleleran ana ngomah. Apa mentala kowe, Prap, yen kaya mangkono?”

“Inggih mboten,” wangsulane aras-arasen

“Lha iya. Mula kowe nuruta ibumu wae. Syukur yen suk antuk ana kutha. Banjur bisa kumpul karo adhimu. Idhep-idhep karo mrihatinake mengko bisa masak dhewe. Kanthi mengkono bisa ngirit lan ngenthengake sanggane bapak-ibu. Kiriman marang Yoko lan Lasmi bisa kurang. Mesthine kowe rak ngerti ta yen saya suwe bapak wis saya sepuh. Lan mbokmenawa rong taun engkas bapak bakal pensiun. Mesthi wae blanjane bapak bakal kurang. Mula aja gela, lan kowe kudu nrima yen bapak-ibu meksa kowe nglereni sekolahmu lan meksa kudu nyambutgawe. Iki jemeng kepeksa le! Karo maneh kowe kudu ngerti yen dakgadhang-gadhang ing tembe bisoa dadi wakile bapak nata marang adhi-adhimu murih becike kabeh.....”

Praptono katon njepiping anggone ngrungokake. Sajake atine wiwit sumeleh lan nrima jer dheweke anak pambarep kang kudu melu tanggung jawab marang adhi-adhine. Ulate saya suwe saya padhang kaya padhange purnama ing mangsa ketiga.

Let telung sasi saka kedadeyan iku Praptono kaleksanan nyambutgawe dadi guru SD ing SD Pandawa. Temenan kabul panuwune bapake bisa kumpul karo Yoko yan Lasmi. nyewa omah ing Dalan Jawa No. 7 Madiun. Lan wiwit dhek September dheweke wis bisa nyambi melu kuliah ing sawijining LKIP bagian Sastra.

Taman Putra, No.5/Th. Ka IX/1965

DINA SETU

Susi

Dina Setu dhonge ana patang wulangan. Nanging, mung diwulang rong wulangan. Iku wae bab pelajaran PD. Arep mulih gasik wegah rasane. Mulane aku sakanca, cacah bocah 6 padha ngobrol ana klas. Liyane wis padha mulih. Olehe crita padha gupruk. Sajak tenan-tenana kae. Biyasa ya cah yen kumpul mesthi ngobrol. Nanging, saya suwe kok ya bosen. Meniren tutuke.

Aku nyandhak tas karo muni, "Ayo sapa melu aku."

"Aku melu. Arep nyang ndi ta, Mbak Sus." Ngonono saure kanca-kanca.

"Nyang pantai, biyasa!" saurku cekak.

Brul metu bareng. Kabeh padha setuju. Njur Dhik Tut kandha, "Aku daknjupuk pit sik ya, enteni."

Bareng Tuty wis njupuk pite, nuli padha mangkat bebarengan. Wah, rasane. Ora perlu dakcritakake ana kene mundhak nyesak-nyesaki. Sedhela wis tekan. Wong cedhak banget kok pantaine. Nuli padha rebutan lungguhan ana omah-omahan cedhak pantai.

Oh, ya meh lali. Kanca-kancaku mau rak durung daksebut ta ya asmane? Iki lho asmane: Dhik Ning, Dhik Heny, Dhik Wati, Dhik Tuty, lan Dhik Yany. Yen jenengku rak wis padha pirsane mesthine.

Ana kene olehe ngobrol ditutugake. Ah gething aku yen ngono. Ngobrol wae. Aku nggered Dhik Tut lan Ning, Yan ora kari. Ben Dhik Hen karo Dhik Wati lungguhan dhewe. Wah, banyune klebu gedhe. Aku dolanan gendheng dakbalang-balangake nyang banyu. Suwe-suwe kesel. Saiki aku marani Tuty.

"Tut Nusakambangan ki jane cedhak ya."

"Iya, wong pancen cedhak kok," wangsulane.

Bali meneng. Yany nyedhaki wong golek kepithing. Sajak seneng banget. Pandelengku bali maneh marang banyu sing kimplah-kimplah. Banyune anteng. Mung ombake pating kripyik. Beda kaya sing sisih wetan. Ombake gedhe-gedhe. Kepengin nyemplung, wedi tritib. Yen segara wetan ora ana tritibe. Pasire alus. Nggo dus-dusan ya penak. Aku ganti mandeng ngulon.

Kali Yasa. Ana bocah priya sawatara sing padha praon. Arep melu wedi. Turna Tuty dijak gak gelem. Mesthi wae dhekne wedi, wong nembe ana bocah ajar nglangi terus katut banyu kok. Kuwi cah putra. Apa maneh aku. Dhasare ora pecus nglangi kok ndadak neka-neka. Senajan aku cah pantai pisan, ning ora bisa nglangi. Aku bisik-bisik marang Tuty.

“Tut, ora gawe sajak ta. Kok meneng wae ta. Wah, golek ilham ya?”

“Iya. Ya. Ning aku wegah nulis kok. Mengko wae ana ngomah,” kandhane.

“Oh, lagi ngalamun ta Tut. Aja mungkir. Wong goroh growah lho!”

“Ah, ora kok. Aku ki kelingan dhek ana Kenjeran,” wangsulane karo ngajak crita liya.

Dhik Ning ya melu-melu nyambung. Dhasar cah pinter ndhagel. Mulane ya rame banget.

Eman lho angine kok ngganggu. Apa maneh Tuty mentas lara. Aku mesakake, mulane njur dakgered.

”Ayo Tut, Ning, lungguhan wae yo. Angin kok,” pangajakku.

Bali lungguhan maneh. Saiki luwih gayeng. Heny nyanyi lirih-lirih dibarengi Dhik Waty lan Tuty. Dhik Ning crita karo aku. Alon-alon aku njupuk bukune Tuty. Buku cilik kumpulan sajak. Dakwaca bareng karo Dhik Ning. Wah, isine ya wis lumayan. Berbakat tenan kok Tut iku. Cita-citane pengen nerusake nyang Sastra. E sing daksuwun muga-muga bisaa terkabul apa kang dadi idham-idhamane.

Ora dakrasa jebule srengengene wis dhuwur ta?

“Dhik Wati, kondur ngga. Sampun siyang,” pangajakku.

“Mangga,” wangsulane karo menyat.

“Ayo Yan, Hen, Ning, Tut. wis awan. Apa arep nyang kene wae. Selak diarep-arep lho.”

Kabeh padha nurut. Tuty dhewe sing rada aras-arasen. Nanging, ya meksa katut mulih.

Bareng lakuku sakanca tekan Pius, njur dha sowang-sowangan. Pas nyepasang-pasang. Aku karo Heny. Dhik Ning karo Waty. Dhene Yany karo Tut padha boncengan karo ngawe-awe. Aku lan Heny padha mlaku rerikatan selak luwe kok. Tekan pasar aku lan Heny pisahan. Aku mlaku dhewe ngalor lan Heny ngulon.

Tekan ngomah cucul penganggo lan sepatu. Tas dakbrukake. Njujug jedhing perlu wijik. Bubar wijik maem. Lawuhe ca? Enak banget. Wis ta yen kanca-kanca weruh ya kepingin. Sedhela wae sega wis hijrah nyang wadhuk.

Bareng piring wis dakkumbah njur ngaso. Ngaso sedhela nyandhak kertas lan pulpen arep orek-orek. Ngarang sajake. Bareng wis oleh ilham, njur wiwit. Karangan sing dakanggep kena kanggo kenang-kenangan. Wis ya ca. Kesel kok.

Taman Putra, No.5/Th. Ka IX/1965

ANAK PRAJURIT

D. Sumadijono

Yen aku dhong lumaku menyang papan pamulangan, nuli weruh kumlebate skuter kang ditumpaki dening nom-noman kang menganggo loreng-loreng, mesthi mak nyut aku kelingan marang bapakku. Awit nom-noman mau saora-orane sawijining banthenging negara kang wis nate dilurugake menyang liyan praja minangka dutaning revolusi. Semono uga bapak.

Capet-capet aku isih kelingan sapatemone bapak karo ibu nalika bapak arep mangkat menyang Mesir saperlu mbiyantu rakyat kana anggone ngrebut Trusan Zues saka cengkeremane imperialis Inggris.

“Dik Is...ana sapatemon mesthi ana pepisahan. Kanggo sauntara wektu aku arep ninggalake sliramu maneh,” mangkono ngendikane bapak ing sawijinng wengi.

“Mas Bud arep tugas nyang endi maneh? Aceh?”

“Dudu. Adoh banget.”

“Sulawesi?”

“Uga dudu. Aku arep dikirim nyang luar negeri, sawarna tentara PBB. Aku ditugasne nyang Mesir lumawan Inggris.”

Swasana njur sepi. Bapak nyawang ibu, ning sing disawang mung ndhingkluk karo dolanan pucuking taplak. Katon yen anggone dolanan iku kanthi tanpa kawigaten.

“Dhik Is apa sedhah?”

“Ora Mas Bud. Jamak lumrahe sisihane prajurit ditinggal tugas. Mung nggambarake kepriye kahanane Mas Bud mbesuk yen wis adhep-adhepan karo Inggris kang kejem iku.”

“Iku ora perlu kok pikir. Wis dadi ayahaning prajurit nyirnakake leletheGING jagad. Najan kepriye wae kahanane aku wis diandemi. Aja maneh mung lara, najan tekan mati pisan sumeja ditemah. Semono uga aku.”

“Suk kapan Mas Bud olehe budhal?”

“Suk emben. Sesuk kabeh sing dikirim nglumpuk mreng.” (Jakarta-Pen.).

Dina embene ibu karo aku pisan nguntapake budhale bapak. Sadurunge munggah kapal. bapak meling ibu supaya tansah prihatin. Lan pandonga restune disuwun, muga-muga ing papan kang tinuju tansah antuk pangayomane Hyang Widi. Nuli bauku tengen dicandhak, astane tengen ngangkat janggutku, panjenengane njur mbungkuk, aku disun, karo ngendika, "Sing sregep sinau ya Sih, bapak arep tugas adoh. Dongakna slamet. Suk nek bali dakgawakake kurma," mangkono ngendikane karo nggujung. Aku ya melu ngguyu, semono uga ibu. Nanging, nalika kapale wis adoh, ibu banjur katon sedhih, arang-arang ngendika, apa maneh nggujung. Ing becak bola-bali ngusapi pasuryane.

Aku kaget marga weruh-weruh ana skuter saka mburi mandheg ing sisihku. Sing numpaki cetha sawijning nom-noman menganggo loreng-loreng kang nate nyawang aku. Kanthi sopan dheweke nakoni aku nganggo basa Indonesia.

"Adhik akan sekolah?"

"Ya," wangsulanku cekak.

"Mau kuantarkan?"

"Terima kasih, saya berjalan saja," wangsulanku karo mesem nimbangi kabecikaning atine.

Anehe, dheweke banjur mbarengi alon-alon. Lan saka tembung-tembunge kang manis aku banjur gelem diterake. Lakune alon ora banter kaya lumrahe.

"Asmane adhik sapa?" pitakone salin ngoko.

"Narsih."

"Daleme endi?"

"Kula Patihan?"

"Asli Patihan?"

"Sanes. Kula kelairan Jakarta. Sapunika ndherek eyang."

"Kok pindhah mrene?"

"Rumiyin bapak dalemipun Jakarta. Sareng bapak seda, ibu lajeng kondur."

"Bapake ngasta apa kok adoh dhinese?"

"Wonten kemlitan. Sedanipun wonten Mesir, rikala Pasukan Garuda Satu dipun kintun ngrika."

"O...", dheweke njur meneng.

Sawijning prajurit mesthine ngerti lakune sejarah.

“Aku dhewe uga meh wae tiwas ana ing Kongo. Rahayune isih bisa tinulungan. Nanging dhik Sih, yen sawjining prajurit gugur ana ing paprangan, iku asmane arum angambar. Lan antuk sebutan pahlawan marga wis masrahake jiwa ragane marang Pertiwi kanggo nindakake tugas suci. Pesating yitmane ora dioweli, nanging diikhlisake, jalaran yen prajurit budhal perang iku padha wae karo budhal mati. Mula dhik Sih ora perlu nggetuni sedane kang bapak, marga anggone dadi prajurit.”

Aku diterake tekan sekolahan. Kanca-kancaku wadon padha ngolok-olok aku. Aku ora peduli. Jroning atiku wis suwe ana idam-idaman tamat saka SMA iki aku arep ambyur ing jagading kemiliteran. Embuh ing pendhidhikan apa wae waton mbesuke aku bisa dadi prajurit. Lan nom-noman kang mentas ngeterake aku mau jare bakal ngrewang-ngrewangi usahaku. Aku arep melu nerusake perjuwangane para pahlawan (klebu bapak kang wis dadi wadaling paprangan) anggone numpes kaum penjajah ing salumahing bumi. Luwih-luwih Inggris kang wis terang-terangan ngepung Indonesia kanthi proyek nekolim Malaysia.

Atiku kaya isih kobong-kobonga yen durung bisa males ukum marga peluru-pelurune Inggris wis nguntapake yitmane bapak marang alam kasidan jati.

Taman Putra, No.6/Th. Ka IX/1965

“ADHUH...BAPAK”

S. Top

Kenthong Isya wis keprungu ambal-ambalan menahi pepenget marang sapa sing lali marang kuwajibane yaiku ngagungake asmane Gusti Sing Mahakuwaos. Lawa-lawane sing maune padha klepar-kleper mrana-mrene saiki wis ora katon maneh, kewan-kewan mau sajake padha miris marang kahanane donya sing nalika iku peteng dhedhet marga anane mendhung kandel.

Mangkono uga pikirane Durachman ing wektu iku uga peteng kaya petenging donya ing wektu iku. Dheweke mlaku alon-alon sauruting dalan cilik ing kampunge sing omah-omahe ing bengi iku wis padha tutupan lawang. Kaya-kaya melu nyaru marang dheweke ora rinasa lakune wis tekan dalan gedhe, nanging dheweke bingung ora ngerti endi sing arep dituju, mangka mendhunge wis saya kandel, sadhela maneh mesthi tumiba. Mula dheweke banjur marani gredhu ing sacedhake kono lan banjur lungguh dhelog-dhelog. Karo lungguh mau pikirane mabur menyang ngomah maneh, mikirake kahanan sing meksa marang dheweke kudu lunga. Lunga golek tamba kanggo bapake sing lagi lara. Pancen bapake wis ana seminggu iki lara. Lara jalaran naikirake dheweke sing saiki dadi bocah ndhugal ora ketara, marga yen ana ngomah pancen ketok alim.

Ya larane bapake lan kahanan ing bengi iku sing marakake dheweke krasa, krasa marang akibat-akibat tumindake dhewe sing wis kepungkur. Durachmam saya nglangut pikirane ngambra-ambra tekan ngendi-endi. Wusana kedadeyan duk ing uni nalika dheweke isih lungguh ing bangku sekolah SD metu deres banget saka jroning pangangen-angene ya kaya deresing udan sing wiwit tumiba.

Mbiyen, senajan wong tuwane iku kesrakat, nanging dheweke ora nduweni rasa cilik ati, malah-malah dadekake dheweke bocah sregep sinau jalaran bapake tansah menahi pambombong. Mula ora maido yen sekolahe maju banget, malah dheweke ngancik klas 3 SD. Tumekane klas 6 bisa nggondhol jeneng *Bintang Pelajar*. Samono uga nalika ujian dheweke bisa oleh biji sing apik, mula kanthi gampang bisa mlebu ing SMP Negeri I ing kuthane.

Sepira bungahé bapa biyunge wis ora kena ditaker, dene duwe anak pinter lan sregep. Mula wong tuwane mau saya mepeng anggone golek pangupa jiwa. Sing maune mung bapake wae sing golek dhuwit kanthi mburuh mbecak, saiki ditambah biyunge melu-melu dodol jajanan. Mangkono usahane bapak biyunge Durachman iku. Jalaran kekarone padha ngrumangsani yen anake ya mung siji Darachman dhewe lan maneh ya mung anake siji mau sing digadhang-gadhang supaya ing mbesuk bisa ngangkat drajading kulawargane, sarta migunani tum-raping Nusa lan bangsa. Nanging, apa sing kedadeyan....”

Wiwit sekolah ing SMP iku mau dheweke banget anggone kumalungkung. Rumangsa yen dheweke luwih pinter tinimbang kanca-kancane. Apa maneh bareng munggah klas loro kanthi biji sing apik dhewe, sirahe tambah sagunung anakan paribasane. Mula wiwit wektu iku dheweke ora gelem sinau maneh, ciptane, “Kanggo apa aku sinau mepeng-mepeng, aku iki rak bocah pinter.”

Gampangane, saiki Durachman dadi bocah kesed, sing dikaremi saiki mung dolan-dolan, utawa ubyang-ubung karo bocah ugal-ugalan. Wuwuh-wuwuh maneh bareng dheweke kecanthol bocah sing seneng ambur-amburan dhuwit, sing pegaweyane mung plesir-plesir adol bagus utawa keplek (main kertu). Mula ora jeneng aneh yen dheweke tegel nganggo dhuwit iyuran sekolah lan dhuwit alat-alat sekolah, ya dhuwit saka keringete bapa biyunge sing prasasat migunakake ”sirah kanggo sikil, sikil kanggo sirah” iku, kanggo seneng-seneng, lha menawa mengko ditagih dening tata-usaha, sing kena uring-uring saka dheweke ya bapa biyunge, kandhane sekolah ora diurusi alat-alate jarene dhuwit alat sing wis diwenehake iku kurang. Jalaran saiki apa-apa mundhak regane.

Suwening suwe dheweke dadi banget bodhone lan nalika unggah-unggahan dheweke ora bisa munggah jalaran rapote kobong (abang kabeh). Wiwit bubar unggah-unggahan mau dheweke banjur isin mlebu sekolah. Ewasamono yen esuk isih budhal sekolah kaya adat saben. Mung wae saiki ora lunga menyang sekolahan, nanging lunga dolan golek kanca anggone arep ugal-ugalan, o.. eman banget bocah sing maune tansah dadi pangalembanane bapak biyung lan gurune saiki dadi kaya ngono.

Nanging, sapinter-pintere bajing nggong mlumpat sepisan mesthi tau tiba. Semono uga Durachman, senajan dheweke pinter golek rekadaya dimen ora kawitsara anggone ndhugal, nanging ing sawijining wektu mesthi konangan.

Ing sawijining dina wayah esuk ya wayahe bocah-bocah padha mlebu sekolah Durachman lumaku ijen jalaran nggoleki kancane ora ketemu. Atine rada gela, jalaran kanca-kancane mau sakjane arep dijaluki tulung ngroyok bocah sing wingenane mentas naboki sirahe jalaran dheweke pethitha-pethithi ing ngarepe bocah mau.

Nanging dhasar kanca ora sejati geleme mung yen diajak seneng-seneng wae. Mula bareng ngerti yen Durachman butuh pitulungan, ora butuh arep nyebar dhuwit, banjur padha ora ngetok.

Sarehning atine judheg, mula dheweke banjur mlaku alon-alon ngalor parane, ndilalah kersaning Allah lha kok bapake liwat dalan kono ngidul parane, sajake lagi nindakake tugas yaiku momot priyayi loro kakung putri.

“Wadhuh...,” atine trataban. mangka ing kono ora ana panggonan kangggo ngumpet lan maneh becake bapake wis saya cedhak, “Wah blai iki.” Saya suwe becak saya cedhak wusana simpangan, sarehning pikire puteg mula dheweke banjur mlengos nalika papasan karo bapake.

Kocapa bapake bareng ngerti marang anake ing kaya mangkono mung bisa ngucap, “Man” lan banjur nggenjot becake jalaran ngerti yen sing nanggung kesusu banget. Becak enggal digelak daya-daya gek tekan ngendi sing dituju lan bisa enggal-enggal ngurus kahanane lan priyayi loro mau wis padha mudhun, enggal-enggal becake digenjot tumuju menyang sekolahane anake. Sadalandan atine wis ora kepenak lan kebak pitakonan, “Apa ya klakon anakku mlincur? Ah mesthi orane...anakku rak bocah apik...ora... ora...ora....”

Satekane ing SMP Negeri I, Pak Durachman enggal-enggal marani salah sijine klas, banjur dithothok lawange. Lawang dibukak dening bapak guru ing klas kono.

Pak Durachman banjur takon, “*Numpang tanya tuan. Dimanakah letak kelasnya Durachman?*”

Jawabe Pak Guru, “*O, ya kebetulan Bapak masuk sini, sini memang kelasnya Durachman. Tetapi sudah kira-kira tiga bulan ini dia tidak pernah masuk tanpa surat izin, sebab itu namanya kami coret.*”

Mak prepet...ing ngarepe Pak Durachman katon pating kliwer atusan kunang, rasa isin, keduwung gela, susah, padha ngebyuk dadi siji, ngebaki pikire. Mula Pak Durachman age-age pamit bapak guru lan banjur bali kanthi awak lemes.

Ya wiwit ana kedadeyan iku Pak Durachman banjur ora nyambutgawe, jalaran kecandhak ing lara. Mula biyunge Durachman saya tambah ngrekasa anggone golek pangupa jiwa. Mundhak dina larane Pak Durachman saya mundhak banget.

Ya ing bengi iku larane Pak Durachman gawat banget, mula Durachman kepeksa lunga golek tamba.

Langite saiki wis padhang, lintang-lintang metu saka siji pating njredul, marga udane wis terang. Durachman nerusake laku, sakjane mono arep utang dhuwit menyang daokene bapake. Nanging, dhasar pancen wayahe wis bengi, mula tekan kono lawange wis tutupan.

Atine judheg banget jalaran kelingan marang larane bapake sing wis saya gawat, marga bapake pancen wis tuwa, "O Gusti kadospundi punika...mbok inggih Gusti kersaa ngukum dhumateng badhan kawula ingkang kebak dosa, tinimbang kula mboten saged pikantuk jampi kangge bapa kula," mangkono jerit atine Durachman sing saiki wis temen-temen insap marang kasalahane sing kepungkur.

Salagine ati judheg mau dumadakan ing ngarepe Durachman ana becak mandheg. Dheweke judheg jalaran lawange daokene tutupan lan mutung jalaran wis ora duwe usaha liya kanggo ngolehake obat, mula bareng ana becak ing ngarepe mau mung meneng wae. Aja dijawab karo si tukang becak ngono dheweke mesthi ora obah.

"O Pak Dul," mangkono aloke bareng ngerti yen sing njawil mau jebul Pak Dul, kanca raket karo bapake, "Badhe tindak pundi, Pak?"

"Man...aku pancen nggoleki kowe," mangkono sumau Pak Dul sedhik, "Ngene ya, kowe aja kaget, lan lerena anggonmu golek tamba marga bapakmu saiki wis kepenak, bali menyang jaman kelanggengan."

"Adhuh...Bapaaak," mangkono panjerite Durachman sing terus ambruk ora eling. Pak Dul trengginas nampani Durachman banjur dibopong digawa menyang becak. Becak ditumpaki alon-alon.

Wiwit ditinggal dening bapake mau, Durachman temen insap, lan banjur gelem mlebu sekolah. Sekolahe ora ing SMP Negeri, nanging swasta sebabe jenenge wis kebacut dicoret.

Nanging, dhasar Durachman bocah lantip, senjata disambi mbanting raga mbiyantu biyunge, dheweke tetep bisa nututi kekurangane sajroning 3 wulan nggone mbolos mau.

Saiki Darachman wis bisa cekel gawe, uripe sakloron bisa seneng. Mung emane bapake wis ora ana, bapake sing maune kepengin weruh anake bisa urip mulya, jebul ora bisa meruhi. Durachman susah banget yen kelingan marang kedadayan mau.

Taman Putra, No.7/Th. Ka IX/1965

BERDHIKARI

Sjamha

Saiba bungahe bareng pak guru ngedum tandha lulus, dheweke katut lulus. Luwih-luwih bareng ndeleng bijine ngedab-edabi kanca-kancane. Angka sanga jejer loro disandhingi angka sepuluh. Atine mongkok. Nanging kancane ngarani, dheweke ora pati mbungahi kaya liyane. Pancen kabeh mau wis dikira sadurunge, yen bijine bakal kena dijago.

“Bijimu hebate ngono kok sajak ora pati bungah ta Tom?” kancane nanggapi.

“Ora bungah kepriye ta bungah banget aku. Luwih aku syukur banget marang Gusti kang wis paring kanugrahan marang aku. Samono uga aku ya syukur banget marang pak guru kang wis kersa nggulawenthah aku!” wangsulane sareh.

“Kowe arep nerusake nyang endi Tom?”

Dheweke ora enggal bisa mangsuli, sirahe tumungkul. Mripate kembang-kembang banyu. Nanging, enggal-enggal diserbeti nganggo klambine kang grantung kepuh kuwi.

“*Hasrat hati memeluk gunung. Apa daya tangan tak sampai!*” wangsulane ngemu surasa kang jero.

Kancane enggal bisa nampa lan mangerti marang wangsulan mau.

“Ora awakmu thok Tom! Akeh tunggale. Apa maneh sekolah jaman saiki. Kena diarani sekolahane wong sugih-sugih. Sapa sing sugih ya entuk bangku ngarep dhewe. Biji kuwi sarat nomer loro. Jaman Landa biyen sekolahe wong pangkat, saiki sekolahe wong sugih-sugih. Insya Allah sedhela maneh sekolahane wong mlarat-mlarat utawa nek manut Bung Karno wong Marhaen. Aku lan kowe ngene iki anake wong Marhaen.”

“Kowe kok pinter kojah no Min?”

“Ah ya ngrungok-ngrungokna rapat-rapat kae lho!”

“Sakjane aku kepengin banget nerusake menyang SPM. Nanging, kuwi langka.”

“SPM kuwi apa ta Tom!”

“Sekolah Pertanian Menengah! Sing ana Malang kae lho!”

“Dadine apa nek wis tamat?”

“Dadi kadher tani. Elinga, petani kuwi sokogurune revolusi. Karo maneh, kita ben temen-temen bisa berdhikari.”

“Ah gayuhmu kok luhur banget no Tom?”

Nanging, langka bisane kaleksanan. Wragade ngudubillahi kanggone kita anake wong Marhaen manut istilahmu mau.”

“Apa swasta ta?”

“Negeri! Ning pondhokane, uang bangkune, uang gedhunge, uang pendaptarane, uang administrasine, lan uang ...embuh apa maneh. Kuwi sing abot banget sanggane.”

“Ah, iya kathik modhele ngonon! Apa iki sing diarani Sekolah Gaya Baru kae ya!”

Bareng wis padha mulih, bocah-bocah klas 6 SD Kambangan kuwi padha madul marang bapak-simboke kanthi ulat sumeh nek awake lulus. Ana sing wis trima lulus wae, ana sing kepengin banget nerusake sekolah kang luwih dhuwur.

Ora kari. Suromo uga madul marang simboke. Ya mung simboke kuwi kang tansah diwaduli nalikane bungah susah lan njaluk ika-iki jalaran bapake wis ndhisiki ditimbali Gusti Kang Mahaasih, katerak si-*typhus* kang wengis kuwi.

”Mbok, aku lulus! Bijiku apik dhewe saklas!”

”Kowe lulus, Tom? Syukur ta. syukur! Endi coba aku ndeleng bijimu!”

Bareng weruh bijine anake, simboke tambah mongkog atine. Nyata yen anake klebu bocah sing peng-pengan. Sutomo banjur diarasi kanthi ati kang jero.

”Mas Tom lulus mbok,”Tatie nrambuli.

”Hiya! Mula kowe kudu sing sregep, ben lulus kaya mas Tom!”

”Endi Mas, aku ndeleng bijimu! Wadhuh, lha kok sanga-sepuluh ngene.”

Wong saomah bungah banget. Senajan ta ora nemu emas. Mung nemu biji lulus kang endah wae.

“Aku arepe nerusake kok, Mbok!”

“Nyang endi, Tom ?”

“Syukur nek bisa nyang Malang! Saora-orane ya nyang Ngimbang wae.”

“Nyang Malang kuwi apa nggo ragad? Wong ya mung njagakake bebathe gedhang goreng lan tape wae kok arep nggo sekolah nyang Malang!”

“Nanging nyang Ngimbang oleh ya mbok?”

“Sekolah apa kuwi?”

“SMP Seja Utomo!”

“Bayare pira?”

“Rong atus menawa!”

“Lha buku-bukune?”

“Tuku dhewe no mbok!”

“Cukup sewu Tom?”

“Mbok, sewu! Iku rak mung buku siji!”

“Ya pirang-pirang ewu no!”

“Lha apa nggo ragad ”

“Apa ora bisa ta, Mbok? Nanging aku kudu sekolah. Ben ora dadi wong goblog. Bisane mung ngiderake gedhang goreng turut paran lan setasiyun!” dheweke nggiligake tekad.

Dumadakan simboke senggruk-senggruk, mripate kaca-kaca. Eling kang wis kliwat. Bapake! Saupama bapake Tomo isih ana, mesthi bisa reka-reka.

Bareng dheweke wong wadon, kathik randha, ora duwe pisan, atine sumendhal. Anake bijine ngedab-edabi. Nanging, apa ajine biji kang endah nek ora nerusake? Atine nlangsa. Dina kuwi kanggone ora bisa ngarani. Apa dina bungah jalaran anake lulus kanthi becik, apa dina panalangsa jalaran karepe anake ora kasembadan ?

“Wis aja mikir sing ora-ora, Mbok! Kita kudu syukur marang Gusti. Kita piningan waras-wiris lan pirang-pirang nikmat kang tanpa wangeran. Mula aja nggetuni nasib kita iki. Kabeh mau pandadaring Gusti marang kawulane. Isih tetep padha syukur apa tambah kufur. Aku tetep arep nerusake sekolah menyang Ngimbang wae. Dene buku-buku mengko aku dakreka-reka.”

Atine simboke tambah nggumun ngrungu anake bisa ngomong kaya wong tuwa mau. Sidane Sutomo bisa mlebu ing SMP Seja Utomo Ngimbang. Yen esuk ider jajan turut pasar lan setasiyun. Awane mlebu sekolah. Ngimbang kang adohe watara 1 kilo saka Kambangan kuwi katempuh karo prahoto, nek dhong oleh nunutan, utawa sepur. Lan kerep uga mlaku sikil. Sajrone sekolah kuwi simboke ora ngetokake dhuwit sarupiyah-rupiyaha. Sutomo reka-reka ngedolake jajane wong-wong. Bebathene dicelengi mbaka sethithik nggo tuku buku.

Dheweke ngrasa mongkog atine bisa nerusake sekolah klawan wragad dhewe. E.... Weruh-weruh melu ngamalake *berdikari* piwulange Bapak Pemimpin Besar Revolusi kang uga Bapake Kaum Marhaen kuwi!

Taman Putra, No.8/Th. Ka IX/1965

